АББАЗ ДАБЫЛОВ

# ШЫҒАРМАЛАРЫ

## III
## ТОМ

БИБЛИОТЕКА
Каракалпакского
филиала АН УзССР
Инв. №

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ БАСПАСЫ
Нөкис—1972

ҚҚ 2 *Дабылов А.*
Д 13 **Шығармалары 3 том**

Нөкис, „Қарақалпақстан" 1972-жыл.

Әдебиятымыздың ақсақалы, Қарақалпақ халық шайыры, Өзбекстан ССР халық жыршысы, Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты Аббаз шайырдың „Шығармаларының толық жыйнағының" бул үшинши томына оның соңғы жыллары жазған қосық ҳәм поэмалары киргизилди.

Томның тийкарғы бөлимин оның атақлы „Баҳадыр" дәстанының даўамы сондай-ақ „Сөйлесе тарийх бетлери" „Баўырманлар", „Бийбимәрям" поэмалары менен бир қатарда ертекректе жазылған қосықлары ҳәм қосықлар дүркинлери тутады.

Аббаз шайырдың поэзиясы өзиниң идеялық көркемлик күшлилиги, стилиниң халықлылығы, ойларының тереңлиги, тилиниң шийринлиги менен айырылып турады.

Шайырдың қосықларының ҳәр бириниң изине оның жазылған жыллары жазылып, избе-изликлер сақланды.

Шийрин тил, кең көкиреклиликтен туўылған терең мәнили поэтикалық қатарлар китап оқыўшылардың жүреклерин жеңип алып, оларға жаңа илҳамлар бағышлайтуғыны даўсыз.

7—4—3
―――――
54—72 м

## ОКТЯБРЬДЕ

Душпанның буздық биз торын,
Көп күш пенен алдық орын.
Даўам етип Маркс жолын,
Азат болдық Октябрьде.

Азат етип барлық халықты,
Уллы Ленин берди бахты.
Мәңгиликке сөнбес жақты,
Түсти бизге Октябрьде.

Халықтың душпаны туншықты,
Мәңгиге халыққа күн шықты,
Бизлерден шадлы үн шықты,
Азат болып Октябрьде.

*1929--жыл.*

## ТАХТАКӨПИР

Қарақалпакстан бойынша,
Халық алдында Тахтакөпир,
Пахта тасып жыл бойынша,
Машиналы гүлли шофер.

Колхозшылар иске умтылып,
Кеширек жағып ерге турып,
Коммунизм жолын қурып,
Алға баскан Тахтакөпир.

Гүлли жумыс орынланған,
Пахталары минәрланған,
Белин буўып кумарланған,
Стахановша Тахтакөпир.

Қатарың менен тарыстың
Алдына түсиўге жарыстың,
Кемиси жоқ бул барыстың,
Ударниксең Тахтакөпир.

Белди беккем байлап алдың,
Октябрьде байрак алдың,
Халықтың алдына ат салдың,
Алға басып Тахтакөпир.

Баратқан бақты серледиң,
Ислеп жумысты терледиң,
Алдыңа қарай өрледиң,
Жолды таныл Тахтакөпир.

Сентябрьде пахта тердиң,
Халықтан зыят пахта бердиң,
Қызыл жалаўды көтердиң,
Рахмет саған Тахтакөпир.

Шымбай, Қараөзектен оздың,
Пайдасы жоқ жаман сөздиң,
Мудам бәлентке қол создың,
Алға түсип Тахтакөпир.

Октябрьде байрам болды,
Толтырмаған ҳайран болды,
Толтырған кеўли жәм болды,
Сен шад болдың Тахтакөпир.

Шад болды бизиң райзо. (у)
Көтерип шықты қызыл туў,
Ҳәзирден келсе, қызыл суў,
Жерге қойар Тахтакөпир.

Қол созды баратқан баққа,
Пахтасы келмес есапқа,
Түрли зат алып байраққа,
Пайдаландың Тахтакөпир.

Гүлли совет шөлкемлери.
Райком, исполкомлары,
Табан ет, маңлай терлери,
Қайтты бүгин Тахтакөпир.

Мектепте толық баллары,
Фермада толық маллары,
Қалмайды кемпир шаллары,
Қатнасып тур Тахтакөпир.

Тапқа жатып айтқан сөзи,
Саўатлы болып ликбези,
Ҳүкиметтиң көрер көзи,
Сен болынсаң Тахтакөпир.

Бай-ийшаннан сен қутылдың.
Мапазға қарай умтылдың,
Жумысын бақлап колхоздың,
Жолға қойдың Тахтакөпир.

Жақсы питирдиң исиңди,
Қумбызда ғыш ғербишиңди,
Көтерипсең турмысыңды,
Шадлық пенен Тахтакөпир.

Ортаңнан аққан Босайың[1].
Көп ағады қазған сайын,
Қазыў десе белдар тайын,
Ударниксең Тахтакөпир.

Босай дәрьяның аяғы,
Көл ултанырақ соябы,
Көп блур қамыс-қурағы,
Пишеншилик Тахтакөпир.

Сазланып тур пахта жери,
Шийки заты, жүн ҳәм тери,
Гүлли Совет шөлкемлери,
Шадланып тур Тахтакөпир.

Мәдений дәрис себилип тур,
Атызларда көринип тур,
Араласып сүрилип тур,
Жер тайынлап Тахтакөпир.

Пақаллары орылып тур,
Мал түсирмей қорылып тур,
Басқармадан соралып тур,
Болдың ба деп Тахтакөпир.

Қызыўы питип водхоздан,
План питип етсоюздан,
Гүлли процент жүзден-жүзден,
Орынладың Тахтакөпир.

*1938-жыл.*

---

[1] *Босай* — Қуўаның жарманың аяғы (*Ред*)

## УДАРНИКЛЕР

Жылдың басы январьдан,
Ислеп атыр ударниклер,
Козғалып таза бәҳәрден,
Ислеп атыр ударниклер.

Тоң кеткен соң арба қосып,
Төгин төгип, қайнап йошып,
Социализмге карай көшип,
Ислеп атыр ударниклер.

Ким ат арба, кимлер өгиз,
Ҳәр күнинде төгип бир жүз,
Жарысып айдап тезме-тез,
Ислеп атыр ударниклер.

Көтерилип турмыс аўҳал,
Көкиректе жок ҳеш қыйлы қал,
Ҳаяллары жыйнап пакал,
Орып атыр ударниклер.

Бес күнлик табель жазылып,
Салма қыршып, жап қазылып,
Гөне салмалар бузылып,
Көмип атыр ударниклер.

Табельщиклери касында,
Мудам жумыстың басында,
Бес күнлик жумыстың тусында,
Өткереди ударниклер.

Жер сүрилип шүдигарлап,
Өндирислер жерди барлап,
Қысқы суў менен жерди ызғарлап,
Тайынлапты ударниклер.

Ҳаял, еркек, ерли-зайып,
Гүлли барып, төгин жайып,

Жақсы ислер, көп әжайып,
Ислеп атыр ударниклер.

Көтерип торпақ атады,
Ҳарам шөпти қыйратады,
Түсте бир саат жатады,
Түсленеди ударниклер.

Атызға суў келгенинде,
Бел-кепшелери ийнинде,
Суў жағалап күн-түнинде,
Көп ислейди ударниклер.

Ҳаяллары, суў алысып,
Сууды көрип қуўанысып,
Еки звено жарысып,
Ислеп атыр ударниклер.

Суўғарып болды жерлерин,
Сыпырып маңлай терлерин,
Тапқа келген жер түрлерин,
Көрип атыр ударниклер.

Алды менен ишкенлери,
Бес күн өткен соннан бери,
Тапқа келген бе деймен түри,
Деп айтады ударниклер.

Атызға барар екпинлеп,
Сийреклеў жерди кетпенлеп,
Буны неге қалың сепкен деп,
Бирлеп атыр ударниклер.

Сотыйыхлап норма берип,
Бири-биринен өрнек көрип,
Етек-жеңин белге түрип,
Ислеп атыр ударниклер.

Жумысын асырып жүзеге,
Гөжесин қуйып гүзеге,
Нанларын қойып дизеге,
Ислеп атыр ударниклер.

Звенодан жумыс сорап,
Қатар түссе алдын орап,
Ҳәм суўшигин қамыс-қурак,
Отап атыр ударниклер.

Жумысына көзин салып,
Бриғадлар қабыл алып,
Бир күнде еки табель алып,
Ислеп атыр ударниклер.

Қарама оңың, солың деп,
Аңыртпа еки қолың деп,
Мезгилге қалмай болың деп,
Күшлеп атыр ударниклер.

Үшинши отак, төртинши отак,
Тери ағып моншак-моншак,
Отақ деген кушақ-кушақ,
Үйип атыр ударниклер.

Бир шөп қоймай алып атыр,
Бир жан калмай барып атыр,
Қарық машын жарып атыр,
Суў койыўға ударниклер.

Қарыққа суў қуйып атыр,
Пахта жерлер тойып атыр,
Терис пикирди жойып атыр,
Колхоздағы ударниклер.

Пахтасы бойлап барады,
Және ғумшаға карады,
Қарық пенен суўғарады,
Қатырмайды ударниклер.

Енди отақты туўарып,
Қарығы менен суўғарып,
Алты көмип, жети жарып,
Қарықларын ударниклер.

Бир күни пахта шөлледи,
Шөллетип түбин ҳөлледи,
Суў ишип болып гүлледи,
Қуўанысты ударниклер.

Гүлдиң изи түйнек болды,
Көтере алмай иймек болды,
Пахта ашылып термек болды,
Фартук сазлап ударниклер.

Сентябрьдиң айы туўды,
Ударниклер белин буўды,

Атызда кайнатып суўды,
Ишип атыр ударниклер,

Гә түргелип, гә отырып,
Тез-тезден фартук толтырып,
Ашылған жерге жуўырып,
Терип атыр ударниклер.

Пахта деген қырман-кырман,
Атыз иши жарқыраған,
Барып көрсең урман-пурман,
Терип атыр ударниклер.

Сол териўден уш ай терди,
Алты мыңнан пахта берди,
Басқармасы бақлап көрди,
Байрақланды ударниклер.

Ендигиси пахәл, ғөрек,
Бәри де колхозға дәрек,
Отыз килосы күн шерек,
Алып атыр ударниклер.

Пахалларын тасып атыр,
Бир гүдиге басып атыр,
Жалаңашлап ашып атыр,
Атызларын ударниклер.

Жыл аяғы болды мине,
Таза жылдың кирди күни.
Жумыс ислеп күни-түни,
Ақырлады ударниклер.

*1938-жыл.*

## 8-МАРТ ҲАҚҚЫНДА

Сөз сөйлеймен қарақалпақ ишинен,
Өткен дәўирлердиң ерте-кешинен.
Ойлап турсақ бул не деген ақмақлық,
Адам баласының шықпас есинен.

Қурысын, ески дәўир жүректи жарды,
Бизлер көре қалдық ығбалы тарды,
Ақ пенен қаралар көринбей көзге,
Бай баллары қушты үш-төрген ярды.

Жазып шығарайын өшкен ҳәўирди,
Көрсетип өтейин ҳәзирги дәўирди,
Ҳәрким ықтыярлы, бир басқа-бир көз,
Ҳүкимет ҳәммени бир көзде көрди.

Ески дәўирлерде көрдик нешшени,
Үйлендирип ержетпеген бәшшени,
Жасы жетпей хожалығын сүйрегип,
Сонда көрдик мийи айланган гешшени.

Ески дәўирлердиң қазы-муптысы,
Төрт-бес ҳаял бир еркектиң жуптысы,
Ҳаял-қызларға ҳеш ықтыяр бермей,
Урып-соғып жибереди көп киси.

Бай баласы айтар: алсам қатынды,
Неге алмайман зыят берсем алтынды ?!
Байдың есигинде неше гедейлер,
Оған қатын туўе тамақ сатынды.

Ҳәзирги қызлардың ықтыяры бар,
Көкиреги шадланды таўға барабар.
Қыз-жигиттиң жасы жетсе шағына,
Ҳәр кимниң өзине ылайық яры бар.

Қатты зулым болып Хийўаның ханы,
Пара алып жеди беги-дийўаны.
Мийнеткешти той-жыйынға апармай,
Гедей-кәмбағалды езип жыйнады.

Ол дәўирди бастық бүгин аяққа,
Кетер болсақ ықтыяр бар қаяққа.
Ерли-зайып болып, бир баска бир көз,
Қол усласып көштик баратқан баққа.

*1939-жыл.*

## ЛЕНИН КӨСЕМИМ

*(қайта исленген варианты)*

Патшаны жоқ етти, тахтан қулатты,
Шөлде қалған даракларды жасартты,
Гүллəн мийнеткешти жоқары тартты,
Даңқлы данышпаным Ленин көсемим.

Аз ғана халық едик шөлде куўраған,
Залым душпан путақларын туўраған.
Салғырт салып, азаплаған, қыйнаған,
Солардан куткарған Ленин көсемим.

Хийўа ханға барып, алған ақ пышақ,
Бота белбеў буўып коспаўлы шашақ,
Мийнеткешке қарсы өскен терис путақ,
Соларды жоқ қылған Ленин көсемим.

Хан дəўиринде зəҳəрин жайып сораған,
Мийнеткештиң қанын сорып тонаған,
Қазыман деп басына сəлле ораған,
Сумлардан куткарған Ленин көсемим.

Ордалы хоры бар бир неше қоныс,
Малға адам саткан парахор болыс,
Ықтыярсыз урып еткизген жумыс,
Залымнан қуткарған Ленин көсемим.

Жаўларға күш пенен тайсалмай турдық,
Желкесинен услап аўдарып урдық,
Топырағын суўырып тап-тақыр қылдық,
Жолбасшылық етип Ленин көсемим.

Көп еди залымлық жолларын куўған,
Тамақлап қасқырдай алқымнан буўған,

Тамырынан курыды олардан туўган,
Опат қылды уллы Леңин көсемим.

Залымлардың алқымынан буўдырып,
СССР ды тазалатып жуўдырып,
Тазадан жақтылы күнди туўдырып,
Ҳәммени ағартқан Ленин көсемим.

Қатарға жеткерген қарақалпақты,
Мектеп ашып, оқып билим алмақты.
Таза ашылған мәңгиликке бул бахты,
Әперген данышпан Ленин көсемим.

Маңлай ашып, бахытлы нызам жүргизген,
Талған көзге шар тәрепти көргизген,
Мәңгиликке шадлы дәўран сүргизген,
Халықлардың көсеми – Ленин көсемим.

Уллы Октябрьден нурлар шашылды,
Үстимизден қара думан ашылды,
Кисенлер кесилип, тусаў шешилди.
Басшы болып дана Ленин көсемим.

Бахытлы заң, узақ өмир турағы,
Әлемди жанлатып уллы атағы,
Мәңги жанған, қайта сөнбес шырағы,
Акшамы-күндизи Ленин көсемим.

*1939-жыл.*

## МЕКТЕПТЕ БОЛАР

Келиң баллар билим табың школдан[1]
Билим тапсаң кутыларсаң мүшкилден,
Гейбир ағаш миййе салар бир гүлден,
Даналық, билгирлик мектепте болар.

Мектепке барсаңыз әдебият бар,
Қолда қәлем цифрларында хат бар,
Сүўретке басылған неше сулыў ат бар,
Уллы қызық сүўрет мектепге болар,

Келиң баллар муғаллимге барайық,
Саат питсе, ойнамаққа турайық,
Кемшиликти жол басшыдан сорайық,
Ақмақлық, наданлық мүшкилде қойғар.

Үйренейик оның жазған хатларын,
Хат пенен толтырып тетрадларын,
Қолға алып колхоз счетоводларын,
Излесең бул ҳөнер мектепте болар.

Сегиз бенен елиў жастың арасы,
Ул менен қыз миййеткештиң баласы,
Ҳәр Советтиң колхоз бенен дарасы,
Қай бир билим алсаң мектепте болар.

Мектеплердиң иши-сырты ақ болар,
Бул сөзлерди айтқан тил ҳәм жақ болар,
Билимли адамның қарны тоқ болар,
Зейинли хызметкер мектепте болар.

---

[1] Школдан—мектептен.

Қағаз қәлем алып, мектеп жолында,
Хат жаздым мектептиң сағыў-солында.
Қайбир ҳөнер кеўил менен қолында,
Муғаллим жақсысы мектепте блар.

Мектеп барып саўатымыз ашайық,
Ески әдетти аяқларға басайық,
Билимсизге билим нурын шашайық,
Билимниң булағы мектепте болар.

*1939-жыл.*

## ҚЫЗЫЛ ӘСКЕР

Елимниң қызыл қорғаны
Кайтпас қаҳарман палўаны,
Айбатынан қорқар жаўы,
Қайтбас батыр қызыл әскер.

Халқымның ҳадал баласы,
Көзимиздиң ақ, карасы.
Берик елдиң шегарасы,
Қорғанымыз қызыл әскер.

Тынышлықты беркитиўде.
Коммунизмге жетиўде,
Буннан бетер беккемлеўге,
Бел байлаған қызыл әскер.

Кәмбил болып суў ҳәм қырға,
Душпанларды салған торға,
Қорған болған СССР ға,
Қайтбас батыр қызыл әскер.

Асынып алмас жарағын,
Халықтың жандырған шырағын.
Мәңгиге хош қылып ўағын,
Қорғанымыз қызыл әскер.

Зая кетпес атқан оғы,
Көпшиликтиң кеўил тоғы,
Қурыш, полат, темир қолы,
Жаў жүрекли қызыл әскер.

Сезсе жоқ қылар душпанды!
Қуўып жетеди қашқанды,
Ҳәм урып қарсыласқанды.
Опат қылған қызыл әскер.

Қызыл әскер сансыз дым көп,
Жаўларға қарсы атар топ.
Жол басшысы Ворошилов.
Қорғанымыз қызыл әскер.

*1939 жыл.*

## ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАР

Қараңғыдан шығып күни,
Бахты ашылды ҳаял-қыздың.
Жақты болып қара түни,
Қолы жетти ҳаял-қыздың.

Жәбир көрип шийрин жаны,
Толып ишине әрманы,
Мал орнына сатылғаны,
Қалды бүгин ҳаял-қыздың.

Ерлер менен тең жүреди
Таршылық жоқ, кең жүреди.
Қызықлы дәўран сүреди,
Жолы ашық ҳаял-қыздың.

*1939-жыл.*

## БИРИНШИ МАЙ

Шадлық ойынды баслайық,
Майрамда ойнап йошайық,
Даўысқа даўыс косайык,
Қуўаныш кернеп баратыр.

Кызлар сыланып таранып,
Қызыллы-жасыл оранып,
Тасып кеўили қуўанып,
Көпшиликке келип атыр.

Тәртип пенен кәдем басып,
Дәрьядайын кеўли тасып,
Қыз бенен жигит колтыкласып,
Клубтың ишине кирип атыр.

Ғарры-жасларым шадланып,
Шад турмыска мийри қанып,
Күннен күнге алға басып,
Мәзимайрам болып атыр.

Жыйналысып майрам етип,
Ойын, күлки, сайран етип,
Ҳәмме кеўилин жәм етип,
Май майрамын тойлап атыр.

*1939-жыл.*

## ХАЛЫҚ АЙНАСЫ

(*„Совет Қарақалпақстаны" газетасының 20-жыллығына*)

Газеттиң сағасы—билим дәрьясы,
Саўатсызлық кирин жуўған пайдасы,
Көз алдыңа елеслетип келтирген,
Дүньяның жүзиниң тынық айнасы.

Қыйынлықта қыйнасаң да жаныңды,
Еситер қулақ жоқ аҳыў-зарыңды,
Газетсиз мың түмен сөзди сөйледиң,
Қайсы хан тыңлады арзы-ҳалыңды?!

Еркинлик, азатлық қолға тийгели,
Ериксизлик тоғайы отқа күйгели,
Еки жүзде қырқ, ай, жылдан жигирма,
Болды ҳәрким кәлегенин сүйгели.

Ериксиз тапқан сөз болды панасыз,
Газетсиз айтылған сөзлер шамасыз,
Кейнине сөз қалдырмаған себеби,
Қолжазба болмаса баспаханасыз.

Халыққа сезим бердиң бараткан бақтан,[1]
Күнде хабар еситтирдиң ҳәр жақтан,
Планы толды деп жүзден асырып,
Хабарды жибердиң Қарақалпақтан.

Болмасақта саўашларда қуўатсыз,
Қайғылы халық едик, хатсыз саўатсыз,

---

[1]. Совет елинде жүргизилип атырған ҳәзирги сиясат мәнисинде (*ред*)

Газет-теңиз болса, дүнья жүзинде,
Бизиң халық шөл еди суўсыз-суўатсыз.

Қай бирин айтайын өткен шайырдан,
Еркин бир сөйлетпей душпан майырған,
Сөзге бай, жүйрик тил жананлар өтти,
Тил менен алтынды мыстан айырған.

„Еркин қарақалпақ", Мийнеткеш"[1] болдың,
Көңил көзин аштың саўатсыз елдиң,
Қарақалпақ халықтың атағын жайып,
Әйне күшке толып камалға келдиң.

Бүгинги салтанат, үлкен жыйында,
Қутлықлаймыз бүгин сениң тойыңды,
„Қызыл Қарақалпақстан" атанып,
Гүжимдей жайылып өскен бойыңды.

*1944-жыл.*

---

1. „Еркин қарақалпақ" „Мийнеткеш қарақалпақ" газетаның бурынғы атлары (*ред.*)

## БАТЫР АЗАМАТ

Ғошшақ жигитлердиң жаўынгерлигин,
Қашырған душпанның аўыз бирлигин,
Халыққа айтыў керек ердиң ерлигин,
Ерлик ис көрсетти батыр азамат.

Душпанлардан жан алмақтың қостында,
Белде қылыш, полат найза дәстинде,
Жаўды қутқармастай ғыйрат астында,
Минген аты нағыз бууўдан қәназат.

Мәрт жигитлер душпанынан қорықпайды,
Халықтың ғамы ушын басын тартпайды,
Олардың ядынап ҳасла шықпайды,
Еки жылғы жаўлар қылған қыянет.

Бойыңа асынып алмас полатты,
Жау бетине ат нәзерин қаратты,
Сол саўашта фашистлерди қулатты,
„Қызыл жулдыз" орден алды наград.

Саўаш майданына барды қайтадан,
Қайтама душпанын жеңбей мәрт адам,
Душпанды өлтирип шықты ортадан,
Көпшилик фронтта берди марапат.

Жаўға қарсы барлық күшин өрлетти,
Ат баўрын, өз маңлайын терлетти,
Өкпесине найза суғып зирлетти,
Фашистлер ордасы болды күл-ўафат.

Әлҳасыл душпанды олар өлтирди,
Қазан урған гүлдей жүзин солдырды,
Геллелерин көк найзаға илдирди,
Жаўлардың басына салды аламат.

Кемнси жоқ ғайратында, күшинде,
Ўатандарлық урыс дәрежесинде,
Саўаш майданында, оттың ишинде.
Орден алды халыққа тийди шарапат.

Ўатан ушын ақ ҳәм кара көринбей,
Мудам ат шаўып жүр ҳеш ўақ сүринбей,
Батырлар жаўларға тәжжал түриндей,
Көринип, көрсетти үлкен қарамат.

Ҳәр адам олардай олжа келтирсе,
Ўатаны, халқы ушын саўашқа кирсе,
Ҳәр билек жаўларды жеңип өлтирсе,
Бизиң СССР ға қанша дәрамат.

Базарда белгили ҳасылдың ырқы,
Мәрт пенен нәмәрттиң саўашта парқы,
Батырлар айланып СССР шарқы,
Душпанына соққы берди ҳақыйқат.

Батырлар саўашта жаўды шаўып жүр,
Мәртлигинен нәтийжени таўып жүр,
Намәртти мудамы ийтлер қаўып жүр,
Мәзи тек ешейин жаны аманат.

Фашистлерди олар баўлап өлтирип,
Күш-ғайратын мәнисине келтирип,
Саўашта ерлигин халыққа билдирип,
Батырлар фронтта жүр саў-саламат.

Партия—бағманым, СССР—бағым,
Бир қысымы зая болмас торпағым,
Ленин көсем салып кеткен соқпағын,
Ҳешким қыйсайта алмас нағыз әдалат.

*1944-жыл.*

## ӘРМАНЫМ

Патырат болып өтип неше заманым,
Жас күнимде ишке толды әрманым,
Талай жарғабақта тайып табаным,
Неше сапар ет-бетимнен қуладым.

Ақ суңқар, Ақтуйғын, Қаршыға қуслар,
Қәлеген ауларын жаздырмай услар,
Қәлпесиз қус аң алама жан дослар?!
Мысал қус жаманы болдым қулләдин.

Шайыр болып шықтым сауатсыз елден,
Не шықсын гүрмеуге келмеген тилден,
Қараңғы қайғылы қапа кеуилден,
Табалмай көп жүрдим сөздиң булағын.

Көп өмир өткердим жаза алмай босқа,
Басты қоса алмадым ҳақыйқат досқа,
Турмыс айналдырып жазымды қысқа,
Илаж таппай шар тәрепке қарадым.

Оң жақтан туўылған айы болмаса,
Жазайын десе сөз ыңғайы болмаса,
Тилден бир-бир тамар майы болмаса,
Ким жандырар сөздиң гауҳар шырағын.

Сол заман қараңғы болып жасларға,
Еркин бир тиймеди аўзым асларға,
Қолым бир жетпеди қолаң шашларға,
Ҳеш болмады кеуилге алған мурадым.

Кеуил жәм болмаса сөз неге дәркар,
Үйде нан болмаса қыз неге дәркар,
Жигирма жасымда басланды бул кәр,
Халық ишинен масақ сөзди қурадым.

Саз берди, нурланып сағынған таңым,
Жай тапты қыйналған жапалы жаным,
Келтириўге әдебияттың сәнин,
Маглыўмат жағынан босқа жүр едим.

Отырыспада жигит көрсем қыз бенен.
Жуўапласса илме султан сөз бенен,
Көрсем, жаңа ашылған гәўҳар көз бенен,
Тилди созып, сөздиң алдын орадым.

Талай мийнетлерден қутқардым басты,
Түсинбей отыздан асырдым жасты,
Нәсип тартып бизди сизлерге қосты,
Анық жети жылға толды турағым.

Шерик болдым сизлер менен заманға,
Өкинбеймен бурынғы өткен әрманға,
Жәрдем бер деп кейинлеген шабанға,
Жазыўшылық жолына деп сорадым.

Мен жазаман әдебият көркемнен,
Жанлы жанлар көркейеди жәрдемнен,
Тәрбиясы анық жетсе от-жемнен,
Мақсетиңе жеткереди пырағын.

Дәстанлар жазыўға ўәде етемен,
Питкерген соң алдыңыздан өтемен,
Ўапа қылып сол ўәдеме жетемен,
Тутылмаса тилим менен қулағым.

Сөз баслайын кәнин таўып дәстаннан,
Ат шығама жазбайман деп қашқаннан?!
Жерге кирип яки ушса аспаннан,
Табайын қыдырып сөздиң булағын.

*1946-жыл.*

## САЙЛАЙМАН

Сайлаў қуўанышы, қәлем қолымда,
Еки көзим Москваның жолында,
Бәрин айттым кеўлим менен тилимде,
Мен совет бағында бүгин сайрайман.

Кеўлим менен сөз майданын гезермен,
Тилим менен сөз маржанын дизермен,
Сөздиң анық кәнин таўып жүзермен,
Дәрьясында қулаш урып ойнайман.

Кеўлиниң көзлерин терис пикир басқан,
Дүнья десе жолдан шығып адасқан,
Көрингенге көзин салып шатасқан,
Мен соларды қыйратқанды сайлайман.

Теңи тайы табылмаған жаҳаннан,
Мийнеткешлер ушын шыққан қаҳарман,
Халқының кеўилинде қалдырмай әрман,
Қумарымды тарқатқанды сайлайман.

Душпанларға сөзи найза қадалған,
Жеңис нуры шыққан басқан қәдемнен,
Мийнетинен мудам маржан дөрелген.
Жүзи күндей нур шашқанды сайлайман.

Совет бағын азатлыққа толтырып,
Барлық мийнеткешке көз салып турып,
Менменлерди жан шығарға келтирип,
Жан терине терлеткенди сайлайман.

Халқымдағы қайғы жолын көмдирген,
Советтиң ҳүкимине жаўды көндирген,
Жүреклерге зор қуўаныш ендирген,
Азат отын гүрлеткенди сайлайман.

Айдың ағын, күн кызылын өрлетип,
Сағымына мийнеткешти бөлентип,
Азатлықты мәңгиликке орнатып,
СССР ды гүллентгкенди сайлайман.

Қос қабат қыйратқан жаўын киядан,
Берлинди алып және Германиядан,
Бир тамшы суў бермей жеңис дәрьядан,
Қанхорларды шөллеткенди сайлайман.

Соңын ойламаған өмир заяны,
Жүзине жақтырып қара сияны,
Табанда қалдырып Японияны,
Совет күшин өрлеткенди сайлайман.

Жеңис базарының қардары болған,
Азатлық жолының сардары болған,
Муҳаббат, дослықтың қумары болған,
Халыққа хызмет көрсеткенди сайлайман.

*1946-жыл, февраль.*

## ШАЙЫРЛАРҒА[1]

Қолға қәлем алайын да.
Жаҳанға көз салайын да,
Жер жүзине нәзер етип,
Алды-артыма қарайын да.

Билгенлерди айтайық та,
Бул отырған халайыққа,
Сөзди сөзден балалатбай,
Жүрген бизге ылайық па?

Қырым менен Түркстаннан,
Халқымыз бүлип-посқаннан,
Сөз баслаған Жийен-жыраў
Арқаланған туўысқаннан;

Сөзин тапса узын тилдиң,
Жерин таппай қызыл гүлдиң,
Бағын таўып сайрай алмай,
Әрманы көп аш бүлбилдиң.

Шаңлар жутып кула дүзден,
Қайғы дәрьясына жүзген,
Әрман менен халықтың муңын,
Жырлап кеткен Жийен бизден.

Бердақ еди сөз сағасы,
Сүйенерге жоқ ағасы,
Ол күндеги шайырлардың,
Басқан жери жар жағасы.

Ханға қарсы сөзи шийе,
Қанлы дарға иши күйе,

---

[1] Автордың Қарақалпақстан АССР Жазыўшылар союзының пленумында сөйлеген сөзинен. (*ред*)

Қарақалпақтан Күнхожа өтти,
Көре алмай жақсы тәрбия.

Әжинияз өтти ол да,
Ондай шайыр қалда-қалда,
Заманында елатына
Ҳәрбир сөзи қызыл алма.

Тағы басқа шайырлар бар,
Өтеш пенен өтти Омар,
Жыйрығын тилдиң жаза алмай,
Әрманлы кетти пәткумар.

Зулым көрип Хийўа ханнан,
Бәри кетти бул дүньядан,
Жаңа заман таңын күтип,
Таталмады ҳеш мийўаден.

Аўзы батып ашшы суўда,
Өмири өткен туншығыўда,
Зарлы қосық жазып кетти,
Аҳыўзар боп күн шығыўға.

Өтти олар тарлық пенен,
Көп қысыўмет зорлық пенен,
Бурын өткен шайырлардың,
Кеткени жоқ шадлық пенен.

Аяпберген шайыр еди,
Аўзында сөзи тайын еди.
Сөз мәнисин билгенлерге,
Ҳәрбир сөзи гәўҳар еди.

Азғана күн көрди бизди,
Болажақты кеўли сезди.
Алтынды мыстан айырып,
Ҳасыл сөзден маржан дизди.

Өмири бирақ аз болды,
Топтан айрылған ғаз болды,
Өзи өлип, қалған сөзи,
Айтсақ қосық ҳәм саз болды.

Биз солардан алсақ үгит,
Жыйылған көп, барна жигит,
Билимим жоқ мениң өзим,
Саясыз өскен ақ сөкит.

Басыңа да пайдасы жоқ,
Бүлбил сайрар шайдасы жоқ,
Бизиң баллар қосық жазса,
Сөздиң иплас майдасы көп.

Шайырлардың биразлары,
Айтар сөзин табалмай жүр.
Жолға сыймай жолды шалып,
Атын дуўры шабалмай жүр.

Бирқаншалар жазған қосық,
Сөзин көрсең газет оқып,
Қурап-сурап шығарыпты,
Ақбас пенен жантақ қосып.

Буны айтсақ дым жазбайды,
Күнлейди деп катнаспайды,
Қолды былғап шақырсаң да,
Беррегирек жантаспайды.

Сол жеримиз ғүлли айып,
Байлық тилде сөз жазайық,
Қосықларда, пьесаларда,
Кемшиликлер кетти узайып.

Қол қойайық дэстанларға,
Нэзер салып аспанларға,
Көңил сандық, аш тил менен,
Бағлар билен бостанларға.

Жазған сөзиң ғэўҳар шамдай,
Көрген қалсын мийри қанбай,
Халық ишине тэсир еткен,
Романлар „Қутлық қандай[1]“

*1946-жыл.*

---

[1] „Қутлық қан“—атақлы өзбек жазыўшысы Айбектиң романы (*ред*).

## БЕРДАҚ ҲАҚҚЫНДА КОС ҚОСЫҚ

*(Бердақтың қайтыс болғанына 50 жыл толыўына)*

### 1. Тусимде саўал

Жатыр едим бир күн сәҳәр шағында,
Әйне таңның атар алды ўағында,
Бүлбил сайрап турған гүлдиң бағында,
Өзи ақсақаллы бир адам көрдим.

Бүлбилге жарысып сөйлеп тур тили,
Күнге шағылысып жүзиниң нуры,
Шоқ сақал, ат жақлы, сүйеги ири,
Жақынласып қалыс сәлемим бердим.

Қолына қол бердим, жасы үлкен деп,
Гүл бағдың бағманы мекен жүрген деп,
Гүлдиң арасына қайдан келген деп,
Ҳайран болып оның қасында турдым.

Өзи узын бойлы қара киси екен,
Шым қара емес қарабараң түс екен,
Жасаған шын жасы жетпис үш екен,
Жылын сорап мен есаплап келтирдим.

Ғаррының қәддине қарағым келди,
Хабар алып ҳалын сорағым келди,
Тилди созып алдын орағым келди,
Жүгинип алдында қарсы отырдым.

— Ата дедим не саўда бар басыңда?
Кемпириң жоқ, жолдасың жоқ қасыңда,
Сен нағып жүрипсең гүл арасында,
Бул бағдың ишинде не себеп турдың?

Бағманы болдың ба бағдағы гүлдиң,
Өзиң адамысаң ата кайсы елдиң,
Көн жасапсаң заманыңнан не билдиң.
Жасаған дәуиринде кимлерди көрдиң?

Баян етиң маған ҳаслы затың ким?
Ағайын ким, жакының ким, жатың ким,
Атаңыз ким, атағыңыз, атың ким,
Шаруа ма, дийқан ба, қаерде жүрдиң?

Қандай сөз билесең қарақалпақтан,
Әмудәрья аржағынан, бержақтан,
Көрсеңиз хабар бер шайыр Бердақтан,
Жигитлик дәуранды каерде сүрдиң?

Дабыл улы атым Аббаз сорасаң,
Сизге рухсат ата, алдымды орасаң,
Я бағмансаң, яки түлге конасаң,
Сиз жууап берсеңиз мен сауал бердим.

## 2. Сауалға жууап

Айтты ғарры, өмирим қарақалпақта,
Өтип еди атым шығып шаңлакта,
Доңызлар төбеге шығып аулакта,
Ийтимди соларға қосқан Бердақпан.

Он тоғыз[1] әсирде аты белгили,
Қарақалпақ халқының буубынсыз тили,
Нама тапса гүл таппаған бүлбили,
Өмири өшик болып өткен Бердақпан.

Заманымның шатпақларын жаза алмай,
Ийне, тебен менен қудық қазалмай,
Мақсет питип, бауырымды бир жазалмай,
Бул дүньядан көшип кеткен Бердақпан.

Найза қылып тилин урған ҳәр тасқа,
Алты кабат аспан түсип бир баска,
Қойын-коныш, етек толып көз жасқа,
Сыйғызалмай бүлип өткен Бердақпан.

Неше қабақ жауды маған түнерип,
Бүгин баскан изи ертең гөнерип,

---

[1] Он тоғыз – он тоғызыншы әсир (*ред*).

Қолы түўе көзи жетпей мөлерип,
Душпанлары күлип өткен Бердақпан.

Тар заманның талай сапар тарлығын,
Әдалатсыз патшалардың зорлығын,
Зәҳәрин жайған аждарҳаның барлығын,
Илажым жоқ билип өткен Бердақпан.

Сөзди дәрья қылып журдим дарғадай,
Қарақалпақ, қолдаўлы, әкем Ғарғабай,
Журген жерим бар ма халықты жырламай?!
Жигитимде желип өткен Бердақпан.

Арал теңиз, Қазақдәрья, Дәўкемпир,
Қалды сөйерлерде сөзлерим нәўпир,
Бизиң қыслаў басып өскен мәкан жер,
Жылап, күлип, жанып өшкен Бердақпан.

Тилим тийген ўакта сөздиң кәнине,
Мен майдай жақтырдым достың жанына,
Душпаным бир қоспай адам санына,
Әрман менен өлип кеткен Бердақпан.

Душпанларды көрсем көзим қанталап,
Талай сапар жетип бардым анталап,
Он бармақты он мың әскерге санап,
Дуўтарымды гөзеп өткен Бердақпан.

Халқымды жырладым талай жыйында,
Арал теңиз, Қазақдәрья бойында,
Әдил қалмақ, Қуленболыс тойында,
Тилдиң ушын безеп өткен Бердақпан.

Басты қутқаралмай жәнжел-ғаўғадан,
Таталмай кеткенмен шийрин мийўадан,
Сөзи зая, жетпис үште дүньядан,
Өмиримди тежеп өткен Бердақпан.

Мениң өлгениме елли жыл толды,
Қәбирим көгерген қызыл гүл болды,
Билмеймен жайнаған гәўҳар нур болды,
Ҳәйрана-ҳәйрана турған Бердақпан.

Хабарсыз жатыр ем өлгеннен бери,
Гүлленип кеңейди ғөримниң төри,
Гүл бағ деп турғаның Бердақтың гөри,
Шадлана-шадлана турған Бердақпан.

Заман өзгерилип тазарғаннан соң,
Қуўраған тамырлар жасарғаннан соң,
Қараңғы гөр бүгин ағарғаннан соң,
Қуўана-қуўана турған Бердақпан.

Қарақалпақ балларының барлығын,
Мен тилеймен барлығының саўлығын,
Ядына алған соң ақлық, шаўлығым,
Гүллене-гүллене турған Бердақпан.

Атымды дүньяда тәрип қылған соң,
Сөзимди нусқада тарийх қылған соң,
Қараңғы гөримди жарық қылған соң,
Мәрдана-мәрдана турған Бердақпан.

Деним сезип әдебият майданын,
Геўдеме қайтадан жайғасты жаным,
Кеўлинде бир шер қалдырмай әрманын,
Тарқата-тарқата турған Бердақпан.

Бизден сәлем болсын барлық балларға,
Алғысым көп бизди билген жанларға,
Сүўретимди қойса, сахна, залларға,
Тириле-тириле турған Бердақпан.

Рахмет балларыма атымды билген,
Жыйнастырып алған нусқамды елден,
Қәбириме нур толды, кепиним гүлден,
Сайрана-сайрана турған Бердақпан.

Бир нәрсени алып турман ойыма,
Сүўретимди тайынласа тойыма,
Шын ҳасылдан кийиндирсе бойыма,
Долана-долана турған Бердақпан.

Аббаз шайыр, елли жылда тирилдим,
Сөзлериме сен ҳақыйқат берилдиң,
Бүгин саған мен түсинде көриндим,
 Oята-oята турған Бердақпан...

* * *

Мен ояндым таң сарғайып атқанда,
Геўгим кетип барлық жулдыз батқанда,
Қәбиринде ғә түргелип жатқанда,
Мен еситтим усы сөзди Бердақтан.

Анық өлген екен жетпис үшинде,
Көрген ўақта алды ақлы-ҳуўшымды,
Сондай болып көринди маған түсимде,
Айырмадым усы көзди Бердақтан.

Аббаз шайыр дийдарына тоярма?!
Тири болса жыр етпестен қоярма!
Мәңгиликке халық ядынан қаларма?!
Шайырлар үйренер бәрҳа Бердақтан.

*1950-жыл*

## БИЗИҢ НӨКИСТИҢ.

Ҳасла суў тиймеген бир борпаң еди,
Әтирапы ўйтқыған аппақ шаң еди,
Тәртипсиз салынған гөне там еди,
Бурын усы орны бизиң Нөкистиң.

Бул жаңа заманда жайнап шалқыған,
Үлкен жәрдем алып рус халқынан,
Сәни келип жыйналысты халық буған,
Салтанаты артты бизиң Нөкистиң.

Саўашта, мийнетте халқы мәрт болды,
Қарабайырларым қаназат болды,
Тай-қунан жетилип тулпар ат болды,
Шайқалды жорғасы бизиң Нөкистиң.

Жулдызды гөзлейди жайлары бәлент,
Қулашын кең жайып өсиўде сермеп,
Атасы Моска, ағасы Ташкент,
Солардай сымбаты бизиң Нөкистиң.

Уллы партиямыз болып пәрмана,
Тик басып тур аяқларын мәрдана,
Ургенич, Самарқанд яқий Фергана,
Жайнаған жолдасы бизиң Нөкистиң.

Серлеп қарасаңыз Нөкис орайды,
Мойнын созып Москваға қарайды,
Үлкейиўге етекленип ен жайды,
Әтирапы ҳәзир бизиң Нөкистиң.

Күншығары Бестөбени алады,
Күнбатары Саманбайда турады.
Қызкеткенниң сағасына барады,
Келешеги тағы уллы Нөкистиң.

Бийиклиги пәсирек бултқа жетеди,
Келешекте оннан арман өтеди,
Бара-бара жүдә артып кетеди,
Көшесиниң узынлығы Нөкистиң.

Адам көкти жарып гүзар етип тур,
Айлық жолға ҳәп заматта жетип тур,
Қайда бармақ болса бәрҳә күтип тур,
Ҳаўа суңқарлары бизиң Нөкистиң.

*1950-жыл.*

## ЗУЛПИЯ

*Зулпияның сөзи:*

Аналарым бир сөзим бар:
Жақсы жаман бир қызың бар,
Орта мектепти питкердим,
Енди бизге не сөзиң бар?!

Питкердим онынцы класс,
Билимли адам хеш ўақ талмас,
Бизге рухсат берерсиз бе?
Еле тапсам алтын-алмас.

Сиз едиңиз туўған ана,
Тоғыз ай сақлаған хана,
Жерге жылап түскеннен-ақ.
Болдыңыз маган пәрмана.

Биз жыласақ оянғансыз,
Дәрриў бесик таянғансыз,
Түн уйқыңыз төрт бөлинип,
Журек қозғап оянғансыз.

Журсек сырттан бақлағансыз,
Оттан, суўдан сақлағансыз,
Төгип шашсақ қай нәрсеңди,
Қолымызды қақпағансыз.

Эй аналар маған қараң,
Жаңа дүнья жаңа заман!
Көз алдымда елеслеп тур,
Дунья жүзи барлық жәҳән!

Анажан сен иске барсаң,
План толып аброй алсаң,

Жәрдеми көп бизге ана,
Хожалыққа табыс салсаң.

Бар күшинди колхозға сал,
Мениң ушын бузба хиял,
Маңлайыңнан тер шығарып,
Тапқан наның сөзсиз ҳалал.

Институттан алсам билим,
Өсер сезим, сайрар тилим,
Сизлер туўе аналарым,
Ырза болар Ўатан, елим.

Сизден туўған Зулпияман,
Тәрбияланып уядан,
Билим алсам қәлеўимше,
Өмиримше мен ырзаман.

*Әкесиниң анасы 90 жаслы Тоқсулыўдың сөзи:*

Қызым мениң жасым токсан,
Бир айтпайсаң „неғып отсаң"?!
Бул оқыўың қандай оқыў,
Мен оған түсинген жоқпан.

Қызым сенде әдеп кемис,
Бул мектебиң мешит емес,
Молла емес устазың да,
Муғаллим деп еситемиз.

Динисламға қурал емес,
Мусылманға уран емес,
Көзим салсам китабыңа,
Оқығаның қуран емес.

Мен қарайман ара-тура,
Не қусап кеттиң бара-бара,
Бурынғы жүрисиң азба еди,
Не деп турсаң, берман қара?!

Қайтарып сөйле не дейсең,
Уақтың болды ерге тийсең,
Бул не деген сумлық еди,
Сен қайда бараман дейсең,

Орамалың жоқ басыңда,
Бурымың да жоқ шашыңда,

Қарап көрсем бәри сондай,
Бирге жүрген құрдасың да.

Қыздың айып жалаң басы,
Не деген сумлықтың басы,
Жүўениңди үзип кеттиң,
Сөзимизге қулақ салшы.

Құрдасыңды қыялмайсаң,
Халықтан-журттан уялмайсаң,
Үздиң әдептиң ноқтасын,
Енди муны қоялмайсаң.

Күнде ойын, күнде байрам,
Мен отырман болып ҳайран,
Көйлегиң тар, келмес дизден,
Еки аяғың сыйраң-сыйраң.

Бизиң тилекти бермедиң,
Мен де ертерек өлмедим,
Тоқсан жаслы Тоқсулыўман,
Бул жүрисиңди билмедим.

Қызым биздеги бар тилек;
Қыз ер жетсе сатып жемек,
Сени берип қырқ туўарға,
Төрт сыйыр саўармыз деп ек.

Тилегимиз дурыс болмады,
Сыйыр бизге буйырмады,
Мынаў турған туўған шешең,
Әўел бастан шыйырмады.

Қызды қайтарыў ҳал қайда,
Бизге қырқ туўар мал қайда?!
Бир умтылып көрер едим,
Өмир шықпастай жан қайда.

*Тоқсан жаслы Тоқсулыўға*

*Зулпияның сөзи:*

Ғарры мама жасың тоқсан,
Дүньяда сен барсаң, жоқсаң!
Сөзлериңе бас жип тақсам,
Қарыў салып қыздың мама.

Оқығаиың куранба деп,
Мусылманға уранба деп,
Жаңа мектеп, гөне мектеп,
Еккисин ҳәм сездиң мама.

Сатаман деп қырық туўарға,
Қардар таўып малы барға,
Жалғыз аўыз дурысы барма,
Көп сөзлерди бўздың мама.

Нырққа сыймас ис еттиң деп,
Жүўен, ноқтасыз кеттиң деп,
Сен тәртипсиз ержеттиң деп,
Бизден гүдер үздиң мама.

Енди сенде не әрман бар,
Шығайын деп турған жан бар,
Болып тур қара жер қардар,
Қасындасаң жүздиң мама.

Басарсаң ба енди алға,
Боларсаң ба халыққа тулға?!
Ар жағында өмириң барма,
Сениң быйылғы ғүздиң мама.

Айтқан сөзге исенбедиң,
Бул заманға түсинбедиң,
Орынсыз сөйлеп терледиң,
Сөзди булап ездиң мама.

Сен әкемниң анасы едиң.
Мен балаңның баласы едим,
Өзим жалғыз дәнеси едим,
Тәртипсиз деп бездиң мама.

Бул заман қалай билмейсең,
Бизиң бахытқа кирмейсең,
Жаңа заманды көрмейсең,
Нуры кеткен көздиң мама.

Мен билмедим шын ойыңды,
Қайтарсам болмас зейниңди,
Менде ойлайын кейнимди,
Алдын ойла қыздың мама.

Гөне көкирек, ғөне заман,
Бизиң топқа бәри жаман,

Не айтайын енди саған,
Тамамы сол сөздиң мама.

*Зулпияның анасы Тазагүлдиң сөзи:*

Баспа аяқты бийдәрек,
Салма көзиңди қыяға.
Зийнет пенен өнер керек,
Дүньяға кеңнен сыймаға.

Шын билимниң болар шәрти,
Шәртке керек адам мәрти!
Кеўил деген уллы сандық,
Тил болады соның килти.

Еки қолың, еки аяқ,
Хызмет қылар шаршамай-ақ,
Сандығыңды тил ашпаса,
Геўде мәзи бир қуў таяқ.

Қулақ еситип көз көреди,
Ҳәммесин бир теңгереди,
Кеўил столда отырып,
Хызмет буйырып жибереди.

Ағзаның уллысы гелле,
Қалыспайды оннан тилде,
Сандығыңды таза сақла,
Кеўилге жолатпа кирди.

Туўры тутсаң барлық ағза,
Сандығың болар тап-таза,
Таза етип ишсең қызым,
Қара суўға енер маза.

Қызым хыялыңды бузба,
Бийкар жерге қолың созба,
Қатарыңнан артта қалып,
Күлки болма жигит-қызға.

Орынсыз сөйлесең тилден
Бәле тапқаның кеўилден.
Аппақ кеўлин қара жайлап,
Қуўылғанлар бар оқыўдан.

Тәрбияладым жасыңнан,
Тық-тық ушырмай басыңан,

Жаман атақ алмасын деп,
Нэсият айттым ҳасылдан.

Питкерсең онызшы класс,
Биз рухсат бермесек болмас,
Институтқа барсаң қызым,
Көп ишинде болма иплас.

Билимли адам данасын.
Устаз қыл билип шамасын,
Тут әдепти тәртипли бол,
Қыялың көп тарамасын.

Қыял деген неше турли,
Бири таза, бири кирли,
Ҳақыйқатын сен тут қызым,
Сабағыңа бол жигерли.

Халық ушын бул колхозда,
Ислеп жүрмен қысы-жазда,
Жәрдем берсем жигерленип,
Көп болама сендей қызға.

Қызым, түсин сен деп жүрмен,
Айдан арыў күн деп жүрмен,
Қуўанышым, жаным қызым,
Сен болмасаң ким деп жүрмен?!

Сениң ушын мен фермаға,
Барлық ешкини бермеге,
Мен кумарман жаслар менен,
Жарысып ислеп жүрмеге,

Исте таймас Тазагүлмен,
Қырқында ғаррысы өлген,
Билимине Зулпиянын,
Жигерленип шын берилген.

*1950-жыл.*

## ГЭС ҚУРЫЛЫСЫНА

Зыбанға-зыбан қосылып,
Сөздиң басын баслайық,
Көрдик халықтың раўшанын,
Қолға қәлем услайық.
Халық айнасы газеттен,
Қосық қылып жиберип,
Халықтың ўақтын хошлайық.
Қәте болса қайтаман,
Шайырларға айтаман,
Алыңыз қәлем қолыңа,
Коммунизм жолына,
Сөзимизди дурыслайық.
Жазыўға тема көбейди,
Өриси сөздиң кеңейди,
Қәлеген жерден баслайық.
Қайта-қайта айтылған,
Аңызлы сөзди қоспайық,
Өзине адам тартқандай,
Маңызлы сөзден баслайық.
Сөздиң алтын гәўҳарын,
Гүмис пенен жаўҳарын,
Айырып алып ишинен,
Басқасын былай таслайық.
ГЭС ти қурып әмнўден,
Нурды нурға қосайық.
Нур жайнаған сарайда,
Гүл жайнаған орайда,
Қуўанысып шағлайық.
Жазыўшылар тил менен,
Сайрасын бүлбил гүл менен,
Жигитлер жүрсин ҳүр менен,
Парадқа қәдем басайық.
Қызлар жүрсин наз бенен,
Қосылсын даўыс саз бенен,

Сөйлесин дуўтар сөз бенен,
Ярды қосып яр менен.
Шад болып жайнап йошайық,
ГЭС курғызып Әмиўден,
Уллы пайтахт Мәскеўден,
Нурды бизге каратты.
Отыз төрт жыл жасатып,
Жетилдирди жиғерди,
Халық ушын қол-қанатты,
Көтерил халқым ушайық.
Күшке-күшлер қосылып,
Қушакласып есилип,
Көп жумыслар шешилип,
Нурдың бети қарады.
Нур сәўлесин төгеди,
Қарақалпақ халқыма,
Ашылған ғүлдей жайнатып,
Қала түўе далаиы,
Қарағайды какдырып,
Басына шамды жақтырып,
Колхозма-колхоз араны,
Аўылма-аўыл аралап,
Сым тартылып барады.
Қурылған ГЭС тен күш алып,
Электр нуры тарады,
Үй басына бир гәўҳар,
Рәўшан болып жанады,
Қаранғы түнниң ишлерин,
Ийнени таўып алғандай,
Жайнатып жақты қылады.
Бағы толып мийўаға,
Халқымыздың дүньяда,
Толып жатыр минекей,
Кеўилдеги мурады.
Мийнетиңниң тийгени,
Лампамайсыз ҳәр адам,
Үйине жақса шыраны,
Нурдың көзи ашылып,
Түниң күндиз болады.
Күн менен түнде айырым жоқ,
Пахта атызың ишлери
Жайнаған жулдыз болады.
Сәўлеси менен сол нурдың,
Қызғын мийнет үстинде,
Келиншек түўе картайған,
Кемпир де қыздай болады.
Алпыстағы ғаррылар,

Жигиттен қалай қалады?!
Атыздан нурға бөленип,
Қыз бенен жигит аралас,
Жарысып жумыс қылады.
Майданында мийнеттиң
Ҳақыйқат анық көринер,
Қызлардың қырлы қыраны,
Сол қызлардың қасында,
Пахта атыздың басында,
Сәўлеленип желбиреп,
Қызыл байрақ турады.

*1951-жыл.*

## ТАХИАТАШҚА

Ҳаслы Ўатан аналардан,
Бир туўыскан паналардан,
Уллы көсем даналардан,
Хабар жетти елден-елге.

Тахиаташтан саға алып,
Дәрьянызға жүўен салып,
Бас Түркмен каналын жарып,
Суў жай деген шөлден-шөлге.

Еситкен соң бул хабарды,
Неше адам тас қопарды,
Тахиаташтан саға жарды,
Халық жарысып бирме-бирге.

Техника менен қазып атыр,
Таў-тас демей бузып атыр,
Көп шайырлар жазып атыр,
Зибан өнип тилден-тилге.

Бул мақсетти болдырамыз,
Шөлдиң мийрин қандырамыз,
Ғаз, қуў, үйрек қондырамыз,
Сала-сала, көлден-көлге.

Алға өрлеп бизиң жаслар,
Шыдам бермей қара таслар,
Дуўшарласса аспар-аспар,
Өтип жүрмиз белден-белге.

Ҳасыл—өним таппақ болып,
Сары алтынды қап-қап қылып,
Ақ алтынды аппақ қылып,
Гүл егемиз шөлден-шөлге.

Тахиаташтан Каспий теңиз,
Еки араның жери семиз,
Бағы бостан дөретемиз,
Канал жарып жерден-жерге.

Ағар булақ сағасы бар,
Нәрўан питер жағасы бар,
Жети жылдың шамасы бар
Бес жыл план болсын бизге.

Бир мың бир жүз километр,
Бәлки ол төрт жылда питер,
Қайда созсаң қолың жетер,
Қус ушпастай дүзден-дүзге.

Сары қамысқа суў түсип,
Барлық Қара қум суў ишип,
Бел жуўанып, бойлар өсип,
Өним артар ғүзден-гүзге.

Сепсек тухым, питсе ғаўлап,
Қыз-жигитлер шәмен баўлап,
Жыл-жыл сайын боз бузаўлап,
План артар жүзден-жүзге.

Биз каналды қазсақ жөнлеп,
Әмиў дәрьяны жүўенлеп,
Тоғырткаларды ғүўенлеп,
Суўын қуямыз бир изге.

Халық тилеклес болып турып,
Асаўға салдық биз қурық,
Тентек дәрья мойны бурық,
Салып турмыз тезден-тезге.

Гектар жер бар жети миллион,
Шарўаларға қолайланған,
Тоғай ушын оңайланған.
Ол үлкен ғәзийне бизге.

Бес жүз мың гектар пахта жер,
Теп-тегис тайпақ тахта жер,
Ақ алтынға дурыс бақна жер,
Көринип тур көрер көзге.

Қазып болсақ бул каналды,
Майға қосып жеймиз палды,

Көркем сулыў кәлди далды,
Бизораймыз гүлден-гүлге.

Гүллерге бүлбил қонады,
Халқым абадан болады,
Неше ғәзийне толады,
Ҳадал мийнет, маңлай терге.

Суў түссе „Сары қамысқа“,
Дуўшарласса мол табысқа,
Қутлы болсын бул қонысқа,
Колхозшылар басса ирге.

Қосылып дослыққа дослық,
Табысларға табыс қостық,
Мине бүгин аяқ бастық,
Шынығып коммунизмге.

Душпанына жапа қылса,
Уәдесине ўапа қылса,
Жумысы сапалы болса,
Ким жетпейди арыў жүзге!

Келген душпан қайта қашып,
Жасларымның кеўли тасып,
Алға, алға қәдем басып,
Шығып турмыз өрден-өрге.

Қайта өшпес жанған шырақ,
Өткир алмас, жәўҳәр жарақ,
Душпанлардың алдын орап,
Өтип турмыз төрден-төрге.

Мискин[1] айтар уллы табыс,
Мәрт болсаң табысқа таныс,
Ҳақыйқат керек ар-намыс.
Ели ушын туўған ерге.

*1951-жыл.*

---

[1] Мискин шайырдың ертеректеги әдебий лақабы (*ред.*)

## МАКСЕТИМ

Атам мени муғаллимге берипти,
Танып киятырман барлық ҳәрипти,
Ҳүжданым алдыма тартып турыпты,
Класстан-классқа өтиў мақсетим.

Онынշы классты оқып питкерсем,
Сабағымды институтқа жеткерсем,
Имтиханды отлично қылып өткерсем,
„Бес" алып бәрҳәбәр оқыў мақсетим.

Институт питкерген соң димпломын алып,
Билим сағасына қарап жол салып,
Аспанды дәўирлеп Ташкентке барып,
САГУ курсына кириў мақсетим.

Берген бир кеңесим барлық балларға,
Билим талап еткен барлык жанларға,
Ҳәр бала жетеди бул қыялларға,
Бул тийкарғы илим мениң мақсетим.

Бир қыялым тынбай мектеп катнасам,
Жақсы оқып қалмай класс атласам,
Ойлаған қыялдың бәрин тақласам,
Деген қыял мениң уллы мақсетим.

Қыялым бар билим коймай оқысам,
Оқып көкирегиме ныклап тоқысам,
Өзимди халкыма билимпиз қылсам,
Атакты жаҳанға жайыў мақсетим.

Бир қыялым тракторды айдасам,
Қуртсам қыйынлыкты ҳасла коймасам,
Еки жуз процент пенен тойласам,
Ленин орден алыў мениң мақсетим.

Бир қыялым оқып меп врач болсам,
Барлық врачларга жәнe бас болсам,
Халықтың хызметинде мудам тақ турсам,
Адамды сау сақлау мениң мақсетим.

Бир қыялым Уатанымды қорғасам,
Суўық хабар болса минут турмасам,
Разведчик болып алдын барласам,
Уатан қорғап батыр болыў мақсетим.

Бир қыялым летчик болып сайлансам,
СССР дың төрг тәрепин айлансам,
Айды, күнди көриў ушын ойлансам,
Жулдыздап жол жасап ушыў мақсетим.

Бир қыялым жәнe инженер болсам,
Орман, океан, тауды-тасты қыдырсам,
Алтынға халық ғәзийнесин толтырсам,
Гәўҳар шам-шырақты табыў мақсетим.

*1952-жыл.*

## УЛЛЫ КӨСЕМ ЛЕНИН СЫЗҒАН ЖОЛ МЕНЕН

Еркине қол жетпей журген журт едим.
Хуқықы жоқ, қарақалпақ улт едим,
Суў көтерип көк теңизден жаўарға,
Бир табан жер таппай журген булт едим.

...Октябрьде бизиң жоллар ашылды.
Халқым халық қатарына қосылды.
Дүрден тәлим алып, нурдан суў ишип,
Мийнет пенен ой, санасын өсирди.

Маркс, Энгельстиң сызған жолларын,
Ленин данам қуўатлады, қоллады.
СССР да бахыт таңын атырып,
Халықты уллы жеңислерге жоллады.

Халқымның қырағы көрғиш көзи боп,
Қәлемде, қағазда, тилде сөзи боп,
СССР ды татыў етти, дос етти,
Көңилдеги шын жүректиң өзи боп.

Ленин—көрки нур жайнаған аўылдың.
Соғар тамыры жүрек пенен баўырдың.
Ойлап ойым, айтып тилим жетпейди,
Ленин көрки бул бахытлы дәўирдиң,

Көсемим жол салып кетти жеңиске,
Сол жол менен мен табысқа еристи м.
Халқымыздың сүйген уллы адамы,
Саррасланып жолы қалды өлмеске.

Исми оның бес ҳәриптен қуралған,
Оның даңқы дүнья жүзин оралған,
Тутқан жолы, қойған қолы көсемниң,
Тынышлықты сүйгенлерге таралған.

Исми оның ҳәр жүректе турады,
Уллы жеңислерге қулшындырады.
Уллы көсем Ленин сызған жол менен,
Батыр халқым коммунизм қурады.

*1953-жыл.*

## ЖАРЫСЫ ЖАНЛАНДЫ[1]

Тас сағадан төмен аяғы Арал,
Туўған жер, аққан тер, мийнетим ҳадал,
Уйқыда, бийдарда талабым орал,
Деген шын ықласы Қарақалпақтың.

Усы тилек пенен иске қуныққан,
Полат билек, алмас бармақ шыныққан,
Қыйынлықты жеңип үстине шыққан,
Жәм болған күши бар Қарақалпақтың.

Бирақ Әмиўдәрья ноқта—жүўенсиз,
Таўды бузар толқыны бар гүўенсиз,
Жыққыны да ўәдесине опасыз,
Есабын бузып жүр Қарақалпақтың.

Әмиўдәрья жинниленип турғанда,
Жыққын кетип кесе белден урғанда
Көп пахталар қолдан кетип әрманда,
Ийеги тислеўли Қарақалпақтың.

Көрмеген не билсин быйылгы ҳалды,
Қанша гектар пахталарды суў алды,
Суў менен гүресип жеңис туў алды.
Жаўынгер уллары Қарақалпақтың.

Қалғанын тәрбия берип өсирип,
Аўқат берип тәртиплеп суў иширип,
Мийнет етип, жетилистирип, писирип.
Өсти паҳталары Қарақалпақтың.

---

[1] 1958-жылы ҳаўа райының қолайсыз келиўине байланыслы пахтаның өсиўине тосқынлық беретуғын ҳәртүрли апатлар болды. Солай болса да республика пахтакешлери планды орынлап шықты. Шайыр усыларды нәзерде тутқан. *(Ред.)*

Алды пахта болып кейни ғумшалап,
Камалына келген ўақта күн санап,
Қапа қылды урып кетип бесқонак
Баслары шайқаўлы Қарақалпақтың.

Басын шайқаў менен турып қалмады,
Бесқонак деп истиң пәти талмады,
Бир-бирине жарысқа қол былғады.
Жарысы жанланды Қарақалпақтың.

Суўық урып суў алды деп пахтаны,
Қол суўытып оған жала жаппады,
Шәрт ўәдеси толмағанша жатпады,
Ул-қызы баҳадыр Қарақалпақтың.

Умтылғанда түк шығарды жүректен,
От шығарды бармақ пенен билектен,
Мийнеттиң геройы қылып дөреткен,
Саҳып қурыўжы көп Қарақалпақтың,

Биринши орын Әмиўдәрья совхозы,
Орынлап өтти деп айткан халық сөзи,
Соннан абрет алыў ушын халық көзи,
Түсти соған бизиң Қарақалпақтың.

Төрткүл районы орынлап өтти,
Бируний кейнинен өзин көрсетти,
Үшеўи ең алда мақсети питти,
Иси раўажланып Қарақалпақтың.

Төртинши орын болып өтти Хожели,
Жүйириктиң аяқта бары белгили,
Жарысқанда тынбай сөйлеп тур тили,
Радио, газетте Қарақалпақтың.

Бесинши орынды алды Кегейли,
Ўәде солай халық қайғысын жегейли,
Планымыз артық толады дейди,
Исеними күшли Қарақалпақтың.

Оқыған жаслардан шыққан ақыл бар,
Ақыллы адам ҳақыйқатты мақуллар.
„Мийнет түби—рәҳәт" деген нақыл бар,
Мәжилисинде бизиң Қарақалпақтың.

Быйыл еки жүз мың тонна планы,
Быйылғы қыйынды жеңди қырағы,

Көп узатпай коммунизм курады,
Колхозы, созхозы Қарақалпақтың.

Халықтың атынан калыс саламым,
Сөйледим жүректен гәптиң ҳадалын,
Жылдан жылға алға өрлеп талабы,
Иси мудам рәўаж Қарақалпақтың.

Толық жәрдем керек алға өрлеўге.
Келеси жыл қыйынға жол бермеўге,
Халқы ушын жан терине терлеўге,
Ўәдеси бар бизиң Қарақалпақтың.

*1958-жыл.*

## ҚАЛЛЫ АЙМБЕТОВҚА

*(Туўылғанына 50 жыл толыў юбилейине)*

Бир сөзим бар Қаллы Айымбет инимнен,
Азырак сөйлесем өткен күниңнен,
Өсип шыққан бир инимсең елимнен,
Көп шәкиртлер пайдаланып тилиңнен.

Мен бир көрген ўақта он жасар едиң,
Азатлық жолынан хабардар едиң,
Мен соны таныдым көз қарасыңнан,
Оқыў, дәстанларға көп қумар едиң.

Атаң өлип қара булттың астында,
Көйлек-ыштан я бар, я жоқ үстинде,
Сол ўақта да сениң соққан жүрегиң,
Душпанлардан кек алыўдың қастында.

Талап еткен жериң ылақ бағыўға,
Сум заманда қалың нанды табыўға.
Жаслық, жетимлигиң бирге қосылып,
Үйиң түўе, төсегиң жоқ салыўға.

„Жалпақ шек" деген жер өскен жайлаўын,
Саған қыйын болды дүнья жыйнаўың,
Жетимлердиң төбесиниң сол күнде,
Көрдик бизлер мыс қазандай қайнаўын.

Гедейдиң баласы атасы—теги,
Қайнады жасынан душпанға кеги,
Киндик қаны тамып туўылған жери,
Кусхана таўының берги етеги.

Октябрь төңкерис болған ўағында,
Халқым еркин алды деген шағында,

Ленин сызган партияның жолына
Шаглап түсип, өсти кең қушағында.

Таныды өзине досты, жақынды,
Кеўлине орнатты кем-кем ақылды,
Қаты кулақ кемпир менен шаллардан,
Жыйнады торланған жуўап, нақылды;

Бизиң саўаты жоқ халықты оятты,
Сөзлер жыйнап шаққан басып аяқты
Бастан үлес қосып қарақалпақта,
Жанландырды алға әдебиятты.

Өзине дос тутып тилдиң жоргасын,
Жағалады әдебият дәрьясын,
Москваға барып жазыўшыларға,
Айтты Қаллы халық атынан ҳармасын..

Роман, пьесаға, поэзияға,
Жибермей дүзетти кетсе қыяға,
Халқыма мәнгилик гәзийне қылып,
Жәрдем берди қондырыўға уяға.

Сондайдан қырқ—елли жумыс питкерди,
Жумысларын халық алдынан өткерди
Дәстан, роман, пьеса ким жазып шықса,
Дослық айнасына қарап сын берди.

Сондай мийнет пенен шыққан еллиге,
Ая, дослар мың рахмет Қәллиге,
Онеки районның нақыл, жуўабын,
Жыйнап жасқа көрсеткени үлгини.

Халықтың нақылларын жыйнап ғалаба,
Разы болды оған қыз да, бала да,
Мәденият майданында ис қыздырды,
Жасларға көрсетип искусствода.

Бир отыз жыл хызмет еткен советке,
Халықта ийе болған үлкен ҳүрметке,
Ҳәмме кутлықлап тур елли бәҳәрин,
Халқым рахмет айтып Қаллы Аимбетке.

*1958-жыл.*

## ҚУТЛЫ БОЛСЫН

*(Қарақалпақстанның Ленин орденин алыўына)*

Қарасақ тарийхтан патшалар изин,
Қанлы жол сызылған узыннан узын,
Сыйлығы болмаган салықтан басқа,
Тарийхта патшаның, хақыйқат сөзим.

Айтсам Султан Махмуд, Хорезм шаны,
Неше ханлар ийелеген Хийўаны,
Ҳеш бири темир жол салып берди ме.
Жаңалыққа қарсы молла, ийшаны.

Патшалық саўлатын көтерип сонша,
Ҳүкимин жүритип турса да қанша,
Қайда саған бир электр станция,
Дурыслап салмаған ҳәтте бир монша.

Мийнеткеш халықты сирә сүймеген,
Арзасына сыртын берип сөйлеген,
Еңиреген елдиң көз жасын көрмей,
Қарсыласса қамыр етип ийлеген.

Ислеген ислери емес инсаннан,
Даңқы шықты бәрҳа дардан, зинданнан,
Халық жыйрылып бийкар төгилген қаннан,
Қорқып, посып кеткен туўған мәкәннан.

Жол табалмай саңлағы жоқ түнекте,
Кирер, шығар соқпағы жоқ түбекте,
Қайғы қайнап, сарсық жайлап бойынды,
Жүрдиң халқым зардап орнап жүрекке.

Зорға шықтық қысымынан көкбеттиң,
Ийеси едиң алынбаған көп кектиң,

Ленин жеңди, жеңди совет власты,
Кеўили шалқыды бахытлы көпгиң,

Бизге бахыт берди жолбасшы Ленин,
Әўладлары даўам етип кейинин,
Халық тарийхында шийелген жердиң,
Бир-бир таллап шешип берди түйинин.

Уллы Октябрьдиң жеңисин қутлықлап,
Сол ўақтағы өзгерисин қутлықлап,
Қырық еки жыл даўамында халқымды,
Көп қосықлар жазып жырладым шағлап.

Барып көрип келдим Москва шәҳрин,
Қараўында ғулли шәҳәрдиң бәрин,
Ҳәр жыл сайын қолға түсип киятқан,
Келешектеги барлық истиң тийкарын.

Ишинде отырған Компартиямды,
Алдын болжап, қуўған халыққа зыянды,
Қутлықлайман мен Советтиң жеринде,
Қырық еки жыл болған шадлы байрамды.

Халқымнан алғыс көп Компартияма,
Ақлы кәмалларым бүлбил гояма,
Совет жерин қоршап айланып турған,
Жаў бар ма деп көзин салып қыяға.

Уллы Октябрь төңкерисинен бермаған,
Қарай исте билек—бели талмаған,
Тылда да, фронтта да халқымның,
Жаўы бар ма жеңис таўып алмаған.

Өтти бирнеше жыл он еки айдан,
Ҳәр бир жылды төрт пасыл деп санайман,
Жарланған жар, мунарланған таўлардан,
Жеңис пенен өтти халқым талайдан.

Гитлерди жеңдик биз, исимиз ҳақтан,
Тайынланған запас күшимиз нақтан.
Барлық дос шад болды, душпан мат болды,
Жаўын жеңип шықты деген ағақтан.

Быйылғы жыл қолға жеңис туў алып,
Байрамладың халқым тойды қуўанып,
Халқым бир әжайып көриннис бердиң.
Төбең бийикленип, белиң жуўанып.

Тасқан кеўил, ашылған гүл ағымнан,
Быйылғы жыл бағманымнан бағымнан,
Ҳеш ўақытқа питпей қалған жумыс жоқ:
Халқым аў керилген кең қушағыннан.

Ленин орден менен наградландың,
Хызметиңди көрген қанаатланды.
Бахыттың бағында жүзиң нур жайнап,
Тағы уллы әрманларға атландың.

Қутлы болсын маңлай териң мийнетиң,
Ҳүкимет, партия берген зийнетиң,
Шәрт жасасқан жетижыллық планды,
Бес жылда бежерсем деген ниетин.

1959-жыл

## ТАХТА КӨПИРШИЛЕРГЕ

Қарақалпақта болған пахта егистиң,
Егистен дөреген тасқын жемистиң.
Тахтакөпир халқы быйыл жеңистиң,
Пердесин сыйырып, ашты айнасын.

Механизаторлардың аяқ таслаўы,
Халықтан бурын ўазыйпасын дурыслаўы,
Қызыл кәрўанларды дизип баслаўы,
Ләнгер табыс мен айгпайман майдасын.

Халықты баслағандай коммунизмге,
Барлық район нәўбет пенен изинде.
Магар болса коммунизмнен үзинди,
Дегендей мысалшыл тереқ ойласын.

Шымбайдан айырып аяк баўыңды
Алып жибериўден алдың аўыңды,
Пахта жерге төксең Бөрши таўыңды,
Халыққа айтып; өзлериң көр пайдасын.

Қара тулпар минип шаўып желисиң,
Алдыңа ат салмай жалғыз килисиң.
Республикамызга қосқан улесиң,
Сыйлыққа бөленбей қалмас қай басын.

Искерпаз, билимпаз қаҳарман мәртиң,
Халык алдына салды ўәде еткен шәртин,
Нәзер етип Октябрьдиң он төртин,
Араны ашып жекке келди шайбасын.

Ҳәр бир район жоны қызып шабысқа.
Түсип бәҳәр жыл басынан жарысқа,
Өзлерин көрсетсин гүзги табыста,
Уллы залда айтқан сөзин шаймасын.

Қарақалпақ халқы айтып тур алғыс,
Алғыс кәдирин билсе алтын ҳәм гүмис.
Районда ақсақаллы сары тис,
Рахмет айтып май менен бал шайнасын.

Халқың менен қуўанышқа бөлендин,
Қайсы район алда болса теңелдиң,
Сөзсиз раўаж иси табыслы елдин,
Шөмиш, табақ қазанда май қайнасын.

Кәдем қайырлы болсын, маңлайда териң,
Мапазын қыздырған ҳаялы-ериң,
Быйыл баўыры ерип туўылған жериң,
Барын берип тийгизипти пайдасын.

Қутлықлайман Тахтакөпирдиң ели,
Быйыл айырықша ис көрсеттиң үлгили,
Той болмай қалмайды сөзсиз белгили.
Гүл питкен зибанлар сонда сайрасын.

Тойыңызды республика қолласын,
Искусство бүлбиллери сайрасын,
Шайырлар мақтасын, жыраў жырласын,
Ильич жаққан шырақ сондай жайнасын.

Алпыс жетинши жыл пахта планың,
Буннан да бес бетер питсин мурадың,
Диянатлы искер алғыр қыраның.
Инсанлықтың шәрти сөзден таймасын.

Қуўанышқа шерик қарыйдарлымыз,
Ҳақ исти жазбаўға намыс-арлымыз,
Шайыр жәмааты миннетдарлымыз,
Қуўанысып айтып турмыз ҳармасын.

1960-жыл

## МАҚТЫМҚУЛЫҒА

Халыққа машҳур Түркменстан улының,
Тилинен дур шашқан Мактымкулының,
Мазасын көп алдым шийрин тилинин,
Китапларын оқып көрип мен жастан.

Сөз булағы ийримленип қайнаўын,
Алтын—сулыў сөзли жуплап байлаўын.
Атрек—Гурген, Ҳажығаўшан жайлаўын,
Китабынан оқып билдим бармастан.

Қолында қәлеми, тилинде сөзи,
Көзине көринген дүньяның жүзи,
Кеўли ғжалетте сәйир еткен өзи,
Хабарлы екен қубла, шығыс, батысган.

Айтқан Мактымкулы бай менен бийге;
Жетимди жылатпа, жарлыға тийме,
Ҳақыйқатты айтып сөзди дурыс сөйле,
Қалыс инсан болсаң, пара алмастан.

Ийшан болсаң қой-қозыға қызба деп,
Еки қолың жайып халыққа созба деп.
Жетим-жесир жарлыдан сөз қозға деп,
Қазаныңа зәрре ҳарам салмастан.

Болыс ақсақалға алдың тар деген,
Халық кәҳәри саған карыйдар деген,
Алдын ал, әстелик пенен бар деген,
Ел алдында жүзиң қара болмастаң.

Мақтымкулы мөр услаған қазыға,
Айтты сен параға қызып қажыма,
Жарлылардың жылап шерткен сазына,
Қулақ сал хабардар болып көз жастан.

Соны айтып сөзден сөзди туўдырып,
Халық кәлибинен шайтан шаҳриң буздырып,
Кир басқан кеўилди шайқап жуўдырып,
Тазалықты орнатыўға ат қосқан.

Қол кәлемде, тили сөзде талмаған.
Қанлы дарды көрип тилди жаллаған.
Залымкерге сөзи тиймей калмаған.
Сөз мергени болып талай атысқан.

Көп езилип түскен болса ултанға,
Тилдиң ушын безеп урып душпанға,
Мансапдар тажы бар тахта султанға,
Алмастай сөз торлап урған қайтпастан.

Ақ қағаз бетинде кәлем ойнатып,
Кеўили гүл бақшада тилди сайратып,
Ақылы кәмбиллердиң басын шайқатып,
Ақылы қысқалар ҳәм түсинген әстен.

Сөзиниң мазасы ҳасылдан артар,
Еситкен адамды өзине тартар,
Ақ қағазға сулыў сөзлер ғаз қатар,
Бир ҳәрип жок койылған бәленттен, пәстен.

Оқығанға шеберлиги сезилген,
Устасына түскен истей дүзелген,
Ҳәр катарда сөз маржаны дизилген,
Ҳәр бири баҳалы алтын—гүмистен.

Жайҳунның дәрьясы аржақ—бержақта,
Мақтымкулының китабын оқып Бердақ та,
Орын алған бизиң каракалпақта,
Хорезмниң бес қаласы қалмастан.

Тарағалы қарақалпақ халқыма,
Түсингенлер ҳәр бир сөздиң паркына,
Тең таппай қыдырған сөздиң ныркына,
Кеўили менен орман, океан, таў-тастан.

Баксы болып өтти халкымда Муўса,
Кәне, бақсы болған сондай боп туўса,
Муусаға ким шәкирт болып жол қуўса,
Сөзи Мақтымкулы, сазы жуғысқан.

Ҳалкым айт-мереке, мәжилис қурғанда.
Бақсы болған Артық пенен Қурбан да,

Басламасы Мақтымкулы турғанда.
Басқа сөзге жол жоқ, из жағы дəстан.

Мақтымқулыны оқып шығып бетпе-бет.
Бақсы болып шықты Акымбет, Əмет,
Кашт етип[1] шаруаға, диихан шəҳəркент,
Айтқан бақсы халық пенен табысқан.

Заманында бақсы болған Еденбай,
Мақтымқулыны айтар еди бир тынбай,
Еситкен қалған жоқ мийри бир қанбай,
Ол əзелий түркмен тилге таныскан.

Халық билер бақсының алтын—мысыны.
Бақсылардан айттық бираз жақсыны,
Байнияздай, Шернияздай бақсыны,
Кеми бар деп айталмайман шабыстан.

Бердақтың қызы бақсы болды Ҳүрлиман,
Бир еситкен уақ-уақ деди жана-жан.
Оннан туўған Қабыл улы Қаражан,
Мақтымқулыны айтып өтти тынбастан.

Дощан, Худайберген қарақалпақта,
Жуман солақай да, Ещан, Жапақ та.
Тəкирарланған оқығандай сабақта,
Китабынан оқып үйренген жастан.

Мақтымқулының сөзи шақырды көпти,
Наданлар түсинбей көп төкти сөкти,
Жақыннан түсинген көз жасын төкти,
Бас шайқады түсингенлер алыстан.

Тарағалы қарақалпақ елине.
Қосылғалы сазы менен тилине,
Шериклесип отырыспаның гүлине.
Талай мəжилисимиз болды ғүлистан.

Мақтымқулы себеп, тилге тил қостық,
Қыз алып, қыз берип, елге ел қостық,
Түркменстан менен байладық дослық,
Биз қашшаннан қатнасықлы туўысқан.

*1959-жыл.*

---

[1]. Кашт етип—аралады деген мəнидe. *(Ред.)*

## МӘР ЖАЙЫНДА МӘРТТЕЙ БОЛЫП ТУРМАҒА

Халқым-аў жетиспей бәҳәр сәўири,
Жүргениңде, ленинзм дәўири,
Сол дәўирдиң шарапатлы ҳәўири,
Урып жаздырылды жыртқыш тырнағы.

Кабыл болған ўақта халықтың көз жасы.
Пахта болып еди дәўлетгиң басы.
Туйтеленип ушы сынып найзасы,
Майрылып қайрылған еди қармағы.

Жеримиз сор козақ сорлаған ўақта,
Душшы суў ише алмай қорланған ўақта.
Жеңис пенен көзге тийген бул пахта,
Турмыс көтериўге себеп болмаға.

Жаман күнге көп жараған бул пахта,
Бахыт болып бети қараған бул пахта,
Ядта турсын умытпайық ҳәр ўақта,
Халқымыздын түлеп түскен сырмағы.

Ийниңнен түсирген жаман шапанды,
Халқым-аў ғирт баскан ашшы топанды,
Тоң тезектей көп езилген шопанды,
Тазартқан мийнеттиң пахта дойнағы.

Москваға танысыўдың таўабы,
Халқымдағы барлық ҳәздиң кебабы,
Жаў жеңиўдиң нақма-нақ бир себеби.
Тыйылдан да көп күш болды қырманға.

Ойлайман, бул пахта турмыс врачы,
Кеңейди ен жайып турмыс қулашы,
Тоққа айландырой халқымның ашы,
Табыстың ең алда уллы тармағы,

Қырық қыс, қырқ жаз өткен бәҳәр, гүзлерди,
Миййнет пенен толған процент-жүзлерди,
Қыйын турмыс бастан кешкен күнлерди,
Айтып өттим халық ядына салмаға.

Компартиям быйыл бизге арнады,
Еки жүз-де жигирма мың тоннаны.
Жыл басынан келип бизге орнады,
Жатыр төримизде сынап қонбаға.

Қонағың қайтады оныншы айдан,
Дос емес деп отыр ўәдеден тайған.
Қарақалпақ қайдасыз деп қол қойған,
Еки жүз-де жигирма мың тоннаға.

Халқым-аў аз емес бизде диянат,
Диянатлы болсақ қылмай қыянат.
Шығысыўға аман-есен саламат.
Қол қойыстық бир ўәдеде турмаға.

Ықласымыз, бирлигимиз тең болса,
Көңил шаҳри бир- биреўге кең болса.
Көпирлеп сөз айтыўшылар кем болса,
Қыйын емес бул планды алмаға.

Басқарма халқына майлы сөз айтыў,
Бригад тәп бермей жайлы сөз айтыў,
Егисти сапалы ерге байытыў,
Керек нәрсе атызда ең алдағы.

Сөгип я урыўға мушыңды созба,
Ҳәмме әдеп сақлаң, тәртипти бузба,
Халық абыройын ойлаң басқаға қызба,
Әдет қыл кеш жатып, ерте турмаға.

Колхоз, совхозымыз болса шатақсыз,
Тәрбия иси күшли болар отақсыз,
Өзиңди исте көрсет қалма атақсыз.
Ўақтында суў жайып атыз-салмаға.

Бөлип алдың планыңды тең-қатар,
Күниң бирге шығып тан-да тең атар,
Исиң төмен болса кейинге таргар,
Саўалға жўўап не артта қалмаға?

Алдың жыл басынан пахтаңды қолға,
Егип бола келип қалдың жары жолға.

Еки жүзде жыйырма дамың тонна,
Бизиң халыққа ҳешнәрсе емес салмағы.

Ҳешким разы емес табельде азға,
Исиңди фактле, сөзди көп созба,
Уят, өз исине салқын кербазға,
Тайын турса пискен ўақта жармаға.

Егер жигит болсаң кир салма бетке,
Көп кир болса сени шығарар шетке,
Кирсиз болып ҳәр бескүнлик сводка,[1]
Тайын болсын республика бармаға.

Халқың менен бирге жүрсең азбайсаң,
Бир жериң жыртылып ҳасла тозбайсаң,
Қыс қыялға келмес, мудам жаздайсаң,
Имканы жоқ ис кейинлен қалмаға.

Халқым әдеп сақлап ҳүрметиң менен,
Женсем жүрсем деген нийетиң менен,
Пахтағой ықласын, мийнетиң менен,
Аш та азық болған қарның тоймаға.

Таңлайдан мазасы еле кетпейди,
Көп болмайды хызмети толып жетпейди,
Толық хызмет еткен сайын түплейди,
Талапланып жүзден ғоза салмаға.

Пахтаның хызмети толса халқым-аў,
Түи сайын бир қамтым аппақ алтын-аў,
Биреў билсе биреў билмес парқын-аў,
Ҳәзирги алтын ғой бизиң қолдағы.

Миннетдарман гүлли ерли-зайыпқа
Екинши, үшинши ақсақ майыпқа,
Умтылайық халқым қалмай айыпқа,
Мәр жайында мәрттей болып турмаға.

Жети жыллық планыңды толтырсаң,
Елеҳәм бахыт қусын басқа қондырсаң,
Шәртханада шадлық шаппатын ўрсаң,
Не сөз керек коммунизм қурмаға!

*1959-жыл. 12-май.*

---

1. Сводка—мағлыўмат.

# ХАЛҚЫМ, ҚӘДИРЛЕЙ БИЛ ОКТЯБРЬ НУРЫН!

1.

Заман турған гезде ханлар қолында,
Қандай азап көрмегенсиз бурында!
Қара табан қарақалпақтың елин де,
Қайғының думаны қаплаған еди.

Еңбек еткен ембей, еңбексиз емип,
Ығбалдың арнасы тасымай, кемип,
Ашлықтан, исинип, қайғыдан семип,
Геўдеден мәзи жан шықпаған еди:

Ашлыққа аўырыў келип қосылып.
Отырып алған аяқларын көсилип,
„Қой дерге хожа жоқ“ жаман есирип,
Бай залымлар бизди баплаған еди.

Қайда барса бас қутылмай мыңғырдан,
Қурт қазандай қайнап еди зығырдан.
Талай көңил қусы ушып туғырдан,
Әжелдиң шербетин уртлаған еди.

Ҳәрбаска ҳәр түрли түсип саўдалар,
Мийимизди шаўып түрли ғаўғалар,
Жоян болып кетип есер аўмалар,
Туўысқан туўғаны датлаған еди.

Душпанымыз тумлы-тустан егизлеп,
Арқаланып көштик Арал теңиз деп,
Посып жүрип едик жетеў-сегизлеп,
Өлмегенлер зордан ҳақлаған еди.

Мен ҳәм он-онеки жасымда едим,
„Қанлы өзек“, „Майпоз“дың қасында едим,

Жас жетим баллардың басында едим,
Баллар ата-анасын жоқлаған еди.

Кимниң атасы өлди, кимниң анасы,
Өлмей калған қарақалпақтың баласы,
Алды барып Молла Прим каласы,
Қартабайда қамыс ықлаған еди.

Балыққа майлатып қазасын, ауын,
Тойыныл сәл қууып тоқлыктың жауын,
Сол жыл өлмей қалған ауырыу сауын,
Арал теңиз азлап сақлаған еди...

Халықтың бир бөлими таулардан асқан,
Кескир қыяқ тасты табанға баскан,
Жатса селеу—төсек, дастығы тастан,
Тоңып кол аяқты қымтаған еди.

Көзин салып аштан көринген көкке,
Тап қауындай деп умтылған ғеуирекке,
Қызыл тары терсе мегзетти сөкке,
Карабарақты жентлеп унтаған еди.

Қууып жете алмаған кийик, куланға,
Ашаршылық коймаған соң шыдамға,
Көзи түсип тасбақаға, жыланға,
Урып алып, дузлап каклаған еди.

Ашлар токты сығаласып есиктен,
Нәр қылып қызылша, жууа, көсиктен,
Сөйтип жүрип атшоқайды еситкен.
Тамактан өтерин баклаған еди.

Жаман күнде жәрдем берген тау, тоғай,
Аралдың балығы менен атшоқай,
Халқым, көп жыл күнин кеширип солай,
Тау менен теңизге катнаған еди.

Әмиударья тасып ҳәдден асыуда,
Гә жыллары дақыл таслап басыуға,
Күйген ел басыуға тухым шашыуда,
Азлап шыдап жанын сақлаған еди.

Ол аздай, баспашы деген жау болды,
Өлермен, ашкөзли ләпсиқау болды,
Халықта „әстапурла!“, „ҳаума-ҳау“ болды,
Қарсыласқан иләж таппаған еди.

Намыссыз, рәҳимсиз уры, баспашы,
Ол ҳәм заманның бир болды тутқасы,
Тыңлауға қулақ жок, айтса датқашы,
Бермегенди алмай шықпаған еди.

Үй ҳәм жайларымыз өртенип, жанып,
Қора, ура, үйди сыпырып алып,
„Дүнья тап!“ деп, бесатарға оқ салып,
Бир оққа жүз адам топлаған еди.

Жерге темир суғып, көмикти излеп,
„Тауып бер,—деп, қойған дүньяңды гизнеп!“
Азап берди сонша пышақлап, бизлеп,
Және арқаны отқа таплаған еди.

Буны сырттан көрген қаша-каш болды,
Посып тау, төбеден аса-ас болды.
Бир шыбын жан татлы, баса-бас болды.
Байғус халық бас пана таппаған еди.

Не жананлар баспашының қартында,
Кетти қанлы жаслы көзлер артында.
Тири, өлимнен айырым жоқ деп парқында,
Өлшеўшилер солай шотлаған еди.

Руханийлар сум заманның, шайтаны,
Айғырсыз, үйирсиз қасаң байталы,
Байға жағып байып, жыйды пайданы,
Шәрият шайтанлықты ақлаған еди.

Жокшылық дәптерин жайып қат-қабат,
Көзден бир-бир ушты қант пенен набат,
Октябрь таңы атып, болмасаң абат
Халқым күниң сәл-ақ батпаған еди.

II.

Биринши жақты күн бизге сол болды,
Мың тоғыз жүз он жетинши жыл болды,
Қарақалпақ қуралып, белли ел болды·
Дана Ленин бизди жақлаған еди.

Маңлай, бастан сыйпап берип тәрбия,
Өз бауырына тартты биздй партия,
Залымнан тис жесе қандай семья,
Муңын муңлап, жоғын жоқлаған еди.

Қарақалпақтың намысы бар арлысын,
Байлардан айырып алған жарлысын.
Совет заманына қарыйдарлысын,
Дизимлеп турмысын ходлаған еди.

Ленин көрсеткели тынық айнаны,
Қырықта еки жылдың болды майданы,
Халқымыз көп өсип жасап жайнады,
Данам халықтың ғамын ойлаған еди.

Қаяққа десеңиз—коммунизмге!
Совет аўқамының халқы ишинде.
Сол қатарға илинген күн бизиң де,
Қарақалпақ шалқып, шағлаған еди!

Халқым, соннан берли илиндин санға,
Дастурханың толы порсылдақ нанға,
Түсиңе енбеген шадлы заманға,
Өзиңди жеткерген Ленин жан еди.

Умыт болды көрген хорлығың бүгин,
Жасларға аталық нәсият, сырым.
Халқым, қәдирлей бил Октябрь нурын!
Ол бир-мәңги бахыт, атқан таң еди.

*1959-жыл.*

## ХАЛҚЫМ

*(Қарақалпақстан Ленин орденин алғанда)*

Мийнеттен ашылды булттай қабағың,
Төгилместей болып толды табағың,
Мәңги бахыт Ленин орден алғаның.
Сен ийеси болдың ҳүрметтиң халқым.

Күши нақ, иси ҳақ жаўын женеди,
Деген нақыл көсемлерде көп еди,
Ықласланып еңбек еткен емеди,
Деген сөздн кеңнен кенелттиң халқым

Қәдирдан қаҳарман қаракалпакқа,
Себеп болган Ленин орден алмаққа.
Әмиўдиң суўы менен алтын топыраққа,
Күш қосып аўзыңды бир еттиң халқым.

Тум-тусыңнан жумыс келсе де ғаўлап.
Жеңистен бәрҳама жүзлериң жайнап,
Мудамы мийнеттиң рулин таўлап,
Жалпы халық аяғын тиреттиң халқым·

Ядымнан шықпайды қайта туўғаның,
Туўған жерди таза суўға жуўғаның,
Партия басқарып, бәрин қуўғаның
Бирин коймай ҳарам жүректиң, халқым,

Түскели партия баслаған жолға,
Билимленип толысқалы ақылға,
Ақыл қосып, көпшилик боп бәрқулла,
Шығысқа, кириске сер еттиң халқым.

Әўел ҳа еркиңди қолға алғалы,
Дослығымыз кем-кем раўажланғалы,

Қарныңды тойдырған пахта ылғалы,
Тынбай маңлайыңды терлеттиң халқым.

„Қызкеткен“, „Ленин жап“ қазған каналын,
Соннан таўып мийнетинниң камалын,
Раўшанланып, көринис берип жамалың,
Мол суўга ушырасып жер ектиң халқым.

Көрсетип дословарың меҳрийбанлығын,
Кетти билинбестен улттан азлығың,
Жаўынгер ғайратың, искерпазлығың,
Көлди шөлге қосып жер еттиң халқым.

Планыңда не көринсе колга алдын,
Шырпылдап ўақтынан бурын қозғалдың,
Асқарлы, аспарды бузып жол салдың‘
Партаўдан жер ашып гүрестиң халқым,

Партия. ҳукимет бизге жоллаған,
Истиң бәри бахыт болды орнаған,
Бегиң бир қараса питпей қалмаған,
Талай қыйын менен тирестиң халқым.

Не келсе қайтармай алып мойынға,
Гәўҳар жағып, жәўҳар урып қыйынға,
Жүзлерге дақ салмай уллы жыйында,
Жургениң, бирлескен тилектен халқым.

Кысыўмет куўсырып келсе де жанға,
Қарсы турып гүреслерде душпанға,
Тарийхта болмаған [бурыннан-сонға,
Дәрежелер таптың билектен халқым,

Дослар жәрдем берип, қолға қол менен,
Тәмийинлендик бизлер темир жол менен,
Поезды жуўыртып қыя шөл менен.
Қызыл кумға қызыл гүл ектиң халқым.

Көп ислериң питти Тахиаташ пенен,
Жуўырдың кең қәдем, кең кулаш пенен,
Хошластың кемгарлық, көздеги жас пенен,
Жоқ бол, жоян бол?-деп жөнелттиң халқым.

Қайтпас қайсар қас батырдың өзисең,
Шайырлардың жүректеги сөзисең,
Партияның ҳақыйқат оң көзисең,
Исте қахарманлар дөреттиң халқым.

Пахта атызға берген сениң зийнетиң.
Зая болмай қолға тийип мийнетиң,
Коммунизм курмақ болып нийетиң,
Маңлайдан тер төгип ис еттиң ҳалқым.

Бир мәқсетиң питти алған ойыңа.
Алғыс айттың партияның сыйына,
Мийнетлериң сиңип Әмиў бойына,
Табысты тастырып өрлеттиң халқым.

Буркып, толқынланып, тасқан абройға,
Мийнетиңе сәйкесленген сарпайға,
Көз кумарын танландырған шырайға,
Туўылған үлкеңди бөлеттиң халқым.

Ленин орден алып турған жағдайда,
Қол жетти деген сөз аспанда айға,
Әмиўдәрья бойын алтын сарайға,
Мегзетип, және де гүллентттиң халқым.

Ленин орден алдың табыс тапқаннан,
Бирлик пенен алғы алға шапқаннан,
Абырайың бәлент деп Памир, Тяншаннан,
Қутлықлайман жыллы жүректен халқым.

Даңқ абройлар артып табыс көп болсын,
Гүлленсин аўыл-аймақ, колхоз-совхозың,
Тағы бир ал, Ленин орден жуп болсын,
Күшлерин тастырып, үдеткен халқым.

Қайтпасын бахтыңыз, келген дәўлетиң,
Даңқлы, дағазалы, аброй саўлатың,
Аға, ини, улым-қызым—әўладым,
Өмириңди қысқаша жыр еттим халқым.

*1959-жыл.*

## ПАХТА ТЕРИМИНЕ

Халқымның саз берип атқан таныңа,
Арқа сүйеп партияның ғамхорлығына,
Қорқынышсыз рәҳәт енип жаныңа,
Қырық та үш жыл болды жеген наныңа.

Соннан берли нурлап пахта майданы.
Өним артып, өмириңиз жайнады,
Мың-мыңлаған „ақ алтынның" бағманы,
Ҳармаңыз әдиўли халықтың қаймағы.

Басланғалы бул пахтаның ылғалы,
Халқым ярым миллион санға толғалы,
Тарийхқа жазылды жеңис қолдағы,
Қарақалпақтың Ленин орден алғаны.

Билди Ўатан геройыңды, мәртиңди,
Быйыл және орынласаң шәртиңди,
Еки жүз жетпис бес мыңнан асырып,
Берсең тағы арттырасаң даңқыңды,

Мийнеттиң сапасы халықты көркейткен,
Ўатанымды ен жайдырып кенейткен.
Пахта дәстурханда нанды көбейткен,
Ленин орден абройыңды күшейткен.

Айымгүл, Амангүл[1] жаңа устазлар,
Соннан өрнек алды бираз гүлбазлар,
Коммунизм басламасы көп сазлар,
Солардан шығып тур жеңис ҳаўазлар.

---

[1] Социалистлик Мийнет Қаҳарманлары Айым Камалова, Амангүл Сапарбаевалар нәзерде тутылған. *(ред)*

Төрт жүз қыз оқыды қарақалпақта,
Ҳәр қайсысы бир трактор алмақта,
Ҳәзир мине совхозларға бармақта,
Халық мәпи ушын олар ғайрат салмақта,

Қолда руль, минип полат турпарлар,
Техникасын оқып шыққан жәнәнлар,
Периўза, Рамиўза, Сайыпжамаллар,
Орынлаўға халық та сөзсиз хыяллар.

Ҳәр бир бригадир алтын пахтасын,
Жүрегиниң ханасында сақласын,
Ҳүжим етип, барлық күшин топласын,
Таярласын техникасын тақласын.

„Көз—қорқақ, қол—батыр“ деген нақыл бар,
Жасларда мол билим, алтын ақыл бар,
Коммунизм қурыўды ҳәмме мақуллар,
Бирақ исиң алға басса жақынлар.

Бизлерден минәсип халыққа ҳармасын,
Тилеклесбиз, қоллар—беллер талмасын,
Ҳәр ким орынласын терим нормасын,
Жарысларда ҳеш ким артта қалмасын.

Алайық сыйлықтың әўелги басын,
Аброй тәризиде ең аўыр тасын,
Билдиңиз ғой Ленин орден баҳасын,
Атызың да жалғыз хана қалмасын.

Пахталарға қарағанда шама бар,
Пландан асарма деген дәме бар,
Аспасада анық болса барабар,
Былтырғыдай уллы аброй және бар.

*1960-жыл. Сентябрь.*

## ПАХТАКЕШ ХАЛҚЫМА

Планын бежерип өткен халқыма,
Республиканың абырай даңқына,
Кеўли шалқып шайырларға йош келди,
Көтерип жазыўға пәлек шарқына.

Быйыл, алпысыншы жылдың гүзинде,
Жол салып баратқан коммунизмге,
Техниканы ийелеген геройдан,
Халқымның қаймағын алдым дизимге,

Геройлар устазы Шамурат ата,
Пахтасын тапсырып, қайтар ел жата,
Жасы алпыс бесте, бәлки жетписте,
Соған қарамастан ислер таң ата.

Бүлбил сайрар ўақта пахта терипти,
Айма-ай асырып норма берипти,
Гектарына быйыл берген пахтасы,
Центнери алпыс бестен келипти.

Машарипов Мәтназар, Дурдиев Абажан,
Сүйикли перзенти халықтын жана-жан,
Сизлерди мәрт етип исте өсирген,
Бахтияр халқымыз меҳрибан Ўатан.

Ырза болды қарақалпақ туўған жер,
Орнын тапқан екен деди маңлай тер,
Быйыл еккен пахтасынан Айымым,
Берди гектарынан 80 центнер.

Чимбайдан Сапарбаева Амангүл,
Амангүлди өз исине маман бил!
Мийнет қазанында жастан қайнаған,
Көп жыл болды үстинде жоқ жаман тил.

Тәжирийбели зийреклик бар өзинде,
Қырағылық көринип тур көзинде,
Бирлиги мол бар мүшеси изинде,
Баратыр батырлар коммунизмге,

Хожелиде Ибрағимова Жаңыл да,
Усы быйыл пахта терим ўағында,
Күнине үш ярым тонна терипти,
Бир түлеген бала қустай шағында.

Умтылып алдына қарап талпынған,
Аяғандай, жаным жоқ деп халқымнан,
Пахта жердиң бир уўыстай топырағы,
Артық дейди ат басындай алтыннан.

Гүлжан, Әнар. Бирунийдиң халқынан,
Бир-бир машин[1] минип алып шалқыған,
Жетиўге асығып коммунизмге,
Халқы менен алға қарап талпынған.

Айтылған кызларым қарындасымдай,
Жаркырап көринип булыр тасындай,
Табысларға жетип халқым қаҳарман,
Көп әрманлар питти аттың басындай.

Партия баслаған, бул айдын жолда,
Жеңистиң байрағы желбиреп қолда,
Табысыңыз қутлы болсын досларым,
Гүреслерде бәрҳа болыңыз алда.

*1960-жыл.*

---

[1] Пахта териў машинасы мәнисинде. *(ред)*

## СӘБИТ МУХАНОВҚА

*(Қазақ жазыўшылары Қарақалпақстанға келгенде)*

Ассалаўма әлейкум, жан-жананым,
Аман-саў келдиңиз бе қәдирданым!
Ҳәр баскан қәдемиңди көзге сүртип,
Төриме төсек салдым, кел мийманым!

Шадланды даңқың түсип, қала, далам,
Ким қурдас, кимлер иним, кимлер балам,
Сизлерге қарақалпақ халқы атынан,
Бериўге рухсат етиң қызғын салам.

Сәбитжан, шың устинде сен бир шынар,
Саялы саўлатыңа кеўлим гүлзар,
Көрмеге сыртыңыздан болып қумар,
Жүр едим нәсийбетти-аў бүгин дийдар.

Даңқына тойыңыздың қулақ түрдим.
Әдебий хызметиңе алғыс бердим,
Жети жүз жигирма айдың жүзин көрген,
Алпыс жас, қутлы болсын Ленин орден!

Ол тойдың абройына ҳәмме шерик,
Кетти ғой той дегенде баўрым ерип,
Қутлықладым қасында балларыңды,
Айырып сөз маржанын жүрген терип.

Сәбитжан, арғы атамыз бирге туўған,
Ат сайлап, ақ бөкенди бирге қуўған,
Түркстаннан биз көшип келген ўақта,
Жағалап Қуўан[1] бойын бирге турған.

---

[1] Қуўан—Қуўандәрья.

Кияткан әсирме-әсир бир тарийхта,
Суўатлас қоңысы болып бир арықта,
Қыз-жигит еки жақтан араласып,
Ақ сүйек ойнайды екен ай жарықта.

Шырағым қазақ, өзбек, қарақалпақ,
Бар екен қолқа берип, қолқа алмак,
Кашаннан „қара қазан“, „сары бала“,
Барабар үшеўимизге бирдей ортақ.

Жеримиз жалғас жатыр топырағыма,
Өзбек, казақ аталас урпағыман,
Басың, шашың, кас, көзиң, гүлдей жүзиң,
Усасқан бармақларың-бармағыма.

Қазақтан көп дуз татқан Бердағымыз.
Төринде казы шайнап, ишкен қымыз,
Әжинияз, арыў Меңеш ашық екен,
Аралым—арамызда ортақ теңиз.

Сәбитжап, кетсең қайтып келмекте бол,
Мен десең, жылында емес айында кел.
Қумармыз қатнасыўға қарындас деп,
Дослыққа жаны қумар, бул бизиң ел.

Жер байлығым жетискен мол табыстан,
Татыў дослық бар жерде ел гүлистан.
Он бес республикамыз мақсети бир,
СССР дың барлық халқы бир туўысқан.

*1960-жыл 13-сентябрь*

## САДЫҚ ШАЙЫРҒА

*(Садық шайырдың алпыс жасқа толыў юбилейине)*

Сөз басы, шайырдың балалық ўақты,
Анық жетилмей-ақ жигитлик шақты,
Арыўлықты, дилўарлықты, ғощақты,
Жастан жуплап, бәрин тапқан шайырсаң.

Сен он төрт жасында—әйне нәўбәҳәр,
Бираз қыз болғысы келип сәўер яр,
Сыртыңнан көз салып болды интизар,
Сен уялып, әдеп тутқан шайырсаң.

Он бесинде тал шыбықтай буралып.
Бир нәзәлим көрсең ким деп сорап,
Таранып, сыланып сизге қаранып,
Көрген қызлар алма атқан шайырсаң.

Он алтыда шырайланып жамалың,
Он жетиде толып қәдди камалың.
Жасыңнан-ақ жигитликтиң шамалын,
Үстиңнен өткермей тутқан шайырсаң.

Талай қыз жеңгеси эй жаўан деди,
Эй, жанан, бизде бар бир әрман деди,
Биз күтсек, болсаңыз сиз мийман деди,
Шуҳрәтиң қызларды утқан шайырсаң.

Он сегиз, жиғирма, жигирма бесте,
Ойланып бир күни түсирдиң еске,
Қәлем-қағаз алып азанда-кеште,
Жазыўшылық дәмин татқан шайырсаң.

Шайыр болып шықтың халық арасынан,
Қырағы көз салдың ақ-қарасына,

Барлық қарақалпақ ел баласына,
Сөзи жағымталлы жуққан шайырсаң.

Сөзлериңнен көп ашылды жаман сыр.
Сөзиң жуўғанлықтан кетти бираз кир,
Кегейлиден пахта урлаған „Үш кемпир"
Басында жаўлықтан тапқан шайырсаң.

Қәлем менен түрттиң бираз дүңкини,
Сөзге шыдамаған ырғып өңкиди,
Қосық пенен болғанынша мүмкини,
Түсиник тезине туtқан шайырсаң.

Соның менен он жыл өтти арадан,
Сөзиңе карийдар келип сағадан,
Партиямыз силтеў берип жаңадан,
Жоқары нәтийже тапқан шайырсаң,

Бираз инсапсызды келтирдиң ныққа,
Жасың жеткен ўақта озыз-бес, қыркқа.
Даңқлы болып өзиң, сөзиң халыққа,
Булақтай бурқылдап аққан шайырсаң.

Садық шайыр, уллы сөз гүзарына,
Түсип, басты салдың сөз базарына,
Гәўҳарды тақтырып қарийдарына,
Тил зибанның палын татқан шайырсаң.

Жәнжел көрсең күлип берип сәлемди,
Техникасын таўып уттың мәлелди,
Талай таўбузарға силтеп қәлемди,
Ҳақыйқатлық жолға туғқан шайырсаң.

Халық ушин торладың ҳәртүр сөз бенен,
Қыялап көп қарап алғыр көз бенен,
Ажинияз, Бердақтан қалған из бенен,
Қосық стиллерин тапқан шайырсаң.

Ақ қағаз бетинде қәлемниң ушын,
Ойнаттың, өрледи шайырлық күшиң,
Сөздиң гәўҳәр маржан, алтынын, мысын,
Халықтың айнасына дизген шайырсаң.

Кешеги өткен Ўатандарлық саўашта,
Қарақалпақ халқы қалмай қатнаста,
Перзентиң Пәрийди әўелги баста,
Нәсиятлап атландырған шайырсаң.

Сол ўақта халыққа үлес қосыўың,
Үлес қосып халық алдында йошыўың,
Еситип „Перзентим“ деген қосығың,
Жалпы халқың рахмет айтқан шайырсаң.

Мийнет етпей, үлес қоспай нан қайда,
Қырық бесинши жылы тоғызыншы майда,
Жаўды жеңип ел-халық қуўанған тойда,
Жеңистиң медалын таққан шайырсаң.

Партия менен ҳүкиметтиң қарары,
Совет орайының сөз қарыйдары,
Тартты Ташкент, Москваға жоқары,
Бираз сәйир етип қайтқан шайырсаң.

Москва шәҳаринен жаңалық сезип,
Сөзиңди партия жолына дүзеп,
Өзбекстан, Қазақстанды гезип,
Дослық жырын жырлап қайтқан шайырсаң.

Садық шайыр, болды мийнетиң ҳадал,
Кир жуқпай алпыска шықтың биймәлел,
Өңириңизде қос орден ҳәм қос медаль,
Мийнетиңниң палын татқан шайырсаң.

Буның аброй болды туўысқан досқа,
Тарыдай мийнетиң кеткен жоқ босқа,
„Волга“ машин минип шықтың алпысқа,
Бүгин даңқлы аброй тапқан шайырсаң.

Ең алда түр абройыңның баҳасы,
Жыйналған халқыңның билсем шамасы,
Және бир алпыстан барғой дәмеси,
Өйткени сен халық унатқан шайырсаң.

*1960-жыл*

## АЯПБЕРГЕН ШАЙЫРҒА

*(Аяпберген Муўсаевтиң туўылғанына 80-жыл толыўына арналған)*

### 1

Муўса улы шайыр Аяпбергенди,
Тәрип еттим шебер сөзге мергенди,
Анық елли алты жасқа келгенде,
Сум әжел өлимге сазаўар еткен.

Заманында бирге ойнап күлгеннен,
Таўсыйпын сорадым анық көргеннен,
Хабар берди маған Аяпбергеннен,
Турмыс қысып өзин көп сарсаң еткен.

Молла Муўса жарлы болып қартайып,
Өтипти қараша үйи қыйсайып,
Бармақ тислеп басын шайқап Муўсаев,
Соннан қутылыўға бир әрман еткен.

Соны айтыў керек түсирип еске,
Ылағы да я бар, я жоқ бир ешки,
Қазаны да қайнап зорға бир кешки,
Басынан қатты күн-қыйын ҳал өткен.

Қара думан, қара бұлттың ўағында,
Қара жылан, қара қурттың ўағында,
Бир нан адам қуны-жуттың ўағында,
Аяпберген яңлы талай жан өткен.

Сондайлардан ел баслаўға жол таппай,
Халыққа әдил сөйлейтуғын тил таппай,
Бүлбил болып сайрайтуғын гүл таппай,
Аяпберген өзин дәрбе-дәр еткен.

Көп ойланып көзин салып жаҳанға,
Қалың тутас думан басқан заманға,
Тарығып, зорыққан зарлы инсанға,
Қайғыланып әлип-қәддин дал еткен.

Халық қайғысы зығырданын қайнатып,
Күйгеннен ғүй шығып, тилин сайратып,
Ақ қағаз бетинде кәлем ойнатып,
Тил зибанды қозғап дилиўар еткен.

Шайырлық басланыў он сегиз жасы,
Жигитлик әсери урған шамасы,
Турмыстан таяқ жеп акыл хәнасы,
Қысылғанда тил жумсаўды кәр еткен.

Сондай аш болса да кеўилин бай етип,
Ким тас баўыр болса гилин май етип,
Барын төсеп үйин кең сарай етип,
Қонаққа сыр бермей жоқты бар еткен.

Халық ишинде дыянатлы болмаға.
Ҳақыйкаттың гирдабында турмаға,
Әдалатлы менен мәжилис қурмаға,
Аяпберген шайыр көп кумар еткен.

Ҳақыйқатты айтқанларға жүз салып,
Дос-душпанды айырыўға көз салып,
Өз халқын аралап жаңа из салып,
Гүл питкеп тил менен лалазар еткен.

Халықтың муңын айтып жырлап толғаған,
Айтқан сайын айт деп халқы зорлаған,
Кулақтың қарны жоқ айтса тоймаған,
Сонда да халық айтгырыўды кәр еткен.

Сүйеп жетим-жесир, ғәрип-пақырды,
Кеўлин хошлап мәжилисине шақырды,
Айтып берип қосық жуўап, нақылды,
Сөзлерине халкын қарнйдар еткен.

Турды бузық, сумлығы көп адамға,
Жүрер жолын дурыс билмеген наданға,
Мийнет казанында писпеген қамға,
Аяпберген түсиник айтып зар еткен.

Үйинде өз қатыны турып бир жазған,
Бир нәзалим қызға қарап қол созған,

Қатын сезикленип от басын бузған,
Аяпберген көз астынан сер еткен.

Бир жигит ойнақлап жүрип от басқан.
Бир сулыўға кеўил берип қатнасқан,
Бир кун қатынынан таяқ жеп қашқан,
Халыққа көриниўди намыс, ар еткен.

Бир қосығы Кутлымурат-Саятхан,
Көбирек калем алганларды оятқан,
Қалтырап қатыннан жеген таяқтан,
"Олла қатын алмайман„—деп зар еткен.

Жас үлкен шақырып жасап уйымды,
Көпшилик аркалы шешип түйинди,
Хожалығын бузганларға тыйымды,
Салып, Аяпберген аўзын бир еткен.

Сондай қосық пенен саўып тойларды,
Елиўбай, Есенбай, Сапарбайларды,
Оразбай, Қазакбай, Сәңкибайларды,
Мақтап көп қызларды хабардар еткен.

Бир қызға сөз айтыў болса да ойла,
Бир малым жоқ өйтип маған қыз қайда,
Деп дүньяға шыққанымнан не пайда,
Турмыстан қысылып көп әрман еткен.

Қырық туўардың малы түспей қолына,
Көз сарғайтқан талай қыздың жолына,
Ақ маңлай аққуба, қара торыға,
Қолы жетпей өзин миннетдар еткен.

Ен бийик қызларды алып нәзерге,
Қызлар ыразы қанша мақтап жазарға,
Бийбиайша, Гүлайша, Бибиажарға,
Жазып Гуландамға барабар еткен.

Аяпберген шайыр жайлаўы Сор көл,
Өзи бүлбил, барлық қызлар қызыл ғүл,
Гүл сайын бир қонып сайрап қызыл тил,
Ишинде бир қызға нәзери кеткен.

Халық қызықты қызыл тилге ғүл питип,
Кеўли көтерилди аспанға кетип,
Бир қызға үйленип мақсетке жетип,
Өзине өмирлик сәўер яр еткен.

Бир күн Мәтен шайыр келди қапталлап,
Кеўли жарысыўда, қызыл тил жаллап,
Ашамайлы, қыят халқын жаманлап,
Өзиниң урыўын бийик жар еткен.

Буны еситип Аяпберген шайыр да,
„Сен билмейсең,-деди Мәтен шайырга,
Қарақалпақта жоқ еди ғой айырма,
Бурын жоқ нәрсени қалай бар еттиң“?

Бул сөзиңди маған шешип бер таллап,
Қыят-ашамайлы халқын жаманлап,
Жарыссаң сен тур сол жерде табанлап,
Деп Мәтенге өзин талапкер еткен.

Аяпберген шайыр Мәтен гүртикти,
„Сыйқы сығы сол бизди түртипти“,—
Деп қайтып сөйлемес қылып иркипти,
Халыққа тилин тийгизди деп ар еткен.

„Ақмақлықтан өлер жериңди билмейсең.
Айтаберсем жан шыққанша терлейсең,
Жарыссаң сен зәңгилигиме келмейсең,
Деп өзин ҳалынан хабардар еткен.

Айтты және Аяпберген Мәтенге,
Жигит болсаң тил тийгизбе ўәтенге,
Бул сөзлериң жайылмасын бөтенге...
Мәтен сөйлемеске ықырар еткен.

Айтты Мәтен „Мен уялып өлдим ғой,
Қол қаўсырып алдыңызға келдим ғой,
Енди аға, өз ҳалымды билдим ғой“,
Деген сөзлер менен аҳыўзар еткен.

„Өз ҳалымды билмей кетип зыятқа,
Тилим тийген ашамайлы, қыятқа,
Қалыппан өлимнен күшли уятқа“,
Деп Аяпбергенге интизар еткен.

## II.

Аяпберген алдымызда ағамыз,
Нусқанды оқып көп кеңейди санамыз.
Сөзден сөз туўдырып пайдаланымыз,
Сөзиң менен бизди улфикар еттиң.

Отыз жети жасларыңның шағында,
Октябрь төңкериси болған ўағында,
Толқынланып келген жеңис ағымға.
Халықты қарсы алыўға қарийдар еттиң.

Тар заманда бүлип едиң қысылып,
Кең заманға қарап өзинди ысырып,
Қашан қолым жетеди деп усынып,
Сен андыздай ақ жүзинди сары еттиң.

Байларға сен қосық жаздың қапия.
Сабақ берип оқытқандай партия,
Сол мектептен алғандай-ақ тәрбия,
Халықты өзиңе мәдеткер еттиң.

Қутлы болып Ленин жолдас сапары,
Патшаны қулатты деген хабары,
Келгеннен- ақ ҳақыйқатлық қарары,
Иркилмей өзиңди тәрепдар еттиң.

Лениннен қолыңа түсип бир нусқа,
Тапаўыты урып келтирди йошқа,
Тап өзиңдей жарлы болған көп досқа,
Көп жаңалық сөйлеп хабардар еттиң.

Кеўлиң өсти еркин заманды көрип,
Қуўандыңыз бахытқа баўырың ерип,
Жетим-жесир, ғәриплерге жол берип,
Күшти салып бирлесиўге зор еттиң.

Жаңа жыл, жаңа айлар, жаңа күн шығып,
Гөне ошақтың жанарына муз тығып,
Кунпая күн болған ўақта туншығып,
Халық алдында активликти кәр еттиң.

Сөзиң гәплет басқанларды оятқан,
Рәҳими жоқ инсапсызды уялтқан.
Көп сырларды аштың сыртын боятқан,
Шерменде әйлеп ақ жүзлерин қара еттиң.

Бизди езгенлерден қалмасын тухым,
Қарсыласса желкесинен бир нуқың,
„Берегөрмең ийшанлардың ҳуқуқын“,
Деп сен жат-жамайды әшкара еттиң.

Қулашыңды керип, комсомолларды,
Қарсы алып, тойластың жаңа тойларды,

Мың танап жер, мың малы бар байларды,
Полат сөзлериңе гириптар еттиң.

Көзиң көрип ҳақ, наҳақтың арасын,
Езилген жүректиң қанлы жарасын,
Бурын сан тиймеген халықтың баласын,
Шын қайтпас қайсарға барабар еттиң.

Сениң сөзиң халықтың қаны қызбаға,
Тәсир берди душпан торын бузбаға,
Халықтың айнасына айқын жазбаға,
Аяпберген шайыр бир қыял еттиң.

Ленинди еситип көргендей өзиң,
„Көринсе қәнекей, бир сүйсем жүзиң,
Көзге сүрме қылсам ҳәр басқан изин,"
Деген сөзди айтып көп қумар еттиң.

Мың тоғыз жүз отыз алтыншы жылы,
Халқымыздың шийрин сөзли бүлбили,
Сөзи жәўҳәр, тили жүйрик бир улы,
Сум әжел дус болып, арадан кеттиң.

Нийетиң мол еди әўел басында,
Қосықларың қымбат өлшеў тасында,
Москва „Правда" газетасында,
Орын алды бирақ көре алмай кеттиң,

Кеттиң арамыздан узақ жүре алмай,
Алпыс беске, я жетиписке баралмай,
Коммунизм босағасын көре алмай,
Сениң кеткениңе пушайман еттим.

Есапқа алып өмир бойы исиңди,
Жыйланып тойлаўға сексен жасыңды,
Қәдирлеп, ҳүрметлеп аға басыңды,
Алтынға қаплаўға халық қумар етти.

Ақлық-шаўлықларың жыйнап сөзиңди,
Бәлки тапқандай-ақ сениң өзиңди,
Сахнада көргендей қызыл жүзиңди.
„Өлген жоқ—тири" деп итибар етти.

Қасында тур ақлық-шаўлық басқалар,
Басында тур сизден қалған нусқалар,
Оқып көрип сөзге шебер усталар,
Бас көтер деп сизге миназзар етти.

Қарақалпақ мийнетиңди бақлады,
Бар исиңди саррас қылып тақлады,
Сүўретиңди шекип қойып сахнада,
Сөйлеп бер деп сизге аҳыў-зар етти.

Сексен жастын тойын бүгин өткерди,
Даңқыңызды СССР ға жеткерди,
Алтын сөзлериңиз бизге йош берди,
Халық оны өзиңе барабар етти.

*1960-жыл.*

# ХАЛЫҚ АРАСЫНАН

*(В. И. Лениннің туўылғанына 90 жыл толыўына арналған)*

Мың сегиз жүз тоқсаныншы жылында,[1]
Жанды қыйнап сен азатлық жолында,
Келешек бахыттың гилти қолыңда,
Шықтың уллы Ленин Халық арасынан.

.Маркс—Энгельстиң алдың нусқасын,
Дедиң:—Шын ҳақыйқат мениң устазым.
Болсын жаным курбан, пидә бир басым!
Езилген ел ушын халық арасынан.

Қәнин таўып өзиңе мийрас жан достың,
Арасына сүңгип барып дур шаштың,
Булт артынан шыққан күндей нур шаштың,
Шуғлаңыз тарады халық арасына.

Ел ғамында, ис үстинде жүргенде,
Тыңламадың қарлы-боран үргинди,
Неше сапар болсаңызда сүргинде,
Өзиңе жол аштың халық арасынан.

Мың тоғыз және де үшинши жылы,
Екинши съездиң болды белгили.[2]
Анық жәрияланды исиң үлгили,
Партия дүзилди халық арасынан.

Изиңе ерди ҳақыйқатты сүйгенлер,
Бай, кулақтың таяғынан күйгенлер,

---

[1]. Бул жерде уллы көсемниң революциялық иске араласқан жыллары сөз етиледи. (*ред.*)

[2]. Партияның II съезди болды деген мәниде (*ред.*)

Қымбат деди қулағына тийгенлер,
Ҳәр сөзиң түменнен, халық арасынан.

Съездe сөйледиң кеўлиң тастырып,
Ер менен ҳаялды араластырып,
Бүгингиден ертең санын асырып,
Достыңды көбейттиң халық арасынан.

Исиң раўажланып алдыға бастың,
Рабочий-диййханлар аўқамын аштың,
Душпанға туйдырмай барып қатнастың,
Маҳпи[1]-мәжилислерге халық арасынан.

Дүньяның жүзине даңқыңды жайдың,
Салдың ноқталарын суўдыр сумырайдың,
Октябрь, ноябрь усы еки айдың,
Патшаны қулаттың шегарасында.

Неше дана өтти, бирақ Лениндей,
Жайма-шуўақ пейли барма-пейилиндей?!
Ҳеш дананың изи бунның кейниндей,
Тарийхта болған жоқ халық арасында,

Мийнет сүйгиш, киши пейил минези,
Өрнек қылып таслап кетти көп сөзин,
Еситсем көргендей боламан өзин,
Гүрриңлесип отырғандай қасында.

Сөзлерин оқысам беги-ажары,
Көз алдыма елеслейди назары,
Ким қәлем усласа силтеп жазары,
Ленин айтып кеткен жол-жобасында,

Душпаның жоқ болар, аўзың бир болса,
Бирлесип шығарған маңлай тер болса,
Кәне бизге жүз мың трактор болса,
Деп еди, сол ўақта халық арасында.

Және бир сөзи бар: электр деди,
Ҳәрбир үйге орнатылса нур деди,
Коммунизм жақынласып тур деди,
Пайдалансаң оннан барлық турмыста.

---

[1]. Қупыя деген мәнисте (*Ред*).

Жолдас Ленин айтып кеткен сөзлериң,
Уллы гүзар болды басқан излерин,
Миллионларға жетти айтқан жүзлериң,
Көп мийнет жеңилди халық арасында.

Щәҳәр болды соқпағы жоқ түбеклер,
Гәўҳарланды тас қараңғы түнеклер,
Қанға тойған қарны жуўан, билеклер,
Тухымы қалған жоқ халық арасында.

Қолыңнан көгерткен әнжир-әнарың,
Миллион табыс берди нәлше шынарың,
Бир көрсеңиз тарқар еди қумарың,
Қәне, тири болсаң халық арасында.

Сиз кайтыс болғалы бираз жыл өтти,
Сызған планларың еки есе питти,
Партиямыз шам-шырақты дөретти,
Электр орнатып халық арасында.

Күшке толып халықтың жаўынгерлери,
Жаңадан көбейип егис жерлери,
Келди трактордың неше түрлери,
Саррасланған жерге халық арасында,

Жолдас Ленин сиз шыққанда тоқсанға,
Узақ емес болды бизге аспан да,
Жер Жолдасы, ракета ушқанда,
Барған жери ай ҳәм күн арасында.

Мәнги тири исиң, исмиң өлген жоқ,
Душпан табасына халқың қалған жоқ,
Сиз бардағы еккен гүллер солған жоқ,
Бақшалар лалазар халық арасында.

Сиз дүзген партия баслайды бизди,
Сонлықтан тири деп айтамыз Сизди,
Тек биз емес, пүткил дүньяның жүзи.
Мудамы тири дер халық арасында.

*1960-жыл, апрель.*

## КОСМОНАВТ ГАГАРИН ҲАҚҚЫНДА

Мың тоғыз жүз алпыс биринши жылы,
Бәҳәримниң он екинши апрели,
Саўлатка бөленип советтиң ели,
Берди алғыс, алды садық бир улы.

Майор летчик—космонавт Гагарин,
Умтылмастай сениң қылған жигериң,
Халқым мәңги жүрегинде сақлайды,
Совет илимпазларының өнерин,

Советтиң халкынан аямай жанын,
Қаҳарман болыўдың келтирдиң сәнин,
Жазыўшыға өз алдына бир тема,
Космоска ушыўға таярланғаның.

Сәйкес кийим кийип усти-басыңа,
Сөйтип минип алдың Жер жолдасына,
Жайғасып отырып кабинасына,
Уштың жер ҳәм жулдыз шегарасына.

Жер Жолдасы ушқан ўақта аспанға,
Көринис берип өттиң доска, душпанға,
„Сәлем Ўатаным“ деп күлимледиң сен,
Үстимизден ҳәр айланып ушқанда.

Жән-жағында жайнап жулдызлар өрди,
Сен көрдиң домалақ төменде жерди,
Бир жағы қараңғы, бир жағы жарық,
Ай менен күн саған көп сезим берди.

Жер жолдасы айланғанда арыдан,
Сен хабарлы болдың жердиң шарынан,

Ана-Ўатан даңқын бәлент көтерип,
Өттиң жер ҳәм жулдыз арзларынан.

Совет халқы сеннен узақ қалғанда,
Ҳаўлыққадың қараңғыға барғанда,
Сол ўақта өзиңе исеним бердиң,
Бойыңнан салмақсыз сезим алғанда.

Америкадан, Африкадан өткенде,
Европаның тепейине жеткенде,
„Тыныншлық!“ деп кыйықыў салған көп халық,
Елеседи сени гүўлеп күткендей.

Қайттың берман жер шарынан айланып,
Сезимиңди көп кеңейгип ойланып.
Бизиң менен буған жарысқа түскен,
Душпанлар шалқалап жатыр қыйналып.

Ырза болып сизге Ўатан-Анаңыз,
Толып қайтты сезим менен санаңыз,
Кетип, кайта айланып халыкка келгенше,
Бири кем тоқсан минуг болды араңыз.

Аман-есен көрдиң совет халкыны,
Атыңызды жайды сөздиң толқыны,
Түсиндирдиң улым Юрий Гагарин,
Аспан менен жер шарының парқыны.

Жерди дөгереклеп көп жер болжадың,
Сабақлы сезимин сансыз олжаның,
Таўып, гилти болдың батыр Гагарин,
Қызыл алтын салған бираз аршаның.

Адам ҳайран болып таң қалар жумыс,
Уллы майрам болып ат қалар бир ис,
Бир бас, еки қоллы, еки аяқлы
Адам тарийхында болмаған кирис.

Советлер Союзының Геройы болдын,
Шын суйер перзенти табыслы елдиң,
Ленин орден өңириңе жарасып,
Ада болмас ҳүрметке, алғысқа толдың.

Советлер Союзының ушқыр шаҳбазы,
Көтерилип ушқан бәлент пәрўазы,

Уллы Ленин ўәсиятын бежерип,
Болдың гүлли жасларымның устазы.

Сизден хабар сездик пәлек шарқынан,
Жер жүзинде бәлент пәстиң парқынан,
Сениң аман келгениңди космостан,
Қутлықлайман Қарақалпақ халқынан.

*1961-жыл, 12-апрель.*

## РАКЕТА ҲӘМ ЖЕР ЖОЛДАСЫ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Ракета деген әўелги баптан,
Билимпазлар буны ойланып тапқан,
Жигирмаланшы әсир—ҳәзирги ўақтан,
Бул жаңалық тарийхларға таралған.

Елли жетинши жыл Жердиң жолдасы,
Биринши жаңалық табыстың басы,
Басланған ўағында өлшенген тасы,
Аўырлығы бес жүз килограммнан,

Барлық еситкенлер Жердиң жолдасын,
Қайдан алды екен деп буның нусқасын,
Билимпазлық қылған шебер устасын,
Жоқары мағлыўматлылардан соранған.

Ақ емес, көк емес сыртында сыры,
Кус десең қанат жоқ, бели жумыры,
Ушса жерди айланбай қайтпайды түри,
Жалғыз өзи артық бир мың қыраннан,

Бортына жүк, радио орнаған,
Қәйерде ҳақыйқат сөзди қоллаған,
Совет халқы оны арнап жоллаған,
Тәртибин шығармай дүзген планнан.

Әўел ҳайўан минди—тышқан. ийт пенен,
Өлмей аман келер деген шәрт пенен,
Бир қатар тап сондай ҳайўанат пенен,
Билимпазлар мәжилисинде сыналған.

Сонда барған жери айдың аржағы,
Ҳәр жыл сайын өсип түрли тармағы,
Бес тоннаға жақын болып салмағы,
Күшке толған жас жигиттей доланған.

Аспанның кең даласында шабысын,
Көрдим, жақын болды мениң алысым,
Советтиң халқының арын-намысым,
Ойлап айланды да келди жаҳаннан.

Енди душпан жарысады несине,
Шыдамас қамалға келген күшине,
Быйыл адам минип ушты ишине,
Сабыры бай болып келди шыдамнан.

Адам дейин десем тумсығы биздей,
Бир ушса қайтпайды жер шарын гезбей,
Жол таппай қалмайды тум-тусы көздей,
Аспан менен жер шарына қараған.

Билимпаз не айтса соған көнгени,
Еле де өседи-аў деймен өркени,
Жер шарын айланып хабар бергени,
Табыс менен бизиң халыққа жаранған.

Нени жүйрик десең буннан өтпейди,
Ким жарысқа түссе ҳалы жетпейди,
Тезлигин бир баптан пәсеңлетпейди,
Бахытлы болып, бар талабы оралған.

Тамақ ишкен адам аўзын тапқанша,
Төсек салған дастығына жатқанша,
Көзин жумған ашып кирпик қаққанша,
Асып өткен Памир таўдан, Тураннан.

Қызғанған душпанның тил аўзы тасқа,
Бизлердей емес деп ҳайранда қуста,
Талабы алдында ҳәзир төрт жаста,
Халық айлансын бундай ушқыр қыраннан!

Жан тассаддық халқым инабатыңа,
Тынышлық, дослықтан сиясатыңа,
Жаў жылынсын өзи жаққан отына,
Сениң даңқын жулдызларға оранған.

*1961-жыл.*

## БИРИНШИ МАЙҒА

Тынышлықты сүйген уллы жол менен,
Келди Биринши май түрли гүл менен,
Көп ойланып, ең мәнили сөз бенен,
Жазагөр балларым шебер тил менен,

Келди биринши май жаҳанды тутып,
Жеңис пенен қарсы алайық биз күгип,
Парахатшылықты сүйген елиме,
Күлип келди, күлип қайтсын сәйри етип.

Советтиң халқына күлип қаранып,
Ҳармасынлар айтып аўҳал сорапып,
Айдың ақ сәўлесин ақшамға берип,
Келди бизге күннен қызыл нур алып.

Айдың ақ сәўлеси, күнниң раўшаны,
Табыстың таўсылмас белли нышаны,
Таярланып атыр солқым салыўға,
Ғумшаланып барлық гүлдиң гүлшаны.

Айдың ақ сәўлеси гүлли жаҳанға,
Жайылды күн нуры, жансызға, жанға,
Мақтасам тил жетпес Биринши Майға,
Ақылым жетпес тасқан табыслы санға.

Әмиўдиң толқыны—табыс толқыны,
Көтерилип, толып-тасып буркыды,
Биринши Майдағы табыстың басы,
Барлық гүлден шыққан солқым-солқымы,

Ушып жүрген қус баласы қос қанат,
Дүньядағы төрт аяқлы ҳайўанат,
Биринши Май күни бәри жыйналып,
Оларда да қурылғандай салтанат.

Биринши Май, Тоғызыншы Май арасы,
Жеңистиң, табыстың уллы сағасы,
Питкен күнин Ўатандарлық урыстың,
Неге умытсын оны совет баласы.

Оны халқым барлық ўақта ядқа алар,
Соннан бери келди он алты сапар,
Кеўилимнен кетпейди тамға басқандай,
Бәлки қулағымнан, келген хош хабар.

Тынышлықты сүйген кең сарай менен,
Қуяшлы күн, ақ сәўлели ай менен,
Баратырмыз коммунизм жолында,
Бәҳәримиз жарасықлы Май менен.

*1961-жыл.*

## АҚШТЫҢ БАСШЫ ТОПАРЛАРЫНА

*(Америка урыс қумарлары Кубаға топылыс жасағанда)*

Басшы болып отырғанлар АҚШ қа,
Қумарсыз ба қан төгиўге, урысқа,
Қарақызлар адамгерлик намысқа,
Бир азғантай халықтан уялмайсаң ба?

Тынышлықтың сан-сапасын билмедиң,
Сен өзиңнен басқаларды күнледиң,
Не ушын жайыңа қарап жүрмедиң,
Өз хэнаңа өзиң сыялмайсаң ба?

Дүньядағы адамзатқа жарасқан,
Жәрдемлесип, кулип аўҳал сорасқан,
Жолдас Ленин буған уллы жол ашқан,
Адассаң сол жолдан жүре алмайсаң ба?

Кубаның халқына қылып қыянет,
Көп жерин ўайранлап бердиң зыянет,
Қайда Линколиннен қалған диянат[1]
Сол үлгини бүгин көре алмайсаң ба?

Жаҳандарлық мәжилислерге келгенсең,
Тынышлықты сүйиўге ант бергенсең,
Жаңа билдик айнымалы екенсең,
Ўәдеңизге ўапа қыла алмайсаң да!

Урыс излеўден тәўир неге кәриң жоқ?
Сөзиң итибарсыз ҳеш қарарың жоқ,
Быйыл берген ўәдең, есте жарын жоқ,
Тынышлықты анық, сүйе алмайсаң ба?

---

[1] Абрам Линколин – Америка халық азатлығы ҳәм ғәрезсизлиги ушын хызмет еткен президент (*ред.*)

Кисиниң байлығын көрип қызғанған,
Байлық излеп жердиң жүзин айланған,
От шашыўға қумарланып қуйланған,
Нәпсиниң қумарын тыялмайсаң ба?

Басшы болсаңыз да ислериң майда,
Ийесиз, бос жатқан көп дүнья қайда?
Қутырған өледи, ертең не пайда,
Усы шынлықты бир абайлайсаң ба?!

Киси журтын талаў деген не сумлык,
Кубаның халқына қылдың зулымлык,
Атақ-абройыңды еттиң бир пуллық,
Деп нәсият айтсақ тил алмайсаң да!

Жақсылықты жақтырмаған салтың бар,
Жаҳанда жағымсыз ашшы талқың бар,
Ўәде қылсаң ўапасызлық қалпың бар,
Қорықпасаң ҳақ сөзди айталмайсаң ба?

Куба халқы ҳәлсиз, аз деп ойлама?
Оған жетер күшим саз деп ойлама,
Бийкарға өзиңди-өзиң қыйнама,
Бирлескен көп халыққа қарамайсаң ба?

Мешкейлик ҳәм урысқа жерип тоймасаң,
Усы жаман әдетиңди қоймасаң,
„Жаҳанда тек мен күшли“ деп ойласаң,
Басқа еллерге сен унамайсаң да!

Тынышлыққа дүнья жүзи бирлести,
Бирлескен халық ҳәзир толысып өсти,
Дүнья халқы „керек тынышлық“ дести,
Бир сен, көпке илаж қыла алмайсаң да?!

*1961-жыл.*

## ЖЫРАЎ СЫРЫ

(*Қурбанбай жыраў Тэжибаев ҳаққында*)

Қурбанбай жыраўдың туўылған ели,
Төрткүлде „Шыбықлы“ аўыл белгили,
Мың сегиз жүз жетпис алтыншы жылы,
Туўылып дүньяға келди Қурбанбай.

Атасы Тэжибай өзи аш екен,
Ашлықтан да бетер жалаңаш екен,
Баспашы көп, заман баса-бас екен,
Жарлы адамлар шаң астында қалғандай.

Әмиўдиң арқасы жайлаў, өриси,
Шорахан елаты ирге қонысы,
Я малы, я жери жоқ, яки егиси,
Алған қырманы жоқ дорба толғандай.

Ханлардың жарлыға жаны ашымай,
Заманы бир турған емес қажымай,
Турмыстан қысылып сорлы Тэжибай,
Жубы бир үзилип кеткен жалғанбай.

Дүньядан заты жоқ, тек жаны болған,
Рахман суўпының дийқаны болған,
Кеўлинде қап толы әрманы болған.
Тек дийқан демесең қулы болғандай.

Қурбанбай он еки жасқа келипти,
Сол аўыр турмысқа бул да көнипти,
Жыл ишинде ата-анасы өлипти,
Қайысқан Қаратаў салмақ салғандай.

Сол қайғының отын өшире алмаған,
Қанат қағып өзин ушыра алмаған,

Салмақ басып турмыс кешире алмаған,
Еки ийнинен бир зил басып турғандай.

Қыйынлығы сондай турмыс жағдайдың,
Батпаны бир сыйыр арпа, бийдайдың,
Алты жыл шопаны Әйитпамбет байдың,
Болып, қойын бағып жүрген Қурбанбай.

Атадан бесбетер бул жарлы болды,
Алты жыллық өмир көп зарлы болды,
Бирақ сөзге, сазға қардарлы болды,
Қой ишинде жыраў жырлап турғандай.

Саясы жоқ, панасы жоқ басында,
Сазға, сөзге бейимленди жасында,
Қойлары адамдай тыңлап қасында,
Күйип шыққан күйге қулақ салғандай.

Аңлып жүрген баспашылар көп болды,
Қурбанбайдан бир еки қой жоқ болды,
Сол күн қой бақтырмай кетә-кет болды,
Байдың кеўли тап Қурбанбай алғандай.

Қой менен урыны тап деп сабады,
Бийшара Қурбанбай қайдан табады,
Таяқ тийген жердиң бәри қанады,
Бүркит пәнже салып, шоқып жулғандай.

Қойымды төлетпей қоймайман деди,
Болмаса сүргинге айдайман деди,
Қаныңды ишип өзинди жайлайман деди,
Байдың түрин көрди қанхор болғандай.

Қойдың сөзин бай көбейтип сапыртты,
Болыстан лаўазым алып шақыртты,
Еки қойға төрт қой салып қапылтты,
Қурбанбай белгили уры болғандай.

Барластырып көрди Қурбанбай үйин,
Үйинде жоқ сатып ишер бир буйым,
Төрт қойды төлемек болды бир қыйын,
Қазан урып, турмыс гүли солғандай.

Қурбанбай сөйерден тура қашады,
Жалаң аяқ қыяқ тасты басады,
Арқаланып кесе арқаштан асады,
Болды бир күн аш өзеги талғандай.

Енди өлдим дегенде кәрўан тап болды,
Кәрўанға „аш болдым“ деген гәп болды,
Берди бир нан көз ашканша жеп болды,
Жолдас болды ерип Қоханд барғандай.

Зорға жетти аяқларын жаралап,
Бир күн жүрди Коханд шәҳәрин аралап,
„Алдым кеш“—деп дос қыдырды шамалап,
Ким бар деп бир ақшам қонақ алғандай.

Кеш болды дос таппай шыдап турмады,
Жыраў болыў ушын өзин зорлады,
Жинлидей, көшеде турып жырлады,
Еплеп бала-шаға қулак салғандай.

Сол ўақ сын-сымбатлы бир адам келди,
Бурын көрген еди жыраўлық жолды,
Таныды ол Қурбанбайдағы кеўилди,
Қыялы болды бир күн қонақ алғандай.

Сол адамның аты Қуўанбай еди,
Сақыйлық бабында Ҳатамдай еди,
Барлық жумысы да сайма-сай еди,
Қурбанбайға бир жақсылық қылғандай.

Болады сол үйде бир жыл панaлап,
Кирсе-шықса ғеўишин қойды ағалап,
Енди жыраў болдым ғой деп шамалап,
Болды буннан маған нәсип салғандай.

Ертти Қурбанбайды, устаз сол болды,
Жайлаўы „Жийдели байсын“ ел болды,
Шәкирт болғанына еки жыл толды,
Ўақты болды енди руқсат алғандай.

Руқсат алып айрықша шығып бир өзи,
Туў қуйрықтан қыл тағылған қобызы,
Халықтың қулақ қуршын кандырды сөзи,
Лапызы жағымлы халыққа болғандай.

Бир жағы Шахадам, бир жағы Мары,
Халық қызығып кетти оннан да ары,
Ықласы соның дай халықтың қардары,
Бир жырлатқан және шақырып алғандай.

Жырлап қайтты Ҳисар менен Термезде,
Үйренип көбейтти саз бенен сөзди,

Халықтың алғысынан нур жайнап жузи,
Болды тыңлағанның мийри қанғандай.

Бир жайлап жырлаган жери Сарақсын,
Шәҳрисәбиз бенен Балқы-Бадақшан,
Ҳәр қайсысында жырлар еди он ақшам,
Халық иши дәл өзи үйи болғандай.

Халык қоллап қуўатлады, гүйленди,
Сәрсемби саатлы күни үйленди,
Бир ақтамақ аккубаны сүйди енди,
Шийринжан Фарҳадқа ашық болғандай.

Еки тойды саўып жүрди бир күнде,
Еки ай, бир ай жырлап жүрди гүргенде,
Қурбанбайдың ҳызметине ҳәр күнги,
Болды халықтың кеўли бәрҳә толғандай.

Мийан көлге барды аяқ алысы,
Мыңнан асты атын билген танысы,
Гәҳи күнлер бир ақшамғы табысы,
Бир бедеўди сайлап сатып алгандай.

Декадада еситип едим бул сөзди,
Айтты сыр калдырмай дос тутып бизди,
Сол жыллары ак ол үйренген „Қырық кызды“,
Сөзлери дизилген қызыл маржандай.

Құрбанбай „Қырық қызды“ сол елде айтты.
Жыраўшылык нәтийжесин молайтты,
Онбес жыл ел гезип бермаған қайтты,
Жыраў болды халықтың кеўли толғандай.

Кетеринде кетип еди бий белги,
Келди аман-есен туўылған елге,
Даңқы дағазасы түсип Төрткүлге,
Келди жыраў болып аброй алғандай.

* * *

Келғеннен соң қаракалпақ халкына,
Қулақ салдын жырлаўлардың даңқына,
Бәлент-пәсин билмек ушын Қурбанбай,
Тойларда сен зейин қойдың парқына.

Кыл қобыз услаған барлық жыраўдан,
Ҳешнәрсе билеалмай сырттан сораўдан.

Сазлардың саз, насазларын сен билдиң,
Қобызларының кулакларын бураўдан.

Ерполат, Сейпулла, Арзы көр дедин,
Бир қатар заманы бәри бир дедиң,
Қарақалпақта кәлбаланың устазы,
Нурабулланы бәринен де зор дедиң.

Жыраўлардың бәрин көрдиң Қурбанбай,
Бир қатар хызметин қылдын арланбай,
Көп жыраў ишинде Нурабулланы,
Билдиң көп жүйриктен шыққан тарландай.

Бардың соған қастан шәкирт болмаға,
Өзиңе үлгили устаз қылмаға,
Ҳаўазын, бар сазын, сөзин алмаға,
Төрт жыл хызмет қылдың Нурабуллаға.

Қурбанбай кештиң де жети тилладан,
Руқсатты алдың Нурабулладан,
Хорезм – бес кала Әмиўдиң бойын,
Жыраў барма сендей тақлап жырлаған.

Раўажланбай калған емес талабың,
Үйине түсип аты шыққан баланың,
Жырлап жүрип куўанышлы хабарын,
Еситип ҳәм көрдиң совет заманын.

Қуўанып советтиң жаңа баласы,
Жаңа аўыл, жаңа шәҳәр—каласы,
Совет жыраўысаң айт деген ўақта,
Шықты сеннен дәстанлардың жаңасы.

Бир дәстан айт десе аўызыңда тайын,
Көп дәстанлар шықты айттырған сайын,
Халық ушын таўсылмас ғәзийне болды,
„Ерзийўар“, „Қырық қызың“ менен „Қаншайым“.

„Қырық қыз“ Қаракалпақ дәстаны еди,
Дәстанлардың бийик аспаны еди,
Шақаланып жер жүзине жайылған,
Сөздиң бағы-бақша бостаны еди.

Қурбанбай атағың шықты „Қырық қыздан",
Өзбек, түркмен, рус, татар, қырғыздан,
Гүлайымның ўақыйқасы дәстанда,
Оқығанды опарин деп турғызған.[1]

*1952-жыл. 24-апрель.*

---

[1] 1957-жылы Ташкентте Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының декадасы өткерилген еди. Оған Қурбанбай жыраў да қатнасады. Автор сол ўақытты есине алып отыр. (*Ред*).

## ӨТКЕН ӘСИР ЖЫЛЛАРЫ

Мениң жасым быйыл алпыс та бесте,
Ҳәр жылы төрт пасыл басымнан кешти,
Соннан көп нәрселер ядыма түсти,
Бай менен жарлының айрым жоллары.

Көргенлер сөйлесин гөне заманды,
Бармак тислеп бас шайқаған әрманлы,
Көре қалдым абысәрен сәрсанды,
Бүкленип тутлығып өтти тиллери.

Булт астынан шығар күнлер болар ма,
Жарық дүнья қайда шығып конарға,
Нурлы заман боларма деп, тынарға,
Жылап жүрип айтып кеткен жырлары.

Айыў, каскыр кыслаўына уялап.
Азыў салып жыртып халықты заялап,
Соннан посып көшип шығып қыялап,
Көп адаскан белгиленбей жоллары.

Мудамы адамды адам сорғалы,
Адамға адамлар торлар курғалы,
Терең зиндан, дар тикейип турғалы,
Есапқа келмейди шыққап жанлары.

Ҳәр әсирдиң әждархасы, жыланы,
Шаққан ўақта зирлеп халкы жылады,
Зәҳәри жайылып ўақ деп қулады,
Кетти әрман ишинде, шықпай үнлери.

Ҳәр әсирдиң қыйсық, бузык қыялын,
Хорлық көрген еркек пенен ҳаялын,
Мойнына жүкленип кеткен обалын,
Айтпасаң билинбес халыққа муңлары.

Соны қарақалпақ бастан кеширди.
Өртең басып, өтип кеткен әсирди,

Жаўызлар аспанды жерге түсирди,
Қабырға қайысып сынды беллери.

Сол ўақтағы жанған шыра-тас шыра,
Шутик деген ең абройлы бас шыра,
Буннан тәўир заман болар ма сирә,
Деп жылады қарақалпақ еллери.

Көрмегенге тас шыраның белгиси,
Гөне қыслаўларда жатыр үлгиси,
Көрмегенлер көрсе келер күлкиси,
Музейден де қараң халықтың уллары.

Бесленши, онланшы болды қайлар да,
Ғалы төсек мунаққашлы жайларда,
Жанды жиғирмаланшы толы байларда,
Шар тәрепке жетип жүрген қоллары.

Сол ўақта байлардан суўдың мурабы,
Жарлылардан қазыўшыны қурады,
Қазса қазбаса да таяқ урады,
Егер өлсе соралмайды қунлары.

Өлгеннен жақсы деп бара береди,
Бай болған қазыўға пара береди,
Қанхорлар қалтаға сала береди,
Зер кеседи алған пара пуллары.

Турақ таппай жаўызлардың антынан,
Рәҳәт таппай нийет еткен қунтынан,
Төбесинде турған зулмат бултынан,
Түнге айланды мудам күндиз күнлери.

Ханы адалатсыз болып сораған,
Байға туўры, ашқа қырын қараған,
Жылап барса даўы питпей парадан,
Жети асырым посып асқан жоллары.

Бай болған мудамы параланған соң,
Жарлының жүреги жараланған соң,
Халқы посып көшип адаланған соң,
Сағасы көмилип солды гүллери.

Сөйтип өтти жақтылықты көрмей-ақ,
Бойын жазып онбес қәдем жүрмей-ақ,
Ҳәзир бизге аспан менен жердей-ақ,
Ая дослар, өткен әсир жыллары.

*1962-жыл.*

## ЖЕҢИСЛИ ТАБЫСЛАРҒА

Партиямыз баслағаннан бермаған,
Қарақалпақ халқымызға арнаған,
Көп қурылыс ислер бизге орнаған,
Ҳеш бири қалған жоқ атқарылмастан.

Партия баслаған бизиң уйымнан,
Сөз қашып қутылмас қалың жыйыннан,
Адамзаттың ақлы жетпес қыйыннан,
Көп ислер шешилди қутқарылмастан.

Жарасып тур питкен истиң сәни де,
Шаншылып үйилди табыс кәниде,
Бастан кешкен қырық төрт жылдың бәриде,
Орынланып өтти жатқарылмастан.

Силтеў берип турғаннан соң көргиш көз,
Барлық план орынланып еки жүз,
Халықтың қулағында алға деген сөз,
Киятыр артына бир қайырылмастан.

Самолет келип тур ҳәр бир түринен,
Оның қумары сол жолға жериген,
Бир нәзерлеп алып ушқан жеринен,
Дуп-дуўры барады жол айырмастан.

Ҳәр жағында алты қулаш қанаты,
Тумлы-тусында алмас-қурыш полаты,
Мезгилине Москваны алады,
Жүгин аўырсынып бир сарылмастан.

Қызыл қумнан жолын салған поездың,
Қара, жүклериңди қатар қойысын,
Халқымызға жарасып тур бойы сын,
Көрмеген қарап тур көз айырмастан.

Самолетқа ол да басын теңейди,
Өрисиң ен жайып халқым кеңейди,
Мың күн жүрсе бир шаршадым демейди,
Айланып келип тур бир майырылмастан.

Май ишеди, қара көмир жегени,
Қарны тойған сайын жолы өнеди,
Орта есаптан сексен-тоқсан вагоны,
Әпкелип үйип тур жүк қалдырмастан.

Қарақалпақ ең қымбатлы темирин,
Барлық ағаш, сазақ, тахтаң, көмирин,
Есапқа алсаң болар жаңа өмириң,
Бурынғы өмириң кетти қап толтырмастан.

Келип тур көп затлар қәдир-қымбатлы,
Бәри халқымыздың сәни-сымбаты,
Түнде көрсең паровоздың айбаты,
Аждәрҳаны қарсы келтире алмассаң.

Партия басқарып шығарған қәўил,
Электр таралсын аўылма-аўыл,
Бир жанса сөнбейди болса да даўыл:
Деген ўақта халық тәгдийирин сорасқан.

Жуўап берген халыққа пәрмана бола,
Пахта егилген атыз далама-дала,
Электр апар деп қалама-қала,
Айтқан сөзи халқымызға жарасқан.

Қурылыстың бири Ильичтиң шамы,
Билгеннен сорасып тәғдийирин таны,
Сорасаңыз шешиледи көп мәни,
Жақтысы ай менен күнге таласқан.

Ақ жайларда жақсақ гүлдей жайнайды,
Ассаң қазан, қойсаң қумған қайнайды,
Кириңди жуўады, жумыс қалмайды,
Өзи саат, минут пенен санасқан.

Келди тағы және кейни кеңейди,
Жақтысы бәлентлеп нуры көбейди,
Өмир енди мәңги жайнап гүллейди,
Нурға нур қосылып тасып уласқан.

Электрге келип қосылып газы,
Адам тарийхында болмаған ҳәзи,

Қазан асып, қумғаныңды қой мәзи,
Он минутта писер отты жақпастан.

Ракета дүрлеп ушып аспанға,
Құтқармастан қуўып жетер қашқанға,
Бир уллы сиясат болып душпанға,
Айланып келип тур шаршап талмастан.

Айдың арғы жағы күнниң бержағы,
Оған қыйын емес болды бармағы,
Арқа, қубла, батыс, шығыс—төрт жағы,
Жер шарының әтирапына қатнасқан.

Жасларға жаңадан устаз Гагарин,
Халық ушын бас байлап салды жигерин,
Шәкиртлер шығарып жаҳанның бәрин,
Тексериўге подпись қойып қатласқан.

Тарийхларда бурын болмаған өнер,
Саатта жер шарын айланып келер,
Бети қараганнан тәп берип жөнер,
Асығыста ҳеш жери жоқ атласқан.

Душпанларға сиясатқа сайланған,
Барлық күши омыраўына жыйланған‘
Бунын қурылысына өзим ҳайранман,
Иши, сырты тумлы-тусы ходласқан.

*1962-жыл. Апрель.*

## СИЗ КЕЛИПСИЗ БИЗИҢ ӘМИЎ БОЙЫНА

(*Нөкисте В. И. Ленинге ескерткиш орнатылыўына*)

Уллы Ленин Сизиң әдалатыңыз,
Халыққа тутқа болды диянатыңыз,
Патшаны қулатқан салтанатыңыз,
Жаңа заман, жаңа халыққа жарасқан.

Халқына алға деп „буйырған“ ўақта,
Душпанның желкеси қыйылған ўақта.
Булт пенен думанды сыйырған ўақта,
Жулдыз күлип бири-бирине қарасқан.

Бахтын, халқың, алға жол жүрген ўақта,
Душпаныңыз қашып жол берген ўақта,
Заман төңкерилип өзгерген ўақта,
Күн күлди қосылып Ай менен аспан.

Халқым қулақ түрди салган жарыңа,
Ҳәмме ашық болды гүл дийдарыңа,
Сүрен салып дүнья пролетарына,
Уллы бир гүреске атландың жастан.

Қаҳарман халқыңа изиңе ерген,
Сарқардалар сайлап бердиң жолкерден,
Шыдай алмай душпан қашып жол берген,
— Сен қашпасаң қашар жаў туралмастан! —

Деп халқыңа дана көсем сөйлединң,
Қыйсықты, қыйтарды дос деп сүймедиң,
Ықтыярын өз қолына бермедиң,
Көби қолга түсти қутқарылмастан.

Күн сайын беккемлеп халықтың бирлигин,
Билдирдиңиз кеўлиңиздиң кеңлигин,

Әдалатлық пенен қылған теңлигиң,
Қыйсыққа тез болды жалтарылмастан.

Халыққа халық қосылып көбейип күшиң,
Алды халық душпаннан бурынғы өшин,
Тасқа урған алмас найзаңның ушын,
Мийтиннен өткердиң тойтарылмастан.

Узайып жетилип қолың-қанатың,
Гулли жәўхар болды қурыш—полатың,
Бийикке нәзерлеп талпынған атың,
Алға таслап шапты қаңтарылмастан.

Аз ғана халық едим таяғы қысқа,
Әтирапы туңғыйық, аяғы қысқа,
Биз жолдас болғалы Сизиңдей досқа,
Бәри бирдей болды жер менен аспан.

Келди деп еситип Сизди араға,
Хабар кетти шарўа, дийқан, далаға,
Барлығы жыйналып келип қалаға,
Бир күн турып көрди көз айырмастан.

Халықта Сизге қуўанышлы көз қарас,
Еркек, ҳаял, қыз-жигити аралас,
Арада Сиз жоқ деп ким етсе талас,
Өлди дегенлерге жол қоялмаспан.

Алғыс айтты қарақалпақ баласы,
Сиздей болған емес ата-анасы,
Эй, данышпан жер жүзиниң данасы,
Мақтаўға тилимди жеткереалмаспан.

Бир көрсем деп алып жүрем ойыма,
Сиз келипсиз бизиң Әмиў бойына,
Сизиң менен коммунизм тойына,
Тойламага мен енди айрылмаспан.

Араласаң қарақалпақ орайын,
Сиз қайда болсаңыз бирге болайын,
Салтанатлы коммунизм сарайын,
Сәйир етсем Сиз бенен мен айрылмастан.

*1962-жыл. 22-апрель.*

## ҚАЗАҚСТАН ЖЕРИНДЕ

*(Қосықлар дүркини)*

### 1. Ҳүрметли қазақ халқына[1]

Сағынышлық пенен Өзбекстаннан,
Жайнаған жемисли бағы-бостаннан,
Киятырмыз қанлы көйлек халқыма,
Шамаллап, дәўирлеп түсип аспаннан.

Еки қолым көксимде, жүзим нур бетли,
Өзбекстан халқы атынан ҳүрметли
Сәлем алып келдик сизге ардақлы,
Дийдар бир-биреўге балдан да татлы.

Халықтың дослық муҳаббатын хошлайық,
Күшейтиў, көбейтиў жолын дурыслайық,
Төсти-төске қойып, қолға қол берип,
Айқастырып қысып, беккем услайық.

Еле де кушақты кеңнен ашайық,
Сағынышлы маўқымызды басайық.
Айма-ай, жылма-жыл алға бастырып,
Күшке-күш, дослыққа-дослық қосайық.

Халық көбейтип дослық жырын жырласын,
Буннан да бес бетер дослық орнасын,
Ис үстине келдик мапаз қыздырып,
Қазақстан барлық жериң нурлансын.

Биз бурыннан қоңсы аўыл қаралас,
Бет ажар да бир-биреўге шамалас,

---

[1] Аббаз Дабылов 1962-жылы май айында Қазақстанда өткерилген Өзбекстан әдебияты ҳәм искусствосының он күнлигине қатнасты. Ол бул сапарында „Ҳүрметли қазақ халықына". „Темиртаў заводлары", „Көкшетаў" қосықларын жазды (*Ред*).

Болған екен бурын дәстурханларда,
Сары палаў, сары қымыз аралас.

Кешеги әсирде Қазақ туўысқаным,
Әмиўдиң бойына қоныс басқаның,
Көзалдымда елеслейди еле де,
Төсекте бас, өристе мал қосқаның.

Келер едиң түйе излеп даўылда,
Қой тоғытқан жапларың бар аўылда,
Ақ кийизден бизге қолқа апарып,
Алып қайтар едиң астық, қаўын да.

Мен қашаннан меҳирибанман баўырлас,
Жүрегиң жүрегим менен тамырлас,
Қазақ, өзбек, қарақалпақ үшеўи,
Бир ошақтың үш путындай аўыллас.

Мәғар Қунанбаев Абайдың ўақты,
Жамбыл карттан ары Жабайдың ўақты,
Қарақалпақта Әжинияз бенен Күнхожа,
Бирақ берregирек Бердақтың ўақты.

Фердауси, Низамий, Мир Алишердей,
Мансапдар болғанның қолайын бермей,
Көп ақынлар өтти Өзбекстанда,
Сөзин топлап атып, қәлемин сермей.

Сол ақынлар алтын сөздиң устасы,
Халықтың ғәзийнеси қалған нусқасы,
Усы отырған жасларымның устазы,
Бизлер шәкиртимиз сөздиң қысқасы.

Өзбегим өз ағам, қазақ туўысқаным,
Ядымда тур жаўды бирге қуўысқаным,
Октябрь төңкерис қанлы майданда,
Қызыл туўды бирге барып усладым.

Соннан берман қарай қырық төрт жыл болды,
Онбес республика туўысқан ел болды,
Партия баслаған коммунизмге,
Гүл жайнап ашылған гүзар жол болды.

Сол жолды салыўға халқым қуныққы,
Қыйын исти қырық бөлиўге шынықты,
Барлық күшин техникада таярлап,
Бир уллы мақсетте халқым турыпты.

Орынлаў ҳәмминиң тилегинде тур,
Жигерли күш бели-билегинде тур,
Барлық темир—техникасы қолында,
Коммунизм қурыў жүрегинде тур.

## 2. Темиртаў заводлары

Уллы казак халқының,
Жер байлығы менен алтынын,
Халқына көрсетип жатқан,
Уллы магниткасына,
Ақша таўдың от пенен бирлескен,
Торпақ пенен сырласқан,
Ең қымбатлы тасына,
Қарағанды халқынын,
Бузылмас, ҳәм жығылмас,
Созылмас ҳәм үзилмес,
Мәңги жасайтуғын металлургиясына,
Смола, бензол шығатуғын көмирдиң,
Шойын, полат, темирдиң,
Таўсылмас булағы болған уясына,
Бир-еки аўыз өлеңимди арнайман:

Барып ем көрейин деп Темиртаўға,
Азырақ өлең жаздым халыққа саўға,
Ойым, тилим жетпес деп койып едим,
Қоймады қуўанышым сөз жазбаўға.

Тасты көрсе тәп берген шойын завод,
Кетти ғой көргеннен ақ зейиним аўып,
От пенен суў екеўи аўыз бирлеп,
Алып тур тас ишинен шойын таўып.

Бул завод быйыл жети жасар екен,
Табысы күннен күнге тасар екен,
Узыны онбес, ени сегиз километр,
Жер алып кушақты кең жазар екен.

Заводтын жүзден аслам темир печи,
Тас пенен толтырыўлы печьтиң иши,
Сурбетленген көк тасты ийлеп жатқан,
Қазақтың жасларының тасқан күши.

Көз илмей айланып тур аппаратлар,
Үйилген шойын, темир шын полатлар,
Көлемин кеңнен алған ен жайдырып,
Сай-сала толып жатқан салтанатлар.

Аппарат бир-бирине байланысқан,
Жарысып жумысына айланысқан,
Бир онбес казан көрдим төрт мүйешли,
Асылып ошақларға тайланысқан.

Үш жүз бас тас тасыған паровозы.
Аралас жуўырып жүр автобусы,
Мың үш жүз градуста күйген тасты,
Салыўға суў толып тур сарҳаўызы.

Елли метр бийикте трубалары,
Бэнт болған тап сол жерге орналары,
Тас пенен суў ишинен зырлап өтип,
Күн сайын атқарыўлы нормалары.

Ақ бултқа жакынласкан мунаралар,
Аўзынан шыққан түтин булт аралар,
Бир ғана қазақ емес табыслары,
СССР дың халкына тең таралар.

Дүнья пролетарлары жердиң жүзин,
Ийеледим деп билсе болар өзин,
Жез бенен мыс заводы, темир завод,
Қурылған босағасы Коммунизм.

Мен көрдим бул заводтың қэдди бойын,
Роли СССР да үлкен ойын,
Келипсиз коммунизм есигине,
Қазағым баслай бериң уллы тойын.

Шойыннан шыққан полат темириңиз,
Смола, бензол шыққан көмириңиз,
Қосылып байлығыңа мэңги болсын,
Туўыскан қазақ халқым өмириңиз!

## 3. Көкшетаў

Көкшетаў биреў емес, сегиз екен,
Төрт жерде қосақ-қосақ егиз екен.
Айнала куўыс қолтык теңиз екен,
Жайлаған жанлы-жанлар семиз екен.

„Окжетпес" бир таў екен, өзи бийик,
Көринис берип, жасылдан сарпай кийип,
Турғандай көринеди бултка тийип,
Қарайды көрмегенлер кеўли сүйип.

Көзге қонақ көринис берген көрки,
Хош келдиң мийманларым өтиң төрге,
Дегендей болды таўдың қабағы да,
Төсеймен жасыл мамық гүлден көрпе.

Жүзине шығып жатқан жердиң майы,
Көринди көзлериме көк дарайы,
Таўы да гүл, жери де, шөби де гүл,
Тартады көздиң нигин гүл шырайы,

Қундыздай жылтылдаған көз-каслары,
Керилип кең ашылған қулашлары,
Дәртлиниң дәрманына дәри таўып,
Өлгенге жан береди врачлары.

Ыссы емес, суўық емес ҳаўа райы,
Питип тур таў, теңизге қарағайы,
„Дом отдых" тап солардың саясында,
Тартып тур қоңыр салқын ақ сарайы.

Шерменген официантка бедеў аттай,
Шаўып жүр столларга кир жуўытпай,
Бетинде ҳәр подностың он бес табақ,
Қарамас қасын какбай, мыйық тартбай.

Неше түрли аўқат бар табағында,
Көтерип ашық қарар қабағын да,
Столдың айланасы гүл жайнаған,
Мушуктиң ийиси бар тағамында.

Сапсары сары алтындай ақсары қыз,
Сөйлесе жан семиртер еки аўыз сөз.
Бир қолында шийшеде гүлгин шарап,
Бир қолында пияла сары қымыз.

Жетилип мектебинен билимленген,
Ақ жүзи қызыл гүлдей күлимлеген,
Бир уядан жетилген палапандай,
Келиншек қыз екени билинбеген.

Шаршаған адам барып семиргендей,
Дәртли адам дени саўға тенелгендей,
Алпыстан асқан адам еки ай болса,
Жасарып жигирма беске бир келгендей,

Жер екен денсаўлықты кенелткендей,
Адамды гүлге орап бөленткендей,

Ҳаўасының райы жабыққанға,
Кеўлине гүл жасартып көгерткендей.

Халқына қайтамыз деп хабарластым,
Хошласып қушақласып баўырластым,
Қайтыўға көзим қыймай көкшетаўды,
Бир сутканың ишинде баўыр бастым.

Көкшетаўдың жериниң сулыўына,
Сер салдым мәңги жасап тұрыўына,
Жетилип жақынласып қазақ халқы,
Аз қалған коммунизм қурыўына.

Қазағым артсын тәлим-тәрбияңыз,
Бөленген гүл турмысқа семьяңыз,
Көрсеткен байлыгыңды инженерлер,
Мәңги турсын данышпан партиямыз.

*1962-жыл, 19-Май.*

## МАКСИМ ГОРЬКИЙ АТЫНДАҒЫ КОЛХОЗДА

(*Қосықлар дүркини*)

### 1. Қайбир исин көрсең көзиң тояды[1]

Ая дослар, қарақалпақ бойынша
Барлық ис тәргиби жолға қойылса,
Питпей ис қалмайды мениң ойымша,
Ҳеш кемшилик ушыраспаса, жойылса.

Горький колхозының басқармасындай,
Халыққа дүзиў болсаң тартылған сымдай.
Сонда мүшелериң ислер бир тынбай,
Айтқан сөзиң орын табар бир сынбай.

Бул колхозда болдым қырық күн мийман,
Басқармасы жан ямаса мийирман,
Мүшелерге ис тапсырса қыйыннан,
Бир адам көрмедим маңлай жыйырған.

Бағларға саркардар еткен Якунты,
Бағманлақтың жолын жақсы оқыпты.
Таўып алып бир таўсылмас укыпты,
Кеўлине нағышлы қылып тоқыпты.

Бағларына қарап көрсең бир нәзер,
Қолы тийген жердиң бәри лалазар,
Бағ ишинде қызлар жеңгеси Гүлзар,
Алма атып ойнар жигитке қызлар.

Парторгы Тағанмурат Абдулла,
Колхоз күшин өрлетиўдиң жолында,

---

[1] 1962-жылы А. Дабылов Төрткүл районының Максим Горький атындағы колхозында болып, колхоз аўылының келбетин, оның мийнет адамларының дөретиўшилик servislerин суўретлеп қосықлар жазады. (*Ред*)

Жетилген жасларға бийғапыл қалма,
Дейди партияның уставы қолда.

Бул колхозда жиғирма бес бригад,
Бәрин айтып отырмайман атма—ат,
Жумысына жолатпастан зыянат,
Айтқан жерден дуўры шығар саламат.

Бригадлар алды Қақа Сапарбай,
Қыйынды қырық бөлип түбин қопармай,
Жатәлмайды бир жағына шығармай,
Процентин жүз еллиге апармай,

Мүмкин емес мунның иске тоймағы
Пахта қуртындысы болмай қоймағы,
Москваға барған исте дойнағы,
Максим Горький колхозының қаймағы.

Бахыт аброй мийнетте деп ойлайды,
Сол себептен ислеп иске тоймайды,
Бойында жигерли күши қайнайды,
Еки жүз проценттен де таймайды.

Зәрредей кемис жоқ қылған кәсибинде
Бир тарыдай қыянет жоқ жисминде,
Бәнеге баслықты истиң үстинде,
Көрсең, басты ийер қолы көксинде.

Адамды көрикли қылар еткен әдеби,
Кийимди көрикли қылар таққан сәдеби,
Бул колхоздың бәри сондай адамы,
Әдеп пенен ҳәрбир басқан қәдеми,

Бул колхоз миллионер жәмлескен күштен,
Хожалық мың ярым билеги үш мың,
Бар мүшеси иске шынығып пискен,
Жалпы коммунизм жолына көшкен.

Сол жолда тур бул колхоздың қыялы,
Қыз-жигити, барлық ери-ҳаялы,
Қай бир исин көрсең көзиң тояды,
Жүз елли процент жолға қояды.

## 2. Көтерип тур қолға қызыл байрағын

Халыққа сардар болған ўақта жаслардан,
Ҳасыл өнди сурбетленген таслардан,

Дурдыев Абажан[1] бала басқарған,
Колхозының ғамын тереқ ойлаған.

Ақылласып ҳәрбир исти халыққа,
Жәрдемши бэп тәжирийбели Яқупта[2]
Ийе болған алға басқан бахытқа,
Колхоздың бирлигин беккем байлаған.

Ислерин тапсырған қарийдарына,
Ийе болғанларға намыс-арына,
Қыз-жигиттиң колхоздағы барына,
Ис палўаны болыў жағын ойлаған.

Айтгүлдиң Пердегүл исте сырласы,
Бийбисара ис жүзинде қурдасы,
Қыздан бул үшеўи искердиң басы,
Жарыс пенен универсаль айдаған.

Үйренди адамның иске шорқағы,
Батыр болды қоян жүрек қорқағы,
Мазасын алғансоң қарап турмады,
Гәп мунда деп исти жеңбей коймаған.

Көз жетпестей пахта жердиң картасы
Мәйектей бир дөң жок, шети ортасы,
Келлеси теп-тегис барлық пахтасы,
Пахта жерин тегис көрдим айнадан.

Билдим бул колхоздың қаҳарман халқын,
Көрдим ислеринде табыслы толқын,
Жер астында жатқан алтынның қулпын,
Гилтин таўып ашып алып жайлаған,

Максим Горький атындағы колхозы,
Мудам жарқын болды, дақ түспей жүзи,
Саккиз мың тонна пахтада көзи,
Он мың тонна ушын белди байлаған.

Күшин топлап атыр соны бермеге,
Қарақалпақтың ең алдағы өрнеги,
Коммунизм босағасын көрмеге,
Көтерип тур қолға қызыл байрағын.

---

[1] Абажан Дурдыев –колхоз басқарма председатели.
[2] Якуп–колхоздың қурылыс ислериниң басқарыўшысы.

Соған тайынланған қәдем урмаға,
Халқы менен ҳүжим етип бармаға,
Асығып тур коммунизм қурмаға,
Мен соған мегзеттим колхоз дойнағын.

Бул колхоз мың ярым үйден куралған,
Шабарман қыз-жигит билек сыбанған,
Жарысларда мийнет пенен сыналған,
Буркылдап жигерли күши қайнаған.

Максим Горький колхозының арасы,
Көриң буны Тахта, Шымбай баласы,
Буған жеткен қандай мийдиң данасы,
Қыямансыз жер жоқ қалай ойлаған.

Қала тәкиллетте колхоз орайы,
Жамылғандай жасыл-көктен дарайы,
Қайсы үйге барсаң аппақ сарайы,
Бала-шаға май менен пал шайнаған.

Ортаға қурылған санаториясы,
Үш жүз қуты пал ҳәррениң уясы,
Жигирма төрт гектар бағы-мийўасы,
Гүлсиз бир жери жоқ көрсең жайнаған.

.Қай баскарма болса тап сондай болсын,
Ғәзийнеси таскан табысқа толсын.
Халкы ушын кабырғасы сөгилсин,
Баскарма емес кара басын ойлаған.

Халқымның ең садық улы жана-жан,
Исиң алға бассын иним Абажан.
Планды асырып берсең жаңадан,
Сенде болар барлык тиллер сайраған.

Саған қыйын емес истиң аўыры,
Өйткени сен алдың истиң таўыны,
Қаракалпак халкымның болдың баўыры,
Жалғыз өзиң емес аўыл-аймағың.

Мәңги болсын бул колхоздың қонысы,
Тағы алға бассын өним-өниси,
Бизге берген барлық гүлдиң көриниси,
Аўыл көрки, қарап көзлер тоймаған.

## 3. Баўырласлар, халық қайғысын жегейли[1]

Қарақалапақ халқының бас қоспасына,
Совхоздың колхоздың басқармасына,
Көрип турман бәриниң де басына,
Қонатуғын бахыт қусы көбейди.

Әўеле сәлем берип, ҳармасын айтсам,
Қырық күн бурын қуўанышқа байытсам,
Көбейди деп бахыт қусын молайтсам,
Онда билимпазлар бизге не дейди?

Шаббаз, Әмиўдәрья, Хожели Қоңырат,
Халық алдына түскен жигитке мурат,
Абажан, Якуптай болса азамат,
Уялмастан халыққа басын теңейди.

Қарақалпак халқының киндикли жери,
Жаман емес еди былтырғы жылы,
Быйыл қалай салған ғуншасы, гүли,
Пахта қалай, Тахта, Шымбай, Кеғейли?

Тап усы ай пахта ғунша салар ай,
Халықтың кеўли пахтасына толар ай
Алдын алсаң гүз абройлы болар ай,
Алдын ала алмасаң аброй кемийди,

Мийнетти шешиўши августың айы,
Ең арлы жигитке намыстың айы,
Алдын ерте алсаң табыстың айы,
Табыс тапсаң бахтың алға өрлейди.

Быйыл тәўир көрип турман шырайын,
Былтырғы жыл артта қалған ырайын,
Өкпелеп айтыпем кеўил сарайын:
—Халықтың ғамын „күйдим-жандым“ жемейди.

Быйылғы жыл, умтыл, ғарғып түс алға,
Бармақ тислеп және мәтғапыл калма,
Айнадай жүзиңе қара дақ салма,
Дақ салсаң қайғысы ишти кернейди.

---

[1]) Төрткүл районынын Максим Горький атындағы колхозында өткерилген республика пахтакешлеринин тәжирийбе алмасыў жыйналысының қатнасыўшыларына арналған ҳәм сол жыйналыста оқылған (*Ред*)

Мийнет майданында пайыңды туўрап,
Қол созсаңыз сизлер ис алдын орап,
Мен сизлерге дәстан жазсам сөз қурап,
Кейинлесең бирақ шамам келмейди.

Исиң нәтийжели болса ҳаўалы,
Жүз уялмас, тилиң болар наўалы.
Узын тилдиң қысқа болар саўалы.
Қысқа тилдиң сөзи шеңге келмейди.

Халықтың тәмеси бар Шымбай, Тахтадан.
Неге күши аўыспайды пахтадан,
Жигирма гектарға бағман таппаған,
Бөрши таўға шекем жери кеңейди.

Шымбайдың арқасы Арал теңизи,
Еки ортада жатыр жердиң семизи,
Бағ дөретсең туўесилмес жемисти,
Көрер едиң, шаңғытқан боз гүллейди,

Бийкарлықтың түбин геўлеп кулатың,
Жалпы қолды тумлы тўсқа узаттың,
Орталықтан бир уллы бағ дүзетиң,
Бағ дегениң елди сәнге бөлейди.

Ҳәр аўылдың болса бағы-бақшасы,
Жесең шийрин мийўе барма баҳасы.
Сенлер де жоқ бир пахтадан басқасы,
Биз айтамыз неге ойлап көрмейди.

„Максим Горький" колхоздағы қыяман,
Бир жетилген палапандай уядан,
Еккен ағашларын көрип тояман,
Бул колхозға колхозлар тең келмейди.

Ағашлары көшесинде ғаз қатар.
Арқаға, қублаға, шығыс, күн батар,
Ҳәр ағашы бир жуп әйўанды басар,
Және бир өжирени ушы енлейди.

Көзимиз көрмесе, ялған гәп дерек,
Миллион десем лап болмайды ақ терек,
Қәдди бойы онбес метр үш шерек,
Еле ҳәм аспанға қарап өрлейди.

Өнбес гектар ерик пенен шабдалы,
Жүзим бес гектардан еки қапталы,

Бул колхоздың тауып тутқан бағманы,
Жердиң үсти түўе астын серлейди.

Бәри сабықланған ҳасыл тухымы,
Ериклери бастан аяқ нуқылы,
Бағманлардың сондай күшли уқыбы,
Өспеген ағашты қатты тергейди.

Бул колхоздың сүрен салған ураны,
Қарақалпақтың ең алдында турады,
Коммунизм қурыў болып мурады,
Халыққа қарап тезирек алга жүр дейди.

Жыйылған жасларым мен де тилеклес,
Барлық исте сизлер менен билеклес,
Тап ҳәзир ҳәм тамырласпан жүреклес,
Баўырласлар халық қайғысын жегейли.

*1962-жыл. Июнь, Төрткүл.*

## ҚОЛДА ЖЕТИ ТҮРЛИ ГҮЛИМ, МИЙМАНЫМ[1]

Ленин дүзген партиямыз баслады,
Ақ пенен қараны айырып таслады,
Дослық туўын бәрҳә беккем услады,
Рус халқы исти жолға қойып жүр.

Көрсетип өрнекти мәдениятта.
Шайырлары устаз әдебиятта.
Барлық миллетлерге ғамхор ҳәр ўақта,
Халық ушын, бел күшин салып сүйеп жүр...

Көтерилип сизлер кеше ушқанда,
Жол тартып қуяшлы Өзбекстанға,
Қуўанышқа толы, кеўил аспанда,
Ҳәмме жүрек сизди шыннан сүйип тур.

Дүнья жүзин таңландырған даңқыңыз,
Жаҳандағы уллы ултлардан парқыңыз,
Қарсы алып қарақалпақ халқымыз,
Ҳүрметке минәсип күшин жыйып тур.

Биз ҳақыйқат шебер сөздиң устасын,
Үлги қылып алдық, барлық нусқасын,
Қонақ болып келген ўақта устазым,
Бүгин жүрек-баўырым балқып ерип тур.

Есап етип жазыўшылар санына,
Алып излеп шыққан қарийдарыма,
Устаз болған рус шайырларына,
Мен төбемнен орын бергим келип тур,

---

[1]. Рус әдебияты ҳәм искусствосының Өзбекстанда өткерилген декадасының қатнасыўшыларына арналған. (*Ред*).

Қушақ ашып турмыз, келиң мийманым,
Қолда жети түрли гүлим мийманым,
Қашаннан ата дос елим мийманым,
Қатар-қурбым кел деп басын ийип тур.

Ушып келдиң аспаныма жарасып,
Қумар таркар емес аўҳал сорасып,
Еки дийдар бир-бирине жанасып.
Тилге тил, ләбке-ләб қойып сүйип тур.

Бизлерге қымбатлы бундай қатнасық,
Алып-берип, барып-келип қатнасып,
Турсаңыз төбем жай, қушағым ашық,
Деп халқым бәрҳә бәр қулаш керип тур.

Күши бас ийдирип пәлектиң шарқын,
Жердиң асты, үстинен ақ-қызыл алтын,
Техниканы тапқан уллы рус халқын,
Барлық совет халқы устаз билип тур.

Жаҳаннан асырған түрли өнерди,
Көп өсирип, басқа халықтан шеберди.
Космосқа адамды ушырып жиберди,
Жердиң шарын шыр айланып келип тур.

Космостағы ушқан гайраткерлер бар,
Таў, тас, тоғай, неше океан, көллер бар,
Кең жаҳанға салған сезим-серлер бар,
Точкаларын бир-бир санап терип тур.

Ылайық ис таўып адам мәртине,
Жаратып жумсап тур қыйын дәртине,
Күнниң берги жағы, айдың артына.
Барып, көрип келип жуўап берип тур.

Инженерлер жердиң қандай қыялын,
Пашшайыдай жалтыраған жамалын.
Танып жолын, жарып салып каналын,
Шаңқан бозлар жасыл сарпай кийип тур.

Трактор айдаған сәрби—гүлбазлар,
Жарасықлы жарыс жигитке қызлар,
Бир мың жыл суў көрмей күн жеген бозлар,
Қуўып айдап тум-тусынан тийип тур.

Суўғарып, тухымлап, рулин таўлап,
Айдаўдан ақ алтын өсип тур гаўлап,

Семиз жер егизлеп, бозлар бузаўлап,
Әрўанадай баўры босап ийип тур.

Ҳасылдың ҳасылы Ўатан жерде екен,
Ҳадал-мийнет пенен маңлай терде екен,
Рус халқы ҳәмме халықтан серли екен,
Техника қүдиретин анық билип тур.

Жанға жаққан қосық пенен сазлары,
Шийрин сөз шебери, хош ҳаўазлары,
Келиң, уллы халықтың ул ҳәм қызлары,
Дослар көзи сизде, мине күтип тур.

*1963-жыл, 25-октябрь.*

# БАЎЫРМАНЛАР

*Поэма*

Душпанның уў шашып бизге келгени,
Иси кайтып және өзи өлгени,
Көп халқы қырылып тағы бүлгени,
Жөнсиз урыс ашып алған сыйы сол,

Төрт ярым жыл болған соғыс дәўиринде,
Қызыл жалын, қара дүттиң ҳәўиринде,
Не жананлар мәртлик пенен жан берди,
Бир табан жер бермеймиз деп кеўлинде.

Мың тоғыз жүз кырык екинши жылында,
Ўатан қорғаў ҳақыйқатлық жолында,
Басын берип, изде қалды баллары,
Партиямыз, ҳүкиметтиң қолында.

Ата-анадан айра түскен ҳалларда,
Корқып зәрреси ушып калган баллар да,
Ҳужим етип партиямыз қолға алды,—
Сол баллардан жан шығармас жолларды.

Жетимлерди жәмлестирип санатты,
Республика болғанларға таратты,
Украина, Белоруссия шәҳәринен,
Ташкентке де бир нешшесин каратты,

---

[1] Поэмада Уллы Ўатандарлық урыс ўақтында ата-аналарынан айрылған балаларды өз семьясында тәрбиялап ер жеттирген Ташкентли темирши уста Шаахмед Шамахмудов ҳәм оның ҳаялы Баҳрыхан ҳаққында сөз етиледи (*Ред.*)

Мыңлаған балалар Ташкентке келди,
Бауырман қалаға—ҳурметке келди,
Балаларға кәуендершилик қылыўға,
Барлық Ташкент халқы көрмекке келди.

Алды илгери емес он еки жастан,
Кейни төмен емес үш жас, төрт жастан,
Туўған жерден ата-анадан айрылып.
Балларды қайғының зулматы басқан.

Және аштан искен қасы-қабағы,
Қаны кашып шөлден кепкен тамағы,
Жүзлерине өли шырай киргендей,
Орталанған еки көздиң шанағы,

Ата-аналардың өлген хабары,
Қулағын шыңлатты, солған дийдары,
Көз көриўден жаны ашып оларға,
Ташкент халқы гүлли жыласты бәри.

Халықтан бетер жетим баллар жыласты,
Баллар халыққа, халық балларға таласты,
Партияның тәрбияшы үйинде,
Қозы койға косылгандай жамрасты.

Көрген халық душпанға мың нәлет айтты,
Балларға ғамхорлық жағын молайтты,
Рәҳими түсип, тәрбиялаў үйинен,
Жуптан, үштен үйине бала алып қайтты.

Ташкент шәҳәринде бир темирши уста,
Буның көз қарасы халықтан айрықша,
Меҳрибаншылығы тасып төгилип,
Кеўил казанында қайнаўы баска.

Ҳаялының аты еди Баҳрыхан,
Кең пейилли ҳадал жүрек меҳрибан,
Еситип баллардың қыйын аўҳалын,
Раҳми келип, ўайымнан, аҳ урған.

Уста Шамахмудов Шаахмед деген,
Барды жақынласып балларға кем-кем,
Жүзин ысық көрип баллар жабысып,
Тутты жаздырмастан устаны беккем.

Уста кеўлин бузып бозлап жылады,
Ишине от тийип баўыры жанады,

Тәрбиялап саклаў ушын үйинде,
Сол—баллардан он алтысын алады.

Он алтысы сегиз миллет баласы,
Енди биреў болды шыққан қанасы,
Шамахмудов уста ҳаялы менен,
Болды жаңа туўған ата-анасы.

Көзлери де коркып қалған ашлықтан,
Басын зорға көтереди дастықтан,
Шүйкилдесип жас шөжедей устаның,
Ең жаслары қолтығына бас тыққан,

Енди уста қанат жайып қорғалап,
Жўбын жетеклесе, жубын арқалап,
Үйине апарды ҳаялы менен,
Маңлайынан ҳадал тери сорғалап.

Бир-бирден кровать жасап жайына,
Балларын киргизип ақ сарайына,
Бир-бир жилик услатпақшы балларға,
Перзентликке қабыл етип удайына.

Уста балларына баслады тойды,
Тойға аралас және тапты бир ойды.
Халқын жыйып ҳаялына кеңесип,
Ҳәр балаға айдар тағып, ат қойды.

Рафик, Юлдаш, Вова, Ҳабийба,
Муўаззам, Қарабай, Шуҳрат, Халийда,
Самук, Нагмет, Рахметулла, Ҳакийма,
Улығбек пенен Ҳамидулла, Ҳалийма.

* * *

Уста бул баллардың енди илажын
Етиў ушын шақырыпты врачын,
Ренгентге салып көрип докторлар,
Деди жас жетимлер неғып шыдасын!

Бул баллардың иси питкен қорқыўдан,
Жүреклер қозғалған ырғып шоршыўдан,
Тамырлардан қан азайып кетипти,
Гүлли бәденлерде кеўипти суўдан.

Оған қабатласқан тағы да ашлық,
Балларға қылсаңыз аталық дослық,

Жақсы көз, жақсы сөз, жақсы аўқатың,
Сонда болса болар кеўлиңде хошлық.

Және таза болсын жутар ҳаўасы.
Тыныш уйқы бундай дәрттиң даўасы,
Қорқыўдан, шошыўдан сонда қутылып,
Орналасар жүреклердиң қанасы.

Доктор сөзин тамам етип питкерди,
Ең керекли дәрилерин жеткерди,
Шамахмудов уста ҳаялы менен,
Тәрбияда күн-түн қатып тик турды.

Салқын болса қойды қапыны басып,
Ыссы болса қойды әйнаны ашып,
Тәрбияға нелер болса минасып,
Тапты бәрин доктор менен ойласып.

* * *

Уста Шамахмудов сол күн ойланды,
Баллардың басма-бас бәрин айланды,
Бир сөйлесип сана-сезим алмаға,
Кеўил сандығына ақыл жыйланды.

Муўаззам, Қарабай, Рафик баласын,
Сөзге түсинер деп билди шамасын,
Жақсы аска, жақсы сөзге тең жары,
Қосатуғын ықласын да анласын.

Деп балларын жыйып айтты ўәсият:
—Бул исимнен мен шығарып әҳмийет,
Коммунизм тәреидары болмаға,
Уллы тәжирийбеге қылдым бир нийет.

Сизлер менен бир мақсетке жетермен,
Аталық-аналық хызмет етермен,
Партияның гәўҳар жолын тутарман,
Туталмасам сол ўақ өлип кетермен.—

Деп балларға шәртлескендей сөз айтты,
Меҳирбаншылығын қатты зорайтты,
Жүреклерге қатқан дәртлер шықсын деп,
Сөзине бал қосып майын молайтты.

Ата-анаңыз мен сарғайып сағынған,
Сүт бериўге бар ағзамда тамырдан,

Үстиңизге бир боз орда жасайман,
Мүмкиншилик болғанынша қабырғам.

Қутқарыўға көзлериңниң жасынан,
Тайынладым бал шуҳратли асы-нан,
Өкпем-дастық, баўырым-төсек атаңман,
Жай дүзеткен жүрегиниң қасынан.

Толтырыўға орталанған канларың,
Балларым жаныма қосып жанларың,
Өзлериңниң туўған ата-анаңнан.
Мен артық боларман мәҳрибанларым.

Кеўилимниң кең сарайында жүрсеңиз,
Шамен байлап гүл мийўесин терсеңиз,
Ҳаялым Баҳрыхан менен хиялым,
Торқаланып болсақ төсек-көрпеңиз!

Балаларым, шын жүректен ықласым,
Баҳрыхан тәрбия шерик жолдасым,
Совет қараўында бир ғүл солмасын,
Коммунизм бақшасында нурласын!...

Бул сөзге түсинген балларғалаба,
Турды орнынан түсинбеген бала да,
—Миллион рахмет партиядай данаға,
Бизди қосқан сиздей ата-анаға.—

Деп муўаззам, Рафик еки баласы,
Баллардың жасы үлкен еки ағасы,
Атасының сөзи жыллы жүрекке,
Тийип қозғалысты сезим санасы.

Қол қаўсырып турды баллар бас урып,
Еки жаклап барып бетинен сүйип,
Ләблерине атасының жүзлери,
Майдан жумсақ балдан мазалы тийип:

Деди-эй меҳрибан ата-анамыз,
Сизден болған биз он алты балаңыз,
Ҳүрметлеўге бизлер бәрҳә таярмыз,
Өле-өлгенше ғамхорыңыз боламыз.

Бизиң ушын сиз бир жемисли дарах,
Саяңызда тәрбиялансақ жақсырақ,
Ай сәўлеси күнниң қызыл нурындай,
Сиз дөреткен биз оналты шамшырақ,

Жаным ата, бизлердеги сол тилек,
Қосылып соғып тур оналты жүрек,
Қыйынсынған қырық мың хызметиң болса,
Таяр тур жуп-жуптан оналты билек!

Бәлки шамшырактан артык болармыз,
Парлап турған бахыт болып қонармыз,
Коммунизм сарайынан нур шашып,
Халқымызда, басыңызда жанармыз,

* * *

Баллардан еситип уста анықты,
Жүреги, елжиреп, жылап қамықты,
Басларын, маңлайын сыйпап кушақлап,
Жүзлеринен сүйип-сүйип алыпты.

Баллар менен сырласып сыр бөлисти,
Ата, бала бауырласып енисти,
Шамахмудов уста Баҳырхан менен,
Күни түни тәрбияға киристи.

Үш күнде бир мәртебе моншаға салды,
Парикмахер шашын, тырнағын алды,
Ақ сүттен де аппақ сарпай тайынлап,
Үстинен сыпырып сырмағын алды.

Әўел баслап бир стакан сүт берди,
Бир қатар ишлерин бузып өткерди,
Екинши күн бир пияла мәшаба,
Шаппаттай нан, бир үзбеннен ет берди.

Тайынлап жанына жағымлы суўды,
Ҳәр күпи баллардың денесин жуўды,
Жақсы асты берип жақсы сөз бенен,
Жүрегинен қорқып-шоршыўды қуўды.

Бир он күндей аўқат берди аз-аздан,
Арасын узатпай және тез-тезден,
Он алты баланы ҳәр күн бес мәрте,
Уста Шамахмудов өткерди көзден.

Тамырларға зырлап қанлар жуўырды,
Жүреклерден ғам тикенин суўырды,
Ҳәр күн тоғыз түрли тағам таярлап,
Запас балық, бауыр, бүйрек қуурды.

Аш өзекке түспесин деп аз берди,
Күнде бир ўақ қосығы менен саз берди,
Қайғының зулматы басқан баллардың,
Жанларына жағатуғын ҳәз берди.

Бир мезгил сары май қосып нан берди,
Алтын пиялаға салып бал берди,
Уста дарағына аткөншек қурып,
Өзи бир қапталда турып, ҳәл берди.

Күнде бир ўақ парклерди гездирди,
Жабыққан кеўилин дәрттен бездирди,
Баҳрыхан баўырына басып жасларын,
Ақ сүт берген анаңман деп сездирди,

Дүньяда аўқаттың нешше түрлиси,
Поднос, стол менен бисяр гүллиси,
Жүз процент қолларына көтерип,
Және колтығында таяр еллиси.

Столдың үстине зорға сыйдырды,
Баллардың шашылған сесин жыйдырды,
Сазын шертип ҳаўазларын пәрўазлап,
Коммунизм жырын жырлап қыйғырды.

Ҳәм оларға саламатлық самалы,
Есиў менен бирге толды камалы,
Қызыл ғүлдиң ғумшасындай ашылып,
Шырайланып көринис берди жамалы.

Жүреги менен баўырын төсеп қараған,
Хызметлер қутқарды питеў жарадан,
Қорғалап қанатын жайып пәрмана,
Болыў менен алты ай өгти арадан.

Өлшетип бурынғы, соңғы ҳалларын,
Докторға тексертип көрип қанларын,
Жаңадан тазалап документ алып,
Баслаўыш мектепке берди балларын.

Ата-анасынан баллар күш алып,
Оқыды жаздырмай ҳәр күн бес алып,
Буны көрип Шамахмудов, Баҳрыхан,
Қуўанып түрленип, кетти жасарып.

Бий дәўлетлик жолларына жүрмеди,
Сабақтан басқаға кеўил бөлмеди,

Китапты көп оқып зейнн ашылып,
Билими буркылдап тасып өрледи.

Он жыл даўамында уста оқытты,
Партияның жолын жаздырмай тутты,
Рафик, Юлдаш деген еки баласы,
Жоқары билимге оқып жетисти.

Алты баласының билими орта,
Болды сегиз бала саўатлы ол да,
Он алты баланың бәри калмастан,
Саўатланып түсти ҳақыйқат жолға.

Халық аўзында уста жақсы жыр болды,
Рафик ҳәм Юлдаш инженер болды,
Ҳәрбир балларында бир өнер болды,
Не хызмет буйырса шырп етер болды.

Шамахмудов тәжирийбели өнерди,
Таўып, салып шеберлик пенен жигерди,
Үлкенлерин үйлендирип баллардың,
Жети жылда жетилдирип жиберди.

Алтысы оқыўда, оны хызметте,
Ата-анасына етти ҳүрметти,
Жолдас Шамахмудов Баҳрыхан менен,
Жаңа тапты талап еткен мақсетти.

Қырық жыл қырғын болса бири қалмастан,
Жаўға шабар жигит болды талмастан,
Зейни зийрек, ақылы жәўҳар қылыштай,
Ҳәр баласы өткир болды алмастан.

Шамахмудов уста буған қуўанып,
Кеўли, бойы өсти, бели жуўанып,
Күлип турды партиямыздың алдында,
Желбиретип қолға жеңис туў алып.

Жетимлерди көрсең маңлайын сыйпа,
Деген сөздиң өзи бизге бир тема,
Көп миллеттиң балаларын бир қосқан,
Устаның бул иси уллы тәжирийбе.

Еситкен, көргенлер ҳайран қаларлық,
Түсингенлер буннан әбирет аларлық,
Бул жумысы Шамахмудов устаның,
Тар минезлер кең пейилли боларлық.

Халқымыздың ҳақыйқатлық жолдағы,
Жәрдемшиси коммунизм курмаға,
Бизиң елимизде бундай жумыслар,
Күтә жақсы ислердиң бир тармағы.

Тамырына зил кирген он алты улын,
Өлтирмей оқытып шығарған тилин,
Бир табаққа қосқан менен бара бар,
Әҳмийети сегиз миллеттиң қолын.

Бул тәжирийбе бизге қымбат баҳалық,
Буны ким ислесе кеўли тазалық,
Қарақалпақ халқым-бағым бостаным,
Бундай бауырманлық ақлы даналық.

Жетимлерге ҳәр бир қәдем басқанын,
Он алты жетимниң басын қосқанын,
Тәрбиялап өсиргенин устаның,
Машҳур еттим қысқашалаў дәстанын.

*1963-жыл, июнь.*

## ЖАҢА ЖЫЛ

Жаңа жылдың неше сапар келгени,
Бастан аяқ өзлерине белгили.
Бул олардан айырым таслап үлгини,
Өзин көрсетип тур бизге жаңа жыл.

Жаўынгер қыз- улым, келин, баламыз,
Алға өскен сайын сезим—санаңыз
Жүз елли процент ҳасыл аламыз,
Деп келип кирисги сөзге жаңа жыл.

Аспанға көтерип жеңистиң туўын,
Жер бетине сеўип молшылық нурын.
Табысларды табысларға қосыўын,
Ерте бастан билдирип тур жаңа жыл.

Тынышлықлы жаңа жылга сөз барма,
Турмыс дүзетиўге бундай тез барма,
Быйыл толмай қалатуғын жүз барма,
Деп халқымды күлдирип тур жаңа жыл.

Быйыл барлық табысларды тастырып,
Процент болғанды жүзден астырып,
Еки жүзге таман шамаластырып,
Орынлайман деп келип тур жаңа жыл.

Соның ушын барлық күш, техниканы,
Қолланслаңыз питер халықтың сүйгени,
Сүйгени табылса мийнет тийгени,
Түсинсеңиз деп келип тур жаңа жыл.

Буннан ғапыл болма механизатор,
Ертеден сазлансын экскаватор,
Жерлерди сүриўдиң сапасын арттыр,
Деп асығып умтылып тур жаңа жыл.

Жаҳанга сыймаған истиң қыйсығын,
Келистирип келтиремен қыйсынын,
Терис қайыўдың айландырып уршығын,
Жоқ қыламан деп келип тур жаңа жыл.

Бахтымыздың жолын кеңнен кеңейтип,
Халық ишинен қаҳарманды көбейтип,
Бизге душпанларды төмен еңкейтип,
Белин сындыраман деп тур жаңа жыл.

Онеки ай жолдасы бар қасында,
Үшжүз де алпыс күн айналасында,
Алтын қыламан деп таўдың тасын да,
Мийтинди де жибитип тур жаңа жыл.

Өткир қуяш, алтын нурлы күни бар,
Айдан сабыт, ақ сәўлели түни бар,
Серлесең бал тамып турған түри бар,
Бизге емдиремен деп тур жаңа жыл.

Келген жаңа жылың халқым төрт пасыл,
Бир-бирине байланыслы муттасыл,
Бирден мыңлап өндириўге көп ҳасыл,
Техникасын билдим деп тур жаңа жыл.

Жетинши ноябрь жеңистиң күни,
Жүзине дақ салмай сыйласаң мени,
Ҳүрмет, тахтасына салып мен сени,
Күтип көтеремен деп тур жаңа жыл.

Байрамында шертип түрли намасын,
Сазга қосып хошбой таза ҳаўасын,
Тынышлықтың, денсаўлықтың баҳасын,
Бизге билдиремен деп тур жаңа жыл.

Ен жайдырып коммунизм гүзарын,
Салып келди жетейик деп назарын,
Гүздиң күни барлық табыс базарын,
Қыздырайық деп келип тур жаңа жыл.

*1963-жыл, 16-декабрь Нөкис.*

## КОММУНИСТЛИК ПАРТИЯҒА

*(Биринши Программаның қабыл етилгенине 60 жыл толыўына арналған*

Аспанның бетиниң көрип қарасын,
Жердиң жүзиндеги қанлы жарасын,
Жеп жүрген адам көп адам баласын,
Соған илаж көрген әстен партиям.

Айтпай огырыўға кеўилим питпейди.
Көп мазалар таңлайымнан кетпейди,
Мақтаўға кеўлим бар, тилим жетпейди.
Жете ғойса уллы дәстан партиям.

Марксизм-ленинизм устазы,
Әдалатлық тезлериниң устаты
Партия Уставы соның нускасы,
Қолға алған әўел бастан партиям.

Ленин дүзип партияны баслаған
Барлық езилген ел муны хошлаған,
Қайтпас ўәде, подпись пенен дурыслаған,
Сөйтип алға қәдем басқан партиям.

Комсомол жаслардан тобын көбейткен,
Сокпак ашып ен жайдырып кеңейткен,
Қанхөр қасқырлардан, қутырған ийттен,
Қутылыўдың жолын тапқан партиям.

Тең көриўге елде халықтың бәрин,
Көтериўге мийнеткештиң ҳалларын,
Капиталистлердиң қам қыялларын,
Бийкарға шығарған данам партиям.

Алдан болжап келешектиң жолларын,
Изине ертип мийнеткештиң балларын,

Дүньяның жүзиниң пролетарларын,
Бирлесиң деп уран шашқан партиям.

Мында тоғыз жүзде, үшинши жылы,
Сөйленген алдағы ислер үлгили,
Хабарланып келди мийнеткеш ели,
Досларды досларға қосқан партиям.

Қайтпай алға шабар арыслан жүрекли,
Қурышлы полаттай Қоблан билекли,
Азатлыққа шығыўға әрман тилекли,
Ертти изине сондай достан партиям.

Уллы кеңес болды ҳәмме бир тилек,
Алып ушып шәўкилдеген жас жүрек,
Ақ патшаны тахтан қулатыў керек,
Деген даўысларын қосқан партиям.

Сол мақсетти орынлаўға ғалаба,
Бирлесип күш қосқан қала, далада,
Ҳақыйқат ис орынланбай қалама,
Еле ядымда тур нусқаң партиям.

Толыспай ақ барлық күштиң ханасы,
Сол ўақтағы дүзген Программасы,
Патшаны қулатыў ойының басы.
Буны мойнына алған жастан партиям.

Еки тап[1] айрылып болған еки арыс,
Қан төгилип талас болған көп тарыс.
Ақырып умтылған талай жолбарыс,
Тутқынға алып, тисин қаққан партиям.

Сансыз болды душпанланлардың өлгени,
Урыс техникасы болды үлгили,
Қасқыр менен халықты алдаған түлкини,
Сырын билип таныл тапқан партиям.

Азат өмир ушын жан қурбан болды,
Халқы ушын шыққан нешше жан болды,
Не жананлар кетти, көп әрман болды.
Қыйынлықта алға басқан партиям.

Сол күни талап етти бийик шынарға,
Түби қомлы, бели жуўан минарға,

---

[1] Еки тап—еки партия деген мәниде *(ред)*

Рухсат еткен кулатыўға кумарға,
Барлық күшти жыйып қоскан партиям.

Гә женилди, женди ғезекме ғезек,
Бир күн үстем болды нәзериң дүзеп,
Мақсет ойы болып еркин өмир тек—
Жеңис отын жағып шыққан партиям.

Бүгин бизиң күшлер нени тыңласын,
Бир адам умтылмай алға калмасын,
„Ура" деген даўыслары жаңласып,
Ақ патшаны жығып шыққан партиям.

Халыктан душпаныньң нәзерин бурып,
Табанлылық пенен тайсалмай турып,
Жаўды қанлы өзекте көп қылғындырып,
Қан уртлатып куўып шыққан партиям.

Басларын пай тигип халықтың жолында,
Көтерилди кызыл байрақ қолында,
Мың тоғыз жүз он жетинши жылында
Жаңа заман қулпын ашқан партиям,

Енди анық табанларын беркиткен,
Сол күни күн болды мақсетке жеткен,
Миллион жылдың ар-намысы бир питкен,
Он төрт жаста жеңип шыққан партиям,

Қурўыжланып алға қарап пәт алып,
Кәр етпестен аўыр гүрес, қаталлық
Жер жүзине жас жаўынгер атаныл,
Уллы бахыт жолын ашқан партиям.

Көринген алдында жарланған жаўдай,
Үстем классларды бир бәлент таўдай,
Табанылылық пенен қулаған жардай,—
Етип зор айқаста жыққан партиям.

Бийкарға шығарып душпан табасын,
Шертти жеңислердиң шадлы намасын,
Биринши ирет дүзген Программасын,
Ҳәм орынлап орын туткан партиям.

Ая дослар, партиядан не күшли,
Ҳеш таўын жаздырмай салып бар күшти.
Халықты қан жылатқан капиталистти,
Желкесинен басып жыққан партиям.

Коммунистлер партиясы—бизиң күш,
СССР ды айланып тур қызыл күш,
Жердиң жүзин шарлап жүрген уллы күш,
Мәртебеси даңқы аскан партиям,

Заманды аўдарып, қайта төңкерип,
Гөне жолды жаңалады өзгертип,
Қыйсықларға әдалатлық тез қурып,
Оны тәрбиялап күткен партиям.

Халықтың анық шықты тутылған күни,
Бағында сайрады шайда бүлбили,
Көп ислер орнатып халыққа үлгили,
Халыққа бахыт нурын шашқан партиям.

Ҳәр адам ақласын Ўатанның дузын,
Халқына дақ салмай көрсетсин жүзин,
Уллы коммунизм—айдын жол бизиң,
Минут сайын алға басқан партиям.

Халқымның қорғаны батыр Армиям,
Тынышлықтың тәрептары, тәрбиям,
Дүньяның жүзине даңқы көп аян,
Басшы, пәрманамыз уллы партиям.

*1963-жыл.*

# ЖАҚСЫ ТӘРБИЯНЫ БЕРСЕҢ ЖАСЛАЙ БЕР

*(1964-жылдың бәҳәринде болып өткен Нөкиис қаласында ата-аналар сьезинде оқылған)*

1

Тапсырмасы сондай партиямыздың,
Балаларыңа берген тәрбияңыздың
Ҳаққында айтылған семьяңыздың,
Әўелҳа денсаўлық, саламат қандай.

Ата-аналарға ҳүрметли сәлем,
Ыссыларда саяң, суўықта панаң,
Болады қартайған ўағында, балаң,
Оларға көз қарас хошемет қандай.

Алда турған бир мақсетке жетейик,
Жасларды тәрбият пенен күнейик,
Жаман тәрбияны сорап нетейик,
Жақсы тәрбиядан шарапат қандай.

Туўғаннан-ақ жақсы ырымды баслай бер,
Жақсы тәрбияны берсең,жаслай бер,
Бир ноқаттай кир жуқтырмай сақлайгөр,
Боларсаң сүйгенде палды татқандай.

Тәрбияны солай берсең туўғаннан,
Жүрегин қан жылым суўға жуғанна,
Аяқ, тили шығып ғаз-ғаз турғаннан,
Мың сүйсеңде турар мийриң бир қанбай.

Мектепке қатнаса ҳәр күн азаны,
Сылап-сыйпап кийиндирсең тазаны,
Сол ўақытта бир берер балаң мазаны,
Сен жаларсаң аўзың палға батқандай.

Мектепте муғаллим, үйинде өзиң,
Еки жақлап айткан ўәсият сөзиң.
Бундай тәрбияңнан алар көп сезим,
Балаң болса зийрек зейин тутқандай.

Отлично оқыса пасылма-пасыл.
Алда болса оқыўынан муттасыл,
Балаң болып шығар сонда бир ҳасыл,
Алмурт ағашына алма сабқандай.

Ҳасыллығы отырыс-турысы әдеп,
Үйренер халқына керек жақсы әдет,
Тапса жақсы әдепти бир алтын сәдеп,
Өзин жыйнар балаң қадап таққандай.

Қайбир қыйын иске болар оң жылаў,
Ўатанының хызыметинде жанқыйнаў,
Мудамы ядында ата-ана сыйлаў,
Болады халық ушын басын сатқандай.

Балларыңа берсең дурыс тәрбия,
Жақсы баҳалайды оны партия,
Халық ҳурмет етеди оныңдай улға,
Мысалы күн шығыстан таңлар атқандай.

Жақсы тәрбияңнан сондай мәртебе,
Халқыңның ишинде орның бир төбе
Болғаның оннан соң ҳасла ғам жәме,
Дүньяның ләззетин излеп тапқандай.

Боларсаң сол ўақта буўғандай қамар,
Жаслық қайта келип бергендей мәдар,
Жаның рәҳәт таўып, тарқайды қумар.
Бахытың, дәўлетиң болар артқандай.

Жақсы тәрбияңнан жаслардың жаны,
Ҳәз етип күшейер бойда пәрманы,
Ғарры, жасқа коммунизм заманы,
Нур қуяшын шашып тур таң атқандай.

11.

Балаға мийирбан ата-аналар,
Турмыстағы тәрбияшы деп саналар,
Бәриңде де еки-үш, төрт—бес бала бар.
Берген тәрбияңның тазасы қандай.

Буған кулағың сал ерли-зайыплар,
Жаман тәрбияда сансыз айып бар,
Ең жаманын халық, ҳүкимет айыплар,
Халық суды биледи, жазасы қандай.

Жаман тәрбияның бири бий әдеп,
Мен сөйлеймен: басқа сөзди жыйна деп,
Сөйтип көтерилип сөйлер қыйма гәп,
Солай мақтаныўдың мазасы қандай.

Жаман тәрбияның бири өтирик,
Қай истиң кейнинен куўар өтирап,
Жалғанды ырас деп айтқан көпирип,
Сөзиниң өзине ызасы қандай.

Жаман тәрбиядан шығар көп нәрсе,
Баланы өз ықтыярына жиберсе,
Ҳәўес етер көзи дәрриў не көрсе,
Сен боларсаң соған басты сатқандай.

Перзент жүрегиңнен шыққан кызыл гүл,
Көп ийискеп, көп сүйеди қызыл тил.
Көп ийискемей, орны менен сүйе бил
Жақсы-жаман тәрбияда парқ қандай.

Жаман тәрбияның бири пәс әдет,
Пәс әдет баланы кылады қәмек,
Болар ма қәмекти писипти демек.
Пискен, қамның арасында шәрт қандай.

Тәрбияны калай берсең бас ийер,
Жаман тәрбиядан мийнетиң күйер,
Балаң егеў болып жаныңа тийер,
Жүрегиңди жулып, жулқып тартқандай,

Жаман тәрбиядан шығар желиккен,
Желиккен соң май қалама жиликтен?
Халыққа ўайран салып жеўге бүликтен,
Жан қыйнамай дейди, арзан, мут қандай?

Жүрген жерде, тийген жерден қан алса,
Хулиган, жулик деп балаң саналса,
Қартайған атаны бала сабаса,
Оған шыдам беретуғын мәрт қандай.

Көз көрмегей, еситпегей қулақ та,
Перзент деген шийрин мийўе биракта,

Басты шайқап отырарсаң шыдап та,
Өкиниш қылып өз пейлиңнен тапқандай.

Озиң тәрбияны солай бересең,
Үлкейген соң оны кимнен көресең?
Илажың жоқ, салмақ басып жүресең,
Арқансыз қырық батпан жүкти артқандай.

Тәрбия жаманы, келмес қыядан,
Болады ата-ана, туўған уядан,
Кемшилигин мойнына алмай гей адам,
Қыялы, қоңсыға жала жапқандай.

Қоңсыны қалдырма ондай жалаға,
Жаман тәрбияны берип балаға,
Ҳаслында сен өзиңнен көр, жан аға,
Жақсыны жаманға болма сатқандай.

Балаңызға жаман тәрбия бермең,
Мийнет сүйгиш болсын, ис етсин елге,
Халқы ушын жан аямай өмирге,
Болсын азаматлық үлес қосқандай.

*1964-жыл, Март*

## УЛЬЯНОВ ҚОЛ БЕРГЕН ҚАРАҚАЛПАҚПАН

Тас төбемде Алатаўдың қарындай.
Қара думан турған ўақта арылмай,
Сонда тап өзиниң жүрек—баўрындай,
Ульянов қол берген қарақалпақпан.

Азат болып жан саўдасы базардан,
Қутылып бурынғы көрген азардан,
Партия баслаған уллы гүзардан,
Ғамхорым жол берген қарақалпақпан.

Қыйынның қыйынын бастан кеширип,
Талай таў-төбени геўлеп көширип,
Мийнет пенен шынықтырып, өсирип,
Көсем тәртип берген қарақалпақпан.

Аз улт едим, туўысқаным көбейип,
Өрисим ен жайды, тардан кеңейип,
Табыс пенен уллы ултқа теңейип,
Қулашымды керген қарақалпақпан.

Азатлық ар ушын аямай жанын,
Сарып етип бар күшин, барлық ҳужданын,
Көбейтип Ўатанның май менен палын,
Мен ботадай емген қарақалпақпан.

Әмиўдиң аяғы Арал теңизим,
Таныл тұқым салған жердиң семизин,
Боз жерлердиң бузаўлаған егизин,
Өним алып көрген қарақалпақпан.

Кийик—қулан жүрмес шөлистанлардың,
Суў апарып болған гүлистанлардың,
Шийриндей жемисли бағ—бостанлардың.
Мийўелерин терген қарақалпақпан.

Бурынлары канша әсир болмаған?
Сыйлап бизге партиямыз арнаған,
Поезд, самолетлер келип орнаған,
Минип, ушып жүрген қарақалпақпан.

Техниканың басы менен аяғын,
Тилим жетип айта алмайман сояғын,
Жулдыздай жайнаған Ильич шырағын,
Жағып дәуран сүрген қарақалпақпан.

Бурын оқытыуға халкым баласын.
Келтире алмай жүрген еди шамасы,
Бурынлары Москваның қаласын,
Бир көрсем деп жүрген қарақалпақпан.

Ҳәзир барып телефонды қақсам да,
Сөйлесе беремен күндиз, ақшам да.
Үйимде отырып турсам—жатсам да,
Көп хош хабар билген қарақалпақпан.

Билимге байытып барлық баламды,
Сүйип сыйлап турман Ўатан анамды,
Зийнет берип Нөкис атлы қаламды,
Күнде гүллендирген қарақалпақпан.

*1964-жыл, Август.*

## ЎАТАН—АНАМ БАР

Мың тоғыз жүз алпыс төртинши жылдың.
Қысын қатты, жаўған қарын көп билдим,
Шөллеп қақсап қарды сағынған жердиң,
Табысы көп болар деген тәмем бар.

Жаўған қардың бәрин тексерип болмас
Есап санын алып питкерип болмас,
Сонда да белгисиз өткерип болмас,
Белгилеп кетейин деген шамам бар.

Бизден быйылғы өткен қыстың тоқсаны,
Дарақ бойлы қарды үйип таслады,
Таўлан кийик—қуланларды услады,
Пиядалап қуўып жетип адамлар.

Қызыл қар болған жоқ быйылғы қыстай,
Үш ай қар тастады ҳәр бири муштай.
Бирақ та еритти қарға қар қоспай,
Уйытқып ескен қызыл-қоңыр самаллар.

Қар болып көринген бахыт дәўлетиң,
Коммунизм байлығының нәўбетин,
Алып келген тутып халықтың ҳүрметин,
Солайма екен деген сезим—санам бар.

Быйылғы қыс болар табыслар қысы
Бул қалың қар алып келген жемиси,
Қар астынан халыққа алтын гүмиси,
Өнетуғын миллион тегис далам бар.

Ашылып аспанның барлық булағы,
Көрпеленди таўдың басы-қабағы,
Толды сай саласы, шуқыр-шанағы,
Қар суўына қанған нешше алаң бар.

Жетилип оқыған механизатор,
Өзи универсаль ҳәр иске батыр,
Ис алыўдан алға басып баратыр,
Шырп етер тап-тайын миллион балам бар.

Жел ашып, жел жабар төбе, таўым да.
Сылдырлап сес берер хәрбир даўылда,
Еки есе сүт берер ҳәрбир саўынға,
Майса-майлы шөпли миллион далам бар.

Шаңқан боздың шамшырағы жанар деп
Бир кило тухымым тонна болар деп,
Заготзерно бийдайдан ақ толар деп,
Басылған тәмедар миллион қәдем бар.

Қыс кетти зәңгиден аяғы түсип,
Кейнин бәҳәр алды қолға жол тосып,
Жазда писип бийдай қырманға түсип,
Тасып бултқа тийер деген шамам бар.

Онеки айды төртке бөлсең төрт тоқсан,
Туўыскандай бир-бирине күш қосқан,
Қырман бултқа тийсе бәҳәрден қыстан,
Гүз паслынан оннан да көп тәмем бар.

Быйылғы өткен қыстың кемиси барма,
Төрт пасылсыз халықтың егиси бар ма,
Хызмет қылсаң бермес жемиси бар ма,
Баўыры таўсылмас сүт Ўатан—анам бар.

Мийнет мәртлерине болсын ылайық,
Ўатанға жаны-тән хызмет қылайық,
Деген шайырлардан халқым қалайық,
Сизлерге арнаўлы дослық сәлем бар.

Жер жүзинде устаз болған үлгиси,
Барлық иси даналықтың белгиси,
Жаўға салса жеңбей коймас бел күши,
Баслаўшы партиям алға—данам бар.

*1964-жыл*

## БӘҲӘР ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Қар жамғырсыз курғақ кәҳәр,
Нешше қыслар болды зәҳәр,
Нурын шашқан жер шарына
Быйылғыдай болса бәҳәр!

Қысты өткерип келип түр ғой,
Оң көз бенен көрип тур ғой,
Күлип сәлем берип тур ғөй,
Недейсиз халық сәлемине.

Бул бәҳәрди күтпегенде,
Мақсетине жетпегенде,
Бир белгилеп кетпегенде,
Биз қалармыз өбалына.

Бәҳәр келип айтты қысқа,
—Кирисейин мен жумысқа,
Орныңды бер сен жылыс та,
Коммунизм бәҳәрине.

Нәўбетиң питти сен деди,
Орын басарман мен деди,
Төгермен қызыл нур деди,
Жер жүзиниң тамамына.

Соны айтып басты ирге,
Қар суўына қанған жерге,
Хабар берип искер ерге,
Кирисе берди ҳамалына.

Күннен алып қызыл нурды,
Жерге ыссы ҳәўир берди,
Қыран кустай өзин урды,
Қыстың қалың қамалына.

Халықтың арқасын қоздырып,
Барлық жер бетин қыздырып,
Тоң менен музды буздырып,
Сәўирдиң қызыл самалына.

Сәўир самалы ескенде,
Тоң қалмады он бес күнде.
Қызып кетип жер сескенди,
Бәҳәрдиң басқан қәдемине.

Коммунизмниң бәҳәри,
Бизиң Ўатанда қумары,
Дуўшарласып тур дийдары,
Барлық совет адамына.

Совет халқы буны билип,
Умтылды иске қулаш керип,
Тапқа келген жерди көрип,
Айланды халық талабына.

Бәҳәр басланғаннан бери,
Жайылғалы күнниң нуры,
Жасарып тур жердиң түри,
Мийрим қанды жамалына.

Коммунизм болса қастың,
Быйыл жаўған қардың астын,
Торпағына қәдем бассаң,
Алтын тийер табаныңа.

Ўатаның тур хызмет сорап,
Бәҳәр үстинде тур қарап,
Жағаман деп тур шамшырақ,
Мениң уллы Ўатаныма.

*1964-жыл, март.*

## КӨК ЖАСАРЫП ҚУЛПЫ ДӨНЕЙИН ДЕП ТУР

Қаракалпақ халкым карыў—кәҳәрди, —
Салып, алдын орап алсаң бәҳәрди,
Аспан жерге быйыл көп саўғат берди,
Хызмет, ҳүрмет етсең берейин деп тур.

Қар боратып өткен үш ай тоқсанның,
Еңбегин күйдирме жаўған аспанның.
Партаўың, егисиң, бағы-бостаның,
Көк жасарып қулпы дөнейин деп тур.

Коммунизм бул бәҳәрдиң назары,
Тарқады тоң менен муздың базары,
Жәрдем берип қар-жамғырдың ызғары,
Барлық дарақ бөртип өнейин деп тур.

Мийнет қолға тийсин десеңиз ҳалал,
Тусыңнан өткермей истиң алдын ал,
Өз ўақтынан бес күн бурын тухым сал,
Түсиўден көк салып жөнейин деп тур.

Коммунизм болса халқым мурадың,
Истиң алдын алсын ғерой қыраның.
Сексен центнерден болса планың,
Еткен мийнетиңиз төлейин деп тур.

Бул басланған коммунизм бәҳәри,
Барлық совет халқы сонда қумары,
Питкендей-ақ фундаментли минары,
Текшеме-текше халкым минейин деп тур.

Сары майдай бетке тийип сәўири,
Алтынның пуўындай урып ҳәўири,
Толқынланып коммунизм дәўири,
Басламасы ҳәзир жүрейин деп тур.

Аспанның нурлары карда, жаўында,
Алды үлес кызыл қумың, таўың да,
Қала, дала, егис жерин аўылға,
Қабағын бағ түрип қарайын деп тур.

Барлық тухымларды таслатып тапқа
Өнимди өсимди алып қушакка,
Таўдай табыс пенен бизиң штабқа,
Келип бақыт қусы қонайын деп тур.

Механизатордан болған палўанлар,
Геройлық, искерлик атақ алғанлар,
Оннан кашып кутылалмай планлар,
Бети бир қараса толайын деп тур.

Техникасын таклап механизатор,
Биреўи айдаса экскаватор,
Елиў жуп өгиздиң исине татыр,
Ҳәзир пахта жерге салайын деп тур.

Көк орай—көк шалғын таўдың арасы,
Сыйыр жайып барса ферма—падашы,
Сүти сыймай емшек-желин, сабасы,
Жигирма бес литр алайын деп тур.

*1964-жыл*

# ХОРЕЗМЛИЛЕРГЕ

(*Қосықлар дүркини*)

## 1. Аржақ—бержақтан

Торын үзип арқалығын талдырған,
Душпанлардың ишин өртеп жандырған,
Өзи аман шығып қызған тандырдан,
Жәнe жаздырылған илген қармақтан.

Азатлықтың фундаментин қондырып,
Еркинлик пақсасын баслап салдырып,
Ленин жолдас бир мақсетин болдырып,
Сөйтип бир қутылған ауыр салмақтан.

Буны баслап кеткен Ленин бабаның,
Көзге сүрме қылды басқан қәдемин,
Ҳалық ушын курдым деп Совет заманын,
Бир ишарат еткен мәңгн тармақтан.

Сизде, бизде соның қарыйдарымыз,
Соның ушын бир туўыстық бәримиз,
Соннан бери шерик намыс-арымыз,
Совет халқы жыйналсақта ҳәржақтан.

Әсиресе Қарақалпақ, Хорезм,
Барып келип турыў дослыққа лазым,
Татыўлық, дослықтың тапсақ илажын,
Қатнасып турайық аржақ-бержақтан.

Аўыз бирлеп жаўды бирге қуўысқан,
Халықтың қатқан кирин бирге жуўысқан,
Совет дәўиринде қайта туўысқан,
Айрылмас, майрылмас Қарақалпақпан.

Талай искенжени көрип хаўлыққан,
Жүреги жарылып мойын таўлықтан,
Сөйтип өлгенлерден қалған шаўлықпан,
Әжинияз, Күнхожа, шайыр Бердақтан.

Сениң менен бир даракта тамырман,
Бир шақада бир солқымдай салынған,
Түбимиз бир, айып емес сағынған
Аҳыўзар боп келип турмыз аржақтан.

## 2. Көп сағынған адамзаттың данасын

Ат қойылып Қарақалпақ болғалы,
Қайерлерге барса басы ғаўғалы,
Түркистаннан берман қарап аўғалы,
Излеп жүрип басларының панасын.

Хорезмге қоңсы болған ардақлы,
Тилек, жүрек, бир билектей бармақлы,
Қатнасықлы болып аржақ-бержақлы,
Таўып қоңсы қылған халықтың т ә засын.

Хорезмниң халқы бизге жаны ашып,
Ашықтай-машуқтай аўҳал сорасып,
Қоңсылығы қутлы болып жарасып,
Балдан татлы қылған еки арасын.
й
Бир-бирине'күле-шыра жүз берип,
Кеңескенде хош минайым сөз берип,
Қуда болып қыз да алып, қыз берип,
Сүйген ўақта бир-бири иң баласын.
н

Арасына түсип Хийўаның ханы,
—„ Қудалықты қойып маған бер аны,
Бермеймен дегенниң төгилер қаны",
Деп айтып билдирген кеўил аласын.

Арыў болса қыз демей я ер демей
Ықтыярың менен маған бер демей,
Бул исиниң айыплығын серлемей,
Нәпси ушын бузған халықтың ханасын.

Сулыў қызды излеп халықты аралап,
Байлар қызын алып қалған паралап,
Қыз бермеген қарақалпақты қаралап,
Үлкейтип жиберген жүрек жарасын.

Бул Қарақалпақтың азғантай халқын,
Көзин салып билип алып алды-артын,
Жоқ етип ишинде омыраўлы мәртин,
Хийўа ханы алған екен шамасын.

Ийелетпей қырмандағы дәнин де,
Азыўына салып көрип дәмин де.
Татып көрип қарақалпақтың қанын да,
Қанқорлары алған екен мазасын.

Қыйын болып ўатанында турмағы,
Журекке дәрт болып мойын бурмағы,
Болсақ па деп бул ўатанның қурбаны,
Айтқан сонда муңлы, зарлы намасын,

Әмиўдиң аяғы еди көл асты,
Арқаланып жети асырым жол асты,
Айралыққа шыдай алмай шуўласты,
Көзи қыймай туўған ўатан анасын.

Сондай дәртлер менен өз еркин жойып,
Улты көптиң аяғына бас қойып,
Улты азлықтан жүрек баўыры күйип,
Көз жасы сел қылған еки жағасын.

Аржаққа өтип Әмиў бойын жағалап,
Хорезмниң халқын көрип ағалап,
Наны қалың адамларды паналап,
Сөйтип күн кешиўдиң қылған шарасын.

Душпанға шамасы келмей бүлгенин,
Бир тамағы ушын жортып желгенин,
Бабалардың енди өлиўге келгенин,
Сатқанынан билдик қызын, баласын.

Көп жигитлер посып барған Марыға,
Иран, Тураннан да өтип арыға,
Қайда барса байлың жерин жарыға,
Алып еккен асырап бала-шағасын.

Тамағы ушын мал бағыўға жалынған,
Ишлериде толған дүттен жалыннан,
Тап усы заманда сондай сағынған,
Бирақ табалмаған жолкер ағасын.

Сол ўақта еситип Ленин бабаны,
Сөзлерине сырттан қулақ салады,

Тусингенлер шады-гуррам болады,
Көрмей-ақ оятып сезим-санасын.

Қайта-қайта сорап Ленин хабарын,
Бизге қашан салады деп сапарын,
Таркатса деп Қарақалпақтың кумарын,
Көп сағынған адамзаттың данасын.

Сол келгенше турсақ бизлер аман деп,
Дийдарласса сол данышпан адам деп,
Көрер едик өзгерилсе заман деп,
Адамның да, заманның да тазасын.

### 3. Хорезм

Хорезмге Қарақалпақ атынан,
Хат алып келдим дослық ижди ҳадынан,
Татыўлық ең арғы ҳасыл затынан,
Деди берман қарай доспан Хорезм.

Әўелҳа сәлемим, кейни ҳармасын.
Татыўлық табасы кейин қалмасын,
Достын қатнасыгы салкын болмасын,
Деди Қарақалпақ достың Хорезм.

Хорезм әдебиң-икрамың күшли,
Халқың қозғалмаған қонысың қутлы,
Дарағың мийўалы, елатың қәнтли,
Лақабың бес қала бастан Хорезм.

Күн кеширди бир бузылып жарылмай,
Қарны орта түсип күни тарылмай,
Наны қалың уўызлары арылмай,
Бабаң өтти қысылмастан Хорезм.

Қарақалпақ журты Түркистан еди,
Батыйханды өлтирип ел поскан еди,
Сол ўақтағы күни зимистан еди,
Оны айтсам уллы дәстан Хорезм.

Қаракалпақ соннан қорқып көшкенде,
Ким таяқтан, кимлер аштан искенде,
Хабарланып қарап көзи түскенде,
Рәҳими келип алдын тосқан Хорезм.

Досларымыз жылап, душпан күлгенде,
Қонар қоныс таппай көшип жүргенде,

Қарақалпақтың тап сол ҳалын билгенде,
Қолын берген тумлы-тустан Хорезм.

Жайлатқан Әмиўдиң арқа жағасын,
Қарақалпақтан сайлап қойып ағасын,
Гертпе қылып ашып берип сағасын,
Бизди қоңсы қылған қастан Хорезм.

Қаратаў, Бөршитаў, Қусқана таўы,
Шаңқай боздан сансыз пайтақ партаўы,
Шөлдиң сай шуқыры, көлдиң атаўы,
Ийелеткен қалдырмастан Хорезм.

Қарақалпаққа салып ықлас назарын,
Умыттырған бурын шеккен азарын,
Таныстырып бес қаланың базарын,
Қарақалпақтың зейнин ашқан Хорезм.

Әмиўдиң бойында аржақ-бержақлы,
Қатнасып үйренип болды шарбақлы,
Устазы ҳәм досты болып ардақлы
Шөлин қылды гүл-гүлистан Хорезм.

Қатнасық жарасып дәстурқан түйиў,
Қыз бенен жигитлер бир-бирин сүйиў,
Қызларыңыз келин, улларың күйеў,
Бизиң менен қудаласқан Хорезм.

Алтын өндирискен суўдан, топырақтан,
Адам өндирискен туўған урпақтан,
Сениң менен улға, қызға ортақпан,
Үш әсирден бери доспан Хорезм.

Соннан бери мен қоңсыман қасында,
Қазан-табақ, ортақ ишкен асымда,
Төсегим бир, дастығым бир басымда,
Өрисиме малын қосқан Хорезм.

Иргемиз қосылып болған аўыллас,
Өкпемиз бир, жүрек, қолқа баўырлас,
Сөйтип болған дослық қайтып алынбас,
Қарақалпаққа тамырласқан Хорезм.

*1964-жыл, октябрь.*

## СӨЙЛЕСЕ ТАРИЙХ БЕТЛЕРИ.

*Тарийхый поэма*

### 1. Хан дәўиринин қысыўмети

Қарақалпақ халқынын,
Хийўаның ханы аралап,
Қыдырып көрип арасын,
Алғандай-ақ коралап,
Билип алып шамасын,
Бегис пенен Мыржығын,
Сор қайнаған Айдосқа,
Еки инисин өлтиртип,
Айландырған уршығын,
Ийеси болсам бир өзим,
Дүньяның төрт буршының,
Деп бизиң қарақалпақтың,
Алып сезим-санасын,
Ҳәр аўылдан биреўин,
Сойдырып жеп танасын,
Қарсы турар маған деп,
Қарақалпақ халқынын,
Өлтирткен Айдос бабасын,
Баўыры пүтин халықтың
Жарталып бузған ханасын.
Айдостың қанын алмаға,
Талап еткен ўағында,
Тағы өлтирген Хийўа хан,
Ерназардай баласын,
Бала-шағасын басында,
Жылатып қойып қасында,
Ақшашлы кемпир анасын,
Ерназар өлип кеткен соң,
Қашқан екен бас тартып,
Жәлладқа куўып устатып,

Хожекедей баласын,
Жигирма жасар қыршынды,
Отырғызып қойып тирилей,
Тас төбеден сойдырған,
Еки көзин ойдырған,
Гуржиге таслап етлерин,
Сабан тығып териге,
Дәрўазаға қойдырған,
Хийўада қалған бес ғелле;
Аўылында қалған бес геўде,
Баҳаласаң душпаннан
Болар еди олардың,
Ҳәр геллеси бир елли.
Қарақалпақта сондайдан.
Геллелер кеткен ҳәр елде,
Аўыр салған салықтан,
Қанаат етпей барына,
Шыдамай намыс-арына,
Қарсыласқан адамды,
Илдире берген дарына,
Қулақ салар адам жоқ,
Қарақалпақтың зарына,
Хийўа ханның сол ўақта,
Нан писип турған ҳәўирин,
Барайын десе табалмай,
Ханлардын басқа тәўирин,
Бир-еки аўыз айтаман,
Қарақалпақ халқының,
Зар жылап өткен дәўирин:

Қарақалпақ қарақалпақ болғалы,
Бастан кетпей езилиўдиң ылғалы,
Бармаклар тисленип, баслар шайқалып,
Талай геўделерди қанға былғады.

Ол дәўирдиң өлшеў шети шеги жоқ,
Я әўўели, я ақыры соңы жоқ,
Сүйеғендей биреў, өкшеде тиреў,—
Болмағансоң алатуғын кеги жоқ.

Қабы толмай арпа, гүзлик, жазлықтан,
Маңлайы ашылмай дөҳмет зорлықтан,
Өмиринше қутыла алмай хорлықтан,
Ийт-қусқа жем болған улты азлықтан.

Шошқа түйсе қайырдағы қаўынын,
Қасқыр, жолбарыслар соғып саўынын,

Соның дәрти-пырағына шыдамай,
Жүргенде баспашы талап аўылын;

Алып кашкан қызын, келиншеклерин,
Ким көрер маңлайдың, беттиң көклерин,
Деген зарлы даўыс кулақты жарған:
— Ким алады зарлы халықтың кеклерин?!

Қасқырлардан жаман жамайлық-жатлық,
Ақ беденди азыў тийип қанаттық,
Баста қамшы ойнаўлы, қоллар байлаўлы,
Алыслап кетти ғой бизден азатлық.

Соны еситип қанға барып датқашы,
Хан алдында жолатпаған басқасы,
„Қазы, мупты, кусбегиң де қуры емес,—
Деген—тап ханыңның өзи баспашы“.

Арзагөй тап соны айтқан ўағында,
Хан ийек көтерген отырып тағында,
Буўырыл сақал, бети жағал, қан қумар,
Келди буғаў, тусаў бар қушағында,

„Мынаў қарақалпақ ҳәдден асты“—деп,—
Хан ҳәзиретти аяғына басты—деп,—
Жаласын жетирип, исин пишиўген,—
Гүнасы сол ханға қарсыласты“—деп.

Хийўа ханы солай қылып ҳәр ўақта,
Тиркисин аўдарып қарақалпаққа,
Арзы батыр менен Айдос бабаны,
Жайындай қапгырған алдап кармаққа.

Қарақалпақ Хийўа ханнан көп азар,
Шеғип, көп қурылған талай жан базар,
Геўдеси Аралда, гелле Хийўада,
Халқы ушын қақ бөлинген Ерназар.

Өлгеннен соң Ерназары сыйынған,
Хожекеси қыршынынан қыйылған,
Соннан себеп болған қарақалпақтың,
Көшиў-посыўлары қыйыр-қыйырдан.

Көшше де аяғы жар жағасында,
Жатса, турса акырзаман басында,
Малын бағып, отын жағып күнелтип,
Байды жақлап айран ишип қасында.

Бир малы жоғалып тийсе таяғы,
Жардан тайып кетер еди аяғы,
Бала-шағасынан айра түсирсе,
Ол қайтып қоналмас еди уяға.

Сол себеп жалынышлы еди сол байға,
Ықласын да берип, жылап „қудайға“,
Кеўип таңлай, ашылмай маңлай күн кешти,
Қарақалпақ тап усындай жағдайда.

Қарақалпақтың өмиринен нусқаша,
Хийўа ханның дәўиринен қысқаша,
Усы мениң еситкеним, сезгеним,
Ҳәр түрли бар шығар буннан басқаша.

## 2. Көрсетти хорлық патша да

Сол ўақтағы дәўирде,
Аз болса eғер ултыңыз,
Көрсетпейди екен күниңди,
Қалың болып түнерип,
Қазаннан қара бултыңыз,
Төгилип қатық үйиңде,
Бузаўың жамырап далада,—
Гезлестирип қыйынды,
Бар пулыңды кисеңнен,
Кисапыр алып қалада,
Келиспейди екен қунтыңыз.
Мың сегиз жүз жетписте,
Екинши жылы Николай,
Қарақалпақ халқына,
Әскерин алып бир талай,
Тисиме жумсақ халық екен,
Жемеге жақсы бир к лай,
Деп келип халыққа қарады,
Қым-қыйқаш қылып араны,
Қарақалпақ қашып барады,
Тақанларын арқалай,
Қорыққанынан патшадан,
Хорезм халқы көнеди,
Шегара қылып Әмиўди
Екиге халықты бөледи;
Әмиўдиң қубла жағасы,
Хийўа ханға қарады.
Әмиў дәрьяның арқасын,
Николай патша сорады,
Ақсақал болыс сайлады,

Божырап жүрген халықты,
Салып аўыр салықты,
Төлемейсең неге деп,
Жекке менен жарлының,
Гәззап деп қолын байлады;
Ҳақыйқат гәззап байлардан,
Пара алыўға тоймады;
Шыдамай қарсыласқанды,
Сибирьге қарай айдады.
Сорлы қарақалпақтың
Бурынғыдан бес бетер;
Басында камшы ойнады;
Соны қылған сол ўақта,
Аталық пенен бий болды.
Ақылға терең ойлынын,
Ҳалықтағы содыр сойлының.
Тас төбеси таяқтан,
Ымырсындай ий болды:

Хийўа ханнан айырып алған патшаны,
Айтсам айырып алып бөлек таслады,
Қайта бизге жаман сумлық баслады,
Сол ўақ улттан аздың соры қайнаған.

Сонда бизиң қарақалпақ халқына,
Оғада кеңейип кетип алқымы,
Талай әждарҳаның курып қулқыны
Тартып жутып жибериўден таймаған.

Ҳайўанларша басқыншылық зорлығы,
Ядтан шығар емес берген хорлығы,
Сол ўақта мынадай жердиң тарлығы,
Жайластырмай талай жанды қыйнаған.

Соншама кең жаҳан аспанның асты,
Бир сыпырадай көринбеген жер усти,
Ол жерди де бай болғанлар улести,
Жарлы адамға жарты табан тиймеген.

Тиймеген соң көзлеринен қан ақты,
Көз жас қабыл болып ашылып бахты,
Октябрь таңының сарғайған ўақты,
Жетисип күн шығып, жаҳан жайнаған.

Патша қулап тажы-тахты бузылып,
Қол жайған өркенлер түптен үзилип,

Жаңа халықтан жаңа тәртип дүзилип,
Жаңа адамлар жаңа актив сайлаған.

Товар завод, пахта завод, май завод,
Байлар қурган тағы басқа қай завод,
Завод түўе, қара басына қәўип,
Туўып мыс қазандай мийи қайнаған.

Қарақалпаққа келген сонда Шайдаков,
Көп езилгеп екен булар байда деп,
Езген байлар бар ма ҳәзир қайда деп,
Бизди кутқарыўға белди байлаған.

Қарақалпақ халқы қалмай жыйланып,
Маңлайынан таўап етип айланып,
Азатлық жол басшымыз деп ойланып,
Қуўанысып қарсы алып сыйлаған.

Шайдаков халық душпанына топ атты,
Әмиўдиң ишинде жүрип көп атты,
Тоң мойын, жар мойынларды каматты,
Жарлылардың маңлайынан сыйпаған.

Шын ықласлы қулақ тутқан сөзине,
Қардарлы сардарды ертип изине,
Сол ўақта оянып халықтың сезими,
Қарсыласқан бир де душпан қоймаған.

Жигерленип халқым анық сезгеннен,
Қарсыласқан душпанынан безгеннен,
Езилгенлер кек алыўға езгеннен.
Азыў тисин алмас қылып қайраған.

Түсиндирип қарақалпақ еллерин,
Ен жайдырып партиямыздың жолларын,
Енди алда болажақтың түрлерин,
Түсинген жас бүлбүл шығып сайраған.

Көринген соң қолға қызыл туў алған,
Түсинген халық бир жыласып жубанған,
Қорыққан бирде жылап, бир де қуўанган.
Бул бурыннан халықтың ишин жайлаған.

Бундай боп ким келди аўҳал билерге,
Қысылып турганда искенжелерге,
Келмегенде келип тур ек өлерге,
Деп қуўанып жылап көз жас тыймаған.

Мойны гез гөззаллар керилген қасы,
Аўзында азатлық сөзиниң басы,
Қойнына төгилип көзиниң жасы,
Аўысқаны етегине сыймаған.

Партия пәрмана болып басына,
Тыйым салды көзден аққан жасына,
Алдын болжап жазган газетасына,
Қаратып көрсетти тынық айнадан.

Ленин дүзген Программаны колға алып,
Партиямыз көрсеткен соң жол салып,
Сол ўақ қарақалпақ халқы қозғалып,
Бир душпанды қырык бөлиўден таймаған.

Бул азатлық жолларына карсыны,
Көзи өткир, көңли тар ийт аршыны,
Сондайлардан халықтың ишин аршыды,
Қарсыны карсыға қарап айдаған.

Батыс жағы Қоңырат, шығысы Төрткул,
Арқасы, кубласы жыйналып путкил,
Әмиў дәрья жағасында бизиң ел,
Бириншн ирет жеңис тойын тойлаған.

Басшы болған Ленин дүзген партия,
Оның қол қанаты Қызыл Армия,
Соннан баслап берди бизге тәрбия,
Енди билгенимше соны айтаман.

## 3. Түсине алмай баска қонған бахытты

Қарақалпақ сол ўақытта,
Азатлыққа шыкса да,
Душпаны менен гүресип,
Шалқасына жықса да,
Малы бар менен малсызды,
Жәбдиллен байланыстырыў,
Арамыздағы бирликти.
Беккемге айланыстырыў,
Жыйналысын ашарда,
Мапазына пахтаның,
Биринши аяқ басарда.
Тапқа келген жерлерге,
Куш мал таўып қосарда,
Жегерлик пенен саўарлық
Есигинде малы бар,

Мол-молақай өзине.
Жететуғын ҳалы бар.
Толып атыр арада,
Малсыз жерсиз қақайған,
Геўдесинде жаны бар,
Күш малдың жердиң үстинде,
Бермеймиз деген соларға,
Сөзлериниң дәми бар,
Бермейсең неге деп айтсаң,
Көбирек жәнжел молайтсаң,
Шығайын деп тур қаны бар,
Сыртта қалған саўатсыз,
Наданлықтың епкини,
Билинбей тур өзине,
Басына қонған бахытты,
Аяғы менен тепкени,
Ойлап көрсең абыройын,
Насырын бүгип өзиниң,
Қүўырмаштай төккени,
Куш малға көзи тарылып,
Көшпекти бузып кеткени,
Кеткен менен бас қосып,
Жүре алмай қайтып тарапқа,
Айрылып кетип биразы,
Хош болың деп ыразы,
Барамыз деп арабқа,
Шегарадан өткени,
Нәзерлеп памды кеткени
Тәғдийири шиткен сөйерде.
Жанды берип жалбарып,
Сүригиниң питкени,
Кете алмағанлар уялып,
Халықты қыймай қыйланып,
Уялмай келди айланып,
Жининиң қайтып жепкени.

Сөйерди ашықтан ашық қайтадан,
Халқымның өкпесин саған айтаман.
Түсинер сөзимниң изин байқаған,
Халыққа сүйкимсизден сыр ашар болдым.

Сол ўақта шынардай бойың болса да.
Ҳеш жерге жетпеген ойың болса да,
Отын шалқыр еди үйиң болса да,
Қымтаўға ебиң жоқ бир нашар болдың.

Наданлығың басым болдың гөр тилек,
Аўзың ашық түбиң тесик бир шелек,
Ғаўкыйған бас, еки аяқ, қос билек,
Билим жоқ, ақыл жас, бир жасар болдың.

Партиямыз бас пәрмана болғаннан,
Маңлайыңнан сыйпап, қолға алганнан,
Сол ўақ бой тасладың кеўлиң толғаннан,
Қуўанып кушақты сен ашар болдың.

Партиямыз айтты халықтың кайырын,
Көринип қалды тыңламаған айыбың,
Малың көбирек болса халықтан айрым,
Сол мәжилисте турып алжасар болдың.

Ҳақыйқатты анық айтып бергеннен,
Бирлик қыл деп аўызға сөз киргеннен,
Мал, жериң орталық болсын деген нен,
Қызғанып, зирилдеп шырласар болдың.

Сая салған пәрмананды сыйламай,
Бизди сыйлап жүрген ким деп ойламай,
Ақ жүзиңе карамастан айнадай,
Достыңды душпан деп, былғасар болдын.

Қаштын белдар, налог, пахта планнан.
Күш малды шығарғың келмей қораңнан,
Өзлериңди қарақалпақлық ураннан,
Шетлетип шығарып даўласар болдың.

Партиямыз баслап, алға жүр десе,
Бирлик беккемлейик соған тур десе,
Пахта егиске күш малыңды бөл десе,
Қап қара талақтай бәдбешер болдың.

Өзлериңди зордан-зорға шыдаттың,
Мәжилис таркаўына турмай ылақтың,
Наданлықтан бала-шаға жылаттың,
Әгер биреў тийсе қан шашар болдың.

Малыңды ашларға бер деп талаўға,
Шыққан сылтаў қылып жолықтық жаўға,
Қосқаны жок, күшмал деген не саўда,
Деп өкпелеп көшип таў асар болдың.

Ҳеш пайдаң жоқ мал қызғанып қашыўдан,
Кетсең алмай қайытпас изиңнен қуўған.

Деп үгитлеп айтса туўысқан-туўған,
Оны душпан тутып жаўласар болдың.

Малды бөлип бергенше деп саяққа,
Көшермиз деп қаяқ болса соққа,
Өкпелериң исип кетип зиятка,
Шамды нәзер етип сен көшер болдың.

Қашып көштиң түнде, күндиз кете алмай,
Адасып пушайман жедиң өте алмай,
Қайтыўға уялып берман бет алмай,
Еки ортада бираз дәрдесер болдың.

Өзлеринизди тутып бир бийик жарға,
Шығалмай былғандың жамғырға, қарға,
Наданлықтан барып тығылып тарға,
Қысылған тышқандай жер тесер болдың.

Соншама тыңламай партия сөзин,
Малларыңды қыймай тартылып көзиң,
Дәрдесерге салып өзинди-өзиң,
Бир жилли, сүўрейдей әўмесер болдың.

Әўмесерлигиң сол және ойланып,
Ўатаным деп келсеңдағы айланып,
Малдан айрылдым деп жаның қыйланып,
Шетте буғып жүрип сыр шашар болдың.

Уялғаннан жыйналыска келмедиң,
Ҳүкимет дос, душпан дейме билмедиң,
Еси алаң боп ықласыңды бермедиң,
Дос тапсаң сөз урлап тиллесер болдың.

Тиллескен досларың ҳарамсаң деди,
Ҳадалланыў жолын сорансаң деди,
Маңлайдан тер төгип жарансаң деди,
Сол айтқан жол менен излесер болдың.

Ишиң—сыртың түлеп қайта туўылдың.
Ағардым деп арза берип қуўындың,
Сонда да сен қайта-қайта қуўылдың,
Халық душпаны болып ат кешер болдың.

Малыңды алып қашып көшкен пәтиңди,
Тастап ўатаныңды шәҳәр-кәнтиңди,
Кеткен жериң қабыл етпей антыңды,
Белгили шерменде шермесер болдың.

Өлдим деп дүньядан кеўилиң суўыдың,
Шыдай алмай өрден ыққа жуўырдың,
Соңында Әмиўге тастап жуўындың,
Енди тазардым деп бас қосар болдың.

Мойныңа ала жип салып усынып,
Алатаўдай абырайыңды түсирип,
Халық алдында қайтпас ўәде писирип,
Сынақ пенен зорға жантасар болдың.

Енди қашып көшпесликке қайтадан,
Партия алдында шәртимди айтаман.
Оңбасын деп сөзин еки шайқаған,
Табылса табақлап ант ишер болдың.

Нәмәрт болыңқырап мәрдана басың,
Қыйсайып дүзелдиң сордай биразың,
Халық алдында мойныңа алып ырасын,
Қосылғалы быйыл қырық жасар болдың.

**4. Биршиликтиң билип шийрин-мазасын.**

Мың тоғыз жүз отызыншы жылында,
Колхоз болыў лаўазымы қолында,
Баратыр деп коммунизм жолында,
Партиядан бизге хошемет болды.

Қарақалпақ колхоз болған ўағында.
Совет орайының кең қушағында,
Көп адам түсинбей өз ошағында,
Халқымда үш түрли нидамаг болды.

Бири күш малларын халқынан аяп,
Жатса-турса мудам халық көзин бояп.
Қылған иси, айтқан сөзлери уят,
Бирақ ол өзине кесапат болды.

Мал сыймай жүргенде кең дала, бозға,
Аяғын бастырып қып-қызыл қозға.
Ықтыярлы кирген адам колхозға,
Кирмегенге қарсы әдаўат қылды.

Колхозлардан малын алып қашқанлар,
Ҳеш жерге жайғаспай ақлы сасқанлар,
Ишпей-жемей алқымларын қысқанлар,
Өз малы өзине амапаг болды.

Екиншиси болды халықта өсекшил,
Колхозларға қарсы атыўға кесекшил,
Күш малы көп адамларға есапшыл,
Бул да соң өзине кәремет болды.

Қаслық ойлап өзин өзи қыйнаған,
Колхозды мен бузаман деп ойлаған,
Қарап жүрмей отты басып ойнаған,
Маңлайы қап-қара бәләмат болды.

Колхоз барлық партаў жердиң ийеси,
Малынды алып кет деп, жуғар күйеси,
Қайда барса сыймай бийе-түйеси,
Басына үлкен бир әламат болды.

Кеўли айдан жарық, айнадан тынық,
Партияның мәжилисинде түсинип,
Колхоз қурайық дәп көпке усынып,
Үшиншиси халыққа шарапат болды.

Айтты партиямыз бул да жаңалық,
Ықтыярлы болсаң қанша хожалық,
Берген күш малларың қымбат баҳалық,
Таза қуралғанға дәрамат болды.

Атыз да, талап та, ис те орталық,
Күш мал, үш те, төр те бес те орталық,
Айбат та, ғайрат та, күш те, орталық,
Болып бирлескен күш қабаҳат болды.

Колхозды қурғанлар гүлли ҳақ жүрек,
Сондайдан көбейди колхозға дерек,
Күнине таўып жеп жалғыз бир шөрек,
Халқы ушын көнип қанаат қылды.

Талай ашлықларды бастан кеширген,
Мийнетке қайнатып өзин писирген,
Сыртта болған жән-жел ғаўға кесирден,
Колхозға киргенлер саламат болды.

Өз халқының сындырмаған сазасын,
Халықтың сайлап алып жигит тазасын,
Биршиликтиң билген шийрин мазасын,
Басқарған тап сондай азамат болды.

## 5. Терис пикирлер халыкты усылай алдады

Өзи бетсиз, жағы етсиз куў молла,
Сөзи өткир, қансыз жүзи сүр молла,
Терис үгитти оңлы-шепли таратты,
Сумырайланған суўдыр неше түр молла.

Бай, жарлы тиресип турған күнинде,
Аўзы толы шақмағы бар тилинде,
Еки жақлап халық ишине дут берди.
Қапияда қарақалпақ елинде.

Сөйгип жүрип большевикке гезлессе,
Дуўшарласып я бир үйде ҳәзлессе,
Дәрриў актив қылып өзин қосады,
Бай болғанды конфискалаў сөз кетсе.

Билими жоқ көп саўатсыз бар жерде,
Аппақ дузын ишип отырып бирге,
Ҳүкиметтиң өзи аштан куралған.
Буған сен исенип мал, жерди берме.

Шыдап туралмайды бәйдың күшине,
Мәзи бүлик салып халықтың ишине,
Өзли өзиңди бир-бирине жаў қылып,
Қойыпты, қорқасыз сизлер несине?!—

Деп айтты наданды таўып ҳәр жерден,
Тасаланып бадырақлар бар жерден,
Тонын терис аўдарып кийип жүргизди,
Азғана күн орын алып тар жерден.

Писпеген қамларды естен тандырды,
Питкен көп ислердиң таўын талдырды,
Еңбегин күйдирип қолын суўытып,
Мийнеткеш, көп халықтың ишин жандырды.

Береди деп ҳәр аўылға бир көрпе,
Жамыласыз бир сарайда, бир төрде,
Кеттиң бирақ буған қарсы шықпасаң,
Басты шайқап соң пушайман жеп жүрме.

Сол көрпеге кирип ата-ана да,
Араласып жатар қатын, бала да,
Әлле қашан жоқарыдан басланған,
Халықтың пайтахты уллы қалада.

Енди еки жылдан келер бизлерге,
Қулақ еситкенди көрер көзлер де,
Тыңласақ және бир сумлық жаңалық,
Қыйынлық туўайын деп тур сизлерге.

Бәриңди қаратар жалғыз қазанға,
Бир-бир котелокган ҳәрбир адамға,
Сол қазанға шериклескен барады,
Нәўбетлесип ҳәр күн кеште, азанда.

Барып үңилесиз курттай тесикке,
Жоламайсыз қазан асқан есикке,
Толып атыр еле несин көрипсиз,
Мен айтпайын сизлер сирә еситпе.

Барлық иси сондай менен барады,
Оннан да тарылтып қысар араны,
Ай өтип, жыл өткен сайын көрерсиз,
Маңлайыңа тигер қарыс қараны.

Айтпайман десем де қоймай сорайсыз,
Бир уйым шығайын деп тур қудайсыз.
Еле сизлер бозда ойнақлап жүрипсиз,
Алдыңда ең аўыр ислер қолайсыз.

Иркиниш болып сондай жапқан жаласы,
Тәуир-ақ сусланды халықтың арасы,
Бурын көзи қоркып езилген елдиң,
Қозар болды питкен жүрек жарасы.

## 6. Аяўсыз соққыға ушырады душпан

Жасларым, буларды сақла есиңде,
Сизлер көрмегенсиз оңыў-түсиңде,
Усындай ис болды қырық жыл ишинде,
Жалған сөзди қап-қанарға қаплаған.

Соған қарсы болды бизде бир ғаўға,
Шийеленген шешилместей бир саўда,
Балта урғандай қопарыўға бир таўға,
Душпан болар—болмас күшин топлаған.

Буны билип халықтың бас-пәрманасы,
Шоршынып оянып сезим-санасы,
Жыйланып ақылға камбил данасы.
Кеңеслерин кеңнен ашып тоқтаған.

Терис үгиттиң мағыз-мазмунын таныл,
Тексерип өлшеген мийзамға салып,
Түсингенлер қуйқа жуўлап қозғалып,
Шабар қылыш, агар оғын оқлаған.

Атарманлар, шабарманлар жыйланып,
Уйықламастан төрт этирапты айланып,
Шыға берди сайдақлапып сайланып,
Атларын қырық күнге шақлап баплаған.

Халық ишинде тилин жаллап сөз урлап,
Үй жағалап ший сыртынан сыбырлап,
Тыныш таппай жүргенлерди тыпырлап,
Устап алып өткен исин бақлаған.

Жуплап тутып жаздырмастан жағасын.
Қыстады қайда деп буның сағасын,
Таўып алып баслап жүрген ағасын,
Бир жети күн аштан қысып қақлаған.

Сағасы булардан таралған екен,
Айтыуға сумырайлар пара алған екен,
Сөйтип хызметинен жаранған екен,
Енди ишин аўыртып пара жақпаған.

Терис үгит айттырган байдың парасы,
Қарыс болып маңлайының қарасы,
Енди ашылып бизиң менен арасы,
Тышқан тесиғин мың теңгеге таппаған.

Өсекшил бай болды еки тәрепдар,
Булардың басына болар бир гәп бар,
Дәптерлерде еки түрли есап бар,
Халықтың душпаны деп айырып қатлаған.

Партиямыз сыйлап қылған ҳүрметти,
Билмегенсоң парқы айрылып кетти,
Оқ тийген қояндай майрылып кетти,
Көрген бадырақ жуп жағадан устаған.

Малын алып сыртқа шашқанларды да.
Бизге кесек атқан душпанларды да.
Тилеклеси басын қосқанларды да,
Бизден актив бар ма көрсе тутпаған.

Совет мәжилисинен артта қалған бар,
Терис үгитшил халықта сөзи жалған бар,

Салтанатлы бай атағын алған бар,
Адам сатып алып кул деп сақлаған.

Ҳукиметке қолдың ушын бермеген,
Пайдасын айтсаң өжетлениш өрлеген,
Бәлки совет халқын сырттан кирлеген,
Өзлерине жаман атақ тақпаған.

Сыйырын саўысып, баспағын бағып,
Куллерин шығарып, отларын жағып.
Өлгенше жумсаған жилигин шағып,
Көп адам табылды байды жақлаған.

Партиямыз алды олардың дизимин.
Өзи биледи не боларын изинин,
Мазмунына қараганда сөзиниң,
Ҳеш қылығы бизиң тапқа жатпаған.

Халықтың душпаны деп айырып алып,
Саясат ноқтасын басына салып,
Турған ўақта қарсы турып буўырқанып,
Қашан қамалғанша тилин тартпаған.

Бирақ оған ол ашыўдан не пайда,
Саўысқанға сункарды алар ҳал қайда,
Өзлери турғанда жан шығар жайда,
Мал, дунья деп кеўили тыным таппаған.

Ең изинде жүзин салып бағынып,
Ҳуқуқларын сорап жүрди жалынып,
Халық алдында қара күйе жағылып,
Кетти бир адам жоқ шығып ақлаған.

Халқымызға душпан болған топарды,
Алтын заңның жолы ардомға[1] апарды,
Тамырларын таўып, шаўып, қопарды,
Халық душпанын арамыздан саплаған.

Халықтың ишин және қайта қыдырып,
Кулағың, қуйрығын қырқып дужырып,
Тазартып социализмди қурып,
Халқым айдын жолға түсип шағлаған.

## 7. Өмириң нурланып жайнады халқым

Совет дәўириниң басында
Партия, ҳукимет қасында.

---

[1]. Ардом-тюрьма мәнисинде

Каракалпақ халқына,
Басшылық қылып партия,
Ертип алып артына,
Түсиндирип мәртине,
Шықпасаңыз инсаптан
Таймасаңыз бир баптан,
Болады даўа дәртиңе,
Деп мәжилис ашқан ҳәр баптан
Маңлайыңнан тер төксең,
Суўды жайып жер ексең,
Табельге ҳәрбир адамға,
Аласаң деген мың каптан,
Шарапатлы сөзи бар,
Партияның сол ўакта,
Қаракалпак халқына,
Қараған ғамхор көзи бар.

Қырық жыллың әўелги басламасында
Партияның болып тәрбиясында
Еркиңди қолға алып қамыс косында,
Иркилмей қайғысыз жер бастың халқым.

Сол ўақтағы совет собраниясында,
Жыйналысып тыңлап айналасында,
Бирлигиңди беккем байламасында,
Сөзди кеңнен алып қатнастың халқым.

Бирликтиң мәжилисин баслайман дедиң,
Мақсетиң не болса дурыслайман дедиң
Душпаныңды айырып услайман дедиң,
Айтыўдан емиренип сөйлестиң халқым.

Жерсизди жер таўып жерлестиремен,
Малсызды маллыдан үйлестиремен,
Ҳәммени бир бапта теңлестиремен,
Деген ўақта күлип қолластың халқым.

Партия көп жолды сөйтип сездирди,
Сүтли емшеклерге аўызып создырды.
Бирликти маржандай қылып дизди,
Сол ўақ қайымласып күш қостың халқым.

Күш қосып Қызкеткен каналын жардың,
Қар-жамғыр нөсерин тыңламай бардың
Қуўаныш пенен тасты, тоңды қопардың,
Қала-дала демей суўластың халқым.

Жерге суўды костың табыс таппаға,
Ўатанымның майын, балын татпаға,
Бәҳәр ойнап, гүзек утыс утпаға,
Шаңкан бозларына суў бастың халкым:

Жардың каракалпак „Пахтаарнаны",
„Пахта арнадан" аккан суўдың пәрманы,
Төрткүл, Шаббаз болып бахыт орнады,
Тасар жолын таптың табыстың халкым.

Төрткүлдиң, Шаббаздың пахта планы,
Толып халыктың алдында жүр мудамы.
Коммунизм болып максет—мурады,
Алдында озып жүр жарыстың халкым.

Буннан соң Ленин жап каналын жардың
Кырық мың аламанды жыйнап апардың,
Карақалпакта болған күшли қәҳәрдиң,
Бәрин соған салып катнастың халқым.

Жетпис жыл суў көрмей жаткан партаўы,
Тоғайдан көринбей Кесе таўы,
Доңыз, қаскыр, жолбарыстың жайлаўы,
Суў апарып бузып кос бастың халкым,

Таўың, тоғайында геўлеп қулатып,
Пахта ектиң партияға унатып,
Шөлистанға гүлистанды орнатып,
Шәҳәрди салдырып кәнтлестиң халкым.

Есабы жоқ тағы басқа каналдың,
Бир шөлистан көрсең жардың да салдың,
Партаў жемисиниң мазасын алдың,
Ҳадал маңлай терге тер қостың халкым.

Карақалпак талап етип билимди,
Аўылма-аўыл салдың мектеп елимде,
Билим орнап балларыңның тилинде,
Бир тилди мың тилге аўмастың халкым.

Каракалпак бурын көрген тарлығың,
Оны басып кетти искерпазлығың,
Билинбестен кетип улттан азлығын,
Табыслы көп елге ел костың халкым.

Сол ўактағы мағызлысын үгиттиң,
Дурыс тыңлап балларыңды окыттың,

Бир тилди ойнатып қанша тил уттың,
Совет орайына тил қостың халқым.

Ҳәр ай сайын гүллер питип тилиңе,
Ҳәр жыл сайын күш толысып белиңе,
Бирлигиңди Ўатаныңа елиңе,
Беккемлеў үкитин тарқаттын халқым.

Партиямыз өз алдына халық қылып,
Әзелий ултыңның азлығын билип,
Соған шадланысып, қуўанып, күлип,
Сенде байрамларда шағластың халқым.

Ел жаңартып таза журтқа қонған соң,
Отларың шалқымай дүзиў жанған соң,
Табыслардың көзин ашып алған соң,
Пахта план менен ойнастың халқым.

Мийнетти ким сүйсе досларың болды,
Пахта, шигит, жер суў қостарың болды,
Мийнетти жеңиўде куштарың болды,
Билдиң жолын ҳарып талмастың халқым.

Пахта қоска қостың жалғыз түйени,
Ат тапсаң капталға қостың бийени,
Жерим таптан шықса еңбек күйеди,
Деп күш мал үстинде ғаўластың халқым,

Бай емес сол ўақта кулақ, куйрық бар,
Солардан күш мал ал деген буйрық бар,
Бермейди, көзлери өткир көңли тар,
Сорап, жыртып жаға ғаўластың халқым.

Тақ ешек, тақ өгиз бир жүп қос болды,
Өгизге сыйыр да болса ес болды,
Ҳеш илаж жоқ пахта егиске кеш болды.
Қосыңа не жүрсе сол достың халқым.

Гүзги сүдигарда, бәҳәр егисте,
Апрель, майларда шигит себисте,
Үш ай шабыўылда салып бар күшти,
Адам, ҳайўан демей күш қостың халқым.

Сол ўақта жоқ соқа-сайман қазнаң да,
Қыйсық гүнде, жазық темир пазнаң да.
Устаны көрмеген мала, тырмаң да,
Гезлескен ағашты сен бастың халқым.

Қаратаўдай қыйынлықтың есабын,
Таўып арқаладың мийнеттиң көбин,
Маңлайдан тер төкпей рәҳәттин жоғын.
Гүллениўин билдиң турмыстың халқым,

Соны шығармастан халқым есиңнен,
Камал таптың шын бежерген исиңнен,
Жан тер шығып сарп етилген күшиңнен,
Еки есе арттырып күш қостың халқым.

Сол күштен қайғысыз жеўге нан таптық,
Мазасын шийрин деп билип дәм таттық,
Жылда жүп дәреже алға атлаттық,
Алға басыў жағып коймастан халқым.

Бирлик пенен барлық күшти қосыўдан,
Абырай котерилиў табыс тасыўдан,
Планларың толып ҳадден асыўдан,
Алдыңғылар менен тойластың халқым.

Өзлериңди сейиследиң алыска,
Топландыңыз онеки айлық табысқа,
Миллионерлер менен түсип жарыска,
Қызып қумарланып ойластың халқым.

Қуўанышың кетти қойныңа сыймай,
Аброй, даңқың кетти етегин жыймай,
Булттан шыққан күндей ашылып жайнай,
Совет шуғласына тутастың халқым.

Қарақалпақ көтерилип аспанға,
Илинип ең уллы дәптерде санға,
Көриндиң, шақырдың кел деп мийманға,
Москва шәҳәрине қағнастың халқым,

Аямай жумсаған бармақ билектен,
Ҳақыйқат ықласты берген тилектен,
Көп езилип қорқып қалған жүректен,
Сөзиңе аралас дүр шаштың халқым.

Қарақалпақ кеттиң өркенлеп өсип,
Халқынның ең қыйын тағдирин шешип,
Табыс пенен Москваға жетисип,
Сенде үлес қосып қаснастың халқым.

Сезимиң ояныл кележақ пенен,
Баўыр, жүректи ашқан кең қушақ пенен,

Қарақалпақ ярым миллион халық пенен:
Сен атағын алдың областьтың халкым

Марксизм менен Ленинизмге,
Танысып илиндиң уллы дизимге:
Даңқты көтерип социализмге,
Беккем бирлик пенен нык бастың халқым.

Түби жуўан, бели күшли бир дарахт,
Уша басы кеткен аспанға қарап,
Шакалары дүнья жүзине тарап,
Турған ўақта барып бас қостың халқым.

Бас қостың туўысқан менен табысып,
Табыслы қатнастық келип-барысып,
Келгенлери турмысыңа танысып,
Техника кәнине илестиң халқым.

Табыстан гүлленген ўақта турмысың,
Өзгеше түрленген ўақта қай исиң,
Көрдиң техниканың күшиниң ушын,
Планға да кеңнен колластың халқым.

## 8. Техника жеңилтти аўыр исинди

Мың тоғыз жүз отызыншы жыллардан,
Билимленип оқып шыққан баллардан,
Ийе болып мийнетти алып қоллардан,
Халық ишинде кыйын исти қоймады.

Жасларымыз оқып билимленгенсоң,
Техникалар нобайланып келген соң,
Шийеленген истиң жүйин билген соң,
Өмирдиң бетине шықты қаймағы.

Әўелҳа суў жолын таныған водхоз,
Суў астынан ылай алған земносос,
Каналлардың жағасында ҳәр насос,
Ҳәр трубаңда буркылдап суў қайнады,

Маркстен—Лениннен қалған нусқалар,
Мийнет күнге белгиленген ақшалар,
Қызыл-жасыл дөнди бағы-бағшалар,
Гүллер шешек атып бүлбил сайрады.

Техника басланды аксай, плугтен,
Кейиниң толықтырды неше түликтен,

Ешек, сыйырларды косқан бүликтен,
Қутылып жеңилди мийнет майданы.

Трактор, бульдозер менен ЧТЗ,
Қырық жуп қос өгизге барабар күши,
Механизатордың бир күнлик иси,
Сегиз гектар жерди айланып ойнады.

Оннан соң „С—80“, экскаватор,
Ҳәрбири сексен жуп өгизге татыр.
Жетилип оқыған ме анизатор,
Суткасында онбес гектар айдады.

Нәзер етип көрсең универсалын,
Бир өзиниң ислеп жүрген ҳәмелин,
Қыйынның қыйратыў ушын қамалын,
Кең далада ылақшы атгай ойнады.

Көрип трактордың неше түрлерин,
Айдап көрип тапқа келген жерлерип,
Өгиз қос, ешек қос қосқан күнлерин,
Ядына түсирген басын шайқады.

Машинадан сансыз грузовойды,
Қарақалпақ халқына тең-тегис жайды,
Ҳалық казнасы болган уллы сарайды,
Тасып жүгин толмағанша қоймады,

Шапқыр москвичлер тағы да Волга,
Табысы тасқынлап түседи колға,
Саатта жүз шақырым жүреди жолга,
Радио қурылған иште сайрады.

Техникага есап мотоцикл де,
Табыс таўып минген тура секирди,
Табысы жоқ бармак тислеп өкинди,
Ўақ деп иштен зыгырданы қайнады.

Самолет көринген ўақта аспанда,
Үстимизден гүўлеп, зуўлап ушқанда,
Қорқақ қарақалпақ зырлап қашқанда,
Көп летчиклер көрген ашып айнаны.

Қорыққан сонда бул не қылған әламат,
Аспаннан бизлерге түскен бәлемат,
Аман қалсақ болар еди саламат,
Деп қудай жолына сыйыр байлады.

Ўатанымның суңқары ол самолет,
Деп түсиник айтып берди дарамат,
Олай деме миниўди сен талап ет,
Түсингенлер деп нәсият айтады.

Ҳәзир бизиң усы Нөкисстройда,
Самолетлер жаўған қардай борайды,
Ушса Ташкент, Москваны орайды,
Бес саатта барып берман қайтады.

Қырық жылдың ишинде бул да табысың,
Сондай жақынлады сонша алысың,
Көрип түрмыз бес саатта барысын,
Түйеге онеки ай жолдың майданы.

Қызыл қумды жарып салып жолыңды,
Жеткерип мақсетли жерге қолыңды,
Қарақалпақ абат еттиң елиңди,
Станцияда қанша жүгиң жайланды.

Хабарын еситкен совет орайы,
Есапсыз салынды қанша сарайы,
Аз болған жоқ шыққан даңқы абырайы,
Тахиаташ та қанша роль ойнады.

Инжериң таў-тас океанды гезди,
Ўатаныңнан қанша байлықты сезди,
Көрсетти миллионнан неше мың жүзди,
Тәбияттың қупия сырын қоймады.

Байлығыңның сорты алты, бес төрттен,
Хабары шығып тур оның устирттен,
Нормалы нақма-нақ қанша ис питкен,
Мағлыўматы Москваны жайлады.

Алып қурып көрсен үйиңе газиң,
Бала-шағаң менен көресең ҳәзиң,
Төрт ошақ, өзиңе қайсысы лазым,
Он минутқа қалмай қазан қайнайды.

Жерди асты менен алған крантың,
Қанша рәҳәтленди шәҳәриң кәнтиң,
Ашып-жаўып билип буранда-бәнтиң,
Қурғанның үйиниң иши жайнады.

Қарақалпақ жолларыңды асфальтлап,
Нешше жерден қыйаманлап, дәрбентлеп,

Бағ дүзетип жолдың бойын ҳүрметлеп,
Бердиң халыкка мағзы, қанша пайдалы.

Асфальт жолын тумлы-туска таралды,
Ең узағың Төрткүл, Мойнак, Аралды,
Пассажирин тәмин етти араңды,
Енди автобус бармай қалған қайманың.

Техниканың даўамы көп тағы бар,
Таўсылмайды изги кележағы бар,
Бир уллы техника шам-шырағы бар,
Айсыз караңғыда жәҳән жайнады.

Қырык жылдың ишинде Айдың аржағы,
Барып кайткан жери күнниң бержағы,
Техниканың уллы бул бир тармағы,
Жулдызларға барыўдан да таймады.

Алам тарийхында болмаған исиң,
Көрсетти техника бизге бар күшин,
Дүньяның айланып келип төрт бурышын,
Көп нәрселер ойлап айтты пайдалы.

Гагарин устазы жигит қыз да бар,
Ойлаўға оларда мий де, көз де бар,
Бул техника баска да жоқ, бизде бар,
Бир тоқсан минутта бәрин жайлады.

Дәртке даўалардың дәреги болды,
Қаҳарман халкымның тилеги болды.
Космоста ушканлар жүреги болды,
Орденлеп ҳәм сарпай жаўып сыйлады.

Қарақалпак айтканымда ырасын,
Уллы техниканың көрдиң биразын,
Үстинен өткенде Жердиң жолдасын,
Сезгенлердиң шығып калды ҳайраны.

Қарақалпақ халқының искусствосы,
Жәмлескен кызлардың, жигиттиң жасы,
Көп қымбатлы ойын-арғы баҳасы,
Бирақ бизиң халыққа арзан пайдалы.

Қарақалпақ халкының гостеатры,
Ойналып тур пьесалардың ҳәр түри,
Солардың қойылған ўақта ҳәр бири,
Саҳна клубтың иши гүллей жайнады.

Айтыўға турарлық филормониясы,
Жарасықлы ойын-заўықтың уясы,
Ҳәрбири сайланды тилдиң ғоясы,
Жыйнаған халықтағы бүлбил шайданы.

Қарақалпақ ўатандарлық соғыста,
Шайыр жазыўшылар жазып көп нусқа,
Қалдырды, қалған жоқ жазыўшы босқа,
Душпанларға тилин-тисин кайрады.

Кәҳәрленип кәлем алғанда қолға,
Душпанларға силтеп оң менен солға,
Бир сөзи автомат, бир сөзи бомба.
Еттен өтип сүйеғине бойлады.

Қарақалпақ халкы жазыўшыларың,
Сеннен аяған жок тилинде барын,
Таркагып бир неше жерде қумарын,
Неше шығарманы саған арнады.

* * *

Техника көп жазған менен питпейди,
Көбисине мениң зейним өтпейди,
Өтпеген соң мақтаўға тил жетпейди,
Өз мойнымда, кемис болса қаймaны.

*1964-жыл.*

## Болдың сен жузиктиң гәўҳар касындай

Қарақалпақ көрдиң Октябрь таңын,
Лениниң шығарған айнымас заңын.
Барлық қарақалпақ халықлары жанын,
Пидә қылды куўанышы басылмай.

Әдалаттың тобы менен атқандай,
Зулметтиң силеси соннан қатқандай,
Зулмәт болған жапырылып жатқандай,
Көзге көринбеди жалғыз қысымдай.

Бул кырық жылдың ең әўелги басында,
Ленин партиясы болды қасында,
Зулмәт қара таўдай еди басында,
Жоқ болды қалмады жалғыз мушымдай.

Бизиң партияда кушли пәт қандай,
Зүлмәтти услап силкип жулып тартқандай,
Мысал посқан еллер жүгин артқандай.
Бөлим-бөлим болып кетти қосылмай.

Бизде мәртлер болды халқын қутқарған,
Басларынан аўыр исти атқарған,
Зүлмәтти асырып қуўып асқардан,
Қоймады ҳеш қапталынан асырмай,

Сөйтип қарақалпақ халыққа теңелдиң,
Партияны уллы устаз деп билдиң,
Сен ушын шығардың тутлыққан тилдиң,
Душпаныңның қойдың аўзын ашырмай,

Қарақалпақ аздан қанша көбейдиң,
Өристен тар един қанша кеңейдиң,
Рус халқын көрип жаным деп сүйдиң,
Қуўаныш қойнында аттың басындай.

Уллы дәрт дәрманы Октябрь таңы,
Мақтаўға тил жетпес сыпатлап оны,
Еки жүз миллион болды туўысқан саны,
Ким қалады аяғыңа бас урмай.

Мийнет, рәҳәт —бул екеўи егиздей.
Мойынтырықланған бир жуп өгиздей,
Мийнетти рәҳәтқа туўрап жегизбей,
Табыс таптырмайды күшиң шашылмай.

Табыс бир ғәзийне алтын пуўындай,
Бурқылдап шығады булақ суўындай.
Әмиўдиң пуўы май менен бал уўыздай,
Қәдирин билип күтсең кетер таўсылмай.

Айтқан жолы менен Ленин дананың,
Хызметин иследиң Ўатан ананың,
Барлық қыйынларды услап қамадың,
Техниканы тақлап услап қашырмай.

Қарақалпақ қыйынлықтан қашпадың,
Неше шийелерди шешип дурысладың,
Қашқан қыйынларды қуўып усладың,
Желкесинен басып адым ашырмай.

Трактор болғалы сениң дәстиңде,
Жылдырымдай машиналар астыңда,

Сен колхозға қашан аяқ басгыңда,
Нан көбейип күн кеширдиң кысынбай.

Өзлерине керек болган буйымды,
Пайдаға асырып таптың ойыңды,
Қыялап қыйдырдың талай қыйынды,
Кәлпелердиң алғыр қыран қусындай,

Қарақалпақ техника арқалы,
Табысланып көп қумарың тарқады,
Аўыр қыйын ислер сеннен қорқады,
Ис калған жоқ аяғыңа бас урмай,

Қарақалпақ бул қырық жылдың ишинде,
Мийнет пенен тасқынлаттың күшиңди,
Кырық мәртебе шын бежерип исиңди,
Абырай алдың қатарыңнан басылмай.

Мийнет етип өсип шықтың бийикке,
Қуусаң жетер болдың қулан, кийикке,
Советтиң халқына болдың сүйикли,
Сен алтын жүзиктиң гәўҳар қасындай.

Қайырлы болып қырық жыл басқан қәдемиң,
Саўатларын ашты барлық ладаның,
Билимниң жолында ҳәрбир адамың,
Бахты жалтырап жүр булыр тасындай.

Абырай алдың Ленин орденин тағып,
Болдың онтөргинши айдан да жарық,
Бәрҳа жеңис пенен көриндиң анық,
Топтан озған жүйрик аттың басындай.

Коммунизм гүзарына бет алдың,
Не ойласаң сол мақсетке жете алдың,
Қарақалпақ жаңа өмирден не алдың,
Билгенимди айтып өттим жасырмай.

Енди коммунизм сениң әрманың,
Жарыстан қорықпайды күшли пәрманың,
Қарақалпақ өскен бойда дәрманың,
Көринип тур сабықланған ҳасылдай.

Қарақалпақ барлығыңның басыңды,
Қутлықлайман қырық жасаған жасыңды,
Жолыңызға қойып алтын басымды,
Хызметти коймаспан демим таўсылмай.

*1964-жыл, Ноябрь*

## НУРЛАСЫН

*(„Кегейли“ районы ғаррыларының слётында оқылған)*

Кегейли районында бар болған совхоз,
Келди жыл басынан сапалы гәп-сөз,
Тыңлаңыз еситкен буны көзме-көз,
Сәўир самал ести, ҳәр ким аңласын.

Отыз бес центнер берген қаҳарман,
Нәтийжеде ис көрсеткен меҳрибан,
Мысалы, көгерген жемисли нарўан
Болдыңыз, мен айтып келдим ҳармасын.

Жалқаў болса оны мақтап айтпайман,
Іскерлерди мен мақтаўдан қайтпайман,
Бир геройды мың ҳаярға сатпайман.
Жүзден жүзди асырып берген нормасын.

Былтырғы жыл пахта алған жолдаслар,
Жолкер адам халқын ертип жол баслар,
Отыз бес центнерден берсеңиз дослар,
Көрсетсең былтырғы истиң быйыл формасын.

Кегейли районында аға-инилер,
Исиң кейин қалса күшиң кемелер,
Истиң алдын алсаң мийнет жеңилер,
Ис өтип тусыңнан кейин қалмасын.

Геройлыққа ҳәмме өзин сайлады,
Ҳәммеге теп тегис пахта майданы,
Кегейлиде барлық кемпир кейўаны,
Пахта жемисинен бұлар қалмасын.

Ҳәзир Кегейлиниң барлық елиниң,
Пахтасебеп узайыўы қолының,

Қызым, қарындасым, барлық келиним,
Пахта жемислерин ядта сақласын.

Қушағына пахта алған жорамнан,
Келип кетип хабар алып турарман,
Ноябрьде бир аўҳалын сорарман,
Сол ўақлары жүз қызарып турмасын.

Қыяс жыраў, Аббаз, Садық шайырға,
Ис бежерип көрсет ҳәр бир айында,
Халықтан бурын сен пахтаңды тайынла,
Процентиң жүзден төмен болмасын.

Жетпис пенен қырық бес жастың арасы,
Сақалдың сары, ақ, бурыл, қарасы,
Садықтың, Аббаздың курдас-жорасы,
Кеширерсиз, сөзим аўыр болмасын.

Пахта майданына шыққан тазадан,
Ҳәммеңизде жерге маман саз адам,
Артық орынласаң мақтап жазаман,
Қәдирданлар буннан ғапыл болмасын.

Кегейли районда барлық аламан,
Өзин пахта устасы деп санаған,
Быйыл айырым пахта алған жаңадан,
Халық тилинен алғыс, пахтаң нурласын.

*1965-жыл*

# КОМСОМОЛ

Устазы Ульянов, айтсам қысқасын,
Үлги қылғаннан соң берген нусқасын,
Партияның күши неге тоқтасын,
Жеткиншеги болганнан соң комсомол.

Азатлық жолында халықтың ғамында,
Еркинликтиң сағымланған таңында,
Партиямыз силтеў берген ўағында,
Мәртлик пенен иске кирген комсомол.

Октябрьде болған уллы дойнакта,
Азатлықтың жолын ашқан жыйнакта,
Соннан баслап душпан көзин оймаққа,
Тереқ ойлап, шара көрген комсомол.

Қарсыласып қызып турган толқында,
Бай да, бийде болған ўақта жулқынба,
Қанға инкары қурып жүрген қулқынға,
Шурқылдайдан найза өткерген комсомол.

Қолын созған палға, майға, қаймаққа,
Мийнетсиз ҳарам жеп, ишип тоймаққа,
Соларға басшылық қылған айғаққа,
Аяўсыз жазаны берген комсомол.

Халық бүлинген жалахор кәремет пенен,
Ақты қара деген аламат пенен,
Соларды жоқ қылған әдалат пенен,
Ҳақыйқатты айтып тилден комсомол.

Партияның туўры силтеў бергени,
Ҳалықтың иси, ойлағаны билгени,
Ҳақыйқат сөздиң де, көздиң мергени,
Көзи көрген жерден илген комсомол.

Буннан да бес-бетер алға денерге,
Тилеклес советтиң ери комсомол.

Қырағылық исин халыққа көрсеткен,
Көзин тигип, ишти, сыртты гүзеткен,
Жүрген жерин тартқан сымдай дүзеткен,
Өмирге келгели бери комсомол.

Советтиң халқы да, жери кеңейди,
Енди душпан бизге қарсы келмейди,
Жетилисип жасларымыз көбейди,
Бир үйде екеўдиң бири комсомол.

*1965-жыл.*

Газета халықтың тынық айнасы,
Комсомол халқымның бүлбил—шайдасы,
Сайрап сөйлегени халықтың пайдасы,
Ҳадал улы жаңа елдиң комсомол,

Ата-анамыз бир деп карындас болды,
Барлық совет ели бауырлас болды,
Бир жандай, бир тәндей тамырлас болды,
Татыулық-дослықты сүйген комсомол.

Бойларына қарыу- жарақ асынды,
Қорыққан душпан аяғына бас урды,
Қарсыласса Қап тауынан асырды,
Халқымыздың жауынгери комсомол.

Елимизде социализм қургалы,
Ауыз бирлеп колхоз, совхоз болғалы,
Қайсы исте болса да ол ығаллы,
Уатанымның ғайраткери комсомол.

Өтип кеткен Уатандарлық урыста.
Атака болганда—найза суғыспа,
Болмаған ҳеш, бой жасырыу, буғыспа,
Күшли болып намыс-ары комсомол.

Талай жерде құшакласқан шаңлақта,
Тар жерлерде сай кешиуде, тайгақта,
Жауды жеңип жылауын тез алмақта,
Бир-бириниң мәдеткери комсомол.

Егиске бөлентип партауды—тынды,
Гүл егип гүллентип шөлистан қумды,
Мийнет пенен даңққа бөлеп Уатанды,
Ҳәр қәдемде жеңис берди комсомол.

Жер жолдасы, ракета космоста,
Ушып барып зейин қойып тум-тусқа,
Гезип, сезип көрип келген көп нусқа,
Ерлердиң айрықша ери комсомол.

Айдан ары, жулдызлардың бержағы,
Барған жери, тау, теңиздиң тармағы,
Қыйын емес болған сезим алмағы,
Жаңа табыс талапкери комсомол.

Совет адамынан шыққан шеберге,
Шеберлерден алған бундай өнерге,

## ҚЫЗЫЛ БАЙРАҚ УСЛАП ӨТТИҢ БИРУНИЙ

Мың тоғыз жүз алпыс бесинши жылы,
Гүз паслында қарақалпақтың ели,
Пахтаның терими басланған күни,
Халық алдында дәслеп өттиң Бируний.

Барлық исиң механизаторлар менен,
Раўажланып искер батырлар менен,
Пахта атыз жайнаған шатырлар менен,
Күн-түн тынбай ислеп өттиң Бируний.

Пахта терип көк тулпарды ойнаттың,
Абырай дүньясына халықты бойлаттың.
Желбиретип жеңис қызыл байрақтың,
Ийеси болып услап өттиң Бируний.

Бир машина күнине алты тоннадан,
Тергеннен соң план барма толмаған?!
Қырманың жоқ минарланып турмаған,
Ўатан дузын ақлап өттиң Бируний.

Тоққыз қырлы ҳәрбир универсалың,
Сонлай техникадан тарқап қумарың,
Планды асырыў менен қыялың,
Коммунизмди жақлап өттиң Бируний.

Ар намыс өлимнен жаман дегенлер,
Он бармағы ойнап пахта тергенлер.
Бир суткада ярым тонна бергенлер,
Үлес қосты баклап өттиң Бируний.

Жаталмай сезимли кемпир-ғаррыныз,
Шыдай алмай намысы бар арлыныз,
Шын жүректен иске қарыйдарлыныз,
Көмеклесип көплеп өттиң Бируний.

Қызған ўақта пахта терим дойнағы,
Тапсырмалар ҳәр бир күн ҳәм айдағы,
Ким орынлап өтсе халықтың қаймағы,
Деген сөзди дурыслап өттиң Бируний.

Ҳәр айдың планын тәртиби менен,
Сентябрь, октябрь артығы менен,
Орынланды үлкен мәртебе менен,
Халықтың кеўилин хошлап өттиң Бируний.

Билинген соң халық алдында озарың,
Күн сайын кыздырдың пахта базарын,
Алға қарап көтерилип назарын,
Енди қәуипсиз қаслап өттиң Бируний.

Бурынғыдан бетер умтылып тердиң,
Барлық теримшиге пәтли пәл бердиң,
Ҳәр күн үш ярым, төрт центнер бердиң,
Мағлуматта шағлап өттиң, Бируний,

Қарақалпақ бойынша пахта терилип,
Қалмастан пахтасын терди берилип,
Республикамызға алда көринип,
Бәрин артқа таслап өттиң Бируний.

Абырайдың әдебин сақлап есиңде,
Жайына сарп етип барлық күшиңди,
Тусыңнан өткермей ҳәрбир исиңди,
Мүддетинде ислеп өттиң Бируний.

Халқың болды мийнет десе шабарман,
„Ақ алтын“ устасы күшли қаҳарман,
Барлық район сиздей болса не әрман?!
Кәрўан басы болып өттиң Бируний.

Сен сейиси болдың тынбай шабыстың,
Жарыс техникасын таўып таныстың,
Төрткүл менен бәйги атындай жарыстың,
Бир қәўпиң сол атлап өттиң Бируний.

Еле ҳәм бар күшимди топлап жыйнасам,
Атызда ағарған пахта қоймасам,
Ноябрьге жетпей тойымды тойласам,
Деген ойды ойлап өттиң Бируний.

Быйылғы жыл дақ түсирмей жүзиңе,
Барлық районды ерткен изиңе,
Бул мәртебең қутлы болсын өзине,
Қарақалпақты баслап өттиң Бируний.

Қарақалпақ шайырлардың атынан,
Барлық қуўаныштың салтанатынан,
Қутлықлаўға арналған сәлем хатынан,
Үзинди алып хошлап өттим Бируний.

*1965-жыл, 8-октябрь*

## ҚУТЛЫҚЛАЙМАН ЗУРӘӘТИН ТӨРТКУЛДИҢ

Коммунизмге кәдемлерик урған көп,
Кумарланып анталасып турған көп,
Алға түсип озғанларға аброй көп,
Мағлыўматта шықты аты Төрткүлдиң.

Алда ат келтирген даңқыңды жайдың,
Қарақалпақ халқы айтты көз айдын,
Табысын тастырған он еки айдың,
Шын жаўынгер қол-қанаты Төрткүлдиң.

Атақлы он еки саны колхозын,
Соған раўшанланып түскен халық көзин,
Көрип, еситип турман бүгин халық сөзин,
Сораған саўлық саламатын Төрткүлдиң.

Төрткүл халқы қуўанышқа бөленди,
Тапқан табысына молдан кенелди,
Қарақалпақ толмай қалмас көр енди,
Себеби тийди дәрматы Төрткүлдиң.

Қарақалпақ Бирунийге, Төрткүлге.
Алғысын айтты жаңа табыслы елге,
Қылғаннан соң белбеў буўғандай белге,
Табысының әламаты Төрткүлдиң.

Пахта жерге тийгеннен-ақ табаны,
Жер тилин билели ҳәрбир адамы,
Төрткүлде көп ақ алтынның маманы,
Маманында кәраматы Төрткүлдиң.

Пахтасынан көринип тур белгиси,
Пахтакеш болғанга өрнек үлгиси,
Жетпис, сексен центнерден ҳәркиси,
Гектарына қанааты Төрткүлдиң.

Халық баслаған көзин тауып ер күши,
План толыў көп исленген жер күши,
Төрткүлим сен қарақалпақтың бел күши,
Деўге болар салтанаты Төрткүлдиң.

Қарақалпақ та жақынласып тур енди,
Шайыр жазыўшылар муны бил енди,
Қутлықлаўға кирисейик кел енди,
Еле алға басар пәти Төрткүлдиң.

Жыл басынан темир тулпар айдаған,
Жүз гектарда ылақшы аттай ойнаған,
Соның табыслары мынаў жайнаған,
Қутлықлайман зүрәәтин Төрткүлдиң.

Сентябрьде „көк корабль" мингенди,
Мәўсим басынан руль таўлап тергенди,
Қутлықлайман бир жүз тонна бергенди,
Қосып жалпы жамаатын Төрткүлдиң.

Халық ушын бас қойып жарысқа кирген,
Омыраўлап он бармақ қол-менен терген.
Үш жүз, төрт жүз килограммнан берген,
Қутлықлайман перизатын Төрткүлдиң.

Халықтың мийнет күнин ҳәрбир ай сайын,
Ўақтынан өткермей үлестен пайын,
Үйде, дүзде пахта атызда тап-тайын,
Қутлықлайман әдалатын Төрткүлдиң.

Ақ алтын активи азаматларын,
Үлес қосқан барлық қол қанатларын,
Барлық темир шойын көк полатларын,
Қутлықлайман ҳасыл затын Төрткүлдиң.

Төрткүл районы ҳәзир қарақалпаққа,
Еле ҳәм елли процент береди пахта,
Коммунизмге халықты баслап бармаққа,
Көринип тур шарапаты Төрткүлдиң.

*1965-жыл.*

## ХАЛЫҚ ТИЛИНЕН СИЗГЕ СӘЛЕМ ЖОЛЛАДЫМ.

*(Хожели пахтакешлерине)*

Хожели район Әмиўдәрья бойында,
Жайнаған алтының дөңи ойында,
Жүзге дақ түсирмеймиз деп ойыңда.
Табысыңның алдын-артын болжадың.

Еситиўден тырна, қуўдың даўысыны,
Болып ты деп пахта терим мәўсими,
Халқың менен қар-жамғырдан қәўипсиңе,
Алдын алып—тердиң алгын олжаның.

Халқың жең түринди пешин қайырып,
Етекли пахтаңа жатқан жайылып,
Териңиз деп неше сортқа айырып,
Көк корабль мингенлерди жолладың.

Халқыңа айттың ноябрьден бурынырақ,
Планды орынласақ тилимиз узынырақ,
Кеўил қуўанышта жүзлер қызылырақ,
Деп колхоз, совхозды соған туўрыладың.

Аз күнде көп ислеў ушын гүрестиң,
Жарыс майданында қатты тирестиң,
Жеңис тойындағы алар үлестиң,
Мийнетин шекпеге жанды қыйнадың.

Процентти еки ярымнан тасладың,
Қутлы қызыл байрақты да усладың,
Ҳәммеден озсам деп қәдем тасладың
Сөйтип барлық күшги топлап арнадың.

Халықтың кеўли толды күнлик нормаңа,
Планың толғанша усы формада,

Исиңди апарып аброй алмаға,
Жалғыз минут салқын ислеп қалмадың.

Он күнлик норманды алға өрлеттиң,
Жан аярларыңды қыйнап терлеттиң,
Ислеп ислемегенлерди тербеттиң,
Сөйгип алға бастың минут турмадың.

Ҳәр сааттың минут секундын тосып,
Күн, түнде айырым жоқ бәрҳә-бәр қосып,
Жалпы халқың менен уйқыдан кешип,
Хожели район планыңды орынладың.

Механизаторлар салды көп пайда,
Экскаваторды айдаҳа айда,
Хожели район бүгин октябрь айда,
Аброй дәрьясына тегис бойладың.

Бәҳәр, жазда универсал айдаған,
Тоғыз истиң ислеп бәнтин байлаған,
Бар қыйын исиңди женбей қоймаған,
Мәртлердиң мийнетин бақлап сыйладың.

Көк корабль минип алға өрлеген,
Ҳәр күн бес тоннадан төмен бермеген,
Жыл сайын жүз тонна терип ерлеген,
Соннан да асырып бүгин тойладың.

Пахтаның мәусими октябрь айы,
Тергенлердиң тайын үлестен пайы,
Газеттеги орны ҳүрмет тахтайы,
Хожели район муннан ғапул болмадың.

Билек, бармақ пенен терген теримши,
Он еки тоннадан берди менимше,
Қарақалпақ қутлықлауға келиңши,
Мен соларға тилиңизден арнадым.

„Шоманай“, „Моншақлы“ „Кесе егекте“,
„Карабайлы“, „Қаңбақлыда“, „Хәтепте“,
Пахта зая қылмай жалғыз етекте,
„Ай бүйирден“ берман қарай барладың.

Хожели белгили жерге байлығың,
Көл асты кең дәрья сансыз сайлығың,
Қарақалпаққа жериңниң ҳатам тайлығын,
Сен ашық көрсеттиң жасырып қалмадың.

Өз пайдасын билгенлерде ғапул жоқ,
Ғапулсызға үйретерлик ақыл жоқ,
Аброй, ар намыстан басқа мақул жоқ,
Хожели басқаға қулақ салмадың.

Қарақалпақ халқы шайырлар менен,
Туўысқанбыз сырттан қайғынды жеген,
Бир адам жоқ қутлықлаўға келмеген,
Халық тилинен сизге сәлем жолладым.

*1965-жыл.*

## ҚӘДИРДАНЛАР ҚУТЛЫҚЛАЙМАН ҚАЙТАДАН

Қарақалпақ халқым жылдың басынан,
Пахта тәрбиясын бердиң жасынан,
Мәдений сарайды салып бәсынан,
Быйыл жалпы шығып қылдың атланыс.

Ис басында билимленген сардарлар,
Шырпылдасып тайынланған қардарлар,
Механизатор деп атақ алғанлар,
Бәҳәрде солардан болды ис барыс.

Техниканы қостың рулин таўлап,
Тум-тустан қанша ис келседе ғаўлап,
Бир-бирине қоспай шырпылдап заўлап,
Жазда пахта атызда болды көп жарыс.

Универсал гүрескенде ис пенен,
Жеңбей қоймас тоғыз қырлы күш пенен,
Ғайратынан питер иси ислеген,
Исти көрсе бир ашыққан жолбарыс.

Полат билек он бармақлар алмастан,
Онеки мың кило терген талмасган,
Кейўаны келиншек-қызлар қалмастан,
Арасында болған өз-ара жарыс.

Сөйтип қарақалпақтың бастан аяғы,
Жоны қызбай қалғаны жоқ қаягы?!
Халықтағы көп пенсионерлер баяғы,
Көрсетти олар да исте қол-қабыс.

Жалпы қыздырған соң пахта дойнағын,
Берди Ўатанымыз бизге қаймағын,
Табыс болып тасып онеки айдағың,
Кирди қолға пайда қылып ат шабыс.

Быйыл халықта түк шықпаған жүрек жоқ.
Алмас бармақ бир полатсыз билек жоқ,
Бәри ҳадал кеўил, ҳарам тилек жоқ,
Бирлиги мол, ишинде жоқ бир шалыс.

Табыс таптың Ўатаныңнан туўылған,
Алтын топырағыңнан, гүмис суўыңнан,
Мийнет етпей ала алмайды жуўырған,
Мийнетсизге табыс таппақ көп алыс.

Қарақалпақ быйыл берген пахтаңыз,
Көп дәрдиңе дәрман болар сатсаңыз,
Ҳәр жыл сайын сондай пахта тапсаңыз.
Бәлки асырып кулаш, биргез, бир қарыс.

Ленин орден алған жылы мақталдың,
Өзбекстанның жүрегинде сақландың,
Неше жыллар планың толып пахта алдың,
Толтыралмаған жылында болды там-тарыс.

Жолға он ат қоссаң бири озады,
Жарысқа түскен соң жоны қызады.
Озамыз деп бәри мойнын созады,
Озбасаң да пайда қылды сол жарыс.

Пахтаңызда күшли болған ден саўлық,
Дәриде көп ден саўлыққа арқаўлық.
Бир жалғыз ғозада болмай сырқаўлық,
Врачлары таслап кетпеген алыс.

Рус туўысқанлар қылып ағалық,
Быйыл бизге көп киргизди тазалық,
Соған сәйкесленген уллы жаңалық,
Ноябрьден бурын кирди мол табыс.

Жүйин тапқаннан соң сардар билгиши,
Шынығып нығайды халықтың бел күши,
Қара таўдай болып быйыл ел күши,
Қарақалпақтан қутыла алмады бул табыс.

Быйыл бизиң Қарақалпақ халқына,
Табыслы айланған пәлек шарқына,
Қараганда көп жыллардың парқына,
Быйылғыдай болған емес мақтаныш.

Бауырың ерип быйыл ана—Ўатаным,
Ийип тойғызғандай карнын ботаның,
Аналық мехирбаншылық жасадың,
Болған жоқ перзенттен сизде сақланыш.

Бауырманлар мен ҳармасын айтаман,
Қәдирданлар, кутлықлайман қайтадан,
Бир мен емес халкымның бәри байқаған,
Толды қойын-қонышқа да куўаныш.

*1965-жыл.*

## КӨРИНДИ

*(„Совет Қарақалпақстаны" газетасының шыға баслағанына 40 жыл толыўына бағышланған)*

Мың тоғыз жүз онда жетинши жылы,
Лениннин жеңиске жетискен қолы,
Газетадан оқып көрдик биз соны,
Душпанларға бар айбаты көринди.

Бизиң „Совет Қаракалпакстанда",
Дослар да, душпан да, қуўған, қашқан да,
Дүнья жүзи—жер бетинде аспанда,
Көп нәрсениң аламаты көринди.

Талай ата-баба өлген әрманлы,
Өлмей қалғанның да көз жасы қанлы,
Соларға зулым өткен дарлы, зинданлы,
Қанхор ханның жаман аты көринди.

Жолбарыс, қасқырдан, қутырған ийттен,
Кек алыўға жол тараўын көбейткен,
Қарақалпақ халқы көзиңе газеттен[1]
Партияның әдалаты көринди.

Әдалат көринген ўақта аныққан,
Газетамыз ақ, қараны таныткан.
Дос қуўанып, душпанлар көп ҳаўлыққан ,
Себеп оның жинаяты көринди.

Тап сондай жасанып турған жаўлардан,
Темир тордан, шым-шытырқай аўлардан,
Халқымыздың ожарланған гаўлардан,
Аман өткен саламаты көринди.

---

[1] Газетадан деген мәниде.

Партияның жолын Ленин баслаған,
Әдалатсыз жалғыз табан баспаған,
Жуўырып жүрип, жылысып өтип жасқадан,
Жаўға салған бар ғайраты көринди.

Жанын аямасатан дүтке, жалынға,
Халқы ушын урған өзин қалыңға,
Чапаевтай жолдаслары жанында,
Партияның қол-қанаты көринди.

Жолдас Ленин өзи саркарда, басы,
Мың душпанға тайлас ҳәр бир жолдасы,
Будденныйға мегзер жигер-тулғасы,
Душпанларга ғарабатый көринди.

Газетте көринди қайтпаган пәти,
Мудам алға басқан сүринбей аты,
Қанша миллион болса жамайы-жаты.
Женетуғын әламаты көринди.

Сондай боп көринди Ленин халық пенен,
Жаў жеңиўге шәрт жасасқан анг пенен,
Душпанларға беретуғын пәнт пенен,
Жаўызларға кәраматы көринди.

Ленин сонда бар халқына буйырды,
Халық ишинде душпан коймай сыйырды,
Шапқыр атлар топлағандай үйирди,
Халық күшийниң қабаҳәти көринди.

Қарақалпақ совет газетасында,
Газетаның ең әўелги басында,
Партиямыз өрнек берип қасында,
Тиреп турған диянаты көринди.

Газета бети гәўҳар сөзге жайнаған,
Халық тилинен бурқылдап сөз қайнаған,
Жарқырап шыршадай тынық айнадан
Халықтың сансыз санааты көринди,

Ҳәр күн тасып шығып сөздиң булағы,
Мийри, қўршы қанып халықтың қўлағы,
Деген ўақта патша тахтан қулады,
Халықтың урған қол шаппаты көринди.

Халық арасы қуўанышқа толады,
Бир аўыз сөз мың миллионға турады,

Газетада көринип Ильич шырағы,
Қуралдың ең ҳасылзаты көринди.

Газета бизиң даңқымызды таратқан,
Уллы улттың қатарында санатқан,
Өзбек, түркмен, қазақ арқа тәрептен,
Келген мақтаў, марапаты көринди.

Газетамыз тумлы тустан жол ашты,
Өз иргемиз болды совет қол асты,
Рус ҳалқы өз балам деп қол басты,
Печать басқан сәлем хаты көринди.

Халықты ҳалыққа қой—қозыдай телиткен,
Баўыры қатты халықты мумдай ериткен.
Түсинеди газета оқып сер еткен,
Шәм-шырақтай шарапаты көринди.

Коммунизм деп аяғын басқанның,
Гузарына түсип тулпар қосқанның,
Бизиң „Совет Қарақалпақстан"ның
Бетлеринде қос қанаты көринди.

Мийнетти ким етсе болды сөз басы,
Халқымыздың қырық жыллық жан жолдасы,
Дақ түспеген ақ жүз, көз бенен қасы.
Газетада өзи, аты көринди.

Трактордың көрдик неше түрлисин,
Машинаның булдыр таслы нурлысын,
Санап сөйлеп тилим жетпес гүллисин.
Бираз техниканың аты көринди.

Газетада таралып сениң көп сөзиң,
Шашылып, ашылып кетти гүл жүзиң,
Айттым Қарақалпақтың сансыз поездын,
Жулдыздан көп самолети көринди.

Халқым ҳүрмет тахтасына түскели,
Алтын пияладан шарап ишкели.
Газет пенен бирге қырық жыл өскели.
Сулыў кәдди-кемалаты көринди.

Жаңа өмирге сарп етилип бар күшиң,
Гөне өмирден қалмай алынды өшиң,

Қарақалпақ, қутлы болсын Нөкисиң,
Москваның сын-сымбаты көринди.

Коммунизм жулдызында назары,
Алдын жулдызға алып салған гүзағы,
Алға деп умтылған жарыс базары,
Жететуғын салтанаты көринди.

*1965-жыл.*

## ӨЗБЕКСТАННЫҢ ӘДИЎЛИ УЛЛАРЫНА

*(Өзбекстан жазыўшыларының бир группасы Қарақалпақстанға келгенде)*

Өзбектан шаҳри пайтахт әдалат,
Әдалаттан туўғызыңыз қанаат,
Қарны тойып болды халқым парахат,
Жаманлардан орнай алмай кесапат,—

Кетти, келди жақсылардан шарапат,
Жаман күнде бердиң халыққа дәрамат,
Өзбекстан халқым барлық жамаат,
Әдиўли улларым болың саламат,

Улларым мен көрсем оқып тарийхта,
Көп патшалар сүўретленген тағрипта,
Хабар алмай жумысы жоқ ғәрипга,
Макан тутқан жарғанаттай жарықта.

Азбаған заман жоқ талай сумырайдан,
Болмаған патша жоқ халқы жылайман,
Дүньяның тутқасы десек Сулайман,
Әўел басы тынық, соңы ылайған.

Пираун, Ҳаман өтти шәҳәр Мысырда
Халқын еки айырған жасырын сырда,
Сондай еки жүзли патшалар өткен,
Дүнья басланғалы ҳәрбир әсирде.

Бухара, Самарханд, әмир Темирден,
Гәп урсам писирмей жилик кемирген,
Халқы аш-жалаңаш, өзи семирген,
Халыққа суўық тоқсандағы темирден.

Тап сол ўақта ең арттағы халқы едим,
Ким арттаман десе соның арты едим,

Көсилип даўасыз жатқан биймарем,
Ҳеш ҳукама жаза алмастай дәрт едим.

Сейиссиз ат, бир кәлпесиз қус едим,
Зәң басып, зергерсиз жатқан мыс едим,
Ашыўланып көтерилсем де ғалаба,
Урар жерин таба алмаған муш едим.

Өткен бизден сондай неше заманлар,
Өз нәпси ушын халқын сүймес жаманлар,
Кеўли қара, әгер жоқ болса пара,
Сийласықлы берилмеген саламлар.

Оналтыншы-онжетинши әсирде,
Қайда барса кеселенген кесирге,
Жолыққан ўақтағы айтқан сөзлери,
Бизден ғаний ким бар жетим-жесирге.

Тыңланбаған арзылар көп зарында,
Жүзинде уят жоқ мансапдарында,
Көп мойын созылып қанлы дарында,
Есабы жоқ бийкар шыққан жанында...

Деген сөзлери бар ата-бабаның,
Еситкен де есиң кетер заманын,
Нусқада көрсеткен қыйналған жанын,
Көп тилинип, дуз қуйылған табанын.

Сол зулматтан күним шашырап шыққалы,
Қырық еки жыл жолдас қылдық пахтаны,
Мийнетим зерме-зер тийди қолыма,
Партия, ҳүкимет аброй жапқалы.

Жақлары қурысып қалған қарыларды,
Алғалы кекеген намыс арларды,
Қарақалпақ қырық еки жыл жасады,
Таўып бас қосқалы қарыйдарларды.

Қулақ салып көзим тутып қараймап,
Әдалатлы Өзбекстан орайдан,
Халық ишин тазартқан суўдыр сумырайдан,
Сизлерге бахытлы өмир тилеймен.

Узақ бахыт, шадлы өмирли балларым,
Қыйратқан душпанның кам қыялларын,
Кесип өркенленген қуйрық жалларын,
Совет елин гүллендирген улларым.

Күшли болсын сөйле зибан тиллерим,
Қутлы болсын алға созған қолларың,
Бәрин қосып құтлықлайман инилерим,
Сиясатлы Коммунзм жолларын.

Усы мениң китапларым, мийнетим,
Халқым ушын қолдан келген ҳурметим,
Тилден келген сулыў сөздин зийнетин,
Бердим сизге таржиманың[1] нәўбетин.

Қырық еки жыл халыққа қосқан жеңисим,
Жеңисимнен шыққан ҳадал жемисим,
Шын ҳақыйқат досты достың мәнисин,
Оқып билип, көрип айтса, кемисин.

Жасым алтымыш еки, қарыған ҳалда,
Еки аўыз өтиниш сөз бар қыялда,
Китабым илинсе таржима санға,
Атымды халық билсе деймен жаҳанда.

Сен даңқлы үлкесең Өзбекстаным.
Шакиртимен дәстан жазған устаның,
Көзимнен өткерип бираз нусқаның,
Өз халқымда көп оқыдым дәстанын.

Халық шайыры каракалпақ халқым бар,
„Өзбекстан халық ҳафызы" даңқым бар,
Максетим сол дәссан жазыў дәртим бар,
Алдыңызға қойып отырған шәртим бар.

Аббаз шайыр усы мениң аўҳалым,
Заманым шад, толып тасар қыялым,
Жасармақшы әжим енген жамалым,
Шақырмақшы жас жигитлик шамалын.

*1965-жыл.*

---

[1] Таржиманың—аўдарманың. (*Ред*)

## АЛТЫНҒА ТОЛТЫРДЫ ХАЛҚЫМ ҚАЗНАСЫН

Нөкисстрой орталықта орайым,
Ақ алтын устасы сегиз район.
Усы быйылғыдай нурлы шырайың,
Шыққан емес, мен айтаман ҳармасын,

Сегиз тәрепинде сегиз булағың,
Аспанда ушып, жерде жуўырып пырағың.
Быйылғы жыл сениң жаққан шырағың,
Ўақтынан көп бурын сәуле шуғласын.

Салып, көринис берип болды жақтымыз,
Минарланып турған пайтахтымыз,
Мийнет пенен артты абырой бахтымыз,
Барлық шайыр сөзин соған арнасын.

Болса бизде техниканың гүллиси,
Суўда, қырда, ойда, дөңде түрлиси,
Ўақтынан бурын ис питирген белгиси,
Бейимленип шайырлар сөз торласын.

Айдын жолда қырық тоғыз жыл болды,
Шөлистан гүлзарлық қалың ел болды,
Көп жараҳат жазылып гүлала-гүл болды.
Зейни зийрек жаслар буны аңласын.

Быйылғы жыл респўблика водхозы,
Жердиң пәсли-бәлентинде еки көз,
Мыңнан миллион өнетуғын ақ бозы,
Алтынға толтырды халқым қазнасын.

Республикамыздың суўы, торпағы,
Гүмистиң, алтынның болды урпағы,
Бул бахыттың басымызда турмағы,
Коммунизм жолы халқым дурылансын.

Республика халқымыздың сүтини,
Баўрымыздың саламатлық пүтини,
Байрамнан онбес күн бурын ҳукими,
Жүрип, орынлады барлық нормасын.

Республикамыздың қала-даласы,
Ҳаял-еркек, жасы, кызы-баласы,
Быйыл таўып берген Ўатан—анасы,
Ақ алтынның кең ғәзийне ордасын.

Мектеп пенен институт баллары,
Жәрдемлесип артты табыс жоллары,
Жулдыздан жол салса билимдарлары,
Айдан өтип күнге неге бармасын.

Республикамыздың табысы тасып,
Ат байрақтан озды алдына басып,
Екинши орынды алды жанасып,
Биринши орынның қасып арқасын.

Республика халқымыздың роли
Тутар көрип Москвадай өрени,
Биринши орынға өзин тиреди,
Халық өт деп тур кумарымыз тарқасын.

Сегиз район, сегиз табыс каналы,
Таўсылмас булактан тасқын сағалы,
Бахытлы жаўынгер басшы ағалы,
Исин бақлап айтып турмыз ҳармасын:

*1966-жыл,*

## ӨЗБЕКСТАНЫМ

Орта Азиянын уллы марказы,
Жәҳәнды жаңлатар сәўбетли сазы,
Сазын таслап кетпес үйрек, куў-ғазы,
Сазға кус қондырған Өзбекстаным.

Сазға қус қондырса қыс пенен жазы,
Адам оған неге болсын наразы,
Қанша мақтап айтсам питпес бәрбазы,
Саз жөнин тындырған Өзбекстаным.

Пьесаларда көрсетсең де сахнадан,
Ойын-күлки заўқы-шаўықты сақлаған,
Абайлайды зейнин қойып бақлаған,
Ҳәммеден шеберсең Өзбекстаным.

Бизге де жайылып соның нусқасы,
Жол-жоба көрсетти шебер устасы,
Және жер—суў өндиристиң устазы,
Болды мийи толы ақылы қысқаның.

Әўелден жемистиң кәни атақлы,
Жана заман жаңа адамға ардақлы,
Ўатаның кең кәнтли, бағлы, шарбақлы,
Бүлбилдиң мәканы бағы-бостаным.

Зийба зийнет бериў ушын пахтаға,
Палапандай тәрбиялап бақпаға,
Жер баўырын жибитип табыс таппаға,
Бәри сизден шықты шебер устаның.

Жетилип оқыған ақлы кәмалдың,
Силтеўин алып қазған талай каналдың,
Топырағы алтын, гүмис суў деп саналдың,
Орта Азияда Өзбекстаным.

Быйыл бар күшиңди алға өрлеттиң,
Дүнья жүйрик—қашқыр кийик сен жеттиң,
Сени қыран, тарлан қусқа мегзеттим,
Енди қутқармайсаң қалған, қашқанын.

Он область он тәрепте он қанат,
Ушсаң көтерилер аброй салтанат,
Қуўанышка болга халқымыз абат,
Қанатыңды комлап аспанға ушқаның.

Область, район, колхоз, соахоз әўладың.
Тапсырманы мәгар қатты таўладың,
Быйылғыдай болган емес саўлатың,
Ғайрыресим жақсы ырымды басладың.

Мийнеттиң палўаны барлық область,
Быйыл барлығынан қосылған үлес,
Ойланганға уллы айрықша бир ис,
Жазыўга тил зыбан жетпес дәстаның,

Акшам ай сәўлесии, күндиз күн нурын,
Салды кем-кем таптың табыстың қорын,
Сыйлық сарайынан молдан кең орын
Алып кеўилиңизди жәмлеп дурысладың.

Шигиттей шер қалмай пигти әрманың,
Бултқа шамаласты пахта қырманың.
Дизилип тартып тур қызыл кәрўаның,
Кәрўан басы болып байрақ устадың.

Жердиң тилин билген жеңимпаз елиң,
Байрамынан бурын узайтып тилин,
Алпыс бес намаға шайда бүлбилиң,
Сайрап тур тап ҳәзир үлес қосқаның.

Есапласып көрген ўақта санасып,
Коммунизмге жақынлап қапты жанасып,
Әзелий миясар жумыс минәсип,
Басланып қасланган Өзбекстаным.

Қарақалпақ халқы атынан ҳармасын,
Айтып турман қутлықлаўы қалмасын,
Келер жыл буннан да бегер нурлансын,
Өзбекстан мен де үлес қосқаным.

*1966-жыл.*

## ШАД ЕТКЕН БАЙРАМ

Жолдас Ленин ўәде қылған халық пенен,
Нешше жыл жүректе жатқан дәрт пенен,
Дәрттиң даўасы деп ишкен ант пенен,
Жеңис Октябрь деп шәрт еткен байрам.

Маркс—Энгельстиң Орақ—Балғасын,
Халқы менен беккем услап алғансоң,
Езилген ел ерип жәрдем болғансоң,
Төңкерис қылыўға қаст еткен байрам.

Сол күни дослар[д]ы дослар излескен,
Жәмлесип патшаға қарсы жүзлескен,
Жүзлесиўи октябрьге гезлескен,
Душпан бахтын бирден пәс еткен байрам.

Қарсыласқан күни болған қым-қыйқаш,
Ким жалаңбас болса, кимлер жалаңаш,
Өлмей қалғанлары болған қаша-қаш,
Өлген душпанларды дәсте еткен байрам.

Сол күн Ленин ақ патшаны қулатып,
Зарлыны, муңлыны излеп жубатып,
Дүнья пролетарларына унатып,
Питкен исти жәрия еткен байрам.

Сөйтип азатлықтың таңын атырған,
Айыў, қасқыр, жолбарысты қутырған,
Жыйып алып, туңқуйыққа батырған,
Қайтып шығармасқа шәрт еткен байрам.

Патшаны қулатып турған шағында,
Советтиң, халқының кең қушағында,
Шыдайалмаған таза шыққан ағымға,
Небир тандыр басты пәнт еткен байрам.

Сондай кылып жеңис тапқан баяғы,
Байрамымыз октябрьдиң аяғы,
Тап сол ўақта барлық достың таяғы,
Душпан манлайына сарт еткен байрам.

Сол ўақты ойлап көзди салсам жаҳанға,
Нәзер етип жақсыға да, жаманға,
Зейин койсам гөне, жаңа заманға,
Аспан менен жердей парық еткен байрам.

Эя дослар, усы байрам арқалы,
Көп мәқсетли кумарымыз таркады,
Келмек түўе көз салыўга қоркады,
Халқымның душпанын мат еткен байрам.

Бул октябрь онеки айдың ағласы,
Жаҳан пролетарларына шуғласы,
Түсип, сүймей калғаны жоқ кулласы,
Сүймегенниң кеўлин дәрт еткен байрам.

Октябрь ең уллы байрамның басы,
Өлшеп сынаққа алсаң көп аўыр тасы,
Советтиң халкына қымбат баҳасы,
Жаҳанды жайнатып жақты еткен байрам,

Болды быйыл қырық тоғыз жыл майданы,
Ҳәр жыл жыйып онбир айлық пайданы,
Халқымның сүйикли жеңис байрамы,
Жетинши ноябрь ўәде еткен байрам.

Советтиң халкының кумары сонда,
Абырай тапкан ердиң назары сонда,
Той-тойлаған халықтың базары сонда,
Ҳәр жыл халкымды шад еткен байрам.

Онеки айды алғандай ақ дизимге,
Халық пенен бирлесип, коммунизмге,
Көрсетип тур нешше түрли үзинди
Халықты жеткериўге ўәде еткен байрам.

* * *

Каракалпак қара булттың астында,
Барлық азатлыкка шерик достында,
Соннан қалай қутылыўдың ышқында,
Турғанында бирден жалт еткен байрам.

Жақты сәўле түсип топырақ, суўыма,
Ишпей, жемей көрип тойған пуўына,
Қашан жетемиз деп қызыл туўына,
Сағынып жүрген халыққа шырып еткен байрам.

Халқым бизден усы байрам себепли,
Көп ушықлар ушып кетти кепекли,
Таўсылмастай арт бети кең етекли,
Дүнья төрт бурышына сер еткен байрам.

Партиямыз Қарақалпақты бақлады,
Ултан аз деп қолын берип жақлады,
Аўқат-гүзар ет деп берди пахтаны,
Турмысынды сөйтип гүллеткен байрам.

Жер, суў менен, ҳайўан, адам зат пенен,
Қаназат, азамат, перийзат пенен,
Мулайым шийрин сөз, хошемет пенен,
Бас қосып аўзыңды бир еткен байрам.

Сол ўақтағы қырық мың қыйынға көнип,
Жеңбей қойғаның жоқ үстине дөнип,
Гүмис суўдан топырақ, алтын боп өнип,
Халқым табысыңды кенелткен байрам.

Партиямыз халыққа тегис жайғаннан,
Сол ўақ рәҳәтлендиң соқа сайманнан,
Техникалар буўат-буўат тайланған,
Келип, турмысты алға өрлеткен байрам.

Келди изи үзилместен түрлиси,
Экскаватор—иске батыр гүллиси,
Мың адамның исин ислер бир киси
Ашықтан-ашық соны көрсеткен байрам.

Техниканың бири универсалың,
Бузды қыйын истиң қатты қамалын,
Нурландырып халқымыздың жамалын,
Ильичтиң шырағын жайнатқан байрам.

Қарақалпақ биз шыққалы жарыққа,
Пахта план алып еккен тарийхта,
Быйылғыдай абырой болмас халыққа,
Шың басына шыннан өрлеткен байрам.

Механизаторлар салып қарыўды,
Быйылғы жыл көп жеңилгти аўырды,

Халкымызға Ленин орден алыўды,
Ҳәзир талап етип, халық күткен байрам.

Ҳәр жыл гүзде усы байрам қасында,
Болса халкым, бахыт қусы басында,
Бүгин мине бири кем елли жасында,
Ҳәзир күшке толған ержеткен байрам.

Ким ҳәўес болмаған сарғайған таңға.
Халқымды үйретип мийнетли нанға,
Бесиктей кундақлап бөлеп ўатанға,
Халқымды әлпешлеп тербеткен байрам.

Бири кем елли жыл төртте пасылдан,
Ғәзнийнени толтырып ҳәртүр ҳасылдан,
Ўәдесинен бурын планды асырған,
Уллы максетине бир жеткен байрам.

Қарақалпақ халқына дәўлетти, бахты,
Қондырып жайнатып шәм-шырақ жақты,
Нешше жерде фондлап, запаслар артты,
Халқымды қаҳарман мәрт еткен байрам.

Алпыста алтыншы жылдың гүзинде,
Коммунизмнен нешше түрли үзинди,
Есап китап, уллы дәптер жүзинде,
Аңлап, түсингенге көрсеткен байрам.

Октябрь жетинши ноябрь менен,
Мапазын қыздырып күни түн менен,
Жеңис қазийнесин түр-түри менен,
Толтырып халқымды шад еткен байрам.

Қутлықлайман барлық механизатор,
Коммунизм жақынласып киятыр,
Халык қарсы алып алға басып баратыр,
Табыслы қәдемин үдеткен байрам.

Қутлыклайман ел баслаған ерлерим,
Қуўанышлы қарақалпақ еллерим,
Суҳбетли—саз, бүлбилиў шайда тиллерим,
Гүлли зибанына гүл биткен байрам.

Талай қыйыншылыкқа халқым шыдадың,
Ҳәр жыл сайын болып өтип мурадың,
Алпыс жетинши жыл барлық планын,
Жүз елли процент шәрт еткен байрам.

*1966-жыл.*

# ЕСТЕЛИК

I

Бир сөзим бар саған иним Ибрайым[1],
Ғалаба көтерсек халықтың абрайын,
Сәйир етип айналсам Совет орайын,
Ғаррылық, биймарлық қайда барайын?!

Адамға жас минип қартайған сайын,
Наўқас жайлап кеўилдиң кең сарайын,
Алып кетип денсаўлықтың қолайын,
Бермей жүрғой жазыўшылық орайын.

Еки аўыз сөзим бар, өмир баяным,
Түңлиги ушып биз жасаған уяның,
Қос қабатлап жетим, жаслық зыяны,
Тийип, жаслай дузын тарттым қиянық.

Жалаң аяқ жәбир шектим мен жастан,
Дүнья кийик болды жеткермей қашқан,
Оннан жақын болды ай менен аспан,
Мендей ким бар турмыс ушын от басқан?!

Дүнья бизге көк тас болды мийтиндей,
Турмыс қысып жүре алмадым тиңтинбей,
Бас айланып, мий ғырланып жойылттым,
Ақылымды ғәзийнениң гилтиндей.

Жүзимди сарғайтты истиң сапасы,
Қалыңып қалғытты көңил қапасы,
Нәзикленип жүрген көңил шийшесин,
Көп тийип сындырды жапаның тасы.

---

[1]. Шайыр өзиниң бириншн томын Ибрайым Юсуповқа естелик еткен. Бул автордың жазған автографынан. Қосық шайырдың үй архивинен алынды (*Ред.*)

Заман тар, дунья жоқ мен жарлы болдым,
Қаўын ексем мен қасқа көп сорлы болдым,
Жүрҳә-жүрден қалып мен арлы болдым,
Бир өнер табыўға қардарлы болдым.

Қапаланып халыққа мойным усындым,
Дүньяға мен жетпеспен деп түсиндим,
Геўдеден бирақта жаным шыққан жоқ,
Шықпаса да шамаласып қысылдым.

Қысылғанда таўып оқыдым дәстан,
Оқыдым да адам жыйнадым достан,
Қутыла алмасам да қысқан турмыстан,
Зорға шықтым бир тығылған қуўыстан.

Тахтакөпир, Шымбай менен Қараөзек,[1]
Жүрдим мен қысса оқып гезекме-гезек,
Сөз мергени болып көп аттым гөзеи,
Шайырлықтың жолын ашпаға дүзеп.

Шайырлық көп жерде тамыры тереңде,
Тереқ деп қоймайман жүдә төменде,
Мысалы сол шайыр болсам дегенге,
Қайнатпасаң ийилмейди емен де.

Шайырлық жоқ тынышсыз абисереңге,
Мийнет шекпей бал түспейди зеренге,
Қулағын жибитсең сөйлер гереңде,
Рахмет сөздиң балын таўып жегенге.

Келтире алмай сулыў сөздиң есабын,
Перделенген ақ жүзиниң нықабын,
Мен ашалмай сарсаң болып көп жүрдим,
Шайырлықтың сыртындағы шынқабын.

Усылай болды, мениң жастағы күним,
Бири жалған емес барлығы шыным,
Китабым естелик Ибрайым иним,
Иним көзиме айт, бар болса миним,

II

Қарақалпақ халқында айланып жүрип,
Ҳәр тема үстинде ойланып жүрип,
Бир жағы турмыстан қыйналып жүрип,
Шыққан биринши том ағаңның сөзи.

Жасым алпыс екиде, қартайған ҳалда,
Жетпис бес турыпты көринип алда,
Ағаң марҳум болса бийғапыл қалма,
Сакласаң естелик ағаңның көзи.

Ағаңның китабын оқып қанарсыз,
Мактана алмайман орта санарсыз,
Оқыған ўақлары ядқа аларсыз,
Бастырылып кетсе ағаңның жүзи.

Китабым естелик қалды атыма,
Оқып, көзиң түскен сайын хатына,
Қәне иним алып турсаң, ядыңа,
Жумылып кетсе де ағаңның көзи.

Ўақты питип, тәннен шықса да жаным,
Көп топыраққа қосылса да бәданым,
Сағынып окырсаң еске алып иним,
Келер көз алдыңа ағаңның өзи.

Атым Аббаз шайыр, Дабылдың улы,
Өзбек, казақ, қарақалпаққа белғили,
Тахтакөпир, „Қараой" туўылған жерим,
Иним саламат бол сөзимниң изи.

*1965-жыл.*

## ЫРЫСБИЙКЕ.[1]

Атыңыз Ырысбийке, көзиң мәстана,
Сени көргенлердиң ақлы ҳайрана,
Бизни ташлап яна бақма ҳәряна,
Сениңдей перизат болмас Ырысбийке.

Юзиңни көриўбәм шаўқыңа тойдым,
Тәрийпиң нағыш әйлеп қағазға ойдым,
Сөзни безеп, қал үстине қал қойдым,
Сизге ҳешбир жанан барабар келмес.

Ҳәмираның ашыйгы Ҳүрлиқа жаный,
Сен өзиң юрерсең кызлардың ханый,
Көрсе ашық болур бегу, султаный,
Ҳүрлиқа хәм сизге барабар келмес.

Шийрин билен Фархад өтти жаҳандын,
Нешше мың ашықлар өткен арадын,
Қазақ, қарақалпақ, молла, хожадын,
Сизге ҳешбир жанан барабар келмес.

Хийўаны сораған Исфандияр хан,
Ашық жамалыңа бек бирлен султан,
Андын соң янеде Айқан, Өтехан,
Булар ҳәм сизиңдей емес Ырысбийке.

Қолдаўлы Әммегүл, балғалы Әнар,
Мүйтенде Ақсулыў, Маңғытта Гүлзар,
Ҳаслы кәлам, буў дүньяда ҳәрне бар,
Булар ҳәм сениңдей емес Ырысбийке.

---

[1]. Тахтакөпир районының Қара өзек поселкасында турыўщы Қайыпов Нийетулладан жазып алған Сағынбай Нийетуллаев. Аббаз жас жигит ўақытларында жигитлерге, қызларға арнап көплеген қосықлар шығарған. Усы „Ырысбийке" қосығы да информатордың айтыўы бойынша 1913—1914-жыллары Әбдикерим деген жигиттиң атынан Ырысбийке деген қызға шығарылған қосық. Информатордың айтыўы бойынша бул еле де толық емес, қалған жақларын информатор умытқан. (*ред.*)

# БИБИЙМӘРЯМ[1]

## (*поэма*)

### I

Заманында болды Аймурза баққал,
Жалпак, котыр қара киси, шоқ сақал,
Алыўға зор, бериўге жоқ бәдәпқал,
Бийбимәрьям сол ўақыттағы ҳаялы.

Саўдасы мәтаба, тақия, шапанпурыш,
Кырмызы салыдан сайлап алған гүриш,
Дәри-дәрмақ, қант, чай, ҳәмде қара бурыш,
Қалталардың аўзын шыйырып қояды.

Аймурзада сүтқорлық бар, бақыйлық,
Марьямда бар жан аямас сақыйлық,
Атын сорап келсе қонақ бир қойлық,
Талас-тартыс раўажланып турады.

---

Атақлы шайыр өзиниң „Бийбимәрьям" атлы поэмасын қарақалпақ совет әдебияты көрнекли ўәкиллериниң бири, белгили жазыўшы Жолмурза Аймурзаевтың өмиринен алып жазған. Поэма кең планда, Жолмурзаның туўылғанынан баслап, белгили жазыўшы болып жетилискенге дейинги дәўирди өз ишине қамтыў мақсетинде болған. Бийбимәрьям Аймурзаға болыс, ақсақаллар болысқаннан кейин, олардың сөзинен мәнис тапбай Аймурзадан ажырасып кетеди. Курсақта қалған баланы төркинине барып туўады. Атын Жолмурза қояды. Жолмурза дайыларының тәрбиясында болады. Совет заманының жақты қуяшы маңлайынан сыйпаған Жолмурза жетимликтен қутылып, оқып адам болады. Бул ҳаққында жазыўшы өзиниң „Жетимниң жүреги" повестинде кеңнен сөз етеди.

Поэманы жазарда автор Жолмурзаның өзи менен жеке сөйлесип, оның ағайын-туўғанлары ҳәм аўылласларынан көп материаллар жыйнаған.

Сум әжел кең пландағы поэманы питкериўге мурса бермеди, ол тамамланбай қалған.

Поэма шайырдың үй архивинан алынды (*Ред.*)

Мен кисиден алаберсем бермесем,
Аўырмастан мыңға шықсам өлмесем,
Қонақты қондырмақ туўе көрмесем,
Деген иште Аймурзаның қыялы.

Бир күн қайын атасы келди үйине,
Мәрьямның қурт болып түсти мийине,
Атасының бир ақшамлық сыйына,
Бир жетим шөжени зорға сояды.

Болалмай жүр бир-бирине минәсип,
Күнаратпа жарты қасық гүриш асып,
Адам келмесин деп тәмбини басып,
Сонда шалақурсақ зорға тояды.

Бийбимәрьям бир күн келген қонаққа,
Бир қойды миясар көриң тамаққа,
Кеўли алып қашып сақыйлық жаққа,
Аймурза келместен бурын сояды.

Қонақлар билмеди бирақ бул сырды,
Аймурза келди де көрип көгерди,
Мәрьямға бир көз алартып жиберди,
Қонақ кетсе көрермен деп қояды.

Қайнап атқан басын көрип қазанда,
Аўырдым деп жатты жоқ деп мазам да,
Қонақларды атландырып азанда,
Бузбаға қарады жыллы уяны:

— Мен бес түйип жүрсем жалғыз тийинди,
Бузыпсаңғой есабымды, ойымды,
Таўықлар турганда нардай қойымды,
Атаңа нәлет қалай көзиң қыяды.

Жаман кеткен екен көкирегиң тасып,
Ойласпай қой сойып қазанымды асып,
Жүргенимше ҳәр қазанда таласып,
Бир қатын алсамшы сеннен зияда!—

Деп ашыў тамырлар қозғалды қызып,
Қайтадан қурыўға хожалық бузып,
Бир қонақ ас ушын ҳаялдан безип,
Дүнья Аймурзаның ақлын жояды.

Жалғыз қойға ақлы-ҳуўшын алдырып,
Мәрьямның үстине таяқ дөндирип,

Басын жаралады мийин тындырып,
Барлық үсти басын қанға бояды.

Аяқ басып шықты далаға қашып,
Бастагы жарасын еки қоллап басып,
Қан тыйылмай кетти үстине жосып,
Көрген адам басын шайқап қояды.

## II

Енди дослар сөз еситиң Мәрьямнан,
Иши толып кернеп ҳәсирет ҳәйраннан,
Таяқтың зарпынан мийи айланған,
Ақылдың да еки көзи байланған.

Аймурзадан иси питип таяқтан,
„Дос табылар екен маған каяқтан?
Төркинимнен адам барма кияткан?
Жолаўшы дос боларма екен сояқтан?“—

Деп жылысып шықты әсте қозғалып,
Қанлы басы жарылыўға аз калып,
Аўзы-басы қызыл қанға былғанып,
Қанлы жегде жаўлықларды қолға алып.

Қайсы үйге барарын билмей ойланып,
Жүрди Тахтакөпир халқын айланып,
Көрген жуўырып келе берди жыйланып,
Бул не деген сумлық деди қыйланып.

Қыйланған халық айтты: әй, саҳыпжамал,
Қанына боялып боллыпсаң жағал,
Ҳәзир үйинде отыр Мәмбет ақсақал,
Соған барсаң шешиледи бул аҳўал.

Тахтакөпир халқы, гүлли бессары,[1]
Басқа еллер бессарыға тең жары,
Палымбет, Ырсымбет, Рейим сары,
Шетинен кәтқуда сөздиң сардары.

Мәмбеттиң үйинде булар жәмлесип,
Чай қайнатып көкнар ишип ҳәзлесип.
Қазанын астырып палаў демлетип,
Отырғанда кирди Мәрьям гезлесип.

---

[1]. Бессары—қарақалпақ урыўы. Аббаз шайырда, Жолмурзада усы урыўдан.

Ырысымбет Мәрьямға—бул не ҳал?—деди.
Жағалланған бети-аўзың қан деди,
Адам баласына керек ар деди,
Жүрисиң жинлиге бара-бар деди.

— Сен бүйтип жүриўге уялмайсаң ба?
Отыңның басына сыялмайсаң ба?
Ерге қарсы сөзди тыйалмайсаң ба?
Төккен абройыңды жыйалмайсаң ба?!

Мәрьям айтты:—мен сизлерге дуўрылап,
Айтсам жолықтымғой, бәлеге сорлап,
Өзиниң абройын қонақган урлап,
Мениң абройымды төктиғой қорлап.

Еки көзи дастурқанға тигилген,
Не салдың деп қазанғада үңилген,
Өлмей айрылмайды ҳарам көңилден,
Келген қонақ кетеринде түңилген.

Шөже таўық пенен қонақ саўады,
Мен сақыйлық қылсам саўаш туўады,
Сол күн шанаш, қаптың аўзын буўады,
Қой десем таяқлап мени қуўады.

Дастурханы шамаласса толарға,
Пышақ алып тәп береди шаларға,
Бунпан ҳәм өмирлик саўда боларма,
Халқым, жаққан отым дүзиў жанарма?!

Дүнья жыймақ ушын туўған Аймурза,
Қонақ асы берсем маған наырза,
Өлимнен жақсы емес мендеги жаза,
Бир күн жетер деймен ўақытсыз қаза.

Аймурзаның сөйеринен қорқаман,
Ашыўынын бир күни жоқ тарқаған,
Дүнья ушын мени тастап шалқадан,
Шала кетер деймен өзи шорт адам.

Қәйин, қайнағалар қурбы, қурдасым.
Орынсыз таяқтан жарылды басым,
Кимнен соралады усы көз жасым?
Енди гүман ҳаял болар болмасым.

Аймурза қайтарды мениң пағымды,
Көрмей таяқ урды қыянатымды,

Енди тауып алар жаксы қатынды,
Алып бериң мениң талақ хатымды.

Айтты Мәрьям көзден аққан жаслардан,
Хабар алар деген қанлы баслардан,
Көп тәмем бар жаны ашыған дослардан,
Ким бар Тахтакөпир халқын басқарған?

Буны еситип сол уақта
Палымбет пенен Ырсымбет,
Ирадасы болмады,
Бул катынды жиберип,
Сыртынан қарап қалмакка,
Шылымбет пенен Қосымбет,
Келимбет пенен Ешимбет,
Сыйынып булар әруакка,
Болыслардың алдына—
Жибермей, аброй алмакқа,
Бессарының ары ушын,
Кысынып түсип тырнакка,
Көтере берди бар мушын,
Аймурзаны урмаққа,
Жибермеске Мәрьямды,
Жыйылып салды бар күшин,
Дузакты салды тил менен
Илдиремиз деп қармаққа.
Ай күни питкен ҳаялдай,
Ушырасты олар толғаққа,
Сонда да Бийбимәрьямның
Интиҳасы болмады.
Енди қатын болмакқа.
Тырысып намыс арына,
Бессарылар сол уақта,
Айтты Реймсарыға:
—Билесеңғой сен жөнди,
Нәсийҳат етип жеңгеңди,
Аймурзаны жаманлап,
Мәрьямның сөзин дуўрылап,
Жиберме деди табанлап!
Реймсары сол уақта:
—Мөр устаған ақсақал,
Шақырып әсте биймәлел,
Қасына алып Мәмбетти,
Бирге ислейик хызметти,
Деп шығарып Мәрьямды,
Аўлағырақ далаға,
Сөз жаймай қатын балаға,
Ақсақал болған Мәмбеттен,

Айтылмай сөз қалама?
Жеңге қайда кетсеңде,
Қалмайман деди кейниңнен,
Райдан қайтып жеңге жан,
Сөз есит деди қәйниңнен:

Айтты Мәмбет Бийбимәрям ҳаялға;
—Жегежан кетпеңиз жаман қыялға,
Аймурзаның өзи қалар зыянга,
Сениң ҳешбир нәрсең кетпейди жеңге.

Дүньяның ышқына түсип Аймурза,
Қажығандай саған болса наырыза,
Сени таслап катын алса бир таза,
Аймурзаны сендей күтпейди жеңге.

Сынап жүрмиз сени алып нәзерге,
Шыдап жүрген сен сутқорлық азарға,
Қайбир қатын басын салса базарға,
Ең қымбаты сеннен өтпейди жеңге,

Аймурзаның сутхорлығын билемиз,
Мүның дүнья жыйғанына күлемиз,
Базар күни капталында жүремиз,
Қырынлап бизлерден шетлейди жеңге.

Ислеген ислери ырыққа кемейди,
Дүньяны жыйнады ишпей жемейди,
Сутхорлығын Қарўын байға теңейди,
Не себеп қара жер жутпайды жеңге.

Үсен ақсақалдың қызы атың бар,
Көбирек қыз болған салтанатың бар,
Ҳәр аўылда қандай жақсы катын бар,
Көрип жүрмиз сизге жетпейди жеңге.

Бул Аймурза тура бермес күшинде,
Қартаяр аларсаң бир күн өшиңди,
Қайт ырайдан қол сынса, жең ишинде,
Жақсы адам жаман сөз ериткейди жеңге.

Бир ашыўды бизге берсеңиз негер,
Таяқтың жарасы питерде кетер,
Бирақ сөз жарасы сүйектен өтер,
Тап соның жарасы кетпейди жеңге.

Еки надан от басында отырса,
Даўасы жоқ төбелесип кугырса,
Еки дана бир ошакка дус болса,
Өлгенше бир бирин сөкбейди женге.

Адамның бар болса намысы ары,
Кеўил қабартпайды саўгилли яры,
Жүгин аўырсынып түйениң нары,
Буйдасын какпасаң шөкпейди женге.

Женге айыбы жоқ адам адасса,
Адасып, айланып үйирин тапса:
Уялған изинде етегин жапса,
Ар ушын абройын төкпейди женге.

Бул сөзлер жайылып далаға кетсе,
Даў болып шубалып ҳәптелер өтсе,
Талақ хат алыўға казыға жетсе,
Парасыз бир кәлем түригпейди женге.

Эгер сойылмаса семиз бир сыйыр,
Сөзиң сөйленбейди асла бир түйир,
Шубалып жүриси қыйырда, шыйыр,
Есигиңнен атлы кетпейди женге.

Ерли зайып бенен болған урысқа,
Шаўкым көтермей ақ бундай жумысқа,
Сыр билдирмей женге душпанға, доска,
Өз-ара ағайин жөплейди женге.

Мәмбет аксакалман мөрли мәнсаплар.
Параны жемеймен менде инсап бар,
Тап усы калада қанша кассап бар,
Қайниң мал сойгызбай еплейди женге.

Марьям айтты Мәмбетке,
Сиз биз деген ҳүрметке,
Не жетеди шырағым,
Бессарылар жыйланып,
Буйырса мени хызметке,
Шаршамастан таймастан,
Бир өкшеден айланып,
Етерем хызмет кел-кетке,
Қонакка хызмет еттиң деп,
Шыдамадым шырағым
Жала жапкан дөҳметке,
Еңкейип түскен елимсең
Жаман келин болмас ем,

Дастурхан жайып мал сойып,
Хызметим менен билинсем,
Аймурза оны етпейди,
Тап сөйери шырағым,
Көкирегимнен кетпейди.
Аймурзаны жаклаған,
Кайним сөзиң питпейди.
Деп Мәмбетке карсы қарап,
Мына сөзди айтты Мәрьям,
Көп сөзлердиң алдын орап:

—Өйтип ар намыска шапканың менен,
Мени иркип аброй тапқаның менен,
Тырысып отка жан жаққаның менен,
Тиймеймен, Аймурза алмайды қәйним.

Мудам ҳисапласып ийне сабакқа,
Жағын жарыстырып казан табаққа,
Төбелесип сыр билдирип қонакка,
Жеңгең өйтип ҳаял болмайды қәйним.

Өзи топпы қазан екиярым қарыс,
Оған салар нәрселер де тамтарыс
Оған болып отырыўға еки арыс,
Апқалына кеўлим толмайды қәйним.

Шепке айналса оңыспайды кай минез,
Аймурзада оймактан да тар минез,
Өмир бойы туўылғаннан бар минез,
Ол минез өлгенше қалмайды қәйним.

Мениң ойлағаным абройын жаппак,
Ол маган кегиўге ашып жүр сокпак,
Қолында сыр дәсте я үлкен тоқпак,
Бир күни басымды жалмайды кәйним.

Енди күним кешпес деймен ажыраспай,
Ийшанла кетермен енди бас қоспай,
Бизге рухсат етиң сизлер жол тоспай,
Мәрьям кайтып барса сорлайды қәйним.

Сен қайтып келме деп жиберди қуўып,
Жылап шықтым баска кара күн туўып,
Аймурзадан бирожала қол жуўып,
Шықтым' енди несип салмайды қәйним.

Сенлер мениң обалыма калмаңыз,
Орынсыз тәўелле маған салмаңыз,
Маған сөз заялап ҳәлек болмаңыз,
Енди ис орнына бармайды қәйним.

Марьям айтты, енди турмай кетермен,
Бизиң барлық тузды сизден көтерген,
Буннан шығып мен болысқа жетермен,
Соған бармай кеўлим тынбайды қәйним.

Бессарылар сол ўақта,
Буўынлары босайды,
Писип турған палаўды,
Табақларға жасайды,
Жиберме деп катынды
Ыссылай палаў асайды,
Мәрьямды устап урмаққа,
Көтерилис жасайды,
Бийбимәрьям сол ўақта,
Жылысып шыға қашады,
Көрсетпей халыққа қарасын,
Аяғын тез-тез басады,
Бийлер менен арасын,
Бесжүз қәдем ашады,
Сол ўаклары Емберген,
Аймурзаға қоңсы еди,
Қабырғалаў ағайин,
Жақынырақ дос еди.
Он адам бар касында,
Ембергеннин үйине,
Қонып отырған болыс еди,
Көп алыўға параны,
Салғайда деп жараны,
Тилеги сондай урыс еди,
Сонда келип Бийбиң Мәрьям,
Аңтаң болып турды ҳайран,
Маған бул не деген ўайран,
Қызыл қанына боялып,
Болыслардың үстине,
Кириўге турды уялып,
Ембергенниң үйин айланды,
Алты барып бес кайтып,
Көбирек жүрди ойланып,
Ең сонында арыз айтып,
Енкейип үйге киреди,
Сәлеми менен тәжимди,
Әдеби менен береди.

Бетин жууған қанларын,
Үй толған адам көреди.
—Әстапыралла деди болыслар,
Бул калай болған урыҫлар?
Деген уақта Бийбимәрьям,
—Арзымды тынлаң болысым,
Бир бүгин емес урысым,
Ҳәптеден узап кетпейди,
Урыс белгили жумысым,
Қаныма қаным қосылып,
Бети аўзымда жосылып,
Халыққа аян бул жүрисим,
Келиншек болып түскели,
Онбай жүр мениң қонысым.
Елдиң бийнеули жағасы,
Төрелик берер ағасы,
Сизлерге усы жумысым,
Аймурзаны сыпатлайман,
Айып болмаса бул исим.
Келеғойса үйге қонак,
Аңлығаны казан-табақ,
Дуўры шықпай бизиң ойдан,
Райым кайттығой байдан,
Қонақ келсе кутырады,
Мен жолықтым буған кайдан.
Зәҳәр ишип кан қусаман,
Ҳәпте ярымнан бир айдан,
Бола береди бул урыс,
Қарақан болды бул жүрис,
Қонакқа берген асыма,
Қыйналған болып бул ширкин.
Таяғын урып басыма.
Бир сумлықты баслайжак,
Карамай көзимниң жасына
Жек көрип мени таслайжак,
Сөзимди мениң шепке алып,
Өзиниң сөзин дурыслайжак.
Жақсы қатын алыўға,
Үйиниң ишин бослайжак.
Қарамай кетсем ғауғасыз,
Кетиўмнен кашпайжак,
Көпке түсип анықлап,
Шегераны ашпайжак,
Жымжырт қылып араны,
Шығынсынып параны,
Болысқа қарап аяғын,
Геллеси кетпей баспайжак,

Жылатып мени жиберип,
Катын алып тазадан,
Өзиниң ўақтын хошлайжақ.
Маңлайсыз болған сор басым,
Басыма тийген қамшының,
Өзеклери қорғасын,
Соның менен урдығой,
Бул Аўмурза оңбасын,
Сол қамшының зарпынан,
Өлимге жақын таялдым.
Ерге қарсы сөйлеўге,
Еңкейип түскен елимнен
Мен бийшара уялдым.
Уялғаным қурысын,
Қып-қызыл қанға боялдым.
Бир қонақтың асы ушын,
Төгилдиғой абройым,
Жүрекке дәрт байланып,
Толдығой ишки сарайым,
Ҳаял таслаў жолының,
Тапты ғой ширкин қолайын,
Теңлигим жоқ, кемликке,
Мен неғылып шыдайын?
Урысып ерден кетсем де,
Ел-елаттан руқсатсыз,
Ылағып қайда барайын?
Бул үйде өткен күнлерди,
Өмирге қалай санайын?
Тастаса мени тастасын,
Не болсам енди болайын,
Деп келип турман сизлерге,
Келиспеди ғой талайым?
Уялғанды қояйын,
Болыс аға, ақсақал,
Ҳәммеге болса биймәлел,
Кетиўге рухсат сорайын?
Сөзиме қулақ салмасаң,
Мен теңликти алмасам,
Қан боялған бетиме,
Лампамай қуйып етиме,
Шырпы жағып от жағып,
Жоқ болғанша жанайын!
Сол ўақта болыс, ақсақал:
— Турып тур деди сен ҳаял!
Аймурзаны шақырды,
Урмасада урғандай,

Қатты сөз бенен бақырды.
— Бир қонақтың асы ушын,
Хожалықты ўайранлап,
Жойылтыпсаң ақылды!
Деген ўақта Аймурза:
— Бул қатынға наырза,
Болып жүрмен мен өзим.
Қонаққа қумарпаз болды,
Көрмеймен енди мен жүзин!
Еледе таяқ аз болды,
Оярман деп ем еки көзин!...
Деген ўақта Аймурза,
Бийбимәрьям сол ўақта,
Аймурзаның бетине,
Қайтарып сөзин урмаққа,
Болысларға анықлап,
Арқа сүйеп алады,
Аймурзаға қарады.
Халық алдында мынаны,
Айтыўға мәжбүр болады:

— Ойланып айт сен жаңағы сөзинди,
Оймақ түўе мениң еки көзимди,
Желкемниң шуқыры көрсин жүзинди,
Енди қатыным деп жантасалмайсаң.

Сүт хор ширкин бир қонақтың асына,
Сыр билдирдиң душпаныңа, досыңа,
Ақырзаман түсип қалған басыңа,
Жаман сум нәпсинди тоқтаталмайсаң.

Не көрип қутырдың бүгин сен ширкин,
Маған бермей қазан табақтың еркин,
Арты айланып кетип алдына бөркиң,
Халыққа деним саў деп антласалмайсаң.

Биткен менен бизиң бастың жарасы,
Қутылалмайсаң Қуғымбайдың баласы,
Төрт бармақ болды маңлайымның қарасы,
Енди қостар болып бир жатаалмайсаң,

Биз кетермиз, сен қалабер хош болып,
Күниң кешер бир набапқа дус болып,
Айра түстик бир биреўге пәс болып,
Енди бир табақтан туз таталмайсаң.

Қонақ көрсең қутырасаң Аймурза,
Маған қарап умтыласаң Аймурза,
Дәлилессең утыласаң Аймурза,
Сен мени мин тауып көрсеталмайсаң.

Мен тусинбей бул сүтхорлық жолыңа,
Бир жаңылып тусип едим қолыңа,
Енди сениң дуз бермеймен пулыңа,
Қайтадан қос болып отласалмайсаң.

Абройынды төгип сен жүзи қара,
Басыма орынсыз салдың ғой жара,
Бир қой ушын дүньяпараз бийшара,
Қонақ асы ушын сотласалмайсаң.

Мен ҳәзир үйиңнен шығып кетермен,
Бойымда бала бар быйыл көтерген,
Ийшалла мен мақсетиме жетермен,
Бирақта Аймурза сен жеталмайсаң.

Жуптылыққа қанша шаппат урсақта,
Енди келиспеймиз қанша турсақта,
Балаң бар болсада бизиң қурсақта,
Бир қырынласқансоң беллесеалмайсаң.

Ким қызын береди сүтхор ҳалыңа,
Сексен туўар керек қалың малына,
Я болады, я болмайды ҳәмила,
Алған қызың менен хатласалмайсаң.

Меннен басқа саған қатын тиймейди,
Тийген менен бар дүньяңды бийлейди,
Сени дағараға салып ийлейди.
Көзлериң жаўдырап тырып етеалмайсаң.

Үйди буздың сен бир қойға қыйланып.
Ол қойға қонағың кетти сыйланып,
Мен кеткенсоң сен көрерсең ойланып,
Адамға бас қосып қатнасалмайсаң.

Әсиресе қаптың аўзын буўғаның,
Соннан безип кетти туўысқан-туўғаның,
Қонақ асы ушын мени қуўғаның,
Буны сен мақтанып гәп етеалмайсаң.

Қой сойған абройдан жалғыз тийинды,
Тәўир көрип буздың мениң сыйымды,

Қатыны жоқ ўайран болған үйинди,
Мендей қатын таўып дүзете алмайсаң.

Кимлер келип, ким кетпеген дүньяға,
Бәри де күш салған дүнья жыймаға.
Сум нәпсиңниң имканы жоқ тоймаға,
Дүньяның шетине сен жеталмайсаң.

Сүтхор менен сақый әзелий душпан,
Қостар болған менен бузылар қосқан,
Сақыйды халық сүйип, болар туўысқан,
Дүньямды шашты деп шетлетеалмайсаң.

Аймурза қутырып мени тасласаң,
Мен уялмай бар күшимди топласам,
Жуп жағаңнан тутып беккем усласам,
Маған теңлик бермей сен кете алмайсаң...

*1969-жыл, ноябрь, декабрь.*

# БАҲАДЫР

(„Баҳадыр“ дәстанының даўамы)

*Ушинши бөлимге кирисиў*

## Пролог

Төбеден түскендей келмесе өлим,
Қақсап иймекленип бүкирейме белим.
Жөтелге, кеселге жол қойма кеўлим,
Қағаз, кәлем алып тайынлан қолым.

Кеўлим шығар сөзди, талма сен тилим,
Үлги, устав қылып партия жолын,
„Баҳадыр“ дәстаннан ушинши бөлим,
Талап етип отыр туўысқан елим.

Жазып берсем, айтар маған көп алғыс,
Әгер халықтың алғысына болсам дус,
Тапаўыты пайда қылар жаслық күш.
Кеўлим көтерилип болур ўақтым хош.

Айтсам Баҳадырды. Арысланның улы,
Жаңа ашылған бақшалардың бир гүли,
Өсип шыққан сайрап шайда бүл-бүли,
Мың тоғыз жүз отыз бесинши жылы.

Оныншы классты онжети жаста,
Иркилмей питкерди ҳешбир класста,
Зейни турар емес таўда да таста,
Баллардан айрықша сымбаты басқа.

---

[1] Прологты Аббаз Дабыловтың өз аўзынан жазып алған Сағынбай Нийетуллаев. *(ред.)*

Бир әдет алғаны әўелги бастан,
Қатарына түсип он еки жастан,
Бармақ жалап палўанларша алысқан,
Мудамы қайтарар еди жанбастан.

Оқыўға билимге кеўил жиберген,
Қолы қуры емес қайбир өнерден,
Түйме түйер ағаштан да, темирден,
Алдына да адам салмас жигерден.

Мектепте үйренген қолда сазы бар,
Әлемди жанлатар хош ҳаўазы бар,
Сәйир етсе жүйрик ат, қолында суңқар,
Еки қайың ийти, еки тазы бар.

Күшке толып, онсегизге келгели,
Халық көзине түсти анық белгили,
Кеўли қанасында партия жолы,
Соған сәйкес еткен иси үлгили.

Жигитликтиң кемалына жетисти,
Өзине тәрепдар көбейтти дөсты.
Өнерпаз, билимпазларға бас қосты,
Бул-билдей сайраған халқында сести.

Жаңа сарайлардың ишин жаңлатты.
Еситкен қызларға өзин аңлатты,
Сазға қосып айтқан сөзин тыңлатты,
Сырттан ашық қыздың баўрын дағлатты.

Бир қанша қыз сырттан көрип сүйип жүр,
Бир қанша қыз сөзи питпей күйип жүр,
Бир қанша қыз хат қатнатып тийип жүр.
Баҳадыр кеўлине бәрин жыйып жүр.

Қыздың ҳеш қайсысына ашық болмайжақ,
Билимге бәрҳама кеўилин арнайжақ.
Билимленип болмай қызды алмайжақ,
Партияның сызған жолын қоллайжақ...

* * *

Мың тоғыз жүз жыйырма-
ланшы жылы халқымда,
Бай менен жарлы паркында,
Болғанда ийир-шыйырма,
Халық таласып тартысқан,

Өгиз, баспак, сыйырға.
Лениниң дури шашылып,
Әдалат бабы ашылып,
Тапсырма менен буйырма,
Партиямыздан шешилип,
Халыққа тегис келгени,
Байлардың зейни илгени,
Кеткиси келмей қыйырға.
Соңын ойлап билгени,
Дуньямалын тапсырды.
Байлардың гөркаў-сүтхоры
Өлер жерин билмеди.
Баяғы гөне бир жолы,
Партия сөзин аўырлап,
Дунья малын баўырлап,
Исрапылдай даўыллап,
Қылыштай болып сыйырма.
Тап сол ўақта соларға
Ленин сөзин партия
Баслағаны белгили,
Жарлыға берип тәрбия,
Бай атағын алғаннын,
Басына түсип сүргини,
Белдар, налог салынып,
Конфесканың жүргени,
Көзи қыймай бермекке,
Тирилей гөрге кирсекте,
Төлемеймиз деп өлсекте
Жан саўдасына киргени,
Қарсыласқан жат-жамай.
Сол мапазға шыдамай,
Айдалып барып ардомға,
Жалған емес киргени.
Жасық шығып полаттан,
Шүлдир туўып шунақтан,
Қуйрық шығып қулақтан
Сөз тыңлаған шаңлақтан,
Қутылдық қанша десек те,
Жансызларда табылып,
Көзиниң ети қалыңып,
Шырмаўықты жамылып,
Ораған басқа пәшекти,
Бояп сырткы қарасын,
Өтирик пенен жаласын,
Жайып халықтың арасын,
Уйыткытып жүрген өсекке.
Дурыс басылмаса табанлар,

Суўдыр сөзде не дәм бар,
Болған сондай адамлар,
Исиниң бәри ошибка[1],
Мөлерген көзлери аланлап,
Сүйир тиллер жалаңлап,
Салған жылымы шалаңлап,
Келтиралмаған есапка.
Сумырайларға жол берген,
Алданып соған алдырған,
Тайып жығылса қол берген,
Өз турмысын талдырған,
Бәлеге басын қалдырған,
Бизде де болған адамлар,
Жарымай жүрип төсекке,.
Әзелден болар акылы кем,
Зорға тапкан бир қап дән,
Үйине алып келиўге,
Ақылы жетпей бөлиўге,
Және бир қапты кесекке,
Толтырып артқан есекке
Сол әдетлерди койыўға,
Саўатсызлықты жойыўға,
Урылған ўақта қәдемлер,
Қолы жетти наданлар,
Төрт хәмел деген есепке.
Бир-бир дәптер қолға алып,
Социализм курғаннан
Коммунизмге жол салып,
Жалпы қәдем урғаннан,
Ески дәўирге өшленип,
Күнниң шуғласы сесленип,
Айдын сәўлеси көсленип.
Көп сезим берди туўғаннан,
Қыз-жигитлер, келиншек,
Ойланып жалқаў ериншек.
Қалмастан жаслар жеткиншек,
Тынышланып ғалма-ғалдан,
Турған ўақта нур ашылды,
Думанды, бултты қашырды,
Ликбез, мектеп те ашылды,
Алды сабақ сол ылғалдан.
Карамастан бөген сөзге,
Оқыған көринди көзге,

[1] ошибка—кәте.

Ким мектепке, ким ликбезге,
Жуўырды ерте турғаннан,
Колхозласып болмастан,
Бес жыл бурын арманнан,
Сөйерден бир сөз баслаймыз.
Ерман менен Серманнан:
Булардағы ой сондай,
Екеўи де саўатсыз,
Ҳүрметке бойсынбай,
Ис етип жүр жаўапсыз.
Ерманның алған ҳаялы,
Заманға дүзиў қыялы,
Аты Нургүл сорасаң,
Көп кызлардың ишинде,
Сулыўлығы Нўргүлдиң
Айрылар еди орасаң.
Серманның алған ҳаялы,
Көргеннен көзиң тояды,
Оның аты Дәригүл,
Күлип турған көзи бар,
Дөңгелек айдай жүзи бар,
Жағымлы жаңға сөзи бар,
Ашылып турған бәри гүл,
Сөз жүйин билген дилиўар,
Заманындағы мәжилисте,
Дилўарман деп ким келсе,
Утылады екен бәри бир·
Ерман менен Серманның,
Не айтылса алдында,
Алланғор шалдың баласы,
Арысланға туслас сөз еди,
Нургүл менен Дәригүл
Қырмызының курдасы,
Заманы шерик қыз еди,
Қырмызы менен Арысландай,
Сол заманга берилген,
Кирпиклери төгилген,
Қаслары қарыс керилген.
Ҳақыйқат кумар көз еди.
Көзи түскен жигитлер,
Ақлы-ҳуўшын алдырып,
Омахан атып сүринген,
Гүлнар пәрийдиң өзи еди.
Солардан алып сөйлеген,
Алды артын-кеңнен сүйреген,
Дәстанның соңғы изи еди.
Ерман менен Серманның,

Ҳәркайсысының үш танап,
Алған план пахтасы,
Бир танаптан үш бөлек,
Площадка—тахтасы,
Оғада басым кеўлинде,
Пахтаға хош жақпасы,
Бай дейин десең бай емес,
Минерлик пенен жегерлик,
Саўарлық туўел болса да,
Төрт түлик малға сай емес,
Ата—анадан туўғаннан,
Бирге ойнаған дос еди,
Екеўиниң де сол ўақта,
Жаслары қырық та бес еди.
Уйленгели шамадан,
Отыз жыл өтти арадан,
Гүдер үзип баладан,
Перзенттен булар бос еди.
Енди кеттим дегенде,
Гүрсинип қайғы жегенде,
Екеўиниң де ҳаялы,
Жүкли болып билинип,
Қуўанып ўақты хош еди.
Қуўанғаны соншама,
Биримизде ул болса,
Биримизде қыз болса,
Болайық қуда деседи.
Сол сөзди айтып шамадан,
Баллардың кинин санаған,
Көп узамай арадан,
Тоғыз ай, он күн өтеди,
Уллы болды Ерманбай.
Қызлы болды Серманбай,
Деген хабар булардың,
Бир бириниң үйине,
Суйинши менен жетеди.
Ат қойыўға балларға,
Оң қулаққа азанын,
Шеп қулаққа кәўметин.
Айттырыў менен моллаға
Бир-бир қойдан кешеди.
Улдың атын Ермекбай,
Қыздың атын Минайхан,
Молласы қойып кетеди.
Қуўанып молла былай деп
Жаман емес екен ғой,
Бизиң бахыт талай деп,

Аяғымнның астынан
Еки қой берди аў қудай деп,
Сыйпап көрип арқасын,
Семиз бе қойлар қалай деп,
Жип тағып дәрриў жетеди.
Сол куни ақшам екеўи,
Қуда болыўды кеңести,
Кеңескенде не дести,
Қатынларға айтпайык,
Жәнжел қылса катынлар.
Былай турсын таяқлаў,
Олтириўден де қайтпайық.
Деп Ерман сол күн Серманды,
Қонаққа кел деп шақырып,
Нургулге айтпай жасырып,
Шашылмасын бул сөз деп.
Билинбесин бул из деп,
Әйнеклерин бекитеди,
Бурынғылардың жолы деп,
Тастамайық соны деп.
Жаңа адам жаңа заманға,
Ерсилеў исти етеди.
Большевик бадырақлардан,
Ең төрги жайға жасырып
Хызметинде тақ турып,
Қудай қосқан қудам деп,
Бир қойды сойып күтеди.
Қырқынан шықпай қыз-улды,
Бир-бирине бериўге
Жасырынып катнасып,
Ер жеткенше баллары,
Билдирмей халыкка журиўге,
Қайтпас ўәде етеди.
Баяғы куда болайык,
Деген ўәде бойынша,
Мақсетлерге жетеди.
Нан сындырып пәтия оқып,
Қарғы баў тағып кетеди.
Қарғы баўы сол болды,
Кудалықтың ҳүрмети,
Сол күни ақшам мол болды.
Ерман айтты Серманға,
Қуда болған жоранман.
Жасырып саған берейин,
Төрт бас малды қорамнан
Бир адамға сездирмей,
Отырған бизиң орамнан,

Бас жип тағып басына,
Адам ертпей қасына,
Усы түнниң ишинде,
Жетелеп кетсең нетеди.
Сен алмасаң да бир күни,
Налог пенен белдардың,
Басыма түсип сүргини,
Санап көрип қорамды,
Ашыи алып урамды,
Буйырмаған малымды,
Шығарып қыстап жанымды,
Большевик алып кетеди.
Ер жигиттиң мойнында,
Щиримейди қыл аркан.
Жаста болса балама,
Қалың берип қыз алып,
Шығайын да кумардан,
Деп Ерман айтып өгеди.
Сонда Серман күлди де,
Оны өзиң бил деди,
Бир әриўана боғалы,
Бир өгиз бенен бир сыйыр.
Әрўанаға қосады,
Усы айтылған төрт бас мал,
Қалың малдан Серманға.
Үзинди болып өтеди.
Ерман бай жеңил ак көкирек,
Көкирек көзи жок,
Иши ғеўек гөр тилек,
Өзине пайда сөзи жок,
Қалың малдың үстинде,
Егитилип кетеди,
Серманға айтты тағы да,
Қалың малдың биздеги,
Ендиги қалған жағы да,
Көбейип кетти аў большевик.
Заман қалай заң қалай,
Шөп түйди қылсақ нетеди?
Керек болса мал деди,
Мойныма мениң сал деди,
Қырқ мың манат ақшам бар,
Муны санап ал деди.
Екеўимизден баска адам,
Билмесин болҳа-бол деди.
Тағы да кандай ойың бар,
Аламан десең берейин,
Жиғирма бес қойым бар.

Қалың малы қызыңның,
Қанша мал менен питеди?
Деген ўақта Серман бай,
Жигирма бес қойыңа,
Қырық батпан бийдай қос деди,
Алты батпан сары май,
Жигирма батпан гүриш деди.
Қырық мың манат ақшаға,
Бәрин жыйнап кос деди.
Тең жары малы қызымның,
Болады сонда дурыс деди.
Қалғаны болса көрерсең,
Минайхан менен Ермекбей,
Ержеткенше берерсең,
Ур соған бизге дәс деди.
Бурынғыданда бес бетер,
Боламан сонда дос деди.
Алақанга түпирисип,
Соған шаппат урысты,
Айтылған ўәде бойынша,
Питкерди солай бўл исти.
Бадыраклар сезбесин,
Кайтайын енди түнде деп,
Келе бермейин күнде деп,
Ерманга тиклеп қарады.
Қараған ўақта Ерман бай,
Қатынына таман барады.
Әсте ғана Нургүл деди,
Тез қыймылдап түргел деди,
Таңға бейим ийт көбейди,
Шабаланып үрген деди.
Бадыраклар болмағайда,
Бизди аңлып жүрген деди.
Тебен торка сабак менен,
Қалтаның аўзын бүрген деди,
Қырк мың манат ақша кайда.
Сен едиң ғой көмген деди.
Басы болсын қалың малдың,
Ермекбай жанга саўер ярдың
Сол ақшаны сен алып бер,
Ашып көмген жерден деди,
Бадыраклардан қоркып турман,
Созыла бермей дәрпен деди.
Сол ўақлары Нурғүл де,
Орнынан ыргып түргелди,
Қырк мың манат ақшаны,
Бийдай, гүриш, сары майды да,

Және төрт бас малды да,
Сыртта турып еситип,
Не дерин билмей иркилди,
Сөйлейин десе қаттырақ,
Қудасы болған конақ бар,
Ашылып кетер сыр деди,
Большевиклер бар, бадырақ бар,
Қудалықты қой деўге,
Енди кандай саңлақ бар.
Қырқ мың манат ақшаны,
Бермеймен деп айта алмай
Бир таңның иши Нурғулге,
Бир саатанда болды тар.
Ермекбай жанның атасы,
Не қылайын, қәйтейин,
Шерик едим намыс-ар,
Кайсы бирин айтайын,
Бир саўы жок сөзиңниң,
Бәринде де шалыс бар,
Шалысы бар сөзиңниң.
Деп шаңғытып сөйлесем,
Жинли қагын атанып,
Мен бий абырай боламан.
Тамырлар бар, таныс бар.
Кәсапагыңнан каламан,
Мен дөхметке жалаға,
Қырқынан шықпай бесикте,
Инғалап жатқан балаға.
Кыз аламан деп есирип,
Малынды шашып далаға'
Дениң саўма өзиңниң,
Қ сгар ойласпайма екен
Баланы туўған анаға,
Онбеске шықпай балаңа.
Қыз алыўға болама,
Бесикте жатқан қызына,
Қалың салып мал алған,
Қудаңды доска санама,
Ер жеткен соң сол қызға,
Балаң калса унамай,
Саған келин болама.
Қызын жаслай берипти,
Кемириўге қолайлап,
Баўырына кирипти,
Тилимди алсаң ж лама,
Бул барыста сен Ерман,
Турмыстың гилтин жоғалтып,

Келептиң ушын шубалтып,
Баратыр алдың думантып,
Сорқайнағн Ерман аў,
Кетесең ғой жоғалып,
Қостар деп маған ойласпай,
Күйдирдиңғой сен Ерман,
Өжйренин төринде,
Қонақлардан жасырынып,
Кеңесейик кел берман,
Деп Нургүлдиң Ерманға айтканы;

Сен Ерман сөзимди тыңлап көр деди,
Қарсыласпай қос табанлап тур деди,
Маңлайыңнан қоныс басар тұрмасаң,
Сопақ самардан да үлкен сор деди.

Ойламаған большевиктиң заманың,
Сениң апкалыңнан көптур гуманым,
Көрсе муны ҳүкиметиң оң көзи,
Ардомға бир тиймей кетпес табаның.

Қыз сатқанның күндиз күни түн болды,
Сүйеғи сипсе, ети жаның күл болды,
Партияға карсы турған адамның,
Ерман, еки көзине қара қум толды.

Сен ойнама сегизинши март пенен,
Жутканың қара қан болар ант пенен,
Балаңа кырқынан шықпай қыз алсаң
Сен де өлерсең, мен де өлермен дәрт пенен.

Әй, қостарым сол дәртлерди көргенше,
Мал дүньяңды конфескаға бергенше,
Серман менен қудалықты қойсаңшы,
Сарғайып сен сарсаң болып өлгенше.

Адамға сабырлық керек ҳәр исте,
Сапа болмас асығыс болған тар исте,
Бири ер де, бири қыз деп айттыма,
Қырқынан шықпаған еки нәресте.

Балаң ер жеткенше қарап көрсеңши,
Қандай жигит боларыны билсеңши,
Қыялыңды маған қосып қостарым,
Заман не көтерсе соған көнсеңши.

Түсиндим қудаңның салған палына,
Жары малы еки қыздың қалыңы,

Барынды алып кашып кетсе қудаң да,
Сени шарпып кетер соңғы жалыны.

Алты батпан сары майы буйырма,
Бийдайы қырық батпан, гүрши жыйырма,
Қырық мың манат ақша жиғирма бес қой,
Және боталы нар, өгиз, сыйырға.

Мениң жаным уўланғандай ашыйды.
Және қудам буны қалай тасыйды,
Партия, ҳүкимет билсе бул исти,
Басың дүзде калып, лашың сасыйды.

Ерман бул қуданды өзиң бил деди,
Қайўақ бирўақ бас душпаның сол деди,
Қызым ер жеткенше ким бар ким жоқ деп,
Сумлығы сени алдап жеўге мол деди.

Бул исти кой партияға кир деди,
Партия баслаған халыкка ер деди,
Серманның қызына берген малыңды,
Халық ишинде аш-арыққа бер деди.

Алға жүрер бахыт жолың кеңейсин,
Жылаўыңды тартар достың көбейсин,
Халқың сүйген, халық та сүйген досларға,
Жан костарым алтын басың теңейсин.

Қуда деген қалыс дос болыў керек,
Мал алмай ақ ўақты ҳош болыў керек,
Бунша калың малды жаслай бергениң,
Басыңа қатты бир ис болыў керек.

Айтты Нургул: Ерман жаман өжетсең,
Тыңламайсаң өжетлениң бир кетсең,
Басымды мурнымды кесип берейин,
Қудаң менен бул максетке сен жетсең,

Деген ўақта Ерман бай,
Орнынан ырғып түргелди,
Тапырақлап тарбаңлай,
Сабай жазлап Нургүлди,
Жабылып қалың қабағы,
Недеген сөзиң жаңағы,
Деп умтылды тар маңлай,
Жаңағы айткан Нургүлдиң,
Тереңнен алған сөзине,

Ерман сорлы түсинбей,
Қысқалық қылып сезими,
Алдына басты сор маңлай,
Ашыў тамырлар қозғалып,
Көринип бәле көзине,
Жинли болыўға аз қалып,
Урмаса да таяқты,
Жер сызып турды қозғалып.
Секирип жерди тепкилеп,
Қатты қызды епкинлеп,
Барлық түги шаншылып,
Пердеси беттиң ашылып,
Қатты қатыўланып турып,
Айтты ашыўланып турып,
Жасымнан қулашымды ашып,
Сийнесине сийне басып,
Асықтың, топтың ўағында,
Барлық ойынды ойнасып,
Жигитликтиң дәўирин
Өткерген достым сыйласып:
Сол дослықтың үстине,
Қуда болыўды мен сүйсем,
Оны маған душпан дейсең,
Соң егесең пушман дейсең,
Деп Нургүл саған айтаман,
Қудасын мақтап қайтадан,
Сөйтип ақылсыз Ерман бай,
Сөйледи жин урғандай.
Эй, ҳаялым нени сезип сөйледиң,
Мени ерим демей қызып сөйледиң,
Мениң питиўажамды бузып сөйледиң,
Баллар туўмай турып биткен ис қатын.

Бесикте жатқанда қуда болыўды,
Узақтан қатнасып он жыл жүриўди,
Салтанатлы шақырысып турыўды,
Тәуир көрдим сен де с〈о〉ған көш қатын.

Жас орта да жалғыз балалы болдым,
Баламның өмирлик талабын қылдым,
Сен неге қуўанбай аяқтан илдиң,
Шашы узын ақлы-хуўышган бос қатын.

Ермекбайжан ушын бердим малымды,
Мал түўе беремен басым, жанымды,
Бадыракларға айтып усы ҳалымды,
Өршелесип сен шығарма сес қатын,

Жалғыз балам ушын жаңа өристи,
Аштым машҳур етпей барыс—келисти,
Тумкуйық қыламан алыс—беристи,
Сен де тақымласып атты қос қатын.

Бар дүньям Ермекбайжанның жолына,
Берсем тийер бул келиним қолыма,
Келиним татыйды қыздың оңына,
Сен көрсетип жүрме қарсы күш қатын.

Бул истиң жылаўын маған бересең.
Сырымды ашпайсаң, изиме ересең,
Қарсылассаң буйырғанын көресең,
Қалтырап тайын тур еки муш қатын.

Ермекбайдың қайын атасы қудамды.
Жаманлап салдыңғой маған ылаңды,
Қурықлағандай болып турман қуланды,
Ерине қарсы емес сендей ҳеш қатын.

Басқаның қызына кеўлим толмайды,
Оның туўған қызы жаман болмайды,
Анасы искер халықтан кейин қалмайды,
Ержеткенше үйретеди ис қатын.

Ата—анасын көрип қызын сүйемен,
Алып анадан тулпар ҳәрбир бийеден,
Туўмайды нар тайлақ ҳәрбир түйеден,
Деген нақыл халық ишинде дурыс қатын.

Бул сырымды ҳеш адамға билдирме,
Тар жерлерде айтып мени өлтирме,
Жанадан бир шырақ жақтым сөндирме,
Сөндирсең өзиң де бирге өш қатын.

Сеннен бурын мен төрт қатын алғанман,
Тап сондай өзиме қарсы болғаннан,
Бәрин тастап өзим жалғыз қалғанман,
Сен кетсең болайын деп тур бес қатын,

Қуда болма, дүнья берме сен дейсең.
Өйтип қарсы сөйлеп мени ким дейсең.
Мен ериңмен, дурыспа сен қабақ үйсең,
Бул пейлиңнен әсте төмен түс қатын.

Қатнасыўға адам қолы жетиспей,
Жүрген адам халықтың аўзынан түспей,

Қудам алтын, кудагайым гүмистей,
Оның қатарында сен бир мыс қатын.

Созған жерге жетсе адамның қолы,
Қызып тасады екен жигиттиң жоны,
Кеўлиңе келтирип не болса соны,
Кәпелимде болагөрме сус қатын.

Ҳәркимниң өзине жақсы сүйгени,
Мени кемситти деп қылып гиййени.
Жипке дизип тебенди де, ийнени,
Ерин қапа қылар бираз пәс қатын.

Ерман дер қойайық енди басқаны,
Қудам қайтаман деп мени қыстады,
Әпере бер маган көмген ақшаны,
Қонақ кайтыўына болды кеш қатын.

Сол ўақлары айтты Нургүл,
Мына сөзиңди еситкенше,
Қолыңда өлерем бир күн,
Ерим деп сени күткенше,
Басыңа салар ем сүргин,
Төрт қатынды тастадым деп,
Еселеңлеў жинли ширкин,
Оған неге мақтанасаң.
Бир-бирине коспадым деп,
Көтерилип хошланасаң,
Ақша дүнья малдың еркин,
Арша, сандык, қулыптың гилтин,
Мен бермесем боқланасаң,
Қудағайыңды гүмис деп,
Хорлап қанша ыза бердиң,
Жаста қырыққа барып калды аў,
Сол сөзиңе қызар едим,
Қудаң менен шегараңды
Дал-дал етип бузар едим,
Усы сөзиңниң үстинде,
Айқассам жеңиў қастында,
Шалқаортаңа жығар едим,
Сениң менен топқа түссем,
Аппақ жүзиңди қызартып,
Халық алдында озар едим,
Қыйын екен ерли—зайып,
Не қылсамда халыққа айып,
Айыпсынбасам қыйсайып,
Қартайғанда алжыпты деп,

Халық аўзында тозар едиң,
Мен соны саған айтыўға,
Қорқып турман бир кудайдан,
Ер жеткенсоң еситер деп,
Уялып турман Ермекбайдан.
Деп Нургүл қырық мың манатты,
Ерман байға карап атты.
Сөйтип Нургүл мынаны айтты:
Ақ-караны танымайсаң,
Уйкалап жибер көзиңди,
Тыңламай мениң сөзимди,
Муншама неге өр болдың,
Бузып сөйлеп сен сөзиңди,
Маңлайға кандай сор болдың,
Бар дүньяңнан айрылып,
Енди қара жер болдың,
Қурығандай баска адам,
Сен кайдан маған ер болдың,
Деп жылап Нургүл иркилди,
Ерманбай қарғып түргелди,
Изине ертпей Нургүлди.
Асығып откан Серманға;
Акшаны алып барады,
Ерман, Серман екеўи,
Ортаға дәрриў алады,
Аўзын шешип санады,
Жүз манаттан пәттелеп,
Мың манаттан буўатлап,
Қалтаға қайтып салады,
Серман айтты Ерманға,
Қудаң болсам кеткенше,
Үйиме таман жеткенше,
Малларыңды мен айдап,
Кете алмайман бир өзим,
Деп екеўи ойласты.
Бағанағы төрт малға,
Мықлырақ жиптен байласты,
Жигирма бес қойын да,
Қалаға шекем айдасты,
Түни менен жол жүрип,
Уйыкламай түп қатады,
Қалаға жақын барғансоң,
Сарғайып таң атады,
Айдап барған малларын,
Базар кыза азанда,
Қалдырмай бәрин сатады,
Қалаға сатқан мал пулын,

Есаплап көрип бар пулын,
Қырық мың манат ақшаның,
Үстине тағы қосады,
Тағы айтты Серман бай,
Қулағың сал Ерман бай,
Қуда болдым, дос болдым,
Сонша ма ақша арқалап,
Шадланып кеўлим хош болдым,
Қатнасқаным қатнасқан,
Келиниңди узатып,
Ержетконсоң беремен,
Егер өлип қалмасам,
Сол ўәдемнен қайтпаспан,
Қуда болдым Ерман бай,
Ортаға салып қудайды,
Апарып бер кешикпей,
Сары май, гүриш, бийдайды,
Тас төбеңде тар заман.
Көп иркилсең қорқаман,
Кешиктирсең болмайды,
Бадырақлар бар -жап-жаман.
Тум-тўсыңнан қарап тур,
Жер -жаханға сыймайды,
Алды-артыңды орап тур,
Арғы жағыңнан ойлайды,
Ҳукиметтиң жулдыздай,
Нешше жерде көзи бар,
Гәўҳәрдай жанып жайнайды,
Табамыз деп байларды,
Таў-тоғай, тереқ сайларды,
Кәйерде басқан изи бар,
Тимискенип жайлайды,
Егер билсе бул исти
Сениң менен бизди де,
Қуйрығы деп байлардың.
Ерман, сөзсиз ойлайды,
Заманаңды қуўырып,
Торпағыңды суўырып,
Бул дүньяда қоймайды.
Деп Серман сөзин тамамлап:
Сол жерден кой-хош айтысты,
Базардан тарқап екеўи,
Үйлерине қайтысты.

* * *

Ендиги сөз Серманнан
Ақшасын санап алғаннан,

Секирип жортып- жорғалап,
Ҳарам терлер сорғалап,
Тердин пууы буркырап,
Кияткан ўақта ҳаялы,
Көтериңки ғой кыялы,
Журиси калай бунын деп,
Қол тутып көзге тур қарап.
Акшанын пууы көтерип,
Үйине карап енсерип,
Ентиғип жетип келеди,
Келген ўакта ҳаялы,
Бундай боп неге келди деп,
Мыйығын тартып күледи,
Мийнетсиз дунья тапканын,
Иштен сезип биледи,
Билмесин деп коңсылар,
Есикти беккем иледи.
Күлип турып Серманға,
—Бул не? деди катыны,
Тез айт деди атыны,
Айтты сонда Серман бай,
Бунын бәри акша деди,
Үйдеги бар дунья малдан,
Табылыўы басқа деди,
Шашы узын ҳаялдың,
Акыл жағы кыска деди,
Бул ақшаны жая гөрме,
Айтып тумлы-тусқа деди.
Сөйтип Ерман белди алып
Босағаның астынан,
Тереңлеў бир ура казып.
Гөне көрпесине орап,
Ақшасын ураға салып,
Халыққа билдирмей көмеди.
Ақшаны көмип болған соң,
Ишине демин салғансоң,
Сезикленип ҳаялы,
Реңки-ройы кыялы,
Екинши түрге дөнеди,
Муңындай көп акшанын
Бар шығар деп зыяны.
Түршиғип сөйлеп қатыны,
Бул әпкелген ақшаңның,
Аныклап айт деп атыны,
Маңлайға калай сыяды.
Деп Дәригүл Серманның,
Алдына сөзди қояды.

Бағымның бүлбили нама басқарған,
Сениң менен бир дуўтарда қос тарман,
Мениң ақлым сеннен қалай қысқарған;
Сен мени өзиңнен төмен санама.

Бир ошақта жигирма жыл қос болсам,
Шийрин жаннан әзиз көрип дос болсам,
Сөйтип жүрип кеңесиңнен бос қалсам,
Буннан ерли-зайып қостар болама.

Түсине алмай ҳайран болып мен турман,
Ҳайран қылмай хабарын айт кел берман,
Бул ақшаны қайдан алдың сен Серман,
Неғып жатқан батпан қуйрық далада?

Ҳеш жерде жоқ еди сениң алмағың,
Ким шегеди мунын соңғы салмағын,
Қайерлерден илди муны тырнағың,
Я кисапир болдыңба сен қалада?!

Биреў өлсе тап Серманнан өлди дей,
Дөҳмет етсе ҳақ қанына қалды деп
Еки гуўа өтсе сеннен болды деп,
Қутқармайды жалған жапқан жала да.

Бас тарттың мендеги қандай зыяннан,
Пайдаң қандай сыр жасырған қыялдан,
Баска-бас, төске-төс қосқан ҳаялман,
Сениң бул исиңди етпес бала да.

Меннен жасырып тапқан не қылған ақша,
Неғып саған аңсат табылған ақша,
Биреўдиң жилиги шағылған ақша,
Болмағай тер төккен ҳадал талабың.

Бул ақшаның шыққан сағасы қайдан,
Яки жол тостың ба қорықпай қудайдан,
Тапқан болсаң Серман муны оңайдан,
Ишинде халалы қанша, ҳарамы?

Ҳалал болса шарапаты бар шығар,
Ҳарам болса қайта кесапат жуғар,
Сөйле Серман болған болсаң қан қумар,
Онда сен өзиңди инсан санама.

Урлық қылғанлардың тайып табаны,
Кетти арамыздан пейли жаманы,

Суттен аппақ қылып совет заманы,
Жуўып тазалап тур ҳәзир араны,

Бул акшанды аўдарып көм узаққа,
Мен гириптар болмағайман азапқа.
Илинермиз деп қорқаман дузаққа,
Кейни буның әлле қандай болады.

Дәригүл дер: қысқартаман сөзимди,
Бир қыслет бар бул ақшаның өзинде,
Аңлып, жүрген адам бардай изинде,
Қыялымды қаплап қайғы толады.

Сол ўақлары айтты Серман,
Өзим қорқып турман зордан.
Бацырақлар буны билмесин,
Биле қойса Дәригүл,
Сөзди узатып жүрмейди,
Мынадай көп акшаны,
Сен қаяқтан алдың деп,
Өкпемди сығып тергейди,
Ақшаны көрген тергеўши,
Жалынып жылап, айтсам да,
Сөздиң оңын бермейди.
Сорлы Серман сол ўақта,
Искенжеге қысылып,
Жан терге түсип терлейди.
Онын жолы армаған,
Нешше түрли қылмыстан,
Патырат жаман жумыстан,
Ардомға кимлер бармаған,
Абайлап сөйле Дәригүл,
Егер бизиң бул ақша,
Билинип кетсе сөз басқа,
Қамаламан бәри бир,
Бул ақшаны сыр қылып,
Айта көрме Дәригүл,
Душпан туўе жан доска,
Жоқ болғанша бул ақша,
Төркиниңе де жантаспа,
Жантасып егер билдирсең,
Бузғаның онда ўяны,
Кете бермейди қуры боска,
Бул ақшаның зыяны,
Ардомға қарап айдалып,
Кетип отырысым мен қасқа,

Не келмейди Дәригүл,
Тастан катты бул баска.
Ерман менен екеўимиз,
Ҳаялларға айтпасак,
Болады деп ек сөз қыска,
Жақ жарыстырып сен маған,
Сөзди созып узайттың,
Исенип жүрсем мен саған,
Өкпе менен гийнени,
Дөндирип қайта молайттың
Деди Серман ҳаялына,
Бир бәле кирди қыялыңа.
Кулағыңды сал қайтадан,
Ақшаны саған айтаман,
Деп Серман қойып басқаны,
Ыраслап айтты ақшаны:

Қағаздай қалтырап жаўабын Серман,
Айтты Дәригүлге: сен қара берман,
Жүрегим шоршып, қорқып турғанда зордан,
Деп қоймадың маған не қылған ақша.

Мийнеттиң, рәҳәттиң түби туўысқан,
Мийнетсиз, раҳатсыз болмас гүлистан,
Бундай көп ақшаны табыў зимистан,
Талайдың жилиги шағылған ақша.

Маған аңсат болды қызыл тил менен,
Муны тапқаным жоқ маңлай тер менен,
Ата-бабалардан қалған жол менен,
Гөне дәстүр менен табылған ақша.

Мен Ерманға қурдас едим жасынан
Ойнасам калдырмас едим қасымнан,
Өмиримше жан аямас досымнан,
Себеп таўып соннан алынған ақша

Дәригүл мен саған себебин айтсам,
Жолын таўып мунын жемегин айтсам.
Ерик өзиңде изин және молайтсаң,
Қалың мал деп атақ тағылған ақша.

Қуда қылып алдым достым Ерманды
Баласына берип Минайханжанды,
Қарғы баўды тағып сындырып нанды,
Қалың малдан үзип алынған ақша.

Сени менсинбеген емес қыялым,
Сен кыйсайтга қыялыңды ҳаялым,
Ҳалалдың сбалын, ҳарам зыяның,
Айырып қалтаға салынған ақша.

Саған кеңесейин келип десем де,
Жибермей толтырды калта-кисемди,
Мен алмайман алла-жалла десем де,
Ал деп Ерман өзи жалынған ақша.

Минайханжан ер жеткенше көрерсең,
Еки бала татыўласса берерсең,
Бир-бирин сүймесе изи гөнерсиң.
Нәсип етсе бизде қалынған ақша.

Айтты Серман: Дәригүл сен индеме.
Маган сениң исинде көп мин деме,
Күйеў, кудам, кудағайым ким деме,
Жатта жей бер бизди сағынган ақша.

Сол ўақлары Дәригүл,
Сөйлегенде сөзиниң,
Тыңлағанға бәри гүл,
Еки бети қып-кызыл.
Көринис берер гүл жайнап,
Ашылғандай қызыл гүл,
Серманның сөзин еситип,
Тула бойы түршигип,
Ашыўы менен аралас,
Қаплап кетип қызыл жел,
Суйирленип қызыл тил,
Серманға айтты Дәригүл,
Ақшаң да қурсын, өзиң де,
Ата-анаң сени туўғанда,
Шомылдырып сылаў май,
Жағып қырық күн жуўғанда,
Салғанба кемис дузыңды,
Жаўап бер десем ақшаға,
Не сөйлеп кеттиң изинде,
Күйеўге берип мал алып,
Қыркынан шықпай қызынды,
Сатсаң ойласпайсаңба,
Жан аямас досларға,
Қызыңды туўған қостарға
Ашып кара көзиңди,
Большевиклик заманда,
Халық жек көрген жаманға,

Масқара қылып өзиңди,
Еситер, бийлер адамға,
Қарай алмай бир жанға,
Қап-қара қылып жүзиңди,
Қарақалпақ халқында,
Бойды жазып көринип,
Жүрермиз қалай биз енди,
Ҳәзирги жаңа турмысқа,
Сатқаның қызды дурыспа,
Соры қайнаған гезенде,
Екеўимизден басқа адам,
Еситпесин әй надан,
Қызыңды сатқан сөзиңди,
Сарсаң болған Серман аў,
Шайтанға жин қосылып,
Жабылып сени урған аў,—
Келе болармекенсең.
Бир-еки аўыз айтайын,
Бастан-аяқ миниңди,
Тыңлап көр мениң сөзимди,
Көреалмаспедиң күниңди,
Сатпаған да Серман-аў,
Ингалап жатқан қызыңды,
Деп Дәригүл Серманға,
Большевиклик заманнан,
Түсиндирип сөзинде
Мынаны айтты изинде:

Қостар болсаң айтқаныма тур Серман,
Тур да саўалыма жаўап бер Серман,
Дүньяның тутқасы кимде бил Серман,
Басқадама я сендеме не дейсең?

Таўып сөйле аспан-жердиң ийесин,
Ашып сөйле ақ-қараның жүйесин,
Ашалмасаң душпанды ким сүйесин,
Онда маған сеннен болды демейсең.

Совет заманына сыймас сөзиң бар,
Билмей турмас халық қарамас жүзиң бар,
Ҳәзир сендейлерге айрым дизим бар,
Соған бир илинсең қайтып кемейсең.

Бурыннан билемен минез-қулқыңды,
Қырынлап, қыйсайтып берип сыртыңды,
Өкпеңди исирип, топмайтасаң уртыңды,
Коммунист болғанды адам демейсең.

Бул әпкалдан кетесеңғой шаталып,
Жеркенишли халық душпаны атаның,
Жүргенинде әжел саған тақалып,
Ҳәсирет шегип жан шүйкилдеп жөнейсең.

Эй, қостарым өзиңди өзиң қыйнама,
Партия, ҳүкимет пенен ойнама,
Бундай ҳарам көп ақшаны жыйнама,
Ийесине тапсыр жолың кеңейсин.

Бир төсекте бир дастықта бас қостық,
Билсең бузылып тур ҳәзир сол дослық,
Ҳәзир бизге ҳарам дүнья паразлық,
Бул ақшаңнан сен көк тийин жемейсең.

Партия баслаған жолдан жүрмесең,
Совет мүлкин өз мүлкиңдей көрмесең,
Терис пикир менен халықты кирлесең,
Сен де бир терисине қаққан кегейсең.

Оны қойып коммунистке бас қосып,
Дәстүрханда нан, табақта ас қосып,
Халықтың душпанына бирге ат қосып,
Халық қайғысын бирге неге жемейсең.

Көңил қойып ҳақыйқатлық анықка,
Илинбестен бурын жеке салықка,
Бер қолыңды, қос басыңды халыққа,
Жаным қостар, тар соқпағың кеңейсин.

Дәригүлдер: усы айтқаным болмаса,
Бул сөзлерге сениң кеүлиң толмаса,
Еле де қыялың сыртқа зорласа,
Онда ҳаялым мени сен демейсең.

Дәригүл соны айтқанда,
Серман серсиз ойланып,
Дәригүлдиң ҳәр сөзи,
Шаққандай шаян қыйланып,
Ақылы менен ашыўы
Еки жақлап жыйланып,
Жол бериуге ашыўға,
Саясаттан қорқады,
Халықты тастап қашыўға,
Таппады илаж болмады,
Ядынан шықпай ақшасы,
Ашыўы сөйтип тарқады.

Акылынан Серманның,
Дәригүлдиң ақылы,
Ярым қулаш артады,
Серман серсиз сол ўақта,
Қорқып бадырақлардан,
Қысқартып тилин тартады,
Сөйлей алмай тығылып,
Мына сөзди тутлығып,
Еплеп зорға айтады,
Серсиз деп мени сөйледиң,
Екеўимизден басқа адам,
Сол ақшаны билмейди,
Сылтаў қылып ақшаны,
Усы бүгин сен мени,
Табаққа салып ийлединң,
Қорыққанымнан мен саған,
Қарсы сөйлеп тиймедим.
Қостарың болып мен сени,
Жигирма бес жыл сүйредим,
Жүрекке қосып жүректи,
Айқастырып билекти,
Жүрген сен Дәригүл едиң,
Жалғыз қызды сатты деп,
Не қылып бүгин сүймедиң,
Ал кеттим де көргеним,
Мынаў жалғыз қыз еди,
Ойнап жүрсе алдымда.
Биреў емес жүз еди,
Улдай көрип қызымды,
Оғада ўақтым хош едим,
Ҳәр перзенттиң орны бар,
Ул перзенттен бос едим.
Бес жасымнан бермаған.
Ерман менен дос едим.
Перзентим екеў болсын деп,
Минайханжанды мен соның
Баласына берип ем.
Көп ақшаны арқалап,
Қуўаныш пенен келип ем.
Жигирма бес жыллық ҳаялым,
Көп оқып жүрип ликбезге,
Бузылған екен қыялың.
Бул турыста Дәригүл
Меннен кеўлин басқа ғой,
Болмаса неге қорқасаң,
Ала болмаса аўзымыз

Түби теғин ақшағой.
Жүрегимди суўытып,
Хаиасын сөздиң питирдиң,
Топлап урып сөзиңди,
Бесатардың оғындай,
Өңменимнен өтирдиң,
Шаш, сақал ағарған ўақта,
Бир сумлықты бастадың,
Сылтаў қылып ақшаны,
Таңжылтпай буўып алқымнан,
Жаныма шық деп қыстадың,
Өлшеп көрсем сөзиңди,
Басыңды меннен бостадың.
Жат үйир малдай қайтарып,
Турмысқа мени қоспадың,
Мен қойдым енди басқаны,
Көп ақшаға қыз берип,
Битирдим исти деп жүрсем,
Пайдаға исим аспады,
Түсиппен түпсиз тереңге,
Шығайын десем Дәригүл,
Табалмай турман жасқаны,
Не қыламан мен енди,
Босағаның астына,
Көмип қойған ақшаны,
Сол ўақта айтты Дәригүл,
Ақшаңды тап сөйерден,
Жасырып әсте қозғасаң.
Бир тийинин бузбасаң,
Ерманға қайтып апарып,
Ақшасын түўел жеткерсең,
Қудалықты қойдым деп,
Бир-бирлеп санап өткерсең,
Большебиктиң табына,
Ҳақыйқат анық киргениң,
Серман соны питкерсең,
Деп Дәригүл Серманға,
Қутылсын деп ақшадан,
Қаттырақ кеўлин қалдырып,
Өртеп ишин жандырып,
Мына сөзди айтып қақсаған.

Жалғыз қызды сатқан жағдайың қурсын,
Тақылдаған тилиң, таңлайың қурсын,
Ардомға кетесең маңлайың қурсын,
Қыз сатып жегенлер белин буўып тур.

Алмас қорғасыннан қайтар деп еди,
Деген-сөз шешенди мылжың жеңеди,
Серман дузың әўелден-ақ кем еди,
Ақшаң түўе сеннен қолым суўып тур.

Буны билсе қарақалпақ, ҳүкимет,
Өзинди қамаўға ақшаң документ,
Сен түўе мағанда қылар қысыўмет,
Қәўипли қара күн басқа туўып тур.

Тезирек ег бул ақшаңның жағдайын,
Сыймай тарлық қылар сениң маңлайың,
Саған қуўаныш, маған болды ўайым,
Қалың қайғы ишиме қарап теўип тур.

Илинбестен бурын ҳуқуқсыз саңға,
Бар достың дөнбестен бурын душпаңға,
Бул сырың билинбей турып бир жаңға,
Ақшаңды орнына дәрриў қуўыстыр.

Тап усы ақшаңның даңқы қарамы,
Үлкейтеди сызлаўықтай жараны,
Жеркенишли, кеңапатлы ҳарамы,
Сениң менен турмай маған тийип тур.

Сен куда болмай-ақ басты қосыўға,
Қыз бергенше мал бер доска, татыўға,
Уялмай нәресте қызды сатыўға,
Жүзи қара қалай көзиң қыйып тур.

Тап сендей қыз сатқан барма жасынан.
Табылмайма қызды сатпай асы-нан,
Шыбын ушырма деп қыздың басынан,
Партиямыз халыққа буйрық берип тур.

Өзимниң перзентим қыз бенен ул деп,
Бәри биз тәрептен көгерткен гүл деп,
Адамсыз-ақ байдың қуйрығы бул деп,
Тап усы ақшаң айттырыўға келип тур.

Неге қостар болдың жамай-жат пенен.
Десе сеннен жуққан кеңапат пенен,
Өзимди айырып алалмайман ант пенен,
Мениң иши-баўырым соған күйип тур.

Ерди излегениң нәресте қызға,
Уллы жынаят бил сөзиңди созба,

Сениң менен бизиң еки арамызға,
Қостар болғанлықтан зорға сыйып тур.

Сен қол жуўдың меннен басқа дослардан,
Өзиң билмей турсаң өмириң қысқарған,
Дәригүл дер: тилимди алсаң қостарман,
Болмаса еки ара жаман қыйықтур.

Дәригүлдиң сөзлерин,
Еситкен соң бул Серман,
Толды ишине көп әрман,
Бул ақшаны апарып,
Мен Ерманга бермесем,
Болар еди дәрдиме,
Түўесилмес көп дәрман.
Зорға жеттим арқалап,
Не деген ақша бир қырман.
Берейин десем апарып,
Дәригүл, көзим қыймайды,
Екеўимиздиң аўзымыз,
Бир болса неге сыймайды.
Көрпе қылып жаптың ғой,
Сен маған үлкен бир жала,
Көринип турғой көзиңе,
Маған усаған бир бәле,
Болмаса ерли-зайыптың,
Болмайды ҳеш ўақ аўзы ала,
Бир қалта ақша сыймастай,
Не болып қалды еки ара,
Сөз бенен тырнап бетиме,
Тула бойыма, етиме,
Салдың жазықсыз көп жара,
Ериң едим ҳаялым,
Қарсылап урып көп сөзди,
Бузылып турғой қыялың,
Көп болса өзим шеғермен,
Бул ақшаның зыяның
Айтайын берман бир қара,
Менде де бир гүман бар,
Анығын бирақ билмеймен,
Дәриғүл сениң басыңда,
Билинбей жүрген өзиңе,
Қап-қара үлкен думан бар,
Ликбезге қатнап жүргеиде,
Жас жигитлерди көргенде,
Бузылды аў деген шамам бар.
Бузылған болсаң Дәригүл,

Енди не сеннен тәмем бар.
„Ери пири“ ҳаялдың,
Деген сөзлер бар еди,
Шығып турман үстинен,
Бүгин бузық қыялдың.
Енди сеннен Дәригүл,
Ажырасыўға таялдым,
Деп айтып сөздиң қысқасын,
Жайғастыралмай ақшасын,
Мийнетин көрип соншама,
Ақшадан қалай бос қалсын,
Бир сөз бенен жалалап,
Бир сөз бенен қаралап,
Гүманы да жоқ емес,
Анығын да билмейди,
Сөзлери менен шуғылдың,
Мынаны айтты шамалап.

Қашыў тартып сылтаў қылдың ақшаны,
Мен де таптым сеннен қашар жасқаны,
Сүйип жүр екенсең меннен басқаны,
Енди сеннен аўлақ жүргеним жақсы.

Сен ликбезге барған ўақта басында,
Бир бадрак турып сениң қасыңда,
Ышқы кетип қаққан ойнап қасында,
Биреў айтып келди күлгенин жақсы.

Және де көбейттиң жала, дөҳметти,
Кемелттиң татыўлық—дослық, ҳүрметти,
Бир-биреўден беттиң пердеси кетти,
Қәйтейин сол болса билгениң жақсы.

Дәригүл ликбезден тәлим алғаннан,
Хабарым жоқ көзиме шөп салганнан,
Дегенсең Серманды қостар қылганнан,
Жаслар менен ойнап күлгеним жақсы.

Деп кеткен екенсең ноқтаңды үзип,
Мен жүргенмен сыртта сабынымды езип,
Қалдым ҳәзир сеннен гүдеримди үзип,
Иләж не, сол болса билгениң жақсы.

Ағарғанын билмей қара шашыңның,
Ҳарамын да билмей ишкен асыңның
Мәртебесин ойлап қара басыңның,
Дегенсең бадраққа ергеним жақсы.

Кәдириңнен билсе ерген адамың,
Онда кутлы болсын баскан қәдемиң,
Мәжилисте татысып арақтың дәмин,
Кудайсыз уйымға киргениң жақсы.

Сен соларға жаман баўыр басыпсаң,
Маған туйындырмай араны ашыпсаң,
Большевикке ерип бизден қашыпсаң,
Енди мен талак хат бергеним жақсы.

Усы исиң рас болса Дәригүл,
Өзиң қаматасаң мени бәри бир,
Буған даўа таппас ҳешбир дәригер,
Бирак азапланбай өлгеним жақсы.

Ерман менен кудалыкты қойғаннан,
Салтанатлы катнасықты жойғаннан,
Анталасып катласкан ўәдем тайғаннан,
Гөр тапсам тирилей киргеним жақсы.

Жасырмай-ақ душпанлықты билдирип,
Байтерекке алқымымнан илдирип,
Көп қыйнамай өз қолыңнан өлтирип,
Дәригүл сен мени көмгениң жақсы.

Акша мәзи бир сылтаўың Дәригүл,
Қалай айтсаң буўыны жоқ кызыл тил,
Ҳақ болсаң ойланып көр де өзиң бил,
Сен маған бир жаўап бергениң жақсы.

Серманның сөзин Дәригүл,
Ҳақыйкат анық еситип,
Минези күлкы кең еди,
Серманнан аклы көп еди,
Ҳақ болғансоң өз иси,
Секирип бирден кетпестен,
Табанларын беркитип,
Әттегеие қостарлық,
Қылмасам болмас бостанлық,
Деп Серман жапкан жалаға,
Бояўсыз жаққан караға,
Анығын билмей сөйлеген,
Мәзи бир гүман шамаға,
Оншама кеўлин калдырып,
Суўық сөз қоспай араға,
Жигирма жыл от жаққан,
Ошағын қосын бузалмай,

Минайханжандай қыз тапкан,
Костарға қатты қызалмай,
Душпаннан достан тартылып,
Узаққа сөзди созалмай.
Жаман жала жапса да,
Қостарлықтан безалмай,
Жигирма жыл көңилге,
Тоқып беккем байлаған,
Өмирлик жипти узеалмай,
Дәригүлге күш түсти,
Партия сызған жолдың да,
Алдын болжап сезеалмай,
Дәригүл айтты Серманға,
Кесилгир тилиң кесилсин,
Бул ақшаңның тәгдири,
Илаж жоқ енди шешилсин,
Босағаның астынан,
Акшаңды көтер бирақ та,
Үйдиң айналасынан,
Бес жуз қәдем узақта,
Турсын терең қозақта,
Жазым болса қолыңнан,
Жырақ болсын жолыңнан,
Қалмайық түсип дузаққа,
Сол ақшаны ашыўды,
Енди Серман узатпа,
Билинип кетип сәл жерде,
Хожалықты қулатпа,
Өзиңнен баска адамды,
Сен қасыңа жолатпа,
Тап усы ақшаң буйырып,
Жетеалмайсаң муратка,
Минайханжан үлкейип,
Онеки жасқа келгенше.
Оң менен солын билгенше,
Сол акшаға қол артпа,
Заман қалай заң қалай,
Аңлыўшы көп бирталай,
Бадыракларга сен қосып,
Маган жала жапсаң да,
Меннен гүна тапсаң да,
Өзим ҳалал болғансоң,
Деп Серманға, Дәригүл.
Сол ақшаңды үйиме,
Жолатпайман бәрибир,
Өзиңе Серман беккем бол,
Бул ақашаның мийнетин,

Қара басың шеккен бол.
Деп нәсият айтады.
Серманға қарап Дәригүл.

Бул ақшаңды билмесин ел,
Көмгениңди бир өзиң бил,
Көп сөйлемесин қызыл тил,
Енди сөзди созба деди.

Бир қыласынды қылдыңғой.
Илажым жоқ утылдымғой,
Мен болмасам тутылдың ғой,
Қайда жүрсең қызба деди.

Бүлкилдеп тур көмекейим,
Сонда да мен индемейин,
Сен аўылдан аўлақ кейин,
Ақшаны тез қозға деди.

Саған сөзим болмады ем,
Билинип кетип қатты алған дем,
Болып жүрме ийт, қусқа жем,
Көп мақтанып бузба деди.

Ақшаң сени көтереди,
Еки қолтықтан жел береди,
Алға бас деп пәл береди,
Қарама дабылпазға деди.
Сүўретинде жатта суў бол,
Буркырама мәзи пуў бол,
Оқ тийген жаралы қуў бол,
Қосылма үйрек ғазға деди.
Жақсы әдепти қояғөрме,
Асқа да көп тоя берме,
Даўысқосып қоя берме,
Сапасы жоқ сазға деди.
Тағы бийталап жүрме бос,
Бийдәўлет пенен болма дос,
Большевиклерге даўыс қос,
Халықта жеңис, сазға деди.
Қашық жүр аўлақ урыстан.
Халық көзине бир тырысқан,
Ғарры болда бир турыстан,
Бойыңды көп жазба деди.
Жаяғөрме қулашыңды,
Таўып дос тут жолдасыңды,

Таза сақлап қол, басыңды,
Қосылма насазға деди.
Абайлы бол сен ҳәр жерде,
Жыраў, бақсылар бар жерде.
Көп сөйлейгөрме тар жерде,
Өзиңди үйрет азға деди.
Серман серсиз сорлы қасқа,
Өзиңди өзиң беккем усла,
Дәригүлдер толып таспа,
Қыз сатқан гүнаң азба деди.
Сол ўақлары Серман бай,
Тығылып ишке әрманы,
Төгилейин деп турғандай,
Ентигип турып сөйледи,
Билмей турман Дәригүл,
Усы бүгин мен сениң,
Душпаныңды досыңды,
Бузылған шығар деп турман,
Жиғирма жыл ог жаққан,
Сениң менен косымды.
Бир дастықта бас қосып,
Соннан бери тийгизип.
Төсиме сен төсиңди,
Мини жоқ деп жаратып,
Қайбир қылған исиңди,
Түби тегин көпақша,
Алып келсем мен саған,
Жазығың сол деп сен маған,
Қарсылап қатты күшиңди,
Көрсеттиң суўық түсиңди,
Муннан қатты сөйлесем,
Көтережақсаң мушыңды,
Көп жейтуғын аўызды,
Жемес аўыз байлайды,
Дегендей қурттың писимди.
Муннан қатты айта алмай,
Пәсине төмен қайтады.
Дәригүл саған қосылып,
Жасымнан ойнап күлгеним.
Өтириктей болып тур
Шалқып дәўран сүргеним.
Дәўлет қусы басыма,
Қонғандай маған болып еди,
Минайханжанды көргеним.
Баласына Ерманның,
Айыбым жаслай бергеним.

Қалай серсиз десең де,
Усы мениң билгеним.
Қостарлыққа жатама
Әпкелген көп ақшама,
Қызықпастан душпандай,
Аяғымнан илгениң,
Серман едим султандай,
Қабыл етсе досларым,
Көмеклессе қостарым,
Халыққа тулға болғандай,
Дәригүл саған ҳайранман,
Ийт жыртқандай ишлерим,
Айланып мийим ойранман,
Жалпайтып жин урғандай,
Соншама сүрген дәўирим,
Сениң менен Дәригүл,
Болмады ғой жалғыз пул.
Бүгин саған жалынып,
Мен болдым ғой сор басым,
Сатып алған мен бир қул.
Муннан артық не дейин,
Мениң саған өкпем сол.
Енди ақшаны аўдарып,
Мен Дәриғүл көмейин,
Деп сөйерден қозғалды,
Қолына кепше бел алды,
Енди Серман сол Ақшам,
Қайерге қойсам сыймайды,
Буйырмағыр бул ақшам,
Тарлық қылды аў маңлайым,
Қыларман қалай жағдайын,
Бос қаларман ба сор басым,
Тықылдап қуры таңлайым.
Келетуғын ўақыт өтти,
Қайсы бирин айтайын,
Кешигип олда келмей тур,
Қырық батпан мениң бийдайым,
Жигирма баптан гүриш пенен,
Алты батпан сары майым.
Усыншама дүньяның,
Жолын билип мен тапсам,
Душпан болып қатыным,
Урмай-соқпай қорқытты аў,—
Үйимнен шыққан батырым,
Деп Серман большевиклерден,
Жаны қалмай бир қорықса,
Қатынынан еки қорқып,

Дөгерекке жалтаңлап,
Ақшаға барды талтаңлап,
Қағаздай болып қалтырап.
Ураны ашты албырап,
Қалдырмастан сол таңға,
Босағаның астынан,
Ақшасын алды арқалап,
Билдирместен бир жанға,
Көшип кеткен ийеси,
Бузылып қалған бир тамға,
Апарып Серман ақшаны,
Көп кесектиң астынан,
Ураны қазып көмеди,
Қолына ақша түскели,
Буйырар деген өзиме,
Тәмеси таўдай көп еди,
Ақшаның дәрти-пырақын,
Бийшара Серман сонлықтан,
Ой-баўырын кесип шегеди,
Ақшаны жайлап болғансоң,
Бойына тарап ишкен ас,
Азанда ерте турғансоң,
Белине орақ қыстырып,
Қолына кетпен алады.
Үш танап план пахтада,
Плошадка—тахтада,
Ислеп жүре береди.
Аўылы менен арасы,
Бес жүз қәдем жер еди.
Сол күни кеште Серманның,
Қудағай менен қудасы,
Қырық батпан бийдай, гүриш пенен,
Сары майы жүкленип,
Таралғы менен тартыўлы,
Жуп түйеге артыўлы,
Қонақ боп жетип келеди.
Ерман менен Нургүлди
Серман менен Дәригүл,
Көргеннен ырғып түргелди,
Дөнбе жипек шалғышын,
Басына салып бүркенди.
Қулашын жайып Дәригүл,
Тийгизип төсин төсине,
Қушақлады Нургүлди,
Қуда менен Қудағай,
Үйге төсек салғанша,
Бир азырақ иркилди,

Төсеклерин сайлады,
Гүлине ғүлин келтирип,
Үйдиң ишин жайлады,
Пишен гүди жантаққа,
Түйесин, атын байлады,
Үйде, сыртта ошақта,
Қара қумған, мыс дүмше,
Еки жақлап қайнады.
Жаңалық қуда, қудағай,
Бир-бирине қаранып,
Таўыс қустай таранып,
Бүлбүл қустай сайрады,
Сорасып болып аманлық,
Кишкентай деп қой-жанлық,
Семиз бир қара мал сойды,
Ийлетип сүтке шөректи,
Баўырсағы аралас,
Дәстүрхан жайып нан қойды.
Татыўлық сондай болсын деп,
Жоқ жерден таўып бал қойды.
Кеўли питип хызметке.
Ерман Нургүл, Серманға,
Бәрекелла деп қал қойды,
Қал қойып турып сөйледи,
Әпкелдим саған баяғы,
Қырық батпан мынаў бийдайың,
Бир түйири кем емес,
Гүришиң менен сары майың.
Маўыты шекпен өзиңе,
Көйлек, жаўлық хамқадан,
Қудағайыма сарпайым,
Ҳасылы жипек мақпалдан,
Минайханжанға әпкелдим,
Сарпайдан сайлап мен пайын.
Қалың малдың да қалғанын,
Әпкелип өзим беремен.
Большевиклерге билдирмей,
Қатнасып турсам ҳәрдайым.
Онекиден онүшке,
Өлмей аман жетисе,
Нашар бала болады,
Жумсамаға қап-қайым.
Ийек қақсаң тап-тайын.
Сол ўақта енши сорайман,
Қолыма тийсе келиним,
Алғынға басын орайман,
Мениң де жалғыз улымғой,

Көз алдымда қарайған,
Билесеңғой Ссрманбай,
Бир-биреўдиң жағдайын.
Сезикленип сезбесин,
Большевиклерден бир адам.
Бир қонып тезирек қайтайын,
Ендигисин өзиң бил.
Серманбай менен Дәригүл,
Муннан артық сизлерге,
Мен енди нени айтайын,
Деген ўақта Серманбай,
Хош келдиң қонақ хош келдиң,
Сарымай гүриш бийдайды,
Қалдырмай алып дурыс келдиң,
Деп қудағай қуданың,
Әпкелген дәстүрханына,
Уша менен төс салды.
Баўырсақ, наннан айырым,
Тағы батпан гөш салды.
Қудағайына Серман бай,
Зербарақ ҳасыл көйлектен,
Жалатып алтын соқтырған,
Баў түйме қылып тақтырған,
Ғуббалы улкен илгектен,
Қудасына Серман бай,
Бир шекпен жапты пиязы,
Ермекбай күйеў балам деп,
Бир тери берди қамардан,
Гәўҳардай көк шийразы,
Бул сыйына Серманның,
Қудагай менен қудасы,
Өлгенше болды ыразы,
Усындай қылып жасырып,
Сумлығын халықтан асырып,
Жети жыл өтти арадан,
Жетиге баллар шыққанша,
Билмеди басқа бир адам,
Түсине алмай заманға,
Ақылы қысқа көп надан,
Мен енди соны айтаман,
Ермекбай Минайханның да,
Дүньяға шығын туўысы,
Арыслан палўанның баласы,
Баҳадырдың туўылған гези еди.
Ендиги жағы дәстанның,
Совет балаларының сөзи еди...

## ЯРЫМ ӘСИР ХАЛЫҚ ХЫЗМЕТИНДЕ.

Октябрьден туўылған қарақалпақ совет әдебияты өзиниң туўылыўы, қәлиплесиў ҳәм барлық тәрепинен раўажланыўы жолында ярым әсирден көбирек тарийхый жолды басып өтти. Бул дәўир ишинде жаңа социалистлик жәмийет қурыў ҳәм жаңа адамларды тәрбиялаў исинде, ўлыўма совет әдебиятының раўажланыўына өзиниң белгили үлесин қосқан Аббаз Дабылов усы Октябрьден туўылған қарақалпақ совет әдебиятының көрнекли ўәкили ҳәм оны баслаўшылардың бири болды. Ол өзиниң ярым әсирлик қарақалпақ совет әдебиятының туўылыўы, қәлиплесиў ҳәм раўажланыў жоллары менен тығыз байланысқан творчестволық исинде қарақалпақ халқының жаңарған турмысының реаль картинасын берип отырды. Шайыр өзиниң творчествосы менен қарақалпақ совет әдебиятына, әсиресе, оның поэзия тараўына үлкен үлес қосты.

Халық поэзиясының ең жақсы дәстүрлерин раўажландырып, оны қарақалпақ совет әдебияты менен ушластырды. Оның поэтикалық дөретпелери патриотизм, гуманизм, интернационализм, адамгершилик, адам мийнетин ҳәм адам бахтын сүйиўши алдыңғы прогрессивлик идеялар менен толы.

А. Дабылов 1898-жылы Тахта көпир районының (ҳәзирги Фрунзе атындағы совхоз) „Қара ой“ аўылында туўылады. Ол дәслеп ески аўыллық мектепте, соңынан медиреседе оқыған. Бирақ, 1909-жылы әкеси өлип, оқыўды даўам еттире алмайды. Мине болажақ шайыр усы ўақыттан баслап, өз елиниң ана шети менен мына шетине қаңғалап, семьяны бағыўдың, турмыс кешириўдиң қатал қыснағына түседи. Шайыр жасындағы өмирин еске түсиргенде, оны жел домалатқан қаңбаққа салыстырады. Бул жыллары ол жалланба мийнеттиң ҳәр қыйлы қыйын түрлерине дуўшар болады.

„Нешшө адамға дийхан журдим,
Зорлық—зомбылықты көрдим.
Тауық шақырғанда турдым,
Умытпастай бир дәрт болды"[1].

Әлбетте, бул картина тек А. Дабыловтың өмирине ғана тән болып қоймастан, ол революциядан бурынғы барлық қарақалпақ мийнеткешлериниң турмысына да тән, характерли журип өткен соқпағы еди. Тек Октябрь революциясы ғана барлық мийнеткешлер менен бирге А. Дабыловтың да творчествосының ҳәм ой-өрисиниң де көзин ашты. Ол коллективлестириў жылларында биринши лер қатарында колхозға кирди ҳәм 1931-жылы дәслепки шөлкемлескен колхозлардың бирине баслық та болып сайланды. Бул да шайырға болған халықтың күшли сүйиспеншилигинен ҳәм ҳүрметинен туўған үлкен исеним еди. 1933—1937-жыллары А. Дабылов аўылхожалық жумысларында ислесе де, творчестволық хызметинен қол үзбеди, 1938—1939-жыллары ол Торткүльде өткерилген биринши олимпиадаға, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан жазыўшылар союзларының съездлерине қатнасады. 1940—1943-жыллары А. Дабылов Тахтакөпирдеги колхоз театрының составында ислейди. 1943-жылдың апрель айынан баслап Нөкиске келеди ҳәм оған профессиональ шайыр сыпатында творчествосын раўажландырыўға жағдай туўғызылады. Буннан кейинги ўақытларда да А. Дабылов гейде жекке, гейде Садық шайыр менен бирликте гастрольға шыққан филармония ҳәм театр составында аўыл ҳәм калаларды аралайды. Халық турмысы менен жақыннан ҳәм тереңнен танысып, шығармасы менен халыққа ҳадал хызмет етеди. Бирақ 1970-жылы сум әжел көрнекли халық шайырын бизиң арамыздан алып кетти.

А. Дабыловтың творчествосы Октябрь революциясынан бурын-ақ басланады. Бул дәўирде шайыр қарақалпақ поэзиясының сөз шеберлери Әжинияз ҳәм Аяпбергенлердиң тәрийип қосықларының үлгисинде жигит—қызларға арнап қосықлар жазған. Мысалы, Қараөзек поселкасында турыўшы марҳум Кайыпов Нийетулладан жазып алынған „Ырысбийке" қосығын алып қарайық:

„Юзиңни көриўбәм шаўқыңа тойдым,
Тәрийпиң нағыш әйлеп қағазға ойдым,
Сөзни безеп, қал үстине қал қойдым,
Сизге ҳешбир жанан барабар келмес.

---

[1] *Аббаз Дабылов.* Шығармалары, 1. том. Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис 1959-жыл. 11-бет.

Қолдаўлы Әммегүл, балғалы Әнар,
Мүйтенде Ақсулыў, Маңғытта Гүлзар,
Ҳаслы кәлем бүў дүньяда ҳәрне бар,
Булар ҳәм сениңдей емес Ырысбийке".[1]

Мине А. Дабыловтың революцияға дейинги шығармаларының характери усындай болған.

А. Дабыловтың творчествосының көзин ашқан ҳәм оның творчествосының идеялық бағытын белгилеген де Октябрь Социалистлик революциясы болды. Сол ушын ол жаңа советлик саррас жолға адым атлаған биринши күнинен баслап-ақ:

„Халықтың душпаны туншықты,
Мәңгиге халыкқа күн шықты,
Бизлерден шадлы үн шықты,
Азат болып Октябрьде"[2].—

деп, Октябрьдиң саўлатын жырлады. Совет ҳүкиметин, Коммунистлик партияны ҳәм В. И. Ленинди шығармаларына орайлық идея етти.

„Ленин деп айтады ҳүкимет басы,
Карл Маркс дейди оның устазы.
Аэроплан, автомобиль, арбасы,
Алысыңды жақын етти, жолдаслар!"[3]

1926-жылы жазылған шайырдың бул „Жолдаслар" шығармасында сол күнниң талабына ылайық сиясый-агитация басым болып, социалистлик жәмийеттиң мәпине карата класслық душпанларға қарсы қатты соққы бериўге халықты шақырады.

Партия менен ҳүкиметимиз елди коллективлестириў, майда дийхан хожалығынан ириленген артель ҳәм колхозға өтиўди ең жайдырған дәўирде шайыр ҳүкиметимиз бенен партиямыздың курсын қуўатлап, 1928-жылы „Артель болып уйымласың!"—деген шығармасы арқалы артель ҳәм колхоз болып биригиўди аўыл дийханлары ушын үлкен мәртебе және бахытлы жол деп есанлайды. Шайыр бул дәўирде „Ударниклер", „Жалқаў ҳайяр", „Тахтакөпир",

---

[1] Автордың Аббаз творчествосына байланыслы халық аўзынан жыйналған материаллары, № 3 дәптер, 19—20-бетлер.

[2] А. Дабылов. Қосықлар топламы. 1-китап. Қарақалпақ мәмлекет баспасы, Төрткүл, 1940-жыл 17-бет.

[3] А. Дабылов. Шығармалары, 1-том. Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис. 1959-жыл. 5-бет.

„Максим Горькийге“, „мектепте болар“ ҳәм тағы басқада шығармалары арқалы колхоз қурылысын беккемлеўдеги стахановшылық ҳәрекетти қуўатлап, колхоздағы ис жақпасларды әшкаралайды, жасларды билимге шақырады. Творчествоны жоқары баҳалайды. Сөйгип, шайыр партия менен ҳүкиметимиздиң талапларын, гезектеги ўазыйпаларын ҳалыққа кеңнен пропагандалайды. 1939-жылғы Москва сапарынан илҳамланған А Дабылов „Көрип келдим“, „Мавзолей“, „Сораў-жаўап“, „Москва“, „Қайғысыз жасады халқым абадан“ деген шығармаларын дөретип, оларда елимиздеги болып атырған өзгерислердиң, қолға кирип атырған жетискенликлердиң тийкары ҳәм СССРдағы мийнеткеш халықтың бахытлы, шадлы турмыста жасаўының дереги Советлер Союзының Коммунистлик партиясы және оның тийкарын салыўшы В. И. Ленин деп биледи.

Соңлықтан шайыр:

„Қараңғыдан атырып ентаңымды,
Ашып елиң куўсырылған жағымды,
Мүмкин болса берер едим жанымды,
Азатлыққа алып шыққан көсемим“[1] деп

жырлады.

Солай, етип, Аббаз өзиниң Ўатандарлық урысқа шекемги творчествосында-ақ халық гамхоры В. И. Лениниң образын қарақалпақ Совет поэзиясында жүзеге шығарды.

Халық шайырлары Аббаз Дабылов ҳәм Аяпберген Муўсаевлар поэзияда В. И. Лениниң образын дөретип бериўи менен қарақалпақ Совет әдебиятында Ленин туўралы поэзияның—Ленинναманың раўажланыўына үлги салды.

Шайыр бул дәўирде жаңа турмыстың кең саласына нәзер аўдарып „Сүўенли—Ленин жап каналы“, „Қызыл тақыр хан қазыўы“, „Өзлигиңнен бир билмедиң“ деген шығармалары арқалы жәмийетлик ислерге, халықлық гүреслерге актив қатнасып отырды. Солай етип, Ўатандарлық урысқа дейинги дәўир А. Дабыловтың творчествосының жаңа сапаға көтерилиў жетилисиў ҳәм қәлиплесиў дәўири болды. Жаңа советлик турмыс шайыр творчествосының басланғыш мектеби болды.

Шайырдың 20—ҳәм 30-жыллардың биринши ярымындағы шығармаларында баянлаў усылы басым болып келген болса, ал 30-жыллардың екинши ярымына қарай көркем

[1] Аббаз Дабылов Шығармалары, 1-том, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис. 1959-жыл, 32-бет.

образ жасаў ҳәм сүўретлеўге шайыр көбирек итибар берди. Қосық қатарларындағы сөзлерди халық тилинен таңлап алып, онлап, оларға жаңа поэтикалық ўазыйпалар жүклеп, поэзиясының көркемлиги ҳәм тилиниң шыйраклылығы үстинде гүрес алып барды.

Ўатандарлық урыстың алдыңғы жылларында А. Дабылов Советлик турмыстың көп салалы реаль ҳақыйқатлығын жырлайтуғын творчествосын халықтың мәпи менен тығыз байланыстырған лирик шайыр болып жетилисти. Соның нәтийжесинде 1940-жылы оның биринши шығармаларының жыйнағы „Қосықлар топламы" деген ат пенен жарыққа шықты. Топламға шайырдың даңқын жәмийетшиликке таныткан „Октябрьде" „Өткен күнлерден қутылдық", „Көрип келдим", „Мавзолей" ҳәм тағы басқа көплеген жақсы шығармалары кирген. Топлам шайыр творчествосының поэзия шыңларына қарай өрлеп баратырғанының дереги болды.

Уллы Ўатандарлық урыс қарақалпақ жазыўшы ҳәм шайырлары ушын да қатаң сынаў жыллары болды. Қәлемин найзаға, сөзин оққа айналдырған А. Дабылов урыстың дәслепки күнлеринен баслап ақырғы шешиўши ўақытларына дейин поэзия майданындағы өзиниң барлық күшин ҳәм шеберлигин Совет халқының немец—фашист басқыншыларының үстинен жеңиске ерисиўине жумсады. Совет жаўынгерлери фронтта душпан менен ғажжа ғаж айқасып атырғанда халық шайыры тылда турып душпанға қарсы кәлеминен оқ жаўдырды. Өзиниң „Биз жеңемиз", „Нәмәрт жигит неге дәркар?", „Халық айналды сени туўған анадан", „Сталинградта", „Гүзеп кел" ҳәм тағы басқа терең патриотлық пафосқа толы шығармалары менен қарақалпақ халқын ҳәм оның мәрт жаўынгер улларын Ўатан алдындағы жууапкершиликти сезиўге тәрбиялады.

„Табаққа қол салдырғанша,
Жалғыз тыйын алдырғанша,
Душпанларға жол бергенше.
Ўатан ушын өлген жақсы.

Мийримсиз болып душпанға,
Ушырып қулин аспанға,
Шық жуқтырмай гулистанға,
Жаўды нупқырт еткен жақсы"[1].

---

[1] Аббаз Дабылов. Шығармалары I-том, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис, 1959-жыл, 77-бет.

Шайыр көплеген шығармаларында Совет адамының граждanлық абыройын ҳəм намысын жоқары көтерди. Сол арқалы халықты патриотлық жеңиске рухландырды.

А. Дабылов урыс жылларындағы поэзиясында халық аўызеки əдебиятындағы традициялық жаўынгерлик мəртлик дəстүрлерди алға раўажландырды. Социалистлик Ўатанды, Совет Армиясын, оның күш-қүдиретин ҳəм саўашта өзиниң мəртлиги, батырлығы менен танылған қатардағы қарақалпақ жигитлериниң жаўынгерлик образларын дөретти. Олардың Ўатанға, халыққа берилгенлигин, батырлығын басқаларға үлги етти.

Салыстырыў—Аббаздың шайыршылығына тəн ең əҳмийетли сүўретлеў усылы. Шайыр бул усылды Ўатандарлық урыс дəўириндеги поэзиясында да кеннен қолланды. „Нəмəрт жигит неге дəркар?" деген шығармасында мəрт пенен нəмəртти, батыр менен қорқақты салыстырыў арқалы батыр Совет жаўынгерлериниң образын күшейте түседи.

„Халық ушын белин буўмаса,
Жигитте намыс болмаса,
Ўатан ушын туўылмаса,
Ондай жигит неге дəркар?

Алмастан қайтқан полаттай,
Порсаң аяқ жаман аттай,
Жарықтағы жарғанаттай,
Болған жигит неге дəркар?[1]

Демек, урыс ўақтындағы халықтың ойы ҳəм мүддеси де усындай еди. Сол ушын бул қосық халық арасына кең таралды ҳəм қосық халықтың жүрек сезимлерин қозғағанлығы ушын оған нама да жазылып, эфирде де жаңлады.

Бул дəўирдеги шайырдың тылдағы мийнет ерлериниң қаҳарманлық ислерине арналған поэзиясы да жаўынгерлик идея менен суўғарылды. Оның „Шаўгүл", „Оразгүл", „Бес қыз", „Қыз ҳəм келиншек", „Бир бриғад ҳаққында", „Батырларға тийген жоқпа зыяның? ҳəм тағы басқа шығармаларында тылдағы жемисли мийнет—жеңистиң гиреўи деп қаралды. Тылды шайыр фронтты барлық керек—жарақлар менен тəмийинлейтуғын база деп түсинди. Ҳақыйқатындада совет тылы дəл усындай еди. Сол ушын, шайыр совет жаўынгерлериниң саўаштағы қаҳарманлық ислерин көрсе-

---

[1] Аббаз Дабылов. Шығармалары, 1-том, Қарақалпақ мəмлекет баспасы. Нөкис, 1959-жыл, 78-бет.

тиў аркалы тылдағы мийнет ерлериниң күшине-күш қосқан болса, ол фронтты барлық жағынан тәмийинлеп атырған мийнет қаҳарманларының табыслы ислерин жырлаў арқалы совет жаўынгерлерин саўаш майданындағы жеңиске рухландырды. Бул идеяларды шайыр фронттан хат ҳәм фронтқа хат түриндеги қосық үлгилери менен толық берип отырды. Урыс ўақтындағы халық кәҳәринен туўған шайыр поэзиясы тематика жағынан ҳәрқыйлы болғаны менен оның барлығы да тийкарғы бир идеяға, совет халқын патриотизм, интернационализм рухында тәрбиялаўға, жаўды жеңиў идеясына бағыңдырылып отырылды.

Солай етип, урыс жылларында халық шайыры А. Дабылов халық жүрегин толқытқан поэзиясы менен халыққа қызмет етти, партия ҳәм ҳүкиметимизге душпан үстинен даңқлы жеңистиң саатын жақынлатыўға үлкен үлесин қосты ҳәм коммунистлик партия ҳәм халықтың исине шын берилген шайыр—трибун, шайыр—агитатор болды.

Қарақалпақ Совет әдебияты урыстан кейинги дәўирде поэзия, проза ҳәм драматургия тараўларында жүдә үлкен табысларға ерисги. Әдебиятымызда ҳәзирги заман темасында жазылған үлкен-үлкен поэзиялық ҳәм прозалық шығармалар дөреди. Әдебиятымыздың усы жетискенликлерине А. Дабылов та өзиниң салмақлы үлесин қосты. Урыстан кейинги жылларда оның творчестволық хызмети активлести. Шайыр бул дәўирде жай совет адамларының жоқары нийетли ой-сезим ҳәм тилеклерин ушқыр қыял менен шебер сүўретлейтуғын лириканың устасы болып ғана қоймастан, ал өз халқының тарийхый раўажланыўы жолындағы гүреслерин жуўмақлаўшы шығармалары менен поэзияда ири эпикалық шығарма дөретиўши шайыр дәрежесине де көтерилди. Оның бул дәўир поэзиясында халыққа жақынлық, терең заманагөйлик, поэтикалық шеберликтиң ҳәм лирик ғерой образының жетилисиўи көзге тасланады.

Өзбекстан халық жыршысы, Қарақалпақстан халық шайыры ҳәм Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лаўреаты А. Дабылов бул дәўирде „Жеңислер йошы" (1947-жыл), „Алға, коммунизмге" (1954-жыл), „Қосықлар" (1962-жыл), „Баўырманлар" (1965-жыл), „Арнаўлар" (1966-жыл) ҳәм „Билимлен" (1968-жыл) деген ат пенен аталған топламлары, „Баҳадыр" дәстаны (1959, 1957, ж. ж.) „Аббаз Дабылов" (1959, 1967-ж.) деген ат пенен аталған шығармаларының 1—ҳәм 2-томлары жарыққа шықты. Буларға кирген шығармаларында қарақалпақ халқының өткендеги ҳәм ҳәзирги турмысы өзиниң реаль сүўретлениўин тапты, партиямыз ҳәм совет ҳүкимети тәрепинен алға қойылған ўазыйпаларды орынлаўдағы қарақалпақ халқының қаҳарманлық мийнети

парахатшылык ҳәм халыклар дослығы, илим ҳәм техника жаңалыклары қарақалпақ халқының коммунистлик жәмийетке қәдем басыўындағы партия ҳәм Совет ҳүкиметиниң ғамхорлығы жәнe басшылығы, В. И. Ленинге болған халыклық муҳаббат, қарақалпак халқының жарқын келешеги ҳәм тағы басқалар кең планда жырланылды.

1959 жылы басылып шыққан шығармаларының биринши томына 1959-жылға шекемги жазылған дерлик барлық шығармалары, 1967-жылғы екинши томына „Баҳадыр“ дәстанының биринши ҳәм екинши бөлимлери кирген болса, ал үшинши томына бурынғы томларына кирмей қалып қойған гейпара шығармалары менен 1959-жылдан соңғы дәўирдеги дөреткен шығармалары енгизилген.

Биракта шайыр шығармаларының биринши, екинши томларында ғейпара редакциялық өзгерислердиң енгизилгенинде айтып өтиў орынлы. Бул, әсиресе шайыр шыгармаларының биринши томында көбирек ғезлеседи. Мәселен: 1940-жылғы А. Шамуратов тәрепинен редакторланып баспадан шыққан шайырдың биринши „Қосықлар топламындағы“ қосық текстлери менен биринши томындағы қосық қатарларын салыстырғанымызда көплеген өзгерислердиң, қысқартылыўлардың барлығын көремиз.

1940-жылғы баспасында „Көрип келдим“ қосығы:

Көрдим неше жайды бийик,
Бириниң үстине бирин үйип,
Турма деп аспанға тийип,
Соған шад боп күлип келдим“[1]

деп, шайырдың өзиниң жай түсинигинше берилсе, ал 1959-жылғы биринши томында бул куплет:

Көрдим нешше жайды бийик,
Кумарландым кеўлим сүйип,
Турма деп аспанға тийип,
Соған шад боп күлип келдим“[2]

сондай-ак, „Аэроплан, автомобиль, арбасы“, деген қатар „Автобус, самолет ҳәм отарбасы“деп өзгериске ушыраған.

---

[1]. Аббаз Дабылов. „Қосықлар топламы“, I-китап, Қарақалпақ мәмлекет баспасы, Төрткүл, 1940-жыл, 6-бет.

[2]. Аббаз Дабылов. Шығармалары, I том, Қарақалпақ мәмлекет баспасы, Нөкис, 1959 жыл, 31-бет.

Сондай-ақ, 1940-жылғы топламдағы:

„Жердиң асты өжире-өжире,
Бәрин көрдим жүре-жүре,
Айта берсем көп шежире,
Сөз табалмай қойып келдим.

Сырт формы қызыл жасыл,
Бәри гәўҳар бәри ҳасыл,
Бәриде сондай әлҳасыл,
Көргенимди айтып келдим.

Басымызға келген дәўир,
Көрип шығардым иштен ҳәўир,
Болсақ деп күн күннен тәўир,
Соған кеўил берип келдим"[1]

деген қосық куплетлери 1959-жылғы шайырдың биринши томындағы „Көрип, келдим" қосығынан түсирилип қалдырылған. Ал, „Мовзелей қосығы 1940-жылғы баспасында:

Патшалардың дәўиринде күшим жоқ.
Жерсизбен, суўсызбан, кулман, үйим жоқ,
Арылмай миййетим күндиз тыным жоқ,
Сол азаптан азат еткен көсемим"[2]

деп, Аббаз Дабыловтың шайыршылығына тән, салыстырыў усылы менен басланса, ал бул куплет шайыр шығармаларының 1959-жылғы биринши томында түсирилип қалдырылған. Мине бундай қосық куплетлериниң түсирилип қалдырылыўлары, қосық қатарларындағы өзгерислери шайыр шығармаларының 1959-жылғы биринши томында көплеп ушырасады.

Сол ушын келешекте Өзбекстан халық жыршысы Қарақалпақстан халық шайыры, Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты Аббаз Дабыловтың шығармаларының Академиялық баспаларын таярлағанда, шайыр шығармаларына текстологиялық жумыслар жүргизилип, халық шайырының өз оригиналы, өз почеркиси сақланып қалыўы тийис. Бул оның өз стилин, басқа шайырлардан өзгешелигин хәм шығармаларының қунлылығын анықлаўда үлкен әхмийетке ийе.

Шайыр шығармаларының ҳәзирги шығып атырған үшинши томына шайырдың бурын шыққан қосықлар топламларына кирмей қалып қойған, биринши томға енгизилмеген көплеген шығармалары кирген. Мысалы: „Тахтакөпир", „Ударниклер„, „8-март", „Мектепте болар", „Халық айнасы",

---

[1]. Аббаз Дабылов, „Қосықлар топламы". 1-китап. Қарақалпақ мәмлекет баспасы, Төрткул, 1940-жыл, 6—7-бетлер.
[2]. Сонда, 8-бет.

„Батыр азамат“, „Әрман“, „Сайлайман„, „Шайырларға“, „Бердақ ҳаққында“ қосық“, „Бизиң Нөкистиң“, „ГЭС қурылысына“ „Тахиаташқа“ ҳәм тағы булардан басқа да көплеген шығармалары бар. Бул томға шайырдың „Сөйлесе тарийх бетлери“, „Биййбимәрьям“ қусаған питпей калған поэмалары, биринши ирет енгизилип отыр. Сондай ақ, „Баҳадыр“ дәстанының үшинши бөлиминен питпей қалған даўамы берилген. Халық шайырының бул томға кирген қосықларының ишинде де баспа сөзде дағазаланбаған, биринши ирет халыққа усынылып атырған қосықлары да бар. Соның менен бирге 30 жылларда әдебиятымыздың тарийхынан кең орын алған мәселен, „Ленин көсемим“ ҳәм тағы басқа, гейпара қосықлары автордың қайта ислеген варианты тийкарында жиберилип отырылған жағдайлары да бар.

Улыўма алғанда бул Аббаз Дабыловтың шығармаларының үшинши томына бурын баспада жәрияланған ямаса жәрияланбағанына қаралмастан бурынлы соңлы калып қойған хәм соңғы жыллары дөреткен бираз шығармалары кирген. Бул томға кирген шыгармаларының ишинде мапазлық характерде жазылған қосықларда бар. Сол себепли олардың барлығының көркемлик дәрежеси бирдей жоқары деп айта алмаймыз.

Деген менен халық шайырының үшинши томының баспадан шығыўы бизиң әдебиятымыз ҳәм оның тарийхы ушын үлкен әхмийетке ийе екенлигине даў жоқ. Бул бизиң китап оқыўшыларымызға, халық шайырының соңғы үлкен саўғасы болып есапланады.

Биз шайырдың бул үшинши томына кирген шығармаларына арнаўлы тоқтамадық. Себеби шайырдың буннан бурынғы биринши ҳәм екинши томларына да алғы сөз жазылмағанлықтан биз улыўма шайыр творчесгвосына (бул ҳаққында арнаўлы мениң монографиям бар С. Н). қысқаша тоқтап, шайыр творчествосы туўралы жәмийетшиликке қысқаша түсиник бериўге талапландық.

* * *

„Орта есаптан бес мың екен планы,
Жыл бойынша терген он мың килоны,
Ис жүзинде адамзаттың қыраны,
Көрдим мен гайратын Бийбисәнемниң“[1],

Ўатандарлық урыстан кейинги парахат қурылыс дәўиринде шайыр поэзиясында мийнет темасы кең орис алды. Онда алдыңғы мийнет адамларындағы мийнетке болған коммуни-

---

[1] Аббаз Дабылов. Шығармалары I том. Қарақалпақ мәмлекет баспасы, Нөкис 1959-жыл. 154-155—бетлер.

стлик идеальлык, кекиректеги мийнег йошы баскаларга үлги етилип, шайыр тәрепинен үлкен көгериңкилик пенен жырланылды.

Бийбисәнем косығы өзиниң көркем турмыслык образ дөретиў ҳәм күшли лиризми жағынан урыстан кейинги А. Дабыловтың творчествосынан үлкен орын ийелейди. Шайыр поэзиясында мийнет адамларын жырлағанда мийнетти искусство дәрежесине көтерген өндирис алдыңғыларын тилге алады. Олардың рухый дүньясын да ашып береди, (Мысалы: „Бийбисәнем“, „Мийирхан„ „Қаҳарман гарры“, „Сексенбес центнершиге“ „Халықты темир жолға шақырыў“ ҳәм т. б). Парахатшылық ҳәм халықлар дослығын, кеңнен жырлады. (Мысалы: „Тынышлықты сүйемен“, „АҚШ тың басшы топарларына“, „Қўшақ ашып турмыз келиң, миймаңым“, “Мақтымқулыға“ ҳәм т. б.) Шайыр тәбият көриннсиниң шебер сүўретшиси болды. (Мысалы: „Бәҳәр„, „Жаз мәўсими“, „Әмударья“ ҳәм т. б.)

А. Дабыловтың урыстан соңғы поэзиясы тематикаға жүдә бай. Ол күнделикли турмысымыздағы түрли ўақыяларды қамтыйды. Дүньядағы биринши летчик-космонавт Юрий Гағарин биринши ирет космосқа ушқанда:

Советтиң халқынан аямай жанын,
Қахарман болыўдың келтирдиң сәнин,
Жазыўшыға өз алдына бир тема.
Космосқа ушыўға таярланғаның“[1]

деп иле шала лирика маржанларын дизип жибереди. Оның пүткил дүньяны таң қалдырған мәртлигин үлкен йош пенен жырласа, ал ракета ҳәм жердиң жасалма жолдасын шайыр айрықша баҳалайды.

„Тамақ ишкен адам аўзын тапқанша.
Төсек салған дастығына жатқанша,
Көзин жумған ашып кирпик қаққанша,
Асып өткен Памир таўдан, Тураннан“[2]

Космос темасына ўақтында ҳәмме шайыр қатнас жасады. Бирақ, халық шайырының ҳешбир заманласы бундай етип палын тамызып лирика тоқый алмады. Сондай-ақ шайыр бизиң күнделикли социалистлик турмысымыздағы өсиў ҳәм өзгерислердиң жаршысы оның жалықпас пропагандисти болды. Сол ушын оның поэзиясының тематикасы да социалистлик ҳәм коммунистлик қурылыстың табыслары

---

[1] Аббаз Дабылов. „Қосықлар“ топламы, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис 1962-жыл. 17-бет.

[2] Сонда, 21-бет.

менен белгиленеди. Шайырдың кәлеминде илимпазлар, космонавтлар, шайырлар, агрономлар, тракторшылар, ең алдыңғы өндирис маманлары, хүжданлы пахтакеш ҳәм балықшылар, ҳәтте, ис қосжақпас жалкаўларда өз сүўретлениўин табады. Әсиресе, А. Дабыловтың соңғы дәўир поэзиясында тийкарғы дыққат Коммунистлик партияны ҳәм В. И. Ленинди жырлаўға аўдарылады. Халық шайыры В. И. Ленин образынан барған сайын тың белгилер таба береди. Соңлықтан, ол:

„Сиз дүзген партия баслайды бизди,
Соңлықтан тири деп айтамыз сизди.
Тек биз емес, пүткил дүньяның жүзи,
Мудамы тири дер халық арасында“[1], —

деп Коммунистлик партия бар жерде Ленин бар, партия ҳәм халық пенен Ленин мәңги бирге жасайды деген жуўмақ шығарады.

Улыўма алғанда, Коммунистлик партияның басшылығы менен халықтың дөретиўшилик мийнети арқасында Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик Республикасының да күннен күнге гүлленип, туўысқан республикалар менен бирге жайнаған Коммунизмге қарай керип адым атлап баратырғанлығы шайырдың соңғы дәўир поэзиясынан кең орын алады. Урыстан кейинги дәўирде шайырдың творчествосының диапозоны жүдә кеңейди, онда жоқары идеялылық жетилискен көркем образлылық ҳәм жанрлық жақтан раўажланыў анық көринеди. Бул дәўирде шайыр поэзиясы эпикалық жанрдың кәрўанына қосылып, поэзияның бийик шыңына қарай өрледи.

А. Дабылов қарақалпақ поэзиясының ең жақсы қосықшысы, күшли лирик шайыры ҳәм шебер тәрипшиси болды. Бул, тараўларда оның новаторлығы да бар. Сондай-ақ, оның стилине сиясий агитациялық, шақырық шығармалар, юмор ҳәм сатира, толғаў ҳәм термелер де характерли. Ал, эпикалық жанрда, „Баҳадыр“, дәстаны оның поэзиясының шыңы, поэзияда советлик дәстанның басламасы. Онда дәстан жанрының ишки законлылықларын терең ийелеген шеберлиги күшли шайыр реаль турмыс ўақыяларына сүйенип халық дәстанларының үлгисинен шебер пайдаланып, оны творчестволық түрде раўажландырады. Дәстандағы ҳәр бир бап белгили бир тамамланған эпизодты, белгили бир ўақыя түйинин айқын елеслетеди. Ондағы ҳәр түрли формадағы қосықлар, терме ҳәм тақмақлар да уйқас жағынан шыйрақ келип отырады. Халық тилин терең ийелеген шайыр халықтың тил байлы-

---

[1] Аббаз Дабылов. „Қосықлар“ топламы. Қарақалпақ мәмлекет баспасы, Нөкис, 1962. 6-бет.

ғының ғәзийнесипен еркин аралап, оннан керегин дурыс таңлай алады.

„Жапаны шекпеген ашық.
Сапаның кәдирини билмес,
Зимистан көрмеген бүлбил,
Бәҳәрдиң кәдирини билмес.

Ис буйырса қос жақпаған,
Өзин саяда сақлаған,
Мийнет пенен от жақпаған,
Ас-нанның кәдирини билмес“ [1].

Дәстанның сюжетлик түйинин ашыўда, реаль турмыс ўақыяларынан бириккен композициясының бир тутаслығын сақлаўда, онда қатнасыўшы ҳәрбир геройдың ишки, сыртқы характерин бериўде, әсиресе, олардың портретин жасаўда шайырдың уқыплылығы ҳәм шеберлиги анық көринип турады. Ҳәтте, геройлардың атлары да олардың минез-қулықларына, ислеген ислерине, характерине сәйкес халық түсинигинде бериледи. Сол ушын оны халық сүйип оқыйды. Жәмийетшиликте дәстанды жоқары баҳалайды. Шайырлар оның көркем тилинен пайдаланады. Дәстан өзиниң усындай қунлылығына байланыслы 1967-жылы Бердақ атындағы республикалық сыйлыққа миясар болды. Шайырдың үшинши томында „Сөйлесе тарийх бетлери“ ҳәм „Бийбимәрьям“ деген тамамланбаған поэмалары да бар.

Солай етип, Өзбекстан ССР ының халық жыршысы, Қарақалпақстанның атақлы халық шайыры хәм Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты А. Дабылов қарақалпақ совет әдебиятына елиў жылдан аслам хызмет етти ҳәм оның туўылыўы, қәлиплесиў және раўажланыўында үлкен роль ойнады, оны баслаўышлардың биринен есапланды. Ол уллы рус ҳәм туўысқан халықлар әдебиятларына көбирек нәзер аўдарды Миллий әдебияттың традициясын тынбай өзлестирди. Сонлықтан оның шығармалары халыққа сонша жақын ҳәм сүйикли болды.

Соның нәтийжесинде 1957 жылы Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосының Ташкентте өткерилген декадасында шайырдың творчествосына тән болған конкретлилик,

---

[1] Аббаз Дабылов. Шығармалары. П-том, „Қарақалпақстан баспасы- Нөкис, 1966 жыл, 15-бет.

шеберлик ҳәм оның шығармаларының мазмуны жағынан тереңлиги, халық поэзиясындағыдай пикир байлығы менен образлылық күтә жоқары баҳаланды. Атақлы Өзбек шайыры, Ленинлик сыйлықтың лауреаты Ғафур Ғулам „Аббазды өзиниң устазы деп, ал өзин оның шәкирти“ деп атады[1].

Сондай-ақ, халық шайырының творчествосы көплеген жас талант ийелериниң өсип жетилиўинде аянбай хызмет етти. Сонлықтан ҳәзирги қарақалпақ совет поэзиясының көплеген сөз шеберлери оны өзлерине устаз деп есапл айды,

А. Дабылов қарақалпақ әдебий тилин раўажландырыўға да көп мийнет сиңирди. Қарақалпақ поэзиясын ушқыр сөзлер менен байытты. Оның творчествосы А. Н. Толстойдың „Художник өз искусствосы менен бирге өседи. Оның искусствосы өзи тәсирленген халық пенен бирге өседи“[1] дегениндей. қарақалпақ халқы менен бирге өсти ҳәм камалга келди. Шайыр бирдейине халық пенен бирге болды ҳәм сол күнги турмыстың талабынан аўлақлап кетпеди. А. Дабылов өзиниң творчествосы менен ҳалыққа ҳәм партияға садық болып қалды ҳәм қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўы ушын барлық талантын, күшин ҳәм қуўатын жумсады.

Аббаздың поэзиялық шығармалары идеялық, көркемлик жағынан болсын, бизиң бүгинги өскен, камалына келген әдебиятымыздың, оның поэзиясының бийик шыңындай болып көринип тура береди. Сонлықтан, оның поэзиясыоқыған бүгинги ҳәм ертеңги жаслар өзлериниң Аббаз туўп ралы ойларын, жаңа пикирлерин және де өсире бериўи сөзсиз.

**Сағынбай НИЙЕТУЛЛАЕВ.**

**Филология илимлериниң кандидаты.**

---

1. „Совет Қарақалпақстаны“. газетасы. 18-январь, 1959-жыл, № 11 7530) -саны.

2. Л. Н. Толстой. Полное собрание сочинений, том 13. Москва. Гослитиздат. 1949—год. стр. 412.

МАЗМУНЫ

Октябрьде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Тахта көпир . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 4
Ударниклер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7
8—март ҳаққында . . . . . . . . . . . . . . . . . . 11
Ленин көсемим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Мектепте болар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 15
Қызыл әскер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Ҳаял-қызларға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Биринши Май . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Халық айнасы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20
Батыр азамат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 22
Эрман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 24
Сайлайман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
Шайырларға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Бердақ ҳаққында қос қосық . . . . . . . . . . . . 31
Бизиң Нөкистиң . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
Зульфия . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
ГЭС қурылысына . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Тахна—Ташқа . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Максетим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50
Уллы көсем Ленин сызған жол менен . . . . . . . 52
Жарысы жанланды . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Кәлли Аймбетовқа . . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Қутлы болсын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
Тахта көпиршилерге . . . . . . . . . . . . . . . . 61
Мактумкулыға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 63
Мәр жайында мәрттей болып турмаға . . . . . . . 65
Халқым, қәдирлей бил Откябрь нурын . . . . . . 69
Халқым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 73
Пахта теримине . . . . . . . . . . . . . . . . . . 76
Пахтакеш халқыма . . . . . . . . . . . . . . . . . 78
Сәбит Муканевқа . . . . . . . . . . . . . . . . . . 80
Садық шайырға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 82
Аяпберген шайырға . . . . . . . . . . . . . . . . 85
Халық арасынан . . . . . . . . . . . . . . . . . . 92
Космонавт Гагарин ҳаққында . . . . . . . . . . . 95
Ракета ҳәм жер жолдасы ҳаққында . . . . . . . . 98
Биринши майға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 100
АҚШ тын басшы топарларына . . . . . . . . . . . 103
Жыраў сыры . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 104
Өткен әсир жыллары . . . . . . . . . . . . . . . 110
Жеңисли табысларға . . . . . . . . . . . . . . . 112
Сиз келиисиз бизиң Әмиў бойына . . . . . . . . 115
Қазақстан жеринде (қосықлар дүркини) . . . . . 117

Максим Горький атындағы колхозда (қосықлар дүркини) . . . . 123
Қолда жети түрли, гүлим, миймаһым . . . . . . . . . . . . 130
Бауырманлар (поэма) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 133
Жаңа жыл . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 142
Коммунистлик партияға . . . . . . . . . . . . . . . . . . 144
Жақсы тәрбияны берсең жаслай бер . . . . . . . . . . . . 148
Ульянов қол берген қарақалпақпан . . . . . . . . . . . . 152
Ўатан—Анам бар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 154
Бәҳәр ҳаққында қосық . . . . . . . . . . . . . . . . . . 156
Көк жасарып қулпы дөнейин деп тур . . . . . . . . . . . 158
Хорезмлилерге (қосықлар дүркини) . . . . . . . . . . . . 160
Сөйлесе тарийх бетлери. (тарийхий поэма) . . . . . . . . . 165
Нурлансын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 192
Комсомол . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 194
Қызыл байрақ услап өттиң Бируний . . . . . . . . . . . . 197
Қутлықлайман зүрәәтин Төрткүлдиң . . . . . . . . . . . . 200
Халық тилинен сизге сәлем жолладым . . . . . . . . . . . 202
Қәдирданлар қутлықлайман қайтадан . . . . . . . . . . . . 205
Көриңди . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 208
Өзбекстанның әдиўли улларына . . . . . . . . . . . . . . 212
Алтынға толтырды халқым қазнасын . . . . . . . . . . . . 215
Өзбекстаным . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 217
Шад еткен байрам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 219
Естелик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 223
Ырысбийке . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 226
Бийбимәрьям (поэма) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 227
Баҳадыр (Дәстанның даўамы) . . . . . . . . . . . . . . . 241
С. Нийетуллаев, Ярым әсир халық хызметинде (соңғы сөз) . . 278

*На каракалпакском языке*

*АББАЗ ДАБЫЛОВ*

# ПРОИЗВЕДЕНИЯ

**Том III**

*Издательство „Каракалпакстан"*
Нукус,—1972.

Редактор *Т. Кабулов, Ш. Сейтов*
Худ. редактор *Қ. Нажимов.*
Тех. редактор *Ә. Турдымуратов*
Корректор *Д. Асқарова*

Териўге берилген ўақты 17/VI—1972 Басыўға рухсат етилген ўақты 25/VII-1972. Қағаз форматы 60x90 $^{1}/_{16}$ Көлеми 18,5, баспа табақ, 16,0 есап баспа табақ. Тиражы 7000. РК 32185 Баҳасы 2 манат

„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы,

К. Маркс көшеси, № 9.

ҚҚАССР Министрлер Советинин Баспа сөз бойынша басқармасының „Правда"ның 50 жыллығы атындагы Нөкис полиграфкомбинаты.
Зак 127